# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**литературно-художественнэ общественно-политическэ журнал**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**март 2 апрель**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетымрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэвжокъуэ Людмилэ, ХьэIупщы МуIэед (жэуапыхь секретарь)

НАЛШЫК
2015

# Псалъащхьэхэр


**ЖьантIэ**

*ТхакIуэ Мысачэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*

**Тхьэгъэзит Зубер.** Псыгуэнсу макъамэхэр........ 3
**Мысачэ Пётр.** ЯмыIуэта лъагъуныгъэ. *Рассказ*........ 9

*УсакIуэ Щоджэн Леонид илъэс 80 ирокъу*

**Балъкъыз Батий.** Сабийхэм я ныбжьэгъу пэж........ 19
**Щоджэн Леонид.** *Усэхэр*........ 26

*ТхакIуэ, критик, публицист КхъуэIуфэ Хьэчим илъэс 75-рэ ирокъу*

**Мэзыхьэ Борис.** НэгъуэщIу псэуфынукъым........ 31
КхъуэIуфэ Хьэчим теухуауэ жаIахэр........ 37
**КхъуэIуфэ Хьэчим.** Iуащхьэжь. *Рассказ*........ 45

*УсакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ илъэс 65-рэ ирокъу*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Пшыналъэ гуапэ........ 55
**Зэгъэщтокъуэ Людэ.** *Усэхэр*........ 59

**Прозэ**

**Шинкубэ Бэгърат.** ЖылакIэ. *Роман*........ 67

**Литературэм и илъэс**

**Бещтокъуэ Хьэбас.** ЦIыхугъэ лъагэм и уэчыл........ 99
**Камю Альбер.** Калигулэ. *Пьесэ*........ 101

**Публицистикэ**

*ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу*

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ... ........ 159

*Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу*

**Шыпш Даянэ.** Анэдэлъхубзэр хъумэнырщ ди къалэн нэхъыщхьэр *Интервью*........ 165

**ЩIэблэ**

**Тембот Санитэ.** ГъащIэм щынэхъ лъапIэр лъагъуныгъэрщ! *Интервью*........ 171
**Хьэпэхъу Асият.** Гъунэ итлъэ къудейщ........ 177

**Джатокъуэ Юрэ.** *Усэ кIэщIхэр*........ 180
**Мыз Ахьмэд.** Псалъэзэблэдз........ 182

*ТхакIуэ Мысачэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу*





# ПСЫГУЭНСУ МАКЪАМЭХЭР

Мысачэ Пётр куэд щIауэ зи творчествэкIэ лIыпIэ иува, ди литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм зи псалъэ щыпкъэ хэзылъхьа, зи тхыгъэхэр цIыхубэм ягу ирихьа ди тхакIуэ пажэхэм ящыщщ.

Си гугъэщ абы къикIуа гъащIэ гъуэгуанэм, нобэр къыздэсым итха тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм нэхъыбэр фIыуэ щыгъуазэу, итIани нэхъ тэмэму къызолъытэ тхакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ нэхъ зыубгъуауэ дытепсэлъыхьмэ.

Мысачэр 1930 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, Пётр зыкъомрэ Къэбэрдей пединститутым щеджащ. Ауэ зи гумрэ зи псэмрэ усэным пасэу къыхуэуша щIалэр хуэпабгъэрт Максим Горькэм и цIэр зезыхьэ Литинститутым щIэтIысхьэнуи, а и гугъэ нэхъыщхьэр зрегъэхъулIэ. Москва щыщыIа илъэсхэм абы и щIэныгъэм зрегъэубгъу, и IэщIагъэм хегъахъуэ. УсакIуэ щIалэм и япэ тхыгъэхэр «Къэбэрдей пэж» газетым, «Къэбэрдей» альманахым къытрадзэу щIадзэ.

Институтыр къимыух щIыкIэ Мысачэм къыдегъэкI зи гупсысэкIэ, зи дуней еплъыкIэ, зи хъэтI щхьэхуэ зиIэж усакIуэ ди адыгэ литературэм къызэрыхыхьар тхылъеджэхэм хьэкъ ящызыщIа и япэ тхылъыр – «Къурш псынэ» зыфIищар. Абы итт щалъхуа лъахэр, Совет Хэкушхуэр, псэукIэщIэр, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр, лъагъуныгъэр зыгъэлъапIэ, зауэ блэкIам къихьа гуауэ иным тепсэлъыхь усэ щIэщыгъуэхэр.

Абы лъандэрэ Пётр и усыгъэхэр, и рассказхэр, и повестхэр, и пьесэхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ зыбжанэ адыгэбзэкIэ дунейм къытехьащ. «Молодая гвардия», «Современник», «Советская Россия» тхылъ тедзапIэхэми зы тхылъкъым абы къыщыдигъэкIар.

Мысачэм и япэ тхылъым теухуауэ критик ХьэкIуащэ Андрей мыпхуэдэу итхыгъащ: «Мысачэм и тхыгъэ нэхъыфIхэм я ехъулIэныгъэр къызыхэкIар ар гъуэгу тынш зэрымылъыхъуарщ, IуэхугъуэщIэхэр къызэригъуэтыным, гупсысэщIэхэр къызэриIуэтэным, езым и тхэкIэ зэрызэригъэпэщыным яужь зэритарщ.

Мысачэм и тхыгъэхэм я нэхъыбэм хэлъ гупсысэхэр гъащIэрщ къызыхихыр. Нэ жан зиIэ усакIуэм абы куэд щелъагъу, Iэзагъ хэлъуи къытхуеIуэтэж. Гъунапкъэншэщ, усакIуэм зэрыжиIэмкIэ, дэтхэнэ зы цIыхуми и Хэкум хуищIын хуей лъагъуныгъэр, – аращ абы къару къезытыр, дамэ къытезыгъакIэр, щIым Iуэхуу щилэжьым псэ къыхэзылъхьэр.

Сыт цIыхум хулъэмыкIыу щыIэр? Ар мэпсэу, мэлажьэ, и гуащIэ щымысхьу, зыхуэлажьэри и щхьэ закъуэкъым – атIэ цIыхухэрщ, ди пщэдейрщ, ар хьэзырщ вагъуэхэм нэсыну, уафэхъуэпскI дыдэр пшэм къыхипхъуэтыкIыну. Ар и лъэкIыныгъэм къызэрихьынуми шэч лъэпкъ къытрихьэжыркъым. Ауэ щыIэщ зы Iуэхугъуэ нэхъ ин дыдэ абы хузэфIэмыкIыу, хузэфIэкIынуи хуэмейуэ, мыупщIэжмыусэж гурыщIэу, анэ быдзышэм щIыгъуу и лъым хэпща хъуауэ. Ар сыту пIэрэ? Мы упщIэм и жэуапыр Мысачэм къыщеIуатэ «Хэку лъагъуныгъэ» жыхуиIэ усэм: жэщи махуи, и Iуэхур щыфIи, щымыщIагъуи, щылажьи, зыщигъэпсэхуи цIыхум и гум хуигъэхунукъым щалъхуа щIыналъэр, бийм я нэхъ бзаджэм гъэр ищIу ирихулIэми, абы щхьэкIэ и гъащIэ мащIэр, и гъащIэ закъуэр итын хуей хъуми.



Пётр и тхыгъэ нэхъыфIхэм къыхэтэджыкI лIыхъужьыр, лирическэ лIыхъужькIэ дызэджэжыр, езым и ныбжьщ, щэщI гъэхэм къыщыщIэдзауэ абы и гъащIэ къекIуэкIыкIар куэдкIи ещхьщ усакIуэм нобэм къэс къикIуа гъуэгуанэм и нэгу щыщIэкIахэм. Ар – зи лъахэр, зи лъэпкъыр гурэ псэкIэ фIыуэ зылъагъуж, лэжьыгъэншэу, и IитIыр зэтедзауэ щысу зы махуи мыпсэуф, ныбжьэгъугъэм, лъагъуныгъэм емыпцIыж цIыхущ. НэгъуэщI куэди хужыпIэ хъунущ абы, ауэ итIани а лирическэ лIыхъужьым нэхъыфI дыдэу дэплъагъур кIэщIу къызжеIэ – жиIэу зыгуэрым зыкъыпхуигъазэмэ, жэуапыр зы псалъэкIэ ептыфынущ: «ГупцIанагъэ!» Абы къикIыркъым Пётр и тхыгъэхэм хэт лирическэ лIыхъужьыр зэпымыууэ къыпыгуфIыкIыу, зэхэгъэж лъэпкъ имыщIу псоми гущIэгъу яхуищIу щысу. Абы и IэштIымыр екъуз, и лъахэм бий къихьэмэ, хабзэмрэ нэмысымрэ ебакъуэ илъагъу хъуркъым, хамэм и узыр зыхэзымыщIэ, цIыхугъэм елъэпауэ илъагъумэ – хьэзырщ апхуэдэм пэщIэувэну. Щхьэхуещэхэр, бзэгузехьэхэр, зи пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ мыпсэухэр абы и хьэрэмщ.

УсакIуэм и зы усэ цIыкIу гуэрым мыпхуэдэу щыжеIэ:

*Зэдежьахэм зыгуэр щхьэщыкIамэ, –*
*КIэлъоплъыр и гур къеныкъуэкъуу:*

*Шы щӀакъуэ тесым –*
*ХулъэкӀамэ –*
*Шагъдийуэ щыӀэр ищӀынт щӀакъуэ.*

Хэку зауэшхуэм илъэс зыбгъупщӀкӀэ и пэ иту къалъхуа, зи сабиигъуэр, зи щӀалэгъуэр зауэ зэман бзаджэм, зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм техуа усакӀуэм и къалэмыпэм усэ куэд къыщӀокӀ ди цӀыхухэм гуауэу, бэлыхьу ягъэвам теухуауэ. Куэдым гукъинэж ящыхъуащ Мысачэм и япэ тхылъым ита «Джэгум» усэр. Къэхъуа псор псалъэ гъущэкӀэ къримыбжэкӀыу, мы тхыгъэм Мысачэм щыхузэфӀэкӀащ зауэм мыгъуагъэу къихь псор сурэту ди нэгу къыщӀигъэувэну – ар епхащ къуажэм нэхъ къэфакӀуэу дэса, иджы зи лъакъуэ пымытыжу зауэм къикӀыжа зауэлӀым и ухыгъэ ткӀийм.

Хэти фӀыуэ ещӀэ зауэм гузэвэгъуэу къихьыр ар щыувыӀа махуэм зэрымыкӀуэдыжыр. Нобэр къыздэсым гъущакъым зи бынхэр зыфӀэкӀуэда анэ-адэхэм, фызабэу, зеиншэу къэнахэм я нэпсыр. Абы йогупсыс Мысачэри, икӀи и гупсысэхэри, гурыщӀэу къызэщӀэзыӀэтэхэри гукъинэж сатырхэмкӀэ къеӀуатэ. Апхуэдэщ «ЕтӀуанэ фэбжь» зыфӀища тхыгъэр. Дунейм и дахэгъуэщ, цӀыкӀухэр, я псэр къахыхьэжауэ, гъатхэ псыхъуэм щоджэгу. Абыхэм ящыщ зы имыщӀэххэу зауэм и Ӏэужь лагъымым тоувэ...

УсакӀуэм и гур усыгъэм къыщыхуэушыр ар гуфӀэгъуэ гуэрым е гуауэ иным игъэпӀейтеямэщ. Абы и щыхьэтщ Пётр и ӀэдакъэщӀэкӀхэр.

Мысачэм иужьу къыдигъэкӀа тхылъым дунейм ехыжа и адэм и фэеплъу усэ гуп итщ. А усэхэм уагъэнэщхъей, гукъэкӀыжхэм ухашэ, куэдым урагъэгупсыс. «Адэм и пыӀэ» усэм Пётр щетх:

*Гуауэр щӀэрыщӀэу*
*Къеблыжау а махуэм*
*Гъунэгъухэр,*
*Ди Ӏыхьлыхэр зэхуэсат,*
*Уэрыншэу пщӀантӀэр*
*Нэху къекӀат тхъэмахуэ,*
*Иджы чэзур –*
*Щыгъынхэм къалъысат.*

*Псалъэ жаӀэхукӀэ*
*Хьэлъэу хэщэтыкӀыу,*
*Уэ уи щыгъынхэр*
*ПщӀантӀэм «дагъэкӀыжт»,*
*Хэти си дежкӀэ*
*Щэху дыдэу къеплъэкӀыу,*
*Абыхэм я гум*
*Куэди къагъэкӀыжт.*

*Ауэ гуэшыныр*
*ПыӀэм деж щынэсым,*
*Нэхъыжьым жеӀэ,*

*Игу къызэфIэнар*
*СщигъэпщкIурэ*
*IэщIкIэ илъэщIу и нэпсыр:*
*«Ар зыхуэфащэр*
*Къуэ – лъапсэм къинарщ.*

*КъогъуэгурыкIуэ*
*Ар хабзэу игъащIэм:*
*ЦIыхухъу зэрысым*
*ПыIэ ирамых,*
*Зеям къимыгъэщIари –*
*КърырегъащIэ,*
*Абы и напи*
*Зэи трыремых».*

АдэкIэ усакIуэм жиIэм ухуешэ гупсысэ узыншэм: зи анэ-адэ я пщIэ, я щIыхь зыгъэулъийм и лъахэм и напэри трех...

Мысачэ Пётр и зэфIэкIыр къыщигъэлъагъуэу щыIэщ иджыри зы лэжьыгъэ – зи гугъу сщIыр абы нэгъуэщI усакIуэхэм я тхыгъэ куэд зэрызэридзэкIырщ. ЗэдзэкIакIуэм и къалэн нэхъыщхьэр къищта тхыгъэм купщIэу хэлъыр, абы и кууагъыр, и фащэ екIур ихъумэжу и анэдэлъхубзэм ирипсалъэ псоми я пащхьэ ирилъхьэнырщ. Шэч хэлъкъым ар зэрылэжьыгъэ гугъум, уи усэ птхыным нэхърэ зыкIи зэрымынэхъ тыншым... А къалэн гугъур зэригъэзэщIэфыр уи фIэщ ищIу Мысачэм зэридзэкIауэ усэ куэд дунейм къытехьащ – классикхэм, советскэ усакIуэхэм я IэдакъэщIэкIыу. ЗэридзэкIахэм я нэхъыфIхэр зэхуихьэсу Iыхьэ щхьэхуэу и «ЕтIуанэ щIалэгъуэ» тхылъым зэрыхигъэхьар икъукIэ тэмэму къыдолъытэ. Абыхэм яхэтщ Лермонтов Михаил, Шевченкэ Тарас, Есенин Сергей, Райнис Ян, Джалиль Муса сымэ я усэ гъуэзэджэ куэд.



Мысачэ-зэдзэкIакIуэм и зэфIэкIыр нэхъ къызыхэщ зы усэ къэтхьынщ, Есениным ейуэ:

*СыщыIакъым сэ Босфор игъащIэм,*
*Абы папщIэ укъызэмыупщI.*
*Тенджыз къащхъуэм дыгъэ бзийр дэпщIыпщIу*
*ЩIэслъэгъуащ уи нитIым – сымыбзыщI.*

*Сэ Багдади чэруан псо зэщIэсщIэу*
*ХъугъуэфIыгъуэ зэи сымыша.*
*Зысхуэгъэщхъи, гуапэу сигу зыхищIэу,*
*Уи куэщI щыгъэтыншыт сипкъ ешар.*

*Къытезгъазэу дапщэрэ солъэIуми,*
*Уэ, шэчыншэу, пщIэну ухуэмей*
*Сэ сыусакIуэшхуэу, сыцIэрыIуэу*
*Сызэрыщалъытэр Урысейм.*

*Урыс пшынэр си гум щобзэрабзэр,*
*СфIэфIщ хъэ банэ макъым седэIуэн*

*Жэщ мазэгъуэм. Догуэ, перс хъыджэбзыр,*
*Ухуэмейрэ ди щIыпIэр пцIыхун.*

*Зэштегъэууэ сэ мы щIыпIэ хуабэм*
*СыкъэкIуакъым – уигукIэ сыкъебджащ.*
*Уэс чэсейуэ уи IэблитI схуэщабэм*
*Къыум и дамэу зыкъызашэкIащ.*

*Къызолъыхъуэ псэхугъуэ куэд щIауэ,*
*Семыбгыжми нобэ къэс згъэщIам,*
*КъысхуэIуатэт и хъыбарыр щIэуэ*
*НэщхъыфIагъкIэ уи хэку щIэрэщIам.*

*Аддэ жыжьэу къэзгъэна си пщащэм*
*И гупсысэм, бампIэм симыхъын*
*ПапщIэ, си гум акъужь къыщегъапщэт,*
*Уэ плъэкIынущ си псэр бгъэтыншын.*

*СымыкIуами сэ Босфор игъащIэм –*
*Ар зищIысыр уэркIэ къэзгъэщIынщ.*
*А уи нитIыр ещхъщи тенджыз пщIыпщIым,*
*Я нур щхъуантIэр зэи мыкIуэщIын.*

Мысачэм и Iэдакъэ къыщIэкIащ прозэ тхыгъэ купщIафIэхэри. Абы щыхьэт тохъуэ критик Шэвлокъуэ Пётри: «Мысачэм тхэн къызэрыщIидзар усэкIэщ, ноби усэ пшыналъэр игъэтIылъакъым. Ауэ, абы и Iэдакъэ къыщIэкIауэ дунейм къытехьа прозэ тхыгъэхэм наIуэ зэращIащи, шэч хэмылъу, Мысачэ Пётр нэхъ зыкъыщигъуэтыжари, и зэфIэкIыр нэхъ щигъэнэхуари прозэрщ. Абы и щыхьэтщ тхакIуэм и повестхэр. Абыхэм наIуэ къащIащ къэбэрдей прозэ ныбжьыщIэр зи гупсысэкIэ, зи художественнэ псалъэ купщIафIэкIэ зыгъэбелджылыфыну тхакIуэ ди литературэм къызэрыщыунэхуар. Апхуэдэ зэфIэкI тхакIуэм зэриIэм кърикIуа IуэхуфIщ «Кхъужьейр мэгъагъэ», «Псыхъуэ гуащэ» повестхэр».

Мысачэм прозэу итха япэ тхыгъэшхуэр – «Кхъужьейр мэгъагъэ» повестыр – зытеухуар иджырей зэманырщ, зытепсэлъыхь Iуэхухэр щекIуэкIыр нобэрей адыгэ къуажэщ. ТхакIуэм и гулъытэр нэхъыбэу зытегъэщIар колхоз лэжьыгъэм и курыкупсэм хэт ныбжьыщIэхэрщ. Абы узыIэпишэу ухегъэгъуазэ повестым нэхъыщхьэу къыщыхъу Iуэху псори зэпхыжа Мадинэ и гъащIэм. И ныбжьэгъу хъыджэбзхэм къазэрыщхьэщыкI щымыIэу, зыхэт бригадэм закъыкIэримыгъэхуу лажьэ Мадинэ гъащIэм зэрипсыхьар тхакIуэм гукъинэжу къигъэлъэгъуащ.

Мысачэр зытетхыхь Iуэхухэр, цIыхухэр къыщигъэлъагъуэкIэ, и лIыхъужьхэр зыхэт лэжьыгъэмрэ езыхэм я щхьэ Iуэхухэмрэ зэи зэпэIэщIэ ищIыркъым. Дэ долъагъу хьэл-щэн зырыз зиIэ, зи IуэхущIафэмрэ зи гупсысэмрэ тэмэму зэгъэзэгъа цIыхухэр. Абыхэм яку илъ зэхущытыкIэм дэтхэнэ зыри зыхуэдэр сэтей къещI. ФIымрэ Iеймрэ зэзэгъынкIэ Iэмал зимыIэщ. Абы къегъэнаIуэ дэтхэнэми и зэфIэкIымрэ и лъэкIыныгъэмрэ. А щIыкIэм тету укIэлъоплъ Мадинэ и гъащIэм.

Мысачэ Пётр и етIуанэ повестыр – «Псыхъуэ гуащэр» – зытеухуар, абы купщIэ хуэхъуар нобэрей адыгэ къуажэм дэс цIыху гуащIафIэхэм я псэукIэрщ, я IуэхущIафэхэрщ, я гупсысэгухэлъхэрщ. ТхакIуэм и нэIэ зытет лIыхъужьхэм я щхьэ Iуэхухэри, къуажэм щекIуэкI Iуэхухэри зэриубыдылIэурэ, хьэлкIи дуней тетыкIэкIи зэхуэмыдэ цIыхухэм я образ гъэщIэгъуэнхэр дегъэлъагъу.

Повестым лIыхъужь нэхъыщхьэу хэтыр механизированнэ звеном и унафэщI Къантемырщ. Ар псэ хьэлэл зиIэ щIалэ жанщ, цIыху гуащIафIэщ, лэжьакIуэ емызэшыжщ, и звенор лэжьыгъэкIэ псом япэ итщ. Абы къыдэкIуэу, повестым и кIыхьагъкIэ тхакIуэм пхреш колхозым и председатель Наурыз. И хьэлкIи, и щэнкIи, и дуней еплъыкIэкIи ар Къантемыр зыкIи ещхькъым. А тIум я образыр повестым IэкIуэлъакIуэу щызэгъэпэщащ.

Мысачэр и зэфIэкI щеплъыжащ драматургиеми. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмтеатрым щагъэуващ абы и пьеситI. Ахэр «Ар уи напэщ» жыхуиIэ комедиемрэ «Псэм и щIасэр нэм фIэдахэщ» тхыгъэмрэщ.

Абы и закъуэкъым Мысачэм ди театрым хуилэжьар: абы адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ тхакIуэ-драматург куэдым я пьесэ цIэрыIуэхэр. Апхуэдэщ Шекспир и «ЕпщыкIутIанэ жэщыр», Островскэм и «Гу пщтырыр», Мольер и «Тартюф»-р, Гамзатовым и «Бгырыс хъыджэбзыр», нэгъуэщIхэри.



Усэхэм, повестхэм, пьесэхэм нэмыщI, Пётр и Iэдакъэ къыщIэкIащ ди композиторхэм макъамэ зыщIалъхьа уэрэд зыбжани.

ЗэрыжытIащи, Мысачэр литературэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ирилажьэ тхакIуэщ. ИкIи дэркIэ гуапэщ дэтхэнэ IэнатIэми абы ехъулIэныгъэ зэрыщиIэр.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**
*1980*

МЫСАЧЭ Пётр

# ЯМЫIУЭТА ЛЪАГЪУНЫГЪЭ

*Рассказ*

Нэгъабэ Кърым сызэрыкIуа путёвкэр къызэрыслъысам Темыркъан дадэ и фIыщIи хэлъу къызолъытэ. «Ар сыт щхьэкIэ, Темыркъан колхозым и председателкъым, профсоюз IэтащхьэкъыIм, сэ сщIэ мыгъуэрэ... КIэщIу жыпIэмэ, къулыкъущIэкъым... Апхуэдэ зэфIэкI лIыжьым дэнэ кърихa?..» – жиIэу щIэупщIэни щыIэнщ.

Сыт-тIэ щIэупщIэмэ?.. Жэуапым папщIэ ди гъунэгъум лъэIуакIуэ секIуэкIынукъым – ар хьэзыру, хьэзырыпсу сиIэщ, щIыхуэу е хьэхуэу къэзмыщтауэ!..

Си щхьэ сыщытхъужынщи, си путёвкэ Iуэхум зыри хэмылIыфIыхьауэ сощIри, апхуэдэ гулъытэ зэрысхуэфащэм шэч лъэпкъ къытесхьэркъым. Догуэ, сэ фIыкIэ фIэкIа си цIэ колхоз IэтащхьэхэM ирамыIуэу сымеханизатор пашэмэ, абы къыдэкIуэу ди университетыр заочнэу къэзухамэ – схуэфащэкъэ апхуэдэ гулъытэ, ари си пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ къэзлэжьыжауэ?..

Къэзлэжьыжауэ аращ жиIэр ди колхозым и председатель Нажмудин. Фи фIэщ мыхъумэ, езым феупщI. Уеблэмэ зи гугъу сщIы путёвкэр къызэрыслъысар Темыркъан дадэ и фIыщIэу жысIэ щхьэкIэ, сэ си фIыщIэу нэхъыбэм (абыхэм езы Нажмудин дыдэри яхэтщ) къалъытэ Темыркъан дадэ нэгъабэ Кърым зэрыкIуар.

Абыи пэж гуэрхэр хэлъу къыщIэкIынущ. Содэ ари. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ игъащIэми сфIэфIкъым апхуэдэ Iуэху мыхьэнэншэхэм папщIэ тIыс-тэджу сыдэуэну. А псори къызогъанэри, фIэкIа Iуэхум уридэуэжкIэ сыт къикIын?.. Мыхьэнэншэщ нэсри къэсыжауэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ, делагъэщ...

Апхуэдэу щыщыткIэ, нэхъ къезэгъыу къыщIэкIынущ Iуэхур къызэрекIуэкIар, щIыдгъуи кIэрыдгъэхуи щымыIэу, зэрыщыта дыдэм хуэдэу къэтIуэтэжмэ.

ЗэрыжытIащи, сызэрылажьэм хуэдэурэ ди университетыр къэзухыу сыкъыщыкIуэжам цIыху мащIэ къызэхъуэхъуакъым. Нэхъыщхьэращи, абыхэм яхэтащ ди колхозым и председатель Нажмудин. Псалъэ гуапэкIэ къызэхъуэхъуа-къысщытхъуа къудейм къыщымынэу, гулъыти къысхуищIащ абы.

– Аращ-тIэ, «улажьэмэ – лыжь пшхынщ, умылажьэмэ – лажьэ бгъуэтынщ» жыхуаIэр. ИкъукIэ си гуапэ хъуащ, Мухьэжид, – жеIэ абы куэду къысхуэарэзыуэ икIи сигу дахэ къысхуищIу, – къызэрыбухар. ДяпэкIэ, узэрылэжьакIуэфIым къыдэкIуэу, уи къулыкъукIи удэдгъэкIуэтейми ягъэ кIынукъым, дэри жьэ нэхъ дгъуэтынущ. Ауэ мызыгъуэгукIэ абы дыхуумыгъэпIащIэу – еуи зыгъэпсэху. Путёвкэ къытхуэкIуати, дызэхэтIысхьэри унафэ тщIащ Кърым, Ялтэ, езы Ялтэ дыдэ удгъэкIуэну. Уэ дауэ уеплърэ абы?..

Сэ хъуни мыхъуни жызмыIэу си дамэр щыдэзгъэуейкIэ, Нажмудин и псалъэм пещэ:

– Уи фIэщ зэрыхъун, дыпхуэупсэу аркIэ, дыпхуэупсэу... Ауэ,

пщӀэрэ, уи закъуэкъым Ялтэ нэкӀуэнур, Темыркъан дади пщӀыгъунущ. Уэ дауэ уеплърэ, гъусэ пхуэхъун уи гугъэ Темыркъан? Уи фӀэщ зэрыхъун, си щхьэкӀэ абы нэхъ гъусэфӀ сыхуэмейтэкӀэ… курорт дэнэ къэна, мафӀэм е псывэм укъыхэмыщту ухыхьэ хъунщ ар пщӀыгъумэ, арщхьэкӀэ сэ си Ӏуэху иджыкӀэ хуэзэркъым… Хуэзапэми, уэ япэ уидмыгъэщу хъуркъым…

Абдеж председателым жэуапу естыжыну си Ӏупэм къэсат: «Сэ лӀыжь кӀэрыщӀэн сиӀэну си нэ къикӀыркъым, апхуэдэ гъусэу уиӀэну ущыщӀэбэгкӀэ – еуэ, Темыркъан дадэ зыщӀыгъуи, Ялтэ зегъэхь…». АрщхьэкӀэ хабзэр гугъукъэ, Нажмудин и нэхъыжьыгъэмрэ и къулыкъумрэ сеплъри щӀэслъэфыжащ.

Абыи гу лъимытэу къэнакъым Нажмудин:

– СощӀэ, – жи абы, – фэ зи щӀалэгъуэхэм лӀыжь кӀэрыщӀэн зэрыффӀэмыфӀыщэр, ауэ нэгъуэщӀу къикӀыркъым. ИлъэситӀ хъуауэ лӀыжьыр къызогъэгугъэ, сыхуэзэху «уа, а курорт жыхуаӀэм сыщыбгъэкӀуэнур дапщэщ, Нажмудин, хьэмэ сыкъэбгъэгугъэурэ сыкъэбгъэпцӀэжауэ ара?…» – жиӀэурэ си щхьэр здэсхьын сымыщӀэжу сигъэужэгъуащ. Иджы ар жыжьэу уэрамым кърикӀуэу слъагъумэ, нэгъуэщӀ лъэныкъуэкӀэ дызодзых, Темыркъан сыхуэмызэн щхьэкӀэ. Гукъанэ къысхуищӀым и закъуэ, шэ ефа джэдууэ псалъэкӀэ среудэкӀ: «Дэ властыр къэтхьыжащ, колхозым и гугъугъуэм лэжьар дэращ, иджы фэ а псори фщыгъупщэжащ… СыткӀи фщымыгъупщэжынрэ: фыгуахъуэкъым, фышэмэджкъым, дунейр маршынэ защӀэ хъуащи, зы пщӀэнтӀэпс ткӀуэпс къыфпхымыкӀыу гъэ мэкъумэшыр зэщӀыволъхьэж», – жи. Догуэ, апхуэдэу къыбжиӀэфын уфӀэщӀыркъэ Темыркъан?..



Сэ «пэжщ» жыхуэсӀэу, си щхьэр сощӀ. АдэкӀэ Нажмудин мыпӀащӀэу, кӀыхьу къригъэкӀуэкӀыу и псалъэм пещэ Темыркъан дадэ гъусэ хуэхъун сэр фӀэкӀа ди колхозышхуэм щӀалэ хэмыту, апхуэдэ дзыхь зэрыкъуажэу къыпхуащӀыным щӀыхьышхуэ пылъу, а псори сэркӀэ куэд и уасэу.

Пэжыр жыпӀэмэ, Темыркъан лӀыжь Ӏейтэкъым, жьэ нахуащэ нэхъ дагъуэ иӀэтэкъым. Ар зэи пщӀэншэу шхыдэнутэкъым, нэхъыщхьэращи, къуаншагъэ зыдилъэгъуар, ар хуейми ирекъулыкъущӀэ, абы щхьэкӀэ къимыгъанэу занщӀэу утыкум къриукӀэнут. ЗэраӀуэтэжымкӀэ, а и жьэ нахуагъэ мыгъуэр мыхъуамэ, куэд щӀат Темыркъан нэхъ пасэу къулыкъущӀэ зэрыхъурэ, арщхьэкӀэ и пенсэ кӀуэгъуэ хъухукӀэ бригадир нэхъыщхьэ ӀэнатӀэ къылъысакъым. Иджы сыт, лӀыжьщ. Ауэ, илъэс блыщӀым нэсами, жанщ, лъэсу ежьамэ, улъэщӀэмыхьэу, гуахъуэрэ шэмэджкӀэ езым нэхърэ нэхъ ӀэкӀуэлъакӀуэ уигъэлъыхъуэнщ. Езыми зэрыжиӀэрейщи, гуахъуэрэ шэмэджкӀэ иджыри зи щӀалэгъуэ Ӏэджэм къадэжэфынущ Темыркъан, машинэрэ тракторрэ жумыӀэ закъуэмэ. «Иджырей щӀалэхэр сытым щыщ?! Я гъуэншэдж лъапэм жьыуейр щызепщэрэ я пщэм хъыдан тӀэкӀу дэлъыжым – псори зэфӀэкӀауэ къалъытэ», – жеӀэри, нобэрей фащэри шылэ пщэдэлъри ауэ жыжьэуи къридзэркъым, къридзэ дэнэ къэна, зэримыпэсу Ӏумпэм ещӀ. Мы дунейм мылъку теткъым абы гъуэншэдж лъапахъуэ зэрыщебгъэтӀэгъэфын. Гъэми щӀыми джэлэфейщ. Мо лӀыжь гъур кӀыхьым сытым хуэдэу екӀурэ джэлэфейр! И лъэбакъуэхэр сажнэрэ и бгыр Ӏэ кӀуэцӀу – гухэхъуэщ Темыркъан зекӀуэу уеплъыну. Абы

и ныбэр къезыгъэжьэни бгъуэтынкъым. И ныбэр къыщIемыжьэр ишхын имыгъуэту е шхыным игу хуэмыкIуэу аракъым. Уеблэмэ, лIитI я Iыхьэ зэ тIысыгъуэм IуегъэкIыф. Ауэ лIитI я Iыхьи лэжьыгъэ IэнатIэкIи лъэныкъуэ езыгъэзыфу къэгъуэгурыкIуэ Темыркъан, ишхым хуэдиз и пщIэнтIэпс хьэлэлу къызэрыпхыкIыжым и фIыщIэкIэ, и щIалэгъуэм и пIэ иува и Iэпкълъэпкъ зэкIужыр нобэр къыздэсым къыхуэнащ, жыгъэм и нэпкъыжьэ лъэпкъ къытемынауэ.

ЗэраIуэтэжымкIэ, щищIалэгъуэм, «выдыпэ иIыгъщ» жыхуаIэм хуэдэу, хъыджэбзу къытеплъэр къытелIэу щытащ Темыркъан. Иджыри тхъугъэ щIагъуэ зыхимыдза и пащIитIым Iэ дилъэу ущыкIэлъыплъкIэ, уи фIэщ мэхъу ар зы илъэс щэ никъуэ ипэкIэ нэхъ екIужу зэрыщытар.

Дауи щрети, Iейкъым апхуэдэ гъусэ уиIэу гъуэгуанэ утехьэну: зи, сыт хуэдэ гупи яхыхьэ, и теплъэрэ, нэхъыщхьэращи, и щIыкIэкIэ Темыркъан укъигъэукIытэнукъым – нэсауэ адыгэлIщ. Уеблэмэ, сэр дыдэр а Iуэхумкiэ щыхьэту сыкъэувыфынущ, ауэ мызэкIэ фымыпIащIэ, абыи дынэсынкъэ…

ФIы и лъэныкъуэкIэ Темыркъан дэплъагъумрэ хужаIэмрэ асыхьэтым занщIэу сигу къэкIыжри, арэзы сыхъуащ абы сригъусэну.

– Дэгъуэщ, – жызоIэ сэ Нажмудин, – гъусэу езым дызэрипэсмэ, сыт дэ щIызэдмыпэсынур… Апхуэдэ гъусэ алыхьым къыузэритынщ!.. – щIызогъуж, мащIэу сыгушыIэу.

– Сыт ущIызэримыпэсынур?! Узэрипэсынщ. Ущыщымытым и деж уэ нэхъ щIалэфI, нэхъ хабзэ зыхэлъ мы ди къуажэ кIыхьым дэмысу къыпхужеIэ Темыркъан.

Гъуэгуанэ дытеувэну Нажмудин и машинэм дыщитIысхьэ дыдэм, Темыркъан гуапэу къысхуоплъэкI:

– Ярэби, а тенджыз жыхуаIэр сыт хуэдэу пIэрэ? Си гъащIэм и кIуэцIкIэ зэи слъэгъуакъым тенджыз жыхуаIэр, зэраIуатэмкIэ, хуабжьу инщ, и гъунэм унэмыплъысыфу…

Темыркъан сэрэ ди санаторэхэр зырызти, япэщIыкIэ дадэр зыхуей хузогъазэ. Си Iуэху и ужь сихьэну сыкъыщыдэкIыжым, и мыхабзэу хощэтыкIри къызжеIэ:

– Куэду ущIалэ хьарзынэщ уэ, Мухьэжид, узэрылэжьакIуэфIым нэмыщIкIи зэфIэкIыфIрэ хыхьэхэкIыфIрэ уиIэуи гу плъыстащ мы гъуэгуанэм, ауэ мыбы дыщыIэху тIэкIу сумыбгынэу зэзэмызэ къыкъуэкI. Уи фIэщ хъумэ, уэр мыхъуамэ, сытегушхуэу сэ мыбы сыкъэмыкIуэнут. Ауэ си гъусэнумкIэ сыщыщIэупщIэм, уэрауэ къызжаIэри, абы таучэл сигъэщIащи, сызыщумыгъэгъупщэ!.. – Зы хьэщIэ лъапIэ гуэрым дэкIуатэ нэхъей, дадэм мыдэ санаторэ куэбжэм нэс сыкъыдешыж.

Темыркъан и фIыщIэми и зэранми сэ зы махуэкIэ сыкъыкIэрыхуауэ секIуэлIащ сыздэщыIэну санаторэм. Абыи сыхущIегъуэжыркъым. АтIэми, а сызэрыгувам и сэбэпу къызолъытэ а мазэм Михаил Леонидовичрэ Агатэ Фёдоровнэрэ гъусэ-цIыхугъэ зэрысхуэхъуар… Дауи, Михаил Леонидович мыхъуамэ, цIыхуитI фIэкIа зыщIэмыс пэш сэ къыслъысыну къыщIэкIынтэкъым: езыри сэ схуэдэу зы махуэкIэ къыкIэрыхуауэ дызэрихьэлIэри, пэш цIыкIур къыдатащ. Абы и закъуэ! Дэ щым щхьэхуэу зы стIол цIыкIуи къыщытлъысащ шхапIэм.

– Фэ щыри фыкъыкIэрыхуащ, иджы дэнэ фытхьыну, тIысыпIэ псори яубыдащ, ауэ щыхъукIэ, сыт фхуэтщIэн, зэвмыусыгъуэджэ, мыбы фыбгъэдэтIысхьэ, – жаIэри жьантIэ дыдэм щытхуагъэувващ а стIолыжь цIыкIур.

Дэ, зэшхэгъу-зэгъусэхэр, ди ныбжькIи, IэщIагъэкIи, дыкъыздикIа щIыпIэкIи куэду дызэпэIэщIэт. Агатэ Фёдоровнэ Киев къикIат. «Илъэс дапщэ ухъурэ?» – жытIэу дэ абы зэи деупщIакъым, ауэ, езым зэрыжиIэмкIэ, ипхъу дохутырыр си ныбжьт, унагъуэт, цIыкIуитIи иIэт. Езыр пенсэм зэрыкIуари къытщибзыщIакъым Агатэ Фёдоровнэ.

– Бетэмал, – къызэплъурэ жиIэрт абы, зэзэмызэ тIэкIуи гушыIэу, – хъуакъым си пхъур пасэу лIы зэрыдэкIуар, армыхъумэ уэ уэстри сежьэжат! Сыт и уасэт уэ малъхъэу узиIэну!

Михаил Леонидович Мэзкуу щыщт, иужькIэ къызэрытщIамкIэ, инженерт, инженерышхуэт, къэрал саугъэт зыбжанэ къратауэ. Уеплъмэ, шынагъуафэ зытет а лIы набдзэуфэшхуэм нэхъ гушыIэрейрэ зыгуэр къэгупсысыным нэхъ хуэIэкIуэлъакIуэрэ къэгъуэтыгъуейт. «Мыбы фIэкIа тIысыпIэ къыфхуэдгъуэтыфынукъым», – къыщыджаIэм, ар жэуапым куэдрэ лъыхъуакъым, стIолыжь цIыкIур зыхуимыгъэфащэуи и дамэр хишакъым:

– Хъарзынэкъэ-тIэ, сыт мыбы и лажьэр, нэхъыфI уигъэлъыхъуэну хьэлэмэт гуэрщ, – жеIэри нэхъ жьантIэу къилъытэмкIэ и Iэр ещI, Агатэ Фёдоровнэ дигъэтIысхьэну. Iэнэзехьэр зэрыIукIыжу и псалъэм пещэ:

– Сыт жыфIа-тIэ мы ди стIол гъуэзэджэм фIэтщынур?! Киев – Москва – Нальчик?.. Хьэуэ, ар къезэгъыркъым: кIыхьыIуэщ, жыIэгъуейщ. Ауэ щыхъукIэ, «Лъэпкъхэм я зэкъуэшыныгъэ IэнэкIэ» девгъаджэ. Си гугъэмкIэ, ар нэхъ тэмэмщ, ди Iуэхуми нэхъ къозэгъ. Дауэ феплърэ, хъунукъэ?

– Дэгъуэу, дэгъуэ дыдэу къэбгупсысащ, Михаил Леонидович! – жэуап иретыж абы Агатэ Фёдоровнэ.

– СлIо, уэ зыри жыпIэркъыми, бгырыс? – зыкъысхуегъазэ Михаил Леонидович, «бгырыс» псалъэм нэхъ трикъузэрэ сызэригъэлъапIэ гурыщIэ гуэрхэр абы щIилъхьэу.

– Нэхъыжьхэм я унафэр – нэхъыщIэхэми ди унафэщ, – жызоIэри сэри арэзы сытохъуэ, мо лIы хьэлэмэтым и псэлъэкIэр гуапэ сщыхъуауэ.

«Лъэпкъхэм я зэкъуэшыныгъэ Iэнэм» щысхэр дызэсащ щIэх дыдэ: зэзэмызэ кино, концерт дыкIуэнуми, тенджызым зыщыдгъэпскIынуми дызэщIыгъут. Шхэгъуэм деж дящыщ зыгуэр къэту адрейхэр Iэнэм дытIысыртэкъым, дытIысами дымышхэу дыщыст, ар къэсыху. Уеблэмэ шхыныгъуэу къедгъащтэри щыми зы лIэужыгъуэт. Къаплъэм ягъэщIагъуэу къыщIэкIынт: «Мы щым я ныбжь зыкъым е нэгъуэщIкъым, сыту пIэрэ апхуэдизу ахэр зэзыпхыр?» жаIэу. Сэ зэзэмызэ Темыркъан и деж лъагъунлъагъу сыкIуэрэ си гъусэхэм сакъыкIэрыхуамэ, лъэбакъуэу счам хуэдиз упщIэкIэ сыщIагъанэрт сыздэщыIамрэ «сыщыхьэулеямрэ» теухуауэ.

– Си къуажэгъум и деж лъагъунлъагъу сыщыIащ, жыпIэурэ хьэрэмыгъэ тфIумышхыу пIэрэ уэ, бгырыс? – жиIэрти гушыIэу къызэупщIырт Михаил Леонидович.

– Хьэуэ, хьэрэмыгъэ лъэпкъ сшхыркъым!

– Хьэрэмыгъэ умышхмэ, уэ зэпымыууэ уокӀуэ а зи гугъу пщӀы уи къуажэгъум и деж, езыр сыту зэ уи деж къэмыкӀуэрэ? – Агатэ Фёдоровнэ щӀэупщӀэ къудейм къыщымынэу, шэчи къысхуищӀырт.

– Ар плъагъуркъэ, Агатэ Фёдоровнэ, си къуажэгъур сэ нэхърэ фӀыуэ нэхъыжьщ, ауэ щыхъукӀэ, дэ, нэхъыщӀэхэм, ди къалэнщ нэхъыжьым папщӀэ лъэбакъуэ лей тчыну.

– Нэхъыжьым нэмыс хуэпщӀыныр икъукӀэ хабзэ хьэлэмэтщ, бгырыс, цӀыхугъэщ, – си жэуапыр игу ирихьауэ икӀи ар зэрыпэжым шэч къытримыхьэу жеӀэ Михаил Леонидович.

– Пэж дыдэщ, – деӀыгъ абы и псалъэр Агатэ Фёдоровни, – нэхъыжьым пщӀэрэ нэмысрэ хуэзыщӀым езыми насып игъуэтынщ. Упсэу, икъукӀэ ущӀалэфӀщ. Сэ ауэ сытми уэ малъхъэу сынохъуэпсатэкъым. АрщхьэкӀэ сыт Ӏэмал, дэмыкӀуэмэ къыдэнэжын фӀэщӀу, пӀащӀэу дэкӀуэри ежьэжащ си пхъур, институтыр къызэриухыу…

Зызумысыжынщи, сэри щэхуу сыгуфӀэрт Агатэ Фёдоровнэ малъхъэу къызэхъуапсэу жиӀэу щызэхэсхкӀэ.

Дыкъыщежьэжыну пӀалъэр къэблэгъауэ ди хабзэм епцӀыжащ Агатэ Фёдоровнэ. ЕпцӀыжа дыдэри сыт, ауэ а махуэм ар фӀыуэ къыкӀэрыхуащ шэджагъуашхэм. Михаил Леонидович дэрэ шхапӀэм дыщӀыхьэу Агатэ Фёдоровнэ Ӏэнэм зэрыпэрымысыр щытлъагъум, псалъэншэу тӀуми дгъэщӀэгъуащ. А зыри зэрыжыдмыӀэм хуэдэу дызоплъыжри, «мыр дауэ» жыхуэтӀэу, тӀуми ди дамэр дыдогъэуей. Ӏэнэм дотӀысри еуэ дыпоплъэри-дыпоплъэ Агатэ Фёдоровнэ, шхын къытхуахьари тӀэкӀу-тӀэкӀуурэ мэупщӀыӀуж. УпщӀыӀуж пэтми, дэри зыдмыгъэхъейуэ дыщысщ, ди гъусэм дожьэри. Ауэрэ зы сыхьэт нэблагъи блэкӀащ, арщхьэкӀэ Агатэ Фёдоровнэ а къызэрымыкӀуэжщи-къызэрымыкӀуэжщ. Михаил Леонидович бзылъхугъэр шэджагъуашхэм къыщӀыкӀэрыхур зыхуихьынур имыщӀэу егъэщӀагъуэ, щӀэх-щӀэхыурэ шэнтым зыкъытреӀэтыкӀри зеплъыхь: зэм бжэмкӀэ маплъэ, зэми дызыӀус щхьэгъубжэмкӀэ доплъ, щхьэгъубжэр зыхуэгъэза джабэ задэмкӀэ лъагъуэ зэрыщымыӀэр, абыкӀэ Агатэ Фёдоровнэ къызэримыкӀыжынур ищӀэ пэтми.

– СлӀо тщӀэнур, бгырыс, дышхэрэ, хьэмэрэ дыпэплъэрэ мы ди къэтым? – къызоупщӀ ар. – Зы дакъикъипщӀ дэкӀыжым мы шхапӀэм дыщӀахужынущ. Плъагъурэ мыр?.. – И сыхьэтым срегъэплъ абы. – Шэджагъуашхэ зэманыр еух.

– ДыщӀахужми, сыт тщӀэн, Михаил Леонидович, тӀэкӀу дыпэплъэжынщ. Нэхъыбэрэ дыщыпэплъакӀэ, нэхъ мащӀэм щхьэкӀэ къэдгъэнэжынкъым, армыхъумэ «зы сыхьэтыпэ къыспэплъэфахэкъым» жиӀэнщи губгъэн къытхуищӀынщ… – жысӀэу абы жэуап щестыж дыдэм, си псалъэр зэпиуду Михаил Леонидович и щхьэр бжэмкӀэ ещӀ. Сэри абыкӀэ сыплъэмэ – Агатэ Фёдоровнэ къакӀуэрт пӀащӀэу, бауэ-бапщэу, пщӀэнтӀэпсыр бэльтокукӀэ ирилъэщӀэкӀыу. Бзылъхугъэр тӀысыну хунэса щӀыкӀэтэкъым, ар упщӀэкӀэ Михаил Леонидович щыщӀигъэнам:

– Ар дауэ, Агатэ Фёдоровнэ, ар сыт хьэл, ар сыт хабзэ а къэбублар?.. ХабзэфӀ дыдэ къебгъэжьащ дэ лӀышхуитӀыр сыхьэт псокӀэ дызэбгъажьэу…

– Тхьэм щхьэкӀэ, тхьэм щхьэкӀэ, къысхуэвгъэгъу… – жеӀэ бзылъ-

хугъэм, бауэкIэщI къыздэхъуам ерагъыу и псалъэхэр зэпищэу. – СощIэ фызэрызыпэзгъэплъари…

– Аракъэ нэхъ Iеижыр, Агатэ Фёдоровнэ, пщIэуэ дызыпэбгъэплъащи, аракъэ дымыдэр… Догуэ, уэ ди тезыр къызэрыптехуари пщIэркъэ?..

– СощIэ икIи содэ сыт хуэдэ тезыр къыстефлъхьэми, ауэ, кхъыIэ, мызэкIэ фымыпIащIэ…

Бзылъхугъэм, Iэмал иIэххэмэ, ди пащхьэ зыщигъэзэхуэжыну, ди губгъэныр игъэзэкIуэжыну хэтт. Абы къыдэкIуэуи, Агатэ Фёдоровнэ хэпщIыкIыу нэжэгужэт, укIэлъыплъыпамэ, нэхъ щIалафэ къытеуауи къыпфIэщIырт, и напэм телъ зэлъахэр и нэкIу къызэщIэплъам къыщIэува дыхьэрэным хэгъуэщэжати.

– ГъэщIэгъуэныр жыбоIэри уэ, Агатэ Фёдоровнэ! СлIот-тIэ уи гугъэр: шэджагъуашхэм дыкъызэрыкIэрыбгъэхуам и гугъу умыщIыххи, дызэрыбгъэгузэвар сыт и уасэ – ар пщIэншэу зэфIэкIын Iуэхукъым, – увыIэжыркъым Михаил Леонидович. – ДыбгъэфIэжын хуейщ, Агатэ Фёдоровнэ, дыбгъэфIэжын! НэхъыкIэжыракъэ, укъыщIыкIэрыхуам и щхьэусыгъуэри къытщыбобзыщI.

– КъэфщIэнщ ари, ауэ мызэкIэ фымыпIащIэ, япэщIыкIэ дывгъашхи, иужькIэ псори къэфщIэнщ…

– Сыноплъри – узэрыщымытауэ зыпхъуэжаи хуэдэщ, догуэ, зыгуэрым уемыгуэкIуауэ пIэрэ уэ, Агатэ Фёдоровнэ?!

– Апхуэдэ гуэрхэри щыIэнкIэ хъунущ, Михаил Леонидович, ауэ абы зыри къикIыжыну мыгъуэкъым… – жиIэурэ Агатэ Фёдоровнэ гуахъуэр къыздищтэм, сэ сегупсысащ: «Уэ пенсэм кIуа фызыжьми сыт мыгъуэр уи лъагъуныгъэ…» – жысIэри.



– Ей, фэри фэ!.. – жиIа фIэкIа, Михаил Леонидович зыри щIигъуакъым, ауэ шхэн дыухыу дыкъыщытэджыжам абы занщIэу игу къэкIыжащ Агатэ Фёдоровнэ «апхуэдэ гуэрхэри щыIэнкIэ хъунущ»… зэрыжиIар.

– АтIэ «апхуэдэ гуэрхэу щыIэр» къытхуэпIуэтэну дыппоплъэ, Агатэ Фёдоровнэ, дэ десакъым щэху зэщыдгъэпщкIуу.

– Бэлыхьу щхьэ укъыстрилъхьа, Михаил Леонидович!

– Агатэ Фёдоровнэ, дыножьэ!

– Хъунщ, фхуэсIуэтэнкIэ-фхуэсIуэтэнщ, ауэ емыкIукъэ си жьыщхьэ…

– ЕмыкIур сэ къызощтэ!

– Ауани сыкъэфщIыжынкъэ иужькIэ?

– Сыт ущIэтщIыжынур, Агатэ Фёдоровнэ, къэдмылэжьауэ апхуэдэ фэ Iей щхьэ къыдуплъа? Нэхъ узыщыукIытэр мы бгырысыр армэ – мыри балигъщ, уи пхъум и ныбжьми, бынунагъуэщ. КIэщIу жыпIэмэ, апхуэдэ Iуэхухэм щIэбгъэдэIумэ, щызэIыхьэну ныбжьым икIащ.

А тIум я псалъэмакъым седаIуэурэ дыкъыздэкIуэм Михаил Леонидович и сыхьэтым йоплъри:

– Ей, мыбыхэм «шэджагъуэ жей фщIы» къыджаIэнущ дыкъалъагъумэ, фынакIуэ модэ, къуэгъэнапIэ зытщIынщ, – жеIэри абы и унафэкIэ адэ жыг щIагъ гуэрым худоунэтI. ТетIысхьэпIэм дызэрыбгъэдыхьэу: – Мыбдеж дыщысмэ гу къытлъатэнкъым, дыкъамылъагъум сыт ящIэн. Аращи, Агатэ Фёдоровнэ, дынодаIуэ… Моуэ

нэхъ гупсэхуу дякум къыдэтIысхьэт, арыншамэ уэ утIэщIэкIынкIэ хъунущ…

– Щхьэ мыгъуэ фыкъысщыхьа, Михаил Леонидович, сэ делэми зызущэхун хуеящ… Ауэ сыт сщIэжын, утыкум дыкъыщиджэрэзакIэ, псори къызэрекIуэкIар тэмэму фхуэсIуэтэжыну аркъудейщ къысхуэнэр…

Куэд щIащ абы лъандэрэ, Михаил Леонидович, куэдIей щIащ. Абы щыгъуэ, уеблэмэ лIыи быни сиIэтэкъым, си ишэгъуэ дахэт, «хэтхэ я щIалэ нэхъ дахэ, хэтхэ я щIалэ нэхъ зэкIэлъыкIуэ» жысIэу. ФымыгъэщIагъуэ, ауэ а Iуэхури къыщыхъуар мы Ялтэ дыдэрщ. А зэманым лэжьыгъэкIэ нэхъ пашэу щIалэгъуалэ гуп мыбы дыкъагъэкIуауэ щытащ. Дэ тхэтт Кавказым къикIауэ зы щIалэ. МишэкIэт абы дызэреджэр. Уи цIэр зэрызэхэсхыу, – жеIэри Агатэ Фёдоровнэ си дежкIэ зыкъегъазэ, – Мишэ занщIэу сигу къэкIыжащ. Ауэ ар уэ пхуэдэт!.. Ар зэрыжысIам щхьэкIэ, тхьэм и хьэтыркIэ уи жагъуэ умыщI, уэри ущIалэ хъарзынэщ, ущIалэ екIущ, ауэ абы хуэдэ щIалэ си гъащIэм слъэгъуауэ сщIэжыркъым. Езыр щIалэ псыгъуэ кIыхьрэ и пащIэ тIэкIури екIупсу… АрщхьэкIэ уеплъамэ, плъыжь хъууэ зэрыукIытэхым мыщIыфэ къытригъауэрт. ИтIани хъыджэбзу хъуам Мишэт я плъапIэр. Си гугъэмкIэ, зэрыукIытэхырт нэхъыбэу ар псоми ягу щIрихьыр. Езым сэрат плъапIэу иIэр, дэнэкIэ сыкIуэми и нэр къыстримыгъэкIыу щэхуу къыскIэлъыплъырт. ПцIыр хьэрэмкъэ, сэри абы гу лъызмытэу къэнакъым. Къэмына щхьэкIэ зыри къызыфIэзмыгъэIуэхуфэ зытезгъауэрт. ТIэкIуи сфIэауану, тIэкIуи сфIэгуэныхь хъуууэ мо щIалэ дахэшхуэм сыкIэлъыплъырт, нэгъуэщIым сыкъыдэфэми, ар нэкIэ згъэхъуу.

«Уа, сыту уделэ мыгъуэ уэ, Агатэ, щхьэ зыгуэр жумыIэрэ, езыр къызэрыптелIэр умылъагъуу ара?..» – жаIэурэ си гъусэ хъыджэбзхэм жьэкIэ сашхырт Мишэ щхьэкIэ. Ауэ сытыт жезбгъэIэнур! «Уэ укъызэхъуапсэмэ – сэри сынохъуэпсащ, Мишэ!» – жысIэу сэ япэ сищу щIалэм си гухэлъыр хуэсIуэтэну къезгъэкIуртэкъым. ХуэзмыIуэтэфми, ар жэщкIэ пщIыхьэпIэу слъагъурт. Зи щIалэгъуэзи делэгъуэр хъарзынэкъэ, пщIыхь IэфIым сыздыхэтым си нэгу щIэкIырт Мишэ шы къарэшхуэм тесу, езыр адыгэ фащэкIэ хуэпарэ щIакIуэ фIыцIэ щыгъыжу, шууэ срихьэжьауэ зы бгы лъагэ гуэрым сыздыдихым шым сыкъехуэхынкIэ сышынэу абы быдэу зесшэкIауэ…

А…а, пщIыхьэпIэ мащIэ си нэгу щIэкIа… Апхуэдэу бгыщхьэм «дыщынэс» дыдэм зэ шыр щыхупIэм «елъэри» «диукIыным» зы тIэкIунитIэщ къэнэжар! Сэри сыкъащтэри сыкъыхэкIиикIащ, си кIий макъым сыкъигъэушрэ сыкъаплъэмэ, сыт мыгъуэ, псори пщIыхьэпIэт.

Насыпыжьыр сиIэти, мо гъэмахуэ жэщ кIэщIым псори IэфIу жейуэ къыщIэкIынти, си ныбжьэгъухэр къэушакъым. Абдеж угъынум къеблагъэ, еуэ согъ, еуэ согъ, си щхьэр шхыIэн щIагъым щIэслъхьарэ шхыIэн кIапэр си Iупэм Iулъу. АдэкIэ си нэбдзыпэ зэтеслъхьакъым. Джанэ пцIанэу сыкъыщIэкIри, кIэхутхьэху къищIыху щIыбым сыдэтащ. Сыдэтащ сыкIэкуакуэу, Мишэ сымэ зыщIэлъ пэшым хэлъ щхьэгъубжэм си нитIыр тенауэ. АрщхьэкIэ зыми сызэхихакъым, зыми сыкъилъэгъуакъым… Щымыхъужым, сэри къэзгъэ-

зэжащ, пщэдей нэхъ пӀалъэ езмыту Мишэ зыхуэзгъазэу си гухэлъ псори хуэсӀуэтэну мурад быдэ сщӀауэ.

Иджыпсту слъагъу хуэдэу сощӀэж а пщэдейм и пщыхьэщхьэм и дахагъэр! Мо щӀалэ кӀыхьышхуэм сыгуфӀэурэ щэхуу сыхудэплъейуэ дэ зыбжанэрэ тенджыз Ӏуфэм къыщыткӀухьащ. Зэрихьэлыжьти, Мишэ зыри жиӀэртэкъым, сэрат зи жьэр мыувыӀэр. Си псэлъэныр зэпыумэ, щӀалэр сӀэщӀэкӀыжынкӀэ сышынэ нэхъей, дунейм теттэкъым сэ сызытемыпсэлъыхьрэ зи гугъу сымыщӀрэ.

«Сешащ, Мишэ, кхъыӀэ, дыгъэтӀыси тӀэкӀу зыдгъэгъэпсэху», – жызоӀэ абы щымыхъужым. «Ари содэ» жыхуиӀэу Мишэ и щхьэр ещӀ, тенджыз Ӏуфэм Ӏут тетӀысхьэпӀэхэм ящыщ зым дытотӀысхьэри зыбжанэрэ дыщысщ, псалъэншэу тенджызым дыхэплъэурэ толькъунхэм я псыпыху макъым дыщӀэдэӀуу. Зэманыр фӀыуэ хэкӀуэтащи, цӀыху щӀагъуи щыӀэжкъым. Псори мамырщ. Адэ жыжьэу тенджызыщхьэм къыщылыд прожекторхэм я нэхугъэр зэзэмызэ къыттридзэ фӀэкӀа, мазэр еӀэжащи, жэщри кӀыфӀщ. А кӀыфӀым игъэгушхуами сщӀэркъым, ауэ сэ зыхэсщӀэрт къызыфӀимыгъэӀуэхуурэ Мишэ гъунэгъу зыкъызэрысхуищӀыр... Абы зыкъызэкъуехри занщӀэу сызэщӀеубыдэ, ба къысхуищӀыну... Сэри занщӀэу ба зыхуезгъэщӀынт, зызохъунщӀэ: си щхьэр адэкӀэ-мыдэкӀэ изоӀуэнтӀэкӀ. Апхуэдэу дызэрызекъуэу тетӀысхьэпӀэм дыздытесым, прожектор мыгъуэжьым и нурыр аргуэру къыттолыдэри, си Мишэу плъагъур укӀытарэ къызэмыплъыфу къыщолъэтыж. Псалъэ жимыӀэу макӀуэ-мэлъей, ар къокӀуэж, сыкъыкӀэлъеӀэ пэтми сыкъылъэщӀэмыхьэу.

Аращ зэрыхъур ди лъагъуныгъэр, Михаил Леонидович!.. Иджы, гъэщӀэгъуэныракъэ, нобэ сыхуэзащ Мишэ. Аращ сыкъыщӀэгувари. Зэрызихъуэжаишхуэ щыӀэкъым, нэхъ лӀыжь хъуащ жумыӀэмэ, зэрыпсыгъуэ кӀыхьышхуэщ, и пащӀитӀри зэрытетщ. Тенджыз Ӏуфэм Ӏусу срихьэлӀэри сешыху сыкӀэлъыплъащ, гу къыщыслъимытэм, сыбгъэдэтӀысхьэри – сыкъицӀыхужакъым. Тхьэм ещӀэ, а зэманыр игу къэкӀыжауэ езыри егупсысыжрэт, зыри къыфӀэмыӀуэхуу щыст и закъуэпцӀий, зэи-тӀэуи зызгъэпсчэуӀуа щхьэкӀэ, хъымпӀар сыкъищӀакъым. Абы, дауи, и гущхьэ къэкӀауэ къыщӀэкӀынутэкъым илъэс куэд ипэкӀэ мыбы фӀыуэ щилъэгъуауэ щыта хъыджэбзыр, хъыджэбз дахэр сэрауэ. Сэри сыукӀытэри зыри жесӀакъым. Къэтэджыжу ежьэжа иужькӀи сымылъагъужыхукӀэ сыкӀэлъыплъу сыщысащ, Ӏэдакъэжьауэ сщӀыуэ. Адэ жыжьэ нэсыжа нэужькӀэ сыкъэтэджри лъапэпцӀий зысщӀу сыкӀэлъыплъащ. И зекӀуэкӀэкӀи, и лъагагъкӀи аращ – Мишэщ тэмэму, ауэ щхьэ зыри къызжимыӀауэ пӀэрэ абы, Михаил Леонидович? Догуэ, иджыри къэс зыкъысхуигъэгусэу пӀэрэ? Зыкъысхуигъэгусэну сэ сыткӀэ секъуэншэкӀа абы?.. Езыращ псори зи ягъэр...

– Иджыри къыпщыукӀытэу къыщӀэкӀынщ, Агатэ Фёдоровнэ!

– СщӀэркъым сыкъимыцӀыхужами е къысщыукӀытэпами... И жыыщхьэ къысщыукӀытэн хуеякъым Мишэ...

«Мишэр» абы зэуэ дахэу, зэуэ гъэфӀарэ гъэщӀэрэщӀауэ жиӀэрти, пщӀэнтэкъым жыгъэкӀэ пенсэ зрат Агатэ Фёдоровнэ нобэ илъэс пщыкӀуий ныбжьым къиувэжауэ езым и ныбжь щӀалэщӀэм еубзэрабзэу фӀэкӀа... Ауэ, бетэмал, хэту пӀэрэ апхуэдизу Агатэ Фёдоровнэ нобэр къыздэсым игу имыхужу дэзыхьэхыфар?..

А гупсысэм и бэлыхьым сиукIыу екIуэкIащ иужьрей махуэхэр. Агатэ Фёдоровнэ сызэрыIуплъэу занщIэу си нэгу къыщIыхьэрт абы и «Мишэр».

… Пщэдей хуэдэм дыкъежьэжыну «Лъэпкъхэм я зэкъуэшыныгъэ Iэнэм» дыщысхэр дыкъыдэкIащ нэхъ дигу къина щIыпIэхэм «сэлам етхыжыну». ЦIыхур, бжьэ къэпщIам хуэдэу, тенджыз Iуфэм щопэкIури зекIуапIэ къыуатыркъым. Зэманыр шэджагъуэнэужьу и хуабэгъуэми, пшэщIэущи, щIыIэтыIэщ. Ауэрэ IуфэмкIэ дыздрикIуэм сэ жыжьэу къэслъэгъуащ Темыркъан. Ар щытт тенджызым хэплъэу, цIыху блэкI-къыблэкIыжхэр къызэрыфIэIуэшхуэ щымыIэу, и щIыбыр къахуигъэзауэ.

– Къысхуэвгъэгъу, – жызоIэри сэ Темыркъан сыбгъэдохьэ. – Уузыншэм, Темыркъан, дауэ ущыт?

– А-а, уэра ар, Мухьэжид?.. Сызэрыщытыр плъагъунт, къапшэу мы тIыпхым къыдэбдза лIыжьым нэхъ щIэх-щIэхыурэ укъылъыгъуэзатэмэ, – жеIэ Темыркъан, къызэрысхуэхъущIэм нэхърэ ауан сыкъызэрищIыр нэхъыбэу. – Уэ сэ слъагъур «шакIуу-макIуухэм» уахыхьауэ къыщIэкIынущ, уэ сэ суриIуэхужын, ауэ, умыпIащIэ, мыдэ зэ дынэгъэсыж, мис итIанэ сэ уэ пхуэфI сыхъунщ!

– Хьэуэ, Темыркъан, а зи гугъу пщIы «шакIуу-макIуухэми» сыхэткъым.

– ТщIэркъым ухэтми ухэмытми, зыри бдэтлъэгъуакъым, уи нэкIэ умылъэгъуам щыхьэту утеувэну гугъущ.

– Къыздэплъагъунуи къыщIэкIынкъым!

– Хъунщ, хъун, ауэрэ зумыгъэджэдухьэжы! ЩIалэр щIэщIалэр моуэ и гумрэ и псэмрэ хуиту тегушхуауэ щытын хуейуэ аращ. Си щхьэкIэ игъащIэми сытеплъэ хъуркъым зызыгъэтхьэмыщкIафэ мацIэ дияхэм, апхуэдэхэм лIыфи цIыхуфи есплъыркъым. Мы дуней фIыгъуэу къэслъытэнти уи ныбжьым ситу мыбы сыщыIэну!.. – Темыркъан кIыхьу уэршэрыну къыщIэкIынт, ауэ сэ гъусэ сызэриIэр къыщыгурызгъаIуэм, мо хабзэ зыхэлъ лIыжьым губгъэн къысхуищIу и псалъэм кIэщI зрегъэщI: – Гъусэр нэхъапэщ, мыбдеж ууэршэру ущытурэ ахэр щхьэ зыпэбгъаплъэрэ? КIуэ, сэри сыкIуэжынущ… Пщэдей нэхъ пасэу ныIухьэ си дежкIэ!..

– Хъунщ, Темыркъан, сыныIухьэнщ!

Санаторэм къыщыдгъэзэжам, Агатэ Фёдоровнэ нащхьэ къысхуищIащ, «уи закъуэу зыгуэркIэ сыпхуейт» жиIэу къригъэкIыу. Ди закъуэу дыкъызэрынэу, ар мащIэу хоплъэри къызоупщI:

– Хэт а узыбгъэдэтар?

– Дапщэщ?

– Мис иджыпсту къыщыткIухьым тенджыз Iуфэм Iуту узыбгъэдыхьар?

– А-а, аращ си къуажэгъу зи гугъу фхуэсщIар. ФэзгъэцIыхунути, «сопIащIэ» жиIэри идакъым.

– «СопIащIэ» жиIэу дызэригъэцIыхун имыдауэ ара?..

– Аращ. Сытыт щIыжыпIэр?

– Зи, ауэ… ГъэщIэгъуэнщ ар, иджыри къэс и хьэл мыгъуэжыр зыхинакъым…

– Хэт зи гугъу пщIыр, Агатэ Фёдоровнэ?

– Уэри зыри зэхыумыщIыкIыжу сыту укъэна!.. Зи гугъу сщIыр



2 Заказ №39

мис а узыбгъэдэтарщ. КъыбгурыIуа?!

– КъызгурыIуэркъым.

– Сыт къыбгурымыIуэр?.. Мис а уи къуажэгъуращ зи гугъу фхуэсщIа Мишэр езыр…

– Дауэ?!

– Мис аращ… КхъыIэ, езым сыкъыщимыцIыхужакIэ е сыкъицIыхужами сыкъимыцIыхужыфэ щызытригъэуакIэ, си гугъу лъэпкъ хуумыщIыж… АтIэми мащIэ щIа абы лъандэрэ, зыри жумыIэжмэ нэхъыфIщ… – и псалъэр и кIэм нимыгъэсу Агатэ Фёдоровнэ IуокIыж, сэ сыздэщытым сыкъегъанэри. Асыхьэтым абы дэплъагъужыртэкъым япэм иIа нэщхъыфIагъэмрэ гушыIэ дахэмрэ.

Сэри а жэщым сымыжейуэ куэдрэ сыхэлъащ: зи, мыувыIэу сегупсысырт Агатэ Фёдоровнэ и псалъэхэм икIи къысхуэщIэртэкъым абы Темыркъан зригъэщхьа Мишэр хэтми. Ар езы Темыркъан дыдэу сощIри, Темыркъан «Мишэ» щхьэ хъуа?! ИтIанэ лIыжьым тхьэ еIуэ игъащIэм иджы фIэкIа тенджыз жыхуаIэр имылъэгъуауэ, мы щIыпIэми щымыIауэ. Абы и закъуэ, хъыбару яIуэтэжымкIэ, Темыркъан щыщIалэм къыщыщIэдзауэ укIытэхыу, уеплъамэ (атIэми хъыджэбз къеплъамэ) плъыжь хъууэ щытын дэнэ къэна, «уей-уей» жригъэIэу, и нэр зытеплъэ пщащэр псалъэрэ теплъэкIэ къыдихьэхыу къогъуэгурыкIуэ…

КIэщIу жыпIэмэ, мы Iуэхум зэхэмыбз куэд хэлъщ, зы щхьэ закъуэкIэ пхузэхэмыгъэкIыну. Ауэ щыхъукIэ, дэ сыт тхуэщIэн, Агатэ Фёдоровнэ зэригугъэм хуэдэу Iуэхур къырыренэ… Дэ тхузэфIэкIынур зыщ – ар Темыркъан жедмыIэжыну, лъаIуэу, дзыхь къытхуащIу къыдагъэза щэхур нахуэ дымыщIыну аращи – абыкIэ бзылъхугъэр къыдогъэгугъэ!..

*УсакIуэ Щоджэн Леонид илъэс 80 ирокъу*



# САБИЙХЭМ Я НЫБЖЬЭГЪУ ПЭЖ



Ди нобэрей сабий литературэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIхэм ящыщщ усакIуэ Щоджэн Леонид. Хьэлъащ абы и сабиигъуэр. Ар хиубыдащ зэманым и нэхъ гугъупIэ дыдэ 30–40 гъэхэм. Бэлыхь мащIи игъэвакъым, гугъуехь мащIи ишэчакъым. Зи адэр пасэу зыфIэкIуэда щIалэ цIыкIур пэлъэщащ Хэку зауэшхуэм къытхуихьа тхьэмыщкIагъэхэми. Арагъэнщ Щоджэныр сабийхэм щIахуэгупцIанэр, абыхэм я дунейр фIыуэ къыщIыгурыIуэр.

Курыт еджапIэм щыщIэсами, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухыу, Къулъкъужын къуажэм, Бахъсэн къалэм егъэджакIуэу щыщылэжьа гъэхэми, КъБКъУ-м къыщигъэзэжами, нобэр къыздэсми Леонид сабийхэм яхуэтхэныр зэпигъэуакъым. Абы фIы дыдэу ещIэ а Iуэху мытыншым жэуаплыныгъэшхуэ зэрыпылъыр. ИщIэм къыщымынэу, адыгэ сабийхэр я бзэкIэ пэщIэдзэ классхэм щегъэджэн зэрыхуейм теухуауэ газетхэм мызэ-мытIэу къытрыригъэдзащ статья хьэлэмэтхэр, радиокIи телевизоркIи къэпсэлъащ. Леонид адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ 3–4-нэ классхэм папщIэ Клепининэм зэхигъэува учебникыу плIы. ПэщIэдзэ классхэм щадж хрестоматийнэ тхылъхэу «Сабиигъуэ», «Адыгэ сабий литературэ», «Вагъуэбж» жыхуиIэхэм Щоджэным и усэу щэ ныкъуэм нэс хагъэхьащ. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа учебникхэр щызэридзэкIым, псалъэщIэ куэд къигъэщIурэ адыгэбзэм

къыхигъэхьащ. Къэтхьынти а псалъэхэм ящыщ зы: «псантхуэ» (нерв). ИгъащIэ лъандэрэ адыгэм къипсэлъу фIэкIа пщIэнкъым.

Щоджэным и усэ тхылъхэу «Лъэмыж» (1987), «Къру шырхэр» (1993), «Псей щхъуантIэ» (1996), «Моцэрэ Боцэрэ» (2001), «Нэхунэ цIыкIухэр» (2007), «Къуажэхь 400» (2009), «Еджэрей цIыкIухэр» (2010) жыхуиIэхэми, адрей и тхыгъэ куэдми сабийхэр ягъэгуфIэ зэпытщ. Пэжыгъэм, гупцIанагъэм псэр къыхуагъэуш. Дыкъэзыухъуреихь дунейр, абы щыпсэу псэущхьэхэр, хьэкIэкхъуэкIэхэр, хьэпщхупщхэр дигъэцIыху къудейм къыщымынэу, абыхэм образ хьэлэмэтхэр къатрещIыкIри сабийхэм я пащхьэ кърелъхьэ. Дунейм дыхуэжумарту, псэ хьэлэлагъ, гущIэгъу тхэлъу, дахагъэм дыхуэсакъыу дыпсэуну ини цIыкIуи дыкъыхуреджэ.

Дунейр щIэщыгъуэу къыпщызыгъэхъу щIэжьей цIыкIухэм уащеплъкIэ, уи псэр дахьэх, абыхэм я образхэр апхуэдизкIэ гумрэ псэмрэ дыхьэу усакIуэм егъэщIэращIэри, цIыкIухэм я гъащIэри я сабиигъуэри нэхъ дахэж ещI. Телъыджэщ шкIащIэ натIэху цIыкIум и кIэр игъэпIэжьажьэу хъупIэм дэзыху сабийм къыжриIэр: «Уэ уи щхьэм щхьэ сумылъытрэ, пщыгъупщэжауэ ара анэ быдзышэ нэхърэ нэхъ IэфIрэ нэхъ лъапIэрэ зэрыщымыIэр? – и нэ цIыкIухэр зэщIэлыдэу жьэгъуашхэурэ къыпещэ, – апхуэдизу сэр щхьэкIэ угузавэр пэжмэ, мыбдеж ущымыту хъупIэм дэкIи си анэр къысхуэшэж. Сэ итIанэ пIапIукIэ сытхъэжынт, уэри Iыхьэншэ ухъунтэкъым» («НатIэху»). Сабийр кIэлъожэ адэжынэм и макъ гуакIуэм, ирогузавэ ар шынауэ зэрылъэтэжым: «Сыту пIэрэ ар щIэшынэр, и жагъуэ ямыщIауэ пIэрэ? Ар ныбжьэгъу къысхуэщIатэмэ, сылъэтэфу сигъэсэнт, сэри езым къэжыхьыкIэ езгъэщIэнт». Гупсысэ куукIэ гъэнщIащ мы сатырхэр, къызэрыгуэкIыу тхами. Пэж дыдэу, цIыхум и гущIэгъуншагъэм дунейм и дахагъэ куэд тфIигъэкIуэдащ. Нэхъыбэр егупсысыркъым къытщIэхъуэ щIэблэм я къэкIуэнум, я насыпым! Апхуэдэ гупсысэ къигъэщIкIэрэ, Леонид и усэм щегъэлъапIэ цIыхугъэ нэсыр, псэ къабзагъэр... УсакIуэм илъагъуну хуейщ цIыху пэж щыпсэу лъэхъэнэщIэ, – щIыуэпсым и къэхъугъэхэм, къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм щахуэсакъ лъэхъэнэ («Адэжынэ»).

Цыжьбанэр ауэ сытми щхьэщытхъу къудейкъым, ар зи щхьэр зыхъумэжыф, екIэ иужь къиихьа хьэжьым зэрыпэлъэщар гушхуэу къытхуэзыIуэтэж лIыхъужьщ. ГъэщIэгъуэнщ цыжьбанэ цIыкIунитIэр хьэшхуэм зэрытекIуэр. Абы и образымкIэ усакIуэр хущIокъу Iеймрэ фIымрэ зэхигъэкIыфу, екIэ и ужь къихьам пэувыфу, и щхьэр ихъумэжыфу сабийр игъэсэну («Цыжьбанэ»).

ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэу дапщэ тет мы дунеижьым? Апхуэдэхэм гу лъыдигъэтэну арагъэнщ «Хьэмбылу» усэм хэт лIыхъужьым и мурадыр. Я нэр къаплъэми я гур нэфу цIыху дапщэ псэурэ?! Ахэр хьэмбылум теувэнкIи мэхъу, зыуи къащымыхъуу – сыткIэ хуэныкъуэ псым ныкъуэтхьэлэ ищIа хьэмбылу тхьэмыщкIэм, абы къищынэмыщIауэ, къазы-

жьым ишхынкIэ хъунум? ЗыкIи! НтIэ, а хьэмбылум хуэдэ дэIэпыкъуэгъуншэхэм гу ялъызытэфу еса дэтхэнэми хэлъынущ цIыхугъэ ин, псэ дахэ, уэри сэри тхьэмыщкIапIэ дихуауэ къытхуэзэми къыддэIэпыкъунущ. Мы усэм еджэ сабийм апхуэдэ акъыл, шэч хэмылъу, къыхихынущ.

КIущэмрэ дзыгъуэмрэ я зэIущIэм япэщIыкIэ дытогузэвыхь – ярэби, джэдуужьым дзыгъуэ тхьэмыщкIэр дэджэгу зищIурэ иримыгъэлъэтэхащэрэт, жытIэу. АрщхьэкIэ Щоджэным и джэдур псэ хьэлэлщ, ныбжьэгъугъэ къэзылъыхъуэ кIущэ нагъуэщ, лъагъугъуафIэщ. Аращ дзыгъуэ гужьеяр щIиутIыпщыжыр. Езы тхьэмыщкIэ цIыкIури и гъуэм псынщIэу ипщхьэжауэ мэгуфIэ, зосэбэуэжри щысщ («КIущэ»).

«Ахъшэ хъушэ» усэм еджа сабийм и гум Iэмал имыIэу къыщыушынущ псэ хьэлэлыгъэ телъыджэ. Мы усэм еджапхъэт нобэ ахъшэ фIэкIа напэ зимыIэжу нэпсей хъуа куэд. Авторым къызэрыгуэкIыу итха сабий усэ цIыкIум мыхьэнэшхуэ зиIэ проблемэ къыщеIэт – сыт ахъшэ щIызэхуэпхьэсынур, узыхэт цIыхубэм, укъызыхэкIа лъэпкъым сэбэп уахуэмыхъунумэ? Мылъку зэбгъэпэщрэ уи щхьэ закъуэм тебгъэкIуэдэжкIэ насыпыфIэ ухъуну? Ухъунукъым! НасыпыфIэ узыщIыр уи мылъкум псапэу къыхэбгъэкIыфырщ, уи ныбжьэгъухэм, уи къуажэгъухэм, уи благъэхэм яхуэпщIэф Iуэхутхьэбзэрщ:

*Ахъшэ хъушэ,*
*Ахъшэ хъушэ*
*Сэ сиIатэм,*
*Ныбжьэгъу цIыкIухэр*
*ЗгъэгуфIэнт,*
*ЩIалэ цIыкIухэм*
*Я зырызу,*
*Лъакъуэрыгъажэ*
*Къэсщэхунт,*
*Хъыджэбз цIыкIухэм*
*Я зырызу*
*Пшынэ цIыкIу*
*Къахуэсщэхунт.*

Щоджэн Леонид куэдрэ тотхыхь нэхъыжьхэмрэ сабийхэмрэ я зэхущытыкIэм, абыхэм яку дэлъын хуей пщIэм, нэмысым, нэхъыжьхэм къагъэсэбэп гъэсэныгъэм и Iэмал зэмылIэужьыгъуэхэм. Сабийр зыгъасэ нэхъыжьым сыт щыгъуи къалэнышхуэ и пщэм къыдохуэ ар гъащIэм хуэфащэу, псапэ ищIэфу, нэмыс хэлъу, адэ-анэм я гугъуехьыр къилъытэфу, Хэкум и бын пэжу къэгъэтэджыным теухуауэ. Псом хуэмыдэу, дэтхэнэ гъэсакIуэми япэу гу зылъитапхъэр сабийр нэхъ зыхуэIэижьырщ, IэщIагъэу зригъэгъуэтыну и нэ къызыхуикIыр къэщIэнырщ, абы дегъэхьэхынырщ. «Жаннэ цIыкIу – дохутыр цIыкIу» усэмкIэ авторым ди пащхьэ кърелъхьэ сабий гъэсэкIэм и Iэмал гъуэзэджэ. Адыгэ дадэ Iущхэм дапщэрэ къагъэсэбэпа апхуэдэ IэмалыфIхэр? Арагъэнщ цIыху куэдым я бзэгупэм

щIытелъыр – «адэшхуэм триIуа IэщIагъэр игъуэтащ» – жаIэу. Мы усэ цIыкIум хэт Дади сабийм жреIэ: «Уэ дохутыр фащэр къокIупс, гуфIэр уи нэгум дыгъэу къыщIопсри, дохутырышхуэ ухъумэ сыбгъэхъужынщ, Жаннэ дахэ!» Арати, сабий гугъапIэр псэм мафIэ цIыкIуу къыщызэщIонэ. Ар мафIэшхуэ хъуа нэужькIэ и Дадэ закъуэракъым, атIэ нэгъуэщI цIыху куэдми сэбэп яхуэхъуфынущ.

«Мыщэ бацэ» усэ цIыкIум щIилъхьа щIагъыбзэмкIэ авторым хузэфIокI сабийхэр фIым хуиущиину.

Мыщэжьыр, къаруушхуэ иIэ пэтми, нэгъуэщIхэм къалэжьа мылъкум щIэнэцIу псэухэм я образщ. Бжьэхэр лэжьакIуэшхуэщ, еш жыхуаIэр ямыщIэу фо зэхуахьэс, зи гуащIэдэкIкIэ псэуж цIыхубэм я образщ. Авторым «мыщэхэр» къыхуреджэ гъуэгу тэмэм теувэжыну:

*... Бжьэ къэпщIахэм*
*Уахэмыхьэ.*
*Уахыхьэнщи,*
*Ущыуэнщ,*
*Уи щхьэ бацэр*
*ПхущIащэнщ.*
*Уи пэм мастэ*
*КъыхаIунщ.*
*Уи пэр топу*
*Къэбэгынщ.*
*Мис итIанэ*
*«Уэ-уэу» IейкIэ*
*Уагъагъынщ,*
*«Уэ-уэу» IейкIэ*
*Угъуэхъуэнщ.*
*Мис итIанэ,*
*Мис итIанэ*
*Псоми ауан*
*УкъащIынщ.*

Пэж дыдэу, мы «мыщэм» хуэдэхэм я ухыгъэри усэм зэрыжиIэм хуэдэу ауанкIэ гъэнщIащ. Сабий щIыкIэ мыпхуэдэ гупсысэ тэрэзым гу лъызытар «мыщэ» зэи хъунукъым, атIэ бжьэхэм я гъащIэ пэжым нэхъ ехъуэпсэнущ, гуащIэдэкIыр зи гъуазэ цIыхуу къэтэджынущ.

«Моцэрэ Боцэрэ» тхыгъэр таурыхъым хуэдэу гъэпсащ. А тIум я кум ныбжьэгъугъэ пэж дэлъщ, езыхэр зэхуэфащэщ. Моцэ фIы дыдэу йоджэ, еджапIэм и ЩIыхь пхъэбгъум къралъхьэнущ. Боци жыIэдаIуэщ, унагъуэхьэм и къалэн псори егъэзащIэ. Джэдкъазхэри, уеблэмэ джэдуужьри ныбжьэгъу къищIащ. Къазыхъужь закъуэм иджыри тIэкIу щышынэ пэтми, ари къыдихьэхыну и мурадщ. Моцэрэ Боцэрэ я зэныбжьэгъугъэм и быдагъэр нэхъри зыхыбощIэ Дадэ и унафэ зыри зыпэмыплъар Iуэхум къыхыхьа нэужькIэ – Боцэ къабзэу зэримыхьэф и цыр трищыкIыну къыщигъэувкIэ. ЯпэщIыкIэ

Моцэ, иужькIэ Боци а унафэр ягу ирихьыркъым. «Хьэм и цыр тепщыкI хъурэ?» – жаIэу гъунэгъухэри мэшхыдэ. Ауэ Дадэ къикIуэтыркъым, «сывмыгъэщмэ, хьэр сщэжынущ», жи. Мис а зэгурымыIуэныгъэр къэхъуам и лъагапIэ мэхъу. Ар зэрызэхахыу, Моци Боци йогупсыс яку дэлъ ныбжьэгъугъэ лъапIэм зэрыхэкIыжынум, нэхъыжьым жиIэм емыдаIуэмэ, Iэджэ яфIэкIуэдынкIэ зэрыхъунум. Арагъэнщ мы усэ цIыкIур арэзыныгъэр щытепщэу щIиухри:

*... Даади, Нани,*
*Ди хьэ Боци,*
*Хьэблэдэси, Моци –*
*Псори иджы арэзыщ,*
*Псоми жаIэр иджы зыщ:*
*«Нэхъыжь жиIэм едэIуэн,*
*ЗэгурыIуэуэ псэун».*
*Ахэр гуфIэу зэбгъэдэсщ,*
*Хэт и дежкIи щапхъэ нэсщ.*

Леонид и творчествэм уэрэд жанрым увыпIэшхуэ щеубыд. Композиторхэу Балэ Мухьэдин, Даур Аслъэн, Къардэн Хьэсэн, Къэбэрдокъуэ Борис, Молэ Владимир, Согуэ Данил, Къул Амир сымэ макъамэ зыщIалъхьа усэхэр уэрэдищэ зыбжанэ мэхъу. КупщIафIэщ икIи зэгъэщIэгъуафIэщ Щоджэным и уэрэдхэр. Зи Iэпкълъэпкъ иджыри зэрымыубыда, зи акъылыр иджыри зэтемыува цIыкIухэр ирибгъэсэну уасэ зимыIэщ «ЩIымахуэ бзу» уэрэд цIыкIур: 23

*Жыг къудамэр*
*Iумыл башщ,*
*Башым тесыр*
*МэкIэзыз.*
*Ар щыслъагъукIэ,*
*Сигу мэуз,*
*Ар щыслъагъукIэ,*
*Сигу мэуз...*

Бзу тхьэмыщкIэр пIыщIэу мэкIэзыз, мэмэжалIэ. Абы унэ цIыкIу хуэсщIащэрэт, и ныбэ изу згъэшхащэрэт – жиIэу уэрэдым щIэдэIум фIэгуэныхь мэхъу, гупцIанагъэм, псэ хьэлэлыгъэм къыхуегъэуш.

Бэджыжьым хъы ахъырзэман зэрызэIуищэфыр псоми ящIэ, ар зэрыхузэфIэкIыр ягъэщIагъуэ. Ауэ авторым гу лъыдегъатэ а хъыр бэджым щIиухуэр бадзэр къиубыду и лъыр къыщIифыкIыну зэрыарам. Мыбдежым къыдощIэ дахагъэри IэпщIэлъапщIагъэри Iейм щыхуэгъэпсам и деж хуэсакъын зэрыхуейр («Бэдж»).

Кърухэм ямыгъэпIейтей щыIэу къыщIэкIынкъым. Леонид и къру шырхэр «кIапсэлъэрышэщ, чы гъэшащ». Я макъыр тыншу зэхыбох, сабийм и лъэIур езыхэми къызэхахыу

къетIысэхын фIэкIа пщIэркъым («Кърy шырхэр»).

Адыгэ фащэ зыщыгъ гуэгушыжьыр-щэ! КъэфакIуэ Iэзэм хуэдэу къофэ, зегъэджэрэз. Концерт уеплъынумэ, ахъшэ щIэптын хуейщ, ауэ, Леонид и гуэгушыжьыр жумартщ, гуфIэу къеплъ сабийхэм езыри ящыгуфIыкIыжу пщIэншэу зыкъегъэлъагъуэ. НтIэ, псэ хьэлэлыгъэкъэ ар?! («Гурэ»).

«Бзу уэрэдым» гъатхэ къэушыр уи нэгу къыщIегъэувэ – уэс зытекIыжа щIылъэм бахъэр къыхеху, мэбауэ. Жыг пцIанэ къэушахэм заукъуэдий, я нэ цIыкIухэр къызэтрах. Гъатхэ бзум и уэрэдыр авторым адыгэбзэм ирегъэщхь:

*«Псы схуолIэ, тIу,*
*Псы схуолIэ, тIу!»*

*«ПIу-пIу-пIупI,*
*ВакIуэ дэкI...»*

Ар Iэмал телъыджэкъэ-тIэ, сабийхэм анэдэлъхубзэр нэхъыфIыжу ялъагъун папщIэ?

«Ажэ пашэ» уэрэдыр цIыхубэм Iэджэ щIауэ яусауэ фIэкIа пщIэнкъым:

*Зи сэшхуэр дыщафэ, уо,*
*ЖьакIэ уфафэ, уо,*
*Мэл хъушэм и пашэ, уо,*
*Пашэрэ мышынэ, уо.*
*Къущхьэхъум щызекIуэ, уо,*
*ХъумакIуэ зекIуэлI, уо,*
*Дыгъужьхэр зыгъащтэ, уо,*
*Бланэжь зещатэ, уо.*
*Бжьыхьэри къосри, уо,*
*Хъушэр къошэжыр, уо,*
*ЦIыкIухэр зэхуосри, уо,*
*Узэпаплъыхьыр, уо.*



Леонид и уэрэдхэр цIыкIухэм я дежкIэ уасэ зимыIэ тыгъэшхуэщ.

Щоджэным и тхылъхэр къызэрызэгуэпхыу, гу лъыботэ абы и тхэкIэр, и хъэтIыр сабийхэм яхуэтхэ адрей усакIуэхэм яйм къазэрыщхьэщыкIым. Авторым игу щабэр апхуэдизкIэ сакъыу сабиипсэм доуэршэрри, и усэ сатыр къэс елIэлIапэурэ сабийм я къэпсэлъыкIэм ещхьу зэпегъэувэ.

Леонид зы усэм къыщихь псалъэхэр зыбжанэрэ къыщытригъэзэж куэдрэ къохъу. Псалъэм папщIэ, «Си шыд цIыкIум и лъэIур» усэм «лъэIу» псалъэм хэ къыщытрегъэзэж. Сыт-тIэ абы и мыхьэнэр? ТхакIуэм сабий акъыл лантIэ цIыкIур хуегъэхьэзыр шыдым и лъэIум. «Сыту пIэрэ а лъэIур зытеухуар?» – жиIэурэ «си цIэм «д»-р пывгъэху» сатырхэр игу ирибыдэн хуей мэхъу. АдэкIэ сабийм «д»-р пегъэхури, занщIэу къыгуроIуэ шыд цIыкIум и хъуэпсапIэр. Ауэ, языныкъуэ усэ-

хэм, дэ дызэреплъымкIэ, зы псалъэр куэдрэ къызэрытригъэзэжыр къыщемызэгъ, тхыгъэр зэрызелъафэ, зэпылъэфа щищI щыIэщ. Апхуэдэуи авторым гу лъитапхъэщ усэ сатырхэр зэпыуда зэрымыхъум.

Щоджэн Леонид усэхэм, уэрэдхэм къищынэмыщIа, и Iэдакъэ къыщIокI къуажэхьхэри, псынщIэрыпсалъэхэри, псалъэрыджэгухэри. Адыгэ сабийхэр акъыл жану, я бзэкIэ гупсысэфу есэн папщIэ апхуэдэ тхыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ.

Леонид къигъэсэбэп зэгъэпщэныгъэхэмкIэ сабийхэм къащIэнущ уадэри, джатэри, джыдэри зищIысыр. Авторым адыгэ лъэпкъым фIэкIуэдыжу хуежьа псалъэжьхэри къарегъэщIэж щIэблэм. Апхуэдэщ зекIуэ, бжыхь, кIытэ, хъурзэ, вабдзэ, гъубжэ, лъахъш, мастэпэбдз, мафIэгу, мывэ щхьэл, нахъутэ, пыпхэ, пхъэшку, хупхъэ, жьуджалэ, гъуэжькуий, пэрыIэбэ жыхуиIэхэр, нэгъуэщIхэри.

Щоджэным фIы дыдэу къохъулIэ щIыуэпсым (природэм) и нэщэнэхэр сабиибзэкIэ къэIуэтэнри:

*ГъущI тхъэгъу зэрыдзэ,*
*Шыуаныжь фIэдзапIэ.*
(**Лъахъш)**

* * *

*Дыгъэ гуащIэм игъэлъатэ,*
*ЩIыIэ уаем игъэдий.*
**(Псы)**

* * *

*Зи макъым*
*ЩIылъэр къигъаджэ,*
*Зи хъуаскIэр*
*Уафэм щыджэгу.*
**(Щыблэ)**

Мыпхуэдэ къуажэхьхэу Леонид миным нызэрыхьэс иIэщ. Ар еш жыхуаIэр имыщIэу матхэ, гупсысэщIэхэм мэлъыхъуэ, образыщIэхэр къегъэщI. Гъуэгужь апщий, сабийхэм я ныбжьэгъу пэж Леонид!..

**БАЛЪКЪЫЗ Батий,**
*усакIуэ*

*Усэхэр* ЩОДЖЭН *Леонид*

## УНЭ

Дадэ
ЩещIыр
ПщIантIэм
Унэ,
Мывэ унэ,
Унэ быдэ,
Унэ дыдэ.
Сэри сощIыр
Унэ цIыкIу,
Сэри сощIыр
Унэ екIу.
Сэ си унэм
Бжэ хэмылъ,
Сэ си унэм
Щхьэ темылъ.
Сэ си унэр
Пшахъуэ унэщ,
Ар си гуащэхэм
Я унэщ.

## IЭДЭМРЭ УАДЭМРЭ

Iэдэмрэ
Уадэмрэ
Зодауэр.
Iэдэм идэр
Уадэм идэркъым,
Уадэм идэр
Iэдэм идэркъым.
Уадэм
ХиукIэр
Iэдэм
Къыхечыр.
Iэдэм къыхичыр
Уадэм хеукIэр.
Ахэр
Куэдрэ
Зэдэуами,
ИкIэм хъуащ
Зэакъылэгъу.
Иджы сыткIи
ЗэгурыIуэу,
Зэдолажьэ,
Зэныбжьэгъущ.



## КЪУРШЫБГЪЭ

Уей, Къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Уей, Къуршыбгъэу
ГъащIэ кIыхь,
Уэгум иту
Махуэр зыхь,
Зи нэр жану
Зызыплъыхь.
Уей, Къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Иджы, хъуну
Щытмэ,
Къуршым
Зэ къехыж.
Илъэс щищым
Къэплъэгъуахэр
КъызжеIэжи
Сыгъэтхыж.

## УЭЛБАНЭ

Щыблэр
Уафэм
Къыщоджэгу,
Уэшхыр
ЩIылъэм
Тоджэгухь.
Жьышхуэм
Жыгхэр
Егъэсыс,
Сэ щхьэгъубжэм
Сыбгъэдэсщи,
Бзу шыр цIыкIухэм
Согупсыс:
Абгъуэм ису
Мылъэтэфхэр
Дауэ хъуну пIэрэ,
Мы уэлбанэ иным ахэр
Къелыфыну пIэрэ?

## ЕДЖЭРЕЙ

Еджэн и къуэ
Еджэрей
ЗэрыцIыкIурэ
Еджэрейщ.
Тхылъ зэджэни
И куэдIейщ.
Школым кIуами —
Ар тхылъ йоджэ,
КъэкIуэжами —
Ар тхылъ йоджэ,
Псым щыхэсми —
Тхылъ ар йоджэ,
Шыд щытесми —
Тхылъ ар йоджэ,
Куэд еджахэм
Я зэпеуэм
ЯгъэкIуати —
ЯтекIуащ,
Саугъэту
КъратамкIи
ТхылъыфI Iэджэ
Къищэхуащ.

## ХЭТ СЫТ ЖИIА?

— Хьэжьым
Сыт жиIар?
— Хьэу-хьэу-хьэу,
Хьэлу Iыхьэ
Къысхуэпхьа?
— Джэдым
Сыт жиIар?
— Къа-къа-къа,
ДжэдыкIэхьэ
ФыкъэкIуа?
— Джэдуужьым
Сыт жиIар?
— Нау-нау-нау,
Фыбэяу!
— Ди мамыжьым
Сыт жиIар?
— Бу-бу-бу,
Бор гъэкъабзэ,
Iус гъэхуабэ.
— АтIэ, уэри
Сыт жыпIэн?
— Iэщхэм я бзэ
ЗызогъащIэ,
Сэ я лъэIухэр
Согъэзащlэ!

## ЩАКIУЭ

ЩакIуэ, щакIуэ,
ЩакIуэрей,
ЩакIуэ, щакIуэ
Мэз кIуэрей.
Уи фочыжьыр
Умыгъауэ,
ХьэкIэкхъуэкIэм
Уахэмыуэ.
Уи фычыжьыр
Бгъэуэн хуеймэ,
Уафэм дэгъэуей.
Уи фоч макъыр
Зэхахамэ,
ХьэкIэкхъуэкIэр
ЩIэпхъуэжынщ.
Я шыр цIыкIухэри
Я гъусэу
Ахэр щтапIэ ихьэжынщ,
Зы гуэныхьи къыумыхьауэ
Уэри унэм укIуэжынщ.

## МЫЩЭМРЭ МАЩЭМРЭ

— Мыщэр
Мащэм
Ищэта?
— Ищэтащ.
— Мыщэр
Мащэм
Къипщыжа?
— Къипщыжащ.
— Иджы Мыщэр
Нэхъ Iущ хъуа?
— Нэхъ Iущ хъуащ.
— Иджы Мыщэр
Нэхъ сакъ хъуа?
— Нэхъ сакъ хъуащ.
Иджы Мыщэм,
Нэхъ сакъ хъуащи,
Жыжьэу мащэм
КъыпекIухь.

## ДИНЭ ИДА ДЖАНЭР

Динэ ида
Данэ джанэр
Гуащэ цIыкIум
ЩитIэгъащ,
Ауэ Динэ
Ида джанэр
Гуащэ цIыкIум
ХуэкIыхь хъуащ,
Мис итIанэ
Ида джанэм
Динэ бостей
ФIищыжащ.

## ГУАЩЭХЭР НЭЩХЪЕЙЩ

Щхьэ нэщхъей,
Щхьэ нэщхъей,
Хьэфэ мыщэр
Щхьэ нэщхъей,
Къупщхьэ гуащэр
Щхьэ нэщхъей?
Нобэ КIуцэ
Школым макIуэ,

Хъуащи ар
ЕджакӀуэ,
Абы щхьэкӀэ
Нэщхъей хъуащ,
Гуащэ цӀыкӀухэр
Нэщхъей хъуащ.
«Иджы дауэ
Дыхъужыну,
Иджы хэт
Дигъэджэгуну?» —
ЖаӀэхэу зэхэсщ,
Нэщхъейхэу
Зэхэсщ.

## ГУРЭ

Гурэ и пэр
Щыгъэ кӀыхьщ.
И пщэ пцӀанэр
Нэхъ кӀыхьыжщ.
И цей фӀыцӀэр
ЩӀым елъэфыр,
Мэуфафэр,
Къэфэрейщ,
ХьэгъуэлӀыгъуэ
Хэт нэхъей.
Зыкъегъазэ,
Зынегъазэ,
ЗигъэзэхукӀэ
ЖиӀэу «цыкъ».
ГъэщӀэгъуэн
Къыщыхъужауи
Дегъэлъагъур
Гуэгуш цирк.

## ЖЫГЫУIУ

— Къэдабафэ
Фэ къуэлэн,
Сытхэр нобэ
Уи къалэн?
— Си пэр
Іэдэщ,
Си щхьэр
Уадэщ.
Іэдэ-уадэр
Согъэлъащэ,
Си лэжьыгъэм
СыхуэӀэзэщ,
Жыгыжь
Гъуахэм
СраӀэзэщ.

## ЦЫЖЬБАНЭ

Ей, Цыжьбанэ,
Банэ,
Ей, Цыжьмастэ
Мастэ,
Мастэ къомым
Сыт епщӀэнур,
Сыт а къомыр
ЗэрыпщӀынур?
Хъуну щытмэ,
КхъыӀэ,

Мастэ тӀэкӀу
Къызэщэ,
Мастэ къэскӀэ
Апэсищ уэстынщ.
ПщӀэншэуи
Зы джанэфӀ
Пхуэздынщ.

## КӀЭПХЪЫМРЭ ПХЪЫМРЭ

— КӀэпхъыр
Ди пхъым
Къеуэса?
— Къеуэсащ.
— КӀэпхъым
Ди пхъыр
КъитӀыжа?
— КъитӀыжащ.
— Пхъыхэр
Матэм
Из къищӀа?
— Из къищӀащ.
— Матэр и гъуэм
— Ихьыжа?
— Ихьыжащ.
— ПхъыкӀэ
Шырхэм
ЗатӀыжа?
— ЗатӀыжащ.

*ТхакIуэ, критик, публицист КхъуэIуфэ Хьэчим илъэс 75-рэ ирокъу*



# НЭГЪУЭЩІУ ПСЭУФЫНУКЪЫМ



Дыгъуасэщ зи щхьэци набдзи фIыцIэ, и ныбжь емылъытауэ натIэдыхьэ хъарзынэ зиIэ, къуэгъу щхьэпэлъагэ щхьэкIэ, зи Iэпкълъэпкъ зэрымыубыдыпа, уеблэмэ моуэ зэщIэкъуа дыдэ зыхужумыIэнкIи хъун щIалэр япэу щыслъэгъуар.

А дыгъуасэм лIэщIыгъуэ никъуэ щIигъу и ныбжьщ.

Университетым щIэтIысхьэн я мураду абы къекIуэлIа щIалэгъуалэм ноби къысхуэмыщIэ гуэркIэ ар къахэщырт: и фIэщт, псалъабэтэкъым, моуэ мычэму Iуэху гуэрым егупсыс, зыгуэрхэр и щхьэм щызэригъэзахуэ хуэдэт. Арагъэнщ а щIалэр экзамен псоми я кхъузанэ диктантым къызэрыримыхьэлIам, нэхъ тэмэму жыпIэмэ къызэрыкIэрыхуам (а зэманым нобэ хуэдэу машинэр куэдтэкъым, Дыгулыбгъуей укъикIыу Налшык пщэдджыжь нэмэзым укъэсыныр тынштэкъым, иужькIэ ди фIэщ зэрыхъуащи, къыкIэрыхун тIэкIури «хьэл мыгъуэу» иIэт), гу щIылъыттар. ЦIыху зы-тIу экзаменым къызэрыкIэрыхуам дыщыгуфIыкIагъэнт. Ди никъуэкъуэгъухэм ящыщ зы тхэщIащ жаIэу гуфIам сэри сахэтащ. Иджы сыщегупсыс щыIэщ: абы щыгъуэ а щIалэр ерыщу къыщIэкIыу экзаменыр яфIимытыжатэмэ, диктантыр фIы дыдэу имытхатэмэ, хьэмэрэ нэгъуэщI еджапIэ гуэр щIэтIысхьэрэ ди гъуэгу зырыз хъуамэ, ныбжьэгъуншэу сыкъэнатэкъэ, жысIэу.

Апхуэдэу еджэгъу дызэхуэхъури ныбжьэгъуи дызэхуэхъужауэ къокIуэкI блэкIа лIэщIыгъуэм и щэ никъуэрэ бгъу гъэ лъандэрэ. Абы къыхэкIыуи Хьэчим зэрыхъуар зыкъомкIэ си нэгу щIэкIащ жысIэкIэ щхьэщытхъужагъи емыкIуи хъуну къысщыхъуркъым.

Университетым щыщIэса илъэсхэм ар фIыуэ еджащ жыпIэныр мащIэщ. Дагъэджыр къемэщIэкI зэпытти, и зэманым и нэхъыбэр республикэ би-

блиотекэшхуэм щигъакIуэрт, къыщызэIуахым щIыхьэрэ щызэхуащIыжым къыщIэкIыжу. Къригъащтэ тхылъхэр куэдым теухуат – тхыдэм, философием, литературоведенэм, урыс, хамэ къэрал, советскэ литературэм я фIыпIэхэр щIыгъужу. ЯмыIэр Москва дэт библиотекэ нэхъ инхэм я хъумапIэхэм къыхурагъэхырт. Апхуэдэ защIэу илъэситхур кIуащ.

Хьэчим нобэ бгъэдэлъ щIэныгъэ, зэхэщIыкI куум, акъыл жаным я хэкIыпIэр аращ – ерыщу, щхьэх имыщIэу, фIэгъэщIэгъуэну дихьэхыу щIэныгъэм и щыгум зэрыдэкIуеярщ. Абы хэлъщ тхьэм къритa гурыхуагъэр – зэ къызэджа усэр и псэм дыхьамэ, е текст псор и гум ириубыдэфырт, щичэзум, щыхуейм деж IэкIуэлъакIуэу къигъэсэбэпу.

КхъуэIуфэ Хьэчим зищIысимрэ хузэфIэкIымрэ щIэджыкIакIуэхэм ящIэ. Ауэ языныкъуэ Iуэхугъуэхэр абыхэм ягу къэбгъэкIыжынри и IуэхущIафэхэм ахэр щыгъуазэ хуэпщIынри лейуэ къыщIэкIынкъым, тхылъхэм я гущIыIум Интернетыр къыщытеджэгухь зэманым.

Хьэчим и творчествэр бгъуэщ, кIыхьщ икIи кууущ, абы лъэныкъуэ куэд къызэщIеубыдэ, дэтхэнэ IэнатIэр къыумыщтами тхыгъэ щхьэхуэ хуэфащэу. Ауэ япэ лъэбакъуэхэм щыщIэдзауэ абы наIуэ къиищIащ и къарур, зэчийр зытриухуэну Iуэхугъуэхэр. Нэхъыщхьэращи, дэтхэнэ IэнатIэм щымылажьэми, езым и псалъэ щыжеIэ, нэгъуэщIхэм я акъыл здынэмыса гупсысэ къыщеIэт.

Университетым щыщIэса илъэсхэми наIуэ къэхъуащ зи Iуэху еплъыкIэ зиIэж, урыс, дунейпсо литературэхэм я щапхъэ нэхъыфIхэр зи гъуазэ критик набдзэгубдзаплъэ ди литературэм къызэрыхыхьар. Нэхъ тхыгъэшхуэуи нэхъ цIыкIуи щрети, ди тхакIуэхэм, усакIуэхэм, псом хуэмыдэу 60 – 90 гъэхэм зи гуащIэр хиубыдахэм, куэд яхэту къыщIэкIынкъым Хьэчим и къалэмыпэр зылъэмыIэса. Абы и рецензэхэр, литературэм и къэхъукъащIэхэр щызэпкърих тхыгъэхэр «комплементарнэ» жыхуаIэхэм ящыщкъым, атIэ зы Iуэху цIыкIум и щIыбагъым къыдэт е къыдэувэну Iуэхугъуэшхуэхэр щыубзыхуа лэжьыгъэщ. Абы щыгъуэми зи творчествэр ину къэрал псом хэIущIыIу щыхъуа литераторхэми зи япэ тхылъыр къыдэкIа къудей ныбжьыщIэми зэрабгъэдыхьэр литературэм и хабзэ лъагэхэрщ, культурэм и щапхъэ дахэхэрщ. Нобэ усакIуэ цIэрыIуэу зи усыгъэхэр лъэпкъым игъэлъапIэхэу Тхьэгъэзит Зубер, Гъубжокъуэ Лиуан, Къагъырмэс Борис, Елгъэр Кашиф, Брай Адэлбий, КIэщт Мухьэз, нэгъуэщI куэдми Хьэчим яхуищIа гъуэгупэ псалъэм хуэдэ иджыри къэс зыми абыхэм яхужиIэфакъым. Ахэр лъэпкъ литературэм зэрыхуэлэжьэну критик ныбжьыщIэр зыщIэхъуэпсауэ щытар, псор дыдэр мыхъуми, къайхъулIащ.

КхъуэIуфэм мы Iуэхум хищIыхьар зыхуэдизыр, абы и акъылыр здынэсымрэ гурыгъу-гурыщIэхэмрэ наIуэу щолъагъу «Социальнэ гъащIэм и гъуджэ» тхылъым, лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм и IэдакъэкъыщIэкIа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсыжам. А тхылъым теухуауэ куэд жаIащ, ятхащ, абы ит языныкъуэ тхыгъэхэр къэзымыщтаи, зэрыщыту зигу ирихьаи щыIащ. Нэхъыщхьэр аратэкъым. Нэхъыщхьэр, авторым лъэпкъ литературэм и зыужьыкIэ хабзэхэм, гу нэхъ зылъытапхъэ, зэлэжьыпхъэ щыщIэныгъэхэм теухуахэр, нэгъуэщI Iуэху еплъыкIэхэу тхылъым лъабжьэ хуищIахэр зэрытэмэмым гъащIэр щыхьэт зэрытехъуарщ. Мы зи гугъу тщIы проблемэхэр Хьэчим иужькIэ итха тхыгъэхэми щызэпкърех, ауэ «Социальнэ гъащIэм и гъуджэ» тхылъыр литературэм махуэ къэс и нэIэ зытетын хуей Iуэхугъуэхэм я гъуэгугъэлъагъуэ, гъуазэ хъуащ. А жысIам щыхьэт тохъуэ литературоведенэм, критикэм ятеухуауэ нэгъуэщI авторхэм къыдагъэкIа тхылъ куэд абы къызэрыпэджэжыр.

КхъуэIуфэм и цIэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ блэкIа лIэщIыгъуэм и

етIуанэ Iыхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и публицистикэм игъуэта зыужьыныгъэр. Хьэчим мы Iуэхум хуищIа хэлъхьэныгъэр адыгэбзэми урысыбзэми зэхуэдэу IэкIуэлъакIуэу зэрырилажьэм я фIыгъэщ. Мыри къыжыIэн хуейщ: къалэм къызэрищтэрэ тезашэ имыIэу, гурэ псэкIэ етауэ ар журналистикэм щолэжь хэхауэ IуэхугъуитIым: япэр – Хэку зауэшхуэм ди цIыхухэм щызэрахьа лIыгъэмрэ зауэм ди лъэпкъым къыхуихьа гуIэгъуэмрэ; етIуанэр – Кавказ зауэм и бэлыхькIэ зи хэкур зыбгына адыгэхэм я дыгъуасэмрэ нобэмрэ.

Зи цIэ дэхуэха, зи лIыгъэр ящыгъупща адыгэ, балъкъэр щIалэхэр къыдэхыжыным ехьэлIауэ куэд дыдэ зэфIигъэкIащ абы «Советская молодежь» газетым щыщылэжьа илъэсхэм. А зэманым щыгъуэ а газетыр нэхъ хуиту псалъэу, тегушхуауэ Iуэхугъуэ гугъухэр утыку кърилъхьэу щытащ. Хьэчими абы теухуауэ лъэкI къиигъэнакъым. Советскэ хэкум папщIэ зи гъащIэ зыта зауэлI куэдым зэрахьа лIыхъужьыгъэхэр архивхэм къыщигъуэтэжурэ тхыгъэ куэд къытрыригъэдзащ «Советская молодежь» газетми, «Кабардино-Балкарская правда», «Ленин гъуэгу», «Коммунизмге жол» газетхэми, журнал зэмылIэужьыгъуэхэми.

Псом хуэмыдэжу фIыщIэ хуэфащэщ 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр Шуудей дивизэм и тхыдэр зэфIэгъэувэжынымкIэ, абы хэта адыгэ, балъкъэр щIалэхэм зэрахьа хахуагъэр цIыхубэм деж нэхьэсыжынымкIэ. Абы папщIэ ар кIуащ, и нэкIэ зригъэлъэгъуащ шуудзэр щызэуа Саль губгъуэр, адыгэ, балъкъэр щIалэхэм я кIуэдыкIэр зылъэгъуа цIыхухэм, Ростов областым щыIэ Мартыновскэ районым щыпсэухэм яIущIащ. Абы щилъэгъуа-щызэхихыжахэр, а псом зригъэгупсысахэр лъабжьэ яхуэхъуащ иужькIэ итхыжа очеркхэм.

Хэку зауэшхуэм теухуауэ Хьэчим итхахэр лъабжьэ хуэхъуащ тIэунейрэ къыдэкIа «Память о подвиге» зыфIища тхылъым. Ауэ абыхэм ихуар и IэдакъэщIэкIхэм я мащIапIэрщ.

Абы мыкIуэдыж фэеплъ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан хуигъэуvауэ жыпIэмэ ущыуэнукъым. ЛIыхъужьым теухуа «Орел умирает в полете» документальнэ повестыр бзитIкIэ мызэу ди деж къыщыдэкIащ, пщIэшхуи щигъуэтащ. А тхылъым къыщеджэкIэ зыгуэрым къыщыхъунри хэлъщ авторыр езыр кхъухьлъатэзехуэу щытауэ, апхуэдизкIэ кхъухьлъатэм, ар зезыхуэм, уэгу зауэм теухуа Iыхьэхэр дэбгъуэн щымыIэу Iуэхум хищIыкIыу тхащи.

Мы лэжьыгъэми абы архив дэфтэр куэд къыщигъэсэбэпащ, лIыхъужьым къыдэзэуахэр, зыцIыхуу щытахэр къэралым и кIапэ куэдым къызэрыщигъуэтыжам тхылъыр нэхъ гъэщIэгъуэни купщIафIи ящIащ.

Мыпхуэдэ тхыгъэхэм сытым щыгъуи мыхьэнэшхуэ яIэщ лъэпкъым къыщIэхъуэ щIэблэр адэхэм, адэшхуэхэм я щапхъэм тету, я лъахэр, лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуу гъэсэнымкIэ. Зи тхыдэм щымыгъуазэм и къэкIуэнур дахэу жыIэгъуейщ.

Зи блэкIар зымыщIэжым, абы и дерсхэмкIэ зи гъащIэ гъуэгур зымыухуэм, дыгъуасэм къиплъу и пщэдейм мыплъэм – ар цIыху щхьэхуэу е лъэпкъ псоуэ щрети (лъэпкъыр цIыху зырызыххэу зэхэткъэ!) – къыпэплъэр дахэкъым. Ди япэ ита нэхъыжьхэр сыт и лъэныкъуэкIи захуэу щыщымытакIэ, абыхэм я щыуагъэм дерс къыхэдвгъэх, апхуэдэ щыуагъэ ди щIэблэм я натIэ мыхъун папщIэ. Апхуэдэ псалъэхэр хэмытми, апхуэдэ гупсысэхэр уигу къагъэкI ИстамбылакIуэм теухуауэ КхъуэIуфэ Хьэчим и Iэдакъэ къыщIэкI тхыгъэхэм. Мы Iуэхум зигу хуэмыгъуэхэр а тхыгъэхэм фIыуэ щыгъуазэщ, пщIэшхуи хуащI.

Нобэ зыкъомым закъыфIощIыж ИстамбылакIуэм теухуа Iуэхухэм я

IэщIагъэлIу, езыхэм хуэдэу абы хэзыщIыкIрэ хэлIыфIыхьарэ щымыIэу. Пэжщ а гуауэшхуэм куэд зэригъэгуауэщхьэуэри зэрытетхыхьри. Ауэ мыри жысIэну сыхуейт: дуней псом щикъухьа адыгэхэм запыщIэн, абыхэм я дуней тетыкIэр ди лъэпкъэгъухэм егъэщIэныр зэтезыублахэр псоми дощIэ: КIыщокъуэ Алим, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд сымэщ.

Адыгэ ИстамбылакIуэм теухуа и тхыгъэхэр, Хьэчим, зэрыжаIэу, и Iэпэм къыщIифыкIакъым, игурэ и псэкIэ зэригъэвам нэмыщIыжу, дэтхэнэми архив дэфтэр лъабжьэ яIэщ, е и нэгу щIэкIащ, е зи псалъэ уи фIэщ хъун хуей цIыху щыхьэтлыкъым тещIыхьащ. А тхыгъэр дунейм къытехьэн ипэ къихуэу ар туристуи, къэрал Iуэху и пщэ дэлъуи щыIащ адыгэ хэхэсхэр нэхъыбэу щыпсэу къэралхэм – Сирием, Иорданием, Тыркум, цIыху Iэджэм яхуэзащ, я гурыгъу-гурыщIэр къищIащ. Мис а псор абы и тхыгъэхэм гущIагъщIэлъ яхуэхъуащ. Пэжыр жыIэн хуейщ: а тхыгъэхэр щIэджыкIакIуэм гурэ псэкIэ къыщIищта щхьэусыгъуэм щыщщ «гъущI Iупхъуэ» жыхуаIэр къэрал гъунапкъэм къыщепхъуха лъэхъэнэм, ди лъэпкъэгъухэм ятеухуа хъыбар пэжыр ди деж къыщымысым Хьэчим а пэжыр зэрыжиIэфар. Ноби абыхэм ятеухуа хъыбар тэмэм нэсу къытIэрыхьэу жыIэгъуейщ, къэрал гъунапкъэхэр зэIуха, тепщэу щыта идеологиер текIуэта пэтми.

Адыгэ тхыдэм игъэпIейтей цIыхухэм нобэ яхэту къыщIэкIынкъым «Вечные странники» тхылъым емыджа е абы и хъыбар зымыщIэ. Зы илъэсипщIкъым Хьэчим абы зэрелэжьар, ар дунейм къытехьэным лъэпощхьэпо мащIи иIакъым. Ауэ тхакIуэм ерыщу а гугъуехьхэр и гъуэгум тригъэкIуэтащ, псом ящхьэращи, дауэ мыхъуами, тхылъым дуней илъэгъуащ, гум къипсэлъыкIыу тха лэжьыгъэм щIэджыкIакIуэхэм я дежи IэщIагъэлIхэм я пащхьи хуэфащэ пщIэ щигъуэтащ. Сыт щыгъуи зэрихабзэу, Хьэчим мы и лэжьыгъэшхуэм цIыхур къыщыхуреджэ тхыдэм и дерсхэр зыщамыгъэгъупщэну, ди япэ ита лIэщIыгъуэм зыгуэрхэм яIэщIэщIа щыуагъэхэм къыпакIухьыну, тхыдэм и дерсхэм ятещIыхьауэ я пщэдейм плъэну, а пщэдейр яухуэну.

Хэку зауэшхуэм теухуа темэми ещхьу, ИстамбылакIуэм къиша лъэпкъ тхьэмыщкIагъэм, хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъу минищэхэм нобэ я псэукIэм, дяпэкIэ я натIэ хъуну Iуэхугъуэхэр щызэпкърыха тхылъым йолэжь. Ар «Вечные странники» тхылъым и етIуанэ том хъун хуейщ. Тхылъеджэм деж щынэсынур езы авторым фIэкIа зыми ищIэркъым – Хьэчим никъуэтхникъуэцIалэ тхыгъэхэр щIэджыкIакIуэм и пащхьэ изылъхьэм ящыщкъым.

Хьэчим къуажэ еджапIэм щыщIэса лъандэрэ усэхэр, рассказхэр етх. Уеблэмэ и творчествэр къызэрыщIидзари художественнэ тхыгъэщ, и япэ тхылъхэри ахэращ зытеухуар. Мыбдежми Хьэчим езым и псалъэ щIэщыгъуэ, Iуэху бгъэдыхьэкIэ гъэщIэгъуэн къыщигъуэтащ: «Гъатхэм и ныбжь» тхылъыр щIалэгъуалэм я гурыгъу-гурыщIэм, пэжыгъэм нэхъ тепсэлъыхьу щытмэ, къыкIэлъыкIуэ тхылъхэм ихуахэм я нэхъыбэр Хэку зауэшхуэм и джэрпэджэжщ, зауэ нэужь щIэблэм и нэгу щIэкIа гугъуехьхэм я гъуджэщ. Абы и лъэныкъуэкIэ псом хуэмыдэу гурыщIэ пщтыркIэ гъэнщIащ «Зауэм и IэпапIэхэр» зыфIища циклым хыхьа рассказхэр, повестхэр. Ахэр зауэм хэмытахэм зауэм теухуауэ ятхахэм я фIыпIэщ жыпIэкIэ ущыуэнукъым. Сыту жыпIэмэ, а щIэблэм я гурыщIэр, Iуэху еплъыкIэр къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ.

Поэзиер апхуэдизу фIыуэ зылъагъу, апхуэдиз усэ гукIэ зыщIэ цIыхур усакIуэ мыхъуу къэнэнтэкъым. Мы Iуэхуми абы зэфIэкI къыщигъэлъэ-

гъуащ. «ЩIакIуэ кIапэ» тхылъыр адыгэ поэзием хуищIа хэлъхьэныгъэ дэгъуэщ. Иджыри, дэтхэнэ усакIуэ нэсми хуэдэу, ар усэ зэпыту мэпсэу.

Нэхъ ищхьэкIэ зэрыщыжысIащи, къэбэрдей литературэм, адыгэ культурэм и IэнатIэ куэдым жыджэру, еш имыщIэу щолажьэ КхъуэIуфэ Хьэчим. ЩIэныгъэ куу, хьилмышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхум фIыуэ къыгуроIуэ творческэ лэжьыгъэр зымащIи къызэтебгъэувыIэ зэрымыхъунур, махуэ къэс лъагапIэщIэхэм хуэплъэн, ахэр къэгъэIурыщIэн зэрыхуейр. Хьэчими а хабзэ дахэм текIыркъым – и къалэмыпэр игъэгъущыркъым, нобэрей дунейпсо, урысей, кавказпсо литературэхэм я зыужьыкIэ хабзэхэр къехутэ, а псор ди литературэм къызэригъэсэбэпыным егугъу зэпытщ. Хэхауэ апхуэдэ къалэн абы и пщэ къыделъхьэ илъэс куэд щIауэ зыпэрыт IэнатIэ мытыншым – Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и тхьэмадэ къулыкъум.

КхъуэIуфэ Хьэчим абы ипэкIэ ди республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэ зыбжанэм щылэжьащ. Ар щытащ хамэ къэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм культурэ зэпыщIэныгъэ яхудиIэнымкIэ «Хэку» обществэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм жэуап зыхь и секретару, КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым печатымкIэ и секторым и унафэщIу, КъБР-м Телевиденэмрэ радиомкIэ и къэрал комитетым и председателу, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу. Художественнэ, художественно-документальнэ, литературэ критикэ, публицистикэ тхыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ 12 зи IэдакъэщIэкIа КхъуэIуфэм къэрал дамыгъэ лъапIэ куэд къыхуагъэфэщащ. Ар Урысей Федерацэм культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

А псом къадэкIуэу Хьэчим жыджэру хэтщ ди республикэм и общественно-политическэ гъащIэм: ар коллегие, комиссэ куэдым я лэжьыгъэм холIыфIыхь.

Мыпхуэдэ зы Iуэхугъуи сытепсэлъыхьыну сыхуейт: Хьэчим хабзэ дахэ зыхэлъ, нэмыс зиIэ, цIыхум пщIэ хуэзыщI цIыху пэжщ. ДызэрызэрыцIыху лъандэрэ дэ Iэджи зэдэтлъэгъуащ, дахи Iеи дыхэхуащ, ауэ сэ абы псалъэ мыхъумыщIэ, фIей къыжьэдэкIауэ зэхэсхакъым сыт хуэдизу къэмыгубжьами е и жагъуэ къамыщIами. Сытым дежи зэрызэпIэзэрытщ, зэрызэтетщ. Абыи куэд къыбжеIэ.

… Дыгъуасэ хуэдэщ сэ КхъуэIуфэ Хьэчим щысцIыхуар. А дыгъуасэм лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъу и ныбжьщ. ГъащIэ къызэдэдгъэщIащ. КъыщызэдэдгъащIэкIэ, Iэджи зэдэтлъэгъуащ, куэди гум къинащ. Мыбдежым щыфхуэсIуэтэжыну сыхуейт зэгъусэу дызыхэхуа хьэлэбэлыкъ гуэрым теухуа зы хъыбар. СыщIыхуейри, Хьэчим и хьэл-щэным, ерыщагъым, хахуагъэм ар щыхьэт хуэхъуу къызолъытэри аращ.

1964 гъэм, университетыр къэдухауэ ефэ-ешхэ тIэкIу «Налшык» рестораным щытщIыжырт тхыдэ-филологие факультетым и урыс-адыгэ, урыс-балъкъэр къудамэм щеджахэм. ЗанщIэу жысIэнщи, дэ гупитIыр дызэрыIыгъыу, дызэрылъытэу дыкъекIуэкIырт, зи хэку къэкIуэжагъащIэ щIалэхэмрэ дэрэ дяку къуэшыгъэ нэс дэлът (абы щыгъуэ дызэдеджахэм ящыщщ иужькIэ усакIуэ цIэрыIуэ хъуахэу Бабаев Ибрэхьим, Мокаев Магомет). Арати, гупитIым зэщIыгъуу зы Iэнэ къэтщтат. А зал дыдэм нэгъуэщI стIоли щаухуат «урыс къабзэ» къудамэм щIэсхэми. Ахэри ди ныбжьэгъути, дызэхэмысми зэгъусэу дгъэлъапIэрт ди махуэшхуэр. СщIэркъым ар къызыхэкIар, ауэ дезыгъэджахэм ящыщ зы – Санниковэ Татьянэ Петровнэ, щIэныгъэ бгъэдэлъми, лъэпкъ зэхэгъэж зыщI цIыхубзым, дэ гупитIыр дызэрызэрыгъэпэжыр игу иримыхьарэ, хьэмэрэ гум илъыр фадэм къреху

жыхуаӀэра, сытми, мыхъумыщӀэ къыдипэсу щӀидзащ – ХьэкӀуащэм и «хьэ бынкӀэ» къыдэщащ. Ар дэ тхуэшэчынт! ХьэкӀуащэ Андрей деканым и къуэдзэу, и нэӀэ къыттет зэпыту, колхозым лэжьакӀуэ дашэми ди ущиякӀуэу дыкъекӀуэкӀати, дыкъэлыбащ, хъуэр Ӏэджи зэддзащ, емыкӀуи зэжетӀагъэнщ. Пэжщ, псори Хьэчим сэрэ тхуэдэу «тэмакъкӀэщӀу» къыщӀэкӀакъым – мыхъумыщӀагъэр ягу трагъэхуащ...

Сытми, дызэрыгъэгубжьауэ дызэбгрыкӀыжащ. Нэху дыкъекӀри цӀыхубзым деж дыкӀуэу декӀужыну дыхэтащ. АрщхьэкӀэ Ӏуэхур нэгъуэщӀ лъагъуэ трагъэувэну иужь иту къыщӀэкӀащ: Хьэчим сэрэ практикэ дыздэщыӀа «Ленин гъуэгу» газетым и лэжьакӀуэ, Санниковэ Т. П. и гъунэгъу, кӀуэгъужэгъур деканатым кӀуэри къэдмылэжь Ӏэджи къыттрилъхьащ, цӀыхубзым хуэмыфащэ куэд етпэсауэ къыщӀригъэдзащ, езыр а зэрыхьзэрийм хэмыта пэтми. КӀэщӀу жыпӀэмэ, факультетым и декан Копачев И. П. и фӀэщ ищӀащ дэ диплом къыдатыну тхуэмыфащэу, абыкӀэ «Ленин гъуэгум» и редакцэри лъаӀуэу. Деканым дыкъигъэгугъащ диплом къыдамытыну елъэӀуу ректорым тхылъ хуитхыну.

Апхуэдэу щыхъум, Хьэчим тӀысри Ӏуэхур къызэрекӀуэкӀари, Санниковэм и дуней тетыкӀэри, факультетым щекӀуэкӀ Ӏуэху мыфэмыцхэри КПСС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретарь ШэджыхьэщӀэ М. Хь. деж итхащ. А письмом щыгъуазэ щыхъум, деканым фӀы зыкъришэжат, арщхьэкӀэ Хьэчим иукъуэдиящ факультетым и партбюрор Ӏуэхум хэмыплъэмэ, письмор зыхуитхам Ӏэригъэхьэну. Сыт ящӀэжынт – бюрор зэхуашэсащ.

Бюром щекӀуэкӀащ лъэпкъ Ӏуэхухэм хьэдэгъуэдахэу языныкъуэ егъэджакӀуэхэр зэрыбгъэдыхьэм теухуа псалъэмакъ ткӀий, куэдым дерс къыхахын хуэдэу: дэтхэнэми уасэр ирагъэлъагъужащ. Дауи, абы и хъыбар ректор Бэрбэч Хь. М. деж нэмысу къэнакъым. Сытми, куэд дэмыкӀыу, Санниковэр Налшык дэкӀыжащ, деканми ӀэнатӀэр итыжын хуей хъуащ.

Зэман блэкӀащ абы лъандэрэ. Пэжым, захуагъэм я телъхьэу, лъэпкъ зэхэгъэж зыщӀхэр, лъэпкъхэр зэзыуштхэр, жэуап ткӀийм ешэлӀэн зэрыхуейр къыжаӀэу а зэӀущӀэм къыщыпсэлъат партбюром и унафэщӀ Тазий Хьэжмурат, бюром хэтхэу Чым Юрий, ХьэкӀуащэ Андрей, Медалы Хьэчим сымэ.

Дэ диплом къыдатыну тхуэмыфащэу жиӀэу «Ленин гъуэгу» газетым и редакцэм и цӀэкӀэ къэпсэлъа Санниковэ Т. П. пунэлат ирахауэ щӀэкӀыжащ – абы апхуэдэ пщэрылъ имыӀа дэнэ къэна, пцӀы зэриупсам папщӀэ зыхэт лэжьакӀуэ гупми псалъэмакъ къращӀылӀауэ щытащ.

А зэманым вуз къэзыухам илъэскӀэ ӀэщӀагъэм иримылэжьауэ дипломыр ирату щытакъым. Бюрор щекӀуэкӀа махуэ дыдэм Копачев гъущӀ пхъуантэм къыдихри Хьэчим сэрэ ди дипломхэр къыдитыжащ илъэскӀэ дыпимыгъаплъэу. И натӀэ дригъэкӀыну арагъэнт.

Си гугъэщ а псалъэмакъым, факультетым къыщымынэу, университет псом дежкӀэ мыхьэнэшхуэ иӀауэ.

Ӏэджэ щӀащ си ныбжьэгъур лӀы ныбжь иувэу и натӀэдыхьэр нэхъ иныж зэрыхъурэ. ГъэщӀэгъуэныращи, махуэ къэс ущызэрылъагъум деж ныбжьыр здынэсам гу лъумытащэурэ къокӀуэкӀ. Хьэчим жыгъэр зытезымыгъэгуплӀэхэм ящыщщ. ЩищӀалэгъуами хуэдэу, ар иджыпстуи лэжьыгъэм, гъащӀэм щӀэуэ къыхыхьэ псоми яхуэнэхъуеиншэщ, ныбжьэгъугъэр, цӀыхугъэр игъэпэжу, захуагъэм хуэлажьэу мэпсэу.

НэгъуэщӀуи псэуфынукъым – апхуэдэу къигъэщӀащ.

**МЭЗЫХЬЭ Борис**

# КхъуэIуфэ Хьэчим теухуауэ жаIахэр

ПРАВИТЕЛЬСТВЭ ТЕЛЕГРАММЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэ
***КхъуэIуфэ Хь. Хь. деж***

**ПщIэ зыхуэтщI Хьэчим Хьэбас и къуэ!**

Гум къыбгъэдэкIыу сынохъуэхъу уи гъащIэм и лъэхъэнэ гъуэзэджэм – уи ныбжьыр илъэс 75-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу. Уэ къэпкIуа гъуэгуанэр и щапхъэ наIуэщ цIыхур и къалэным пэжу бгъэдэтыным, хузэфIэкI къимыгъанэу и адэ-хэкум хуэлэжьэным. Уи илъэс бжыгъэ дахэм уэ уIуощIэ псэкIи къарукIи зэфIэкI уиIэу, къэрал лэжьакIуэ цIэрыIуэу.

Мы махуэ лъапIэм си гуапэу сынохъуэхъу узыншагъэ быдэ уиIэну, хэкум хуэщхьэпэн лэжьыгъэфIхэмкIэ цIыхухэр бгъэгуфIэу иджыри илъэс куэд къэбгъэщIэну.

*ПщIэ къыпхуэзыщI*
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ*
**КIУЭКIУЭ Юрий**
*2015 гъэ, февралым и 9-м*
*«Адыгэ псалъэ»,*
*2015 гъэ, февралым и 11-м*



ПРЕЗИДЕНТЫМ И ФIЫЩIЭ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым къыбгъэдэкIыу КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым, фIыщIэ хуэщIын лъэпкъ литературэм зиужьыным ирихьэлIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ.

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент*
**КЪАНОКЪУЭ Арсен**
*2010 гъэ, апрелым и 21-м*
*«Адыгэ псалъэ»,*
*2010 гъэ, майм и 5-м*

КъБАССР-м Телевиденэмрэ радиовещанэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI
***КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэм деж***

**ПщIэ зыхуэтщI Хьэчим Хьэбас и къуэ!**

Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м и Министрхэм я Советыр уэ гуапэу къохъуэхъу укъызэралъхурэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу,

цIыхур нэхъыбэу зыщIэхъуэпс насыпым хуэдэрэ узыншагъэрэ уиIэну псоми я гуапэщ.

Илъэс зыбжанэ хъуащ уэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-культурэ гъащIэм увыпIэ хэха щызыIыгъ IэнатIэ мытыншым – телевиденэмрэ радиомрэ я унафэщIу – узэрыщылажьэрэ.

Нобэ а IэнатIэм республикэм псынщIэу зыщеужь иджырей техникэмрэ нэтынхэр къызэрызэрагъэпэщ IэмалыщIэхэмрэ и лъабжьэу. Телевиденэмрэ радиомрэ я программэхэм нэхъыбэу къыхыхьэ хъуащ пэжыгъэ зыхэлъ информацэр цIыхубэм яхэзыхьэ, къэралым щызэхаубла зэхъуэкIыныгъэхэр, ди лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэ дахэхэр псалъэ узыншэкIэ щIэзыгъэбыдэ, ныкъусаныгъэхэмрэ иджыри дызыхунэмысахэмрэ кууу зэпкърызых нэтынхэр. Эфирым ехьэкI хэмылъу наIуэ щохъу экономикэ, идеологие, социальнэ Iуэхугъуэхэм цIыхухэр зэрахущытыр, ди псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ абыхэм къыхалъхьэ жэрдэмхэр. Ар куэдкIэ и фIыщIэщ уи лэжьэгъухэри уэри жэуаплыныгъэ ин фи пщэ зэрыдэлъыр зыхэфщIэу фи къалэнхэм фызэрыбгъэдэтым...

Къэбэрдей-Балъкъэрым уэ укъыщацIыху нэгъуэщI Iуэхугъуэ-фIхэмкIи. ЯщIэ жанр зэмылIэужьыгъуэхэм – прозэм, поэзием, литературэ критикэм, литературоведенэм – хуэIэрыхуэ тхакIуэ гурыхуэу, журналист жыджэру узэрыщытыр. Республикэм и культурэ гъащIэм Iэзагъэрэ пэжыгъэрэ зыхэлъ лэжьыгъэхэу хэувахэщ уи тхылъ хьэлэмэтхэр.

Иджыри зэ дынохъуэхъу узыпэрыт къулыкъуми, творчествэми ехъулIэныгъэщIэхэр къыщыпхьыну, быдэу ди фIэщ мэхъу зэхъуэкIыныгъэм пыщIа гупсысэхэр, къалэнхэр бэм я деж нэхьэсыным уэ дяпэкIи еш умыщIэу узэрелэжьынур.



**Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-м**
**и Министрхэм я Совет**
*1990 гъэ, февраль*

ТЕЛЕГРАММЭ

**Ди ныбжьэгъу лъапIэ Хьэчим!**

ИкъукIэ ди гуапэу дынохъуэхъу уи ныбжьыр здынэса илъэс бжыгъэ дахэмкIэ. Уэ а махуэм уIуощIэ щIыпIэ куэдым къыщацIыху тхакIуэ ахъырзэману. Илъэс куэд хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и узэщIакIуэу ущытым и закъуэкъым щытхъу къызэрыпхьыр. Гъунэгъу республикэхэми, нэгъуэщI щIыпIэхэми ди IэщIагъэм ирилажьэу исхэм пщIэ лей къыпхуащI, уи псалъэмрэ уи Iуэху еплъыкIэмрэ сыт щыгъуи гулъытэ ин хуаIэщ. Уэ къаруушхуэ ибохьэлIэ Урысей Федерацэм и тхакIуэхэм я сатырхэр нэхъри быдэу зэкъуэгъэувэным, абыхэм я зэфIэкIыр, я творческэ къарур литературэм къыпэщыт къалэнхэр тэмэму зэфIэхыным хуэунэтIыным, лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэным.

Нобэ уи творческэ зэфIэкIхэм щIэрыщIэу зыкъыщатIатэ лъэхъэнэщ. Узыншагъэ быдэ, насып мыухыж уиIэну, лъэпкъ литературэм

ехъулIэныгъэщIэхэр къыхуэпхьыну иджыри зэ дынохъуэхъу.

*Урысейм и ТхакIуэхэм я*
*зэгухьэныгъэм и правленэм*
*хэтхэм я цIэкIэ*
**ГАНИЧЕВ Валерий**

ГЪАЩIЭМ И ПЭЖЫР

КхъуэIуфэ Хьэчим журналистым и гъуэгу щхьэпэ икIуащ. Ар абы дежкIэ гъащIэм и дерсхэр щахутэ еджапIэ хъарзынэ хъуат. А IэщIагъэм дунейм и щэхухэм кууэ кIуэцIрыплъыфу, гъащIэм и пэжыр къигъуэтыфу иригъэсащ. А щIыкIэм тету куэдым щыгъуазэ зэрыхъуар и художественнэ тхыгъэхэм наIуэу къыхощ. Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ «ЩIакIуэ кIапэ», «Гъатхэм и ныбжьыр», «Зауэм и IэпапIэхэр» тхылъхэр, нэгъуэщIхэри.

Сэ КхъуэIуфэ Хьэчим куэд щIауэ соцIыху, ар зэрыщIалэ зэчиифIэм сыщыгъуазэщ. Шэч къытесхьэркъым абы иджыри тхылъ хьэлэмэтхэр зэритхынум.

**КУЛИЕВ Къайсын**
*1974*
*«Кабардино-Балкарская правда»,*
*2000 гъэ, февралым и 12-м*

ЗЫМИ ЕМЫЩХЬ

Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ ди лъахэм и хуитыныгъэм, и насыпым папщIэ абыхэм ягъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэ инымрэщ КхъуэIуфэ Хьэчим нэхъ дэзыхьэхри, зытетхыхьыну нэхъ къыхихри. «Адэхэм я лIыгъэм хуэпэжу» – очеркхэр щызэхуэхьэса тхылъым (1968), Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан теухуа «Къуршыбгъэм и псэр уэгум щет» документальнэ повестым (1971), нэгъуэщIхэми наIуэу къагъэлъэгъуэж нэмыцэ фашизмэм ебэныным и тхыдэм дыщэпс напэкIуэцIхэр изытха ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ хахуагъэу яхэлъар.

Прозаик, публицист, критик КхъуэIуфэ Хьэчим зыми емыщхь усакIуэ гъэщIэгъуэнуи зыкъигъэлъэгъуащ «ЩIакIуэ кIапэ» тхылъымкIэ. Ар 1969 гъэм къыдэкIати, псалъэ гуапэ прессэм щыхужаIат.

**ТЕУНЭ Хьэчим**
1974
*«Адыгэ псалъэ»*
*2005 гъэ, февралым и 12-м*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и Жылагъуэ палатэм хэт
***КхъуэIуфэ Хь. Хь. деж***

**Ди ныбжьэгъу лъапIэ КхъуэIуфэ Хьэчим!**

Уи ныбжьыр илъэс бжыгъэ хъурей щрикъум ирихьэлIэу сэлам нэхъ гуапэ дыдэр тIых КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт псоми, сэри къыдбгъэдэкIыу.

Илъэс 75-р ар уи гъащIэ гъуэгум и теуэгъуэ дахэщ, литературэм хьэлэлу узэрыхуэлажьэм, Iуэхуу къыхэпхам гу къабзэкIэ узэрыпэрытым я дамыгъэ наIуэщ. Уэ уи литературэ творчествэр куэд и уасэщ лъэпкъ культурэм дежкIэ, ар лъэпкъ зэхэщIыкIым и иджырей гъэпсыкIэр зэфIэувэным сэбэпышхуэ хуохъу. Уэ езым уи щхьэкIэ къэблэжьыжащ ди республикэми, нэгъуэщI хэкухэми я интеллигенцэм пхуэфащэ дыдэу къыпхуащI пщIэр.

Си фIэщ мэхъу ткIийуэ узытет хьэл-щэныр, жылэм я сэбэп зыхэлъыр япэ ибгъэщу, зэран къэзышэм укъыпимыкIуэту узэресар республикэм, абы ис лъэпкъхэм сыт щыгъуи зэрахуэщхьэпэнур. Согугъэ дяпэкIи зэгъусэу, дызэгурыIуэу хьэлэлу дызэдэлэжьэну, хабзэм, цIыхугъэм, пэжыгъэм тещIыхьа жылагъуэ зэхэтыкIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъри зыщегъэужьын папщIэ.

Узыншагъэ быдэ уиIэну, тхакIуэ псалъэм и къарур цIыхухэм я гум фIыкIэ нэзыхьэс тхыгъэ куэд уи Iэпэ къыщIэкIыну сынохъуэхъу.

**ЧЕЧЕНОВ Ануар,**
*КъБР-м и Жылагъуэ*
*палатэм и унафэщI*
*2015 гъэ, февралым и 10-м*

ДИ НЫБЖЬЭГЪУФI ХЬЭЧИМ!



Лъэпкъ зыбжанэм я лIыкIуэхэр зыхэт Къэрэшей-Шэрджэс ТхакIуэ зэгухьэныгъэр, Адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономиер гумрэ псэмрэ къабгъэдэкIыу къохъуэхъу уи илъэс 65-мкIэ.

Уэ уи творчествэ гъуэгуанэр сыт щыгъуи пыщIащ щIэныгъэм и щыгум ухуэзышэ лъагапIэщIэхэр къэгъэIурыщIэным.

Лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ уи литературэ лэжьыгъэр зэрыщыту адыгэ литературэм и зыужьыныгъэшхуэм и Iыхьэщ.

Уи критикэ тхыгъэхэр тхакIуэм и творчествэр тэмэму зэрызэпкърыпхыну, абы къуэлъ талантыр къызэрыбгъэнэIуэну щIыкIэм, ар сыт щыгъуи тегъэгушхуэным я щапхъэщ.

Уэ икъукIэ лэжьыгъэшхуэ зэфIэбгъэкIащ цIыху цIэрыIуэхэм я шыфэлIыфэхэр зэфIэгъэувэжыным, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэр къэхутэжыным ехьэлIауэ.

ИпэжыпIэкIэ къэхъуа Iуэхугъуэхэмрэ цIыху щхьэхуэхэм я къекIуэкIыкIамрэ ехьэлIа уи очеркхэм, рассказхэм, повестхэм зэреджэ къудейми къыбжаIэ уэ лIыхъужь-патриот темэм узэрыдихьэхыр: «Гъатхэм и ныбжьыр», «Зауэм и IэпапIэхэр», урысыбзэкIэ птха «Адэхэм я лIыгъэм хуэпэжу» («Верность подвигам отцов»), «ЛIыхъужьыгъэм и фэеплъ» («Память о подвиге»), нэгъуэщIхэми.

Уэ гулъытэ хэха хубощI тхыдэм теухуа Iуэхугъуэхэм, Кавказ зауэмрэ абы адыгэхэм къахуихьа хьэдагъэмрэ. Абы и щыхьэтщ «ИгъащIэкIэ гъэрибхэр» («Вечные странники») тхылъыр.

Дынохъуэхъу уи гум гугъапIэхэр зэи щымыужьыхыну, уи лъэпкъым къалэмрэ псэкIэ хуэлэжьэн, лIыхъужь щэджащэхэм я образхэр къэгъэщIын гухэлъым и мафIэр кIэншэу пхуэблэну.

ЛъагапIэ щыгум хуэпабгъэ къуршыбгъэр абы нэзыхьэсыфын къа-

ру ди Тхьэшхуэм къыпхилъхьэну дыныпхуоупсэ.

**БЭЧЫЖЬ Лейла,**
*КъШР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI;*
**УЭХЪУТЭ Александр,**
*Адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и тхьэмадэ «Адыгэ псалъэ», 2005 гъэ, февралым и 11-м*

ПРАВИТЕЛЬСТВЭ ТЕЛЕГРАММЭ

**ПщIэ зыхуэтщI Хьэчим Хьэбас и къуэ!**

Уи ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъуам къыхэкIыу си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкIыу сынохъуэхъу. Илъэс куэд хъуауэ егбгъэкIуэкI творческэ, узэщIыныгъэ лэжьыгъэм папщIэ уэ къыпхуащI фIыщIэр цIыхур зыщIэхъуэпсыным хуэдэщ.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, сыт щыгъуи гулъытэ зыхэлъ, лэжьыгъэр зымыужэгъу, гугъуехьым къыпимыкIуэт цIыхуу узэрыщытым къыпокIуэ уи лэжьэгъухэми, адрей псоми арэзыныгъэу къыпхуаIэр. Дэтхэнэ тхакIуэри абы хущIэкъуныркщ къэзышэнур зи ныбжькIи, къызыхэкIа лъэпкъкIи, Iуэхуу зыбгъэдэткIи зэтемыхуэ, ауэ тхылъым хуаIэ лъагъуныгъэм гурэ псэкIэ зэбгъэдишэ гупышхуэ щIэджыкIакIуэу ди литературэм иIэныр. Псоми ящIэ уэ абы сыт щыгъуи узэрыхуэсакъыр.

Уэ уи лэжьыгъэр хуэунэтIащ цIыхухэм хабзэ дахэхэр зыхалъхьэн, хэкум мамырыгъэрэ зэгурыIуэныгъэрэ илъын, щIалэгъуалэр тэмэму гъэсэн папщIэ литературэм иIэ мыхьэнэр нэхъри къэIэтыным.

ИкъукIэ си гуапэщ а Iуэху лъапIэм ехъулIэныгъэщIэхэр ущиIэну.

*КъБР-м Хъыбарегъащ Iэ IэнатIэхэмкIэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымкIэ, щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и министр*
**ПАЩТЫ Борис**
*2010 гъэ, февраль*

* * *

КхъуэIуфэ Хьэчим хуэIэрыхуэщ критикэм и жанр зэмылIэужьыгъуэхэм – рецензэ кIэщIхэм къыщегъэжьауэ, лъагъуэ куэдкIэ зызыубгъу, Iуэхугъуэ зэхэмыбзхэр наIуэ къэзыщIыф тхыгъэхэм нэсу, теплъэгъуэ закъуэкIэ къызэфIищIэрэ налъэ-налъэ куэду зэгуэща литературэ сурэтым хуэкIуэжу.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*«Социальнэ гъащIэм и гъуджэ» тхылъым хуитха пэублэ псалъэм щыщщ*

* * *

Си ныбжь итхэм фIыуэ дощIэж ди критикхэм я нэхъыбэм «Дыкъызэджа тхыгъэхэр хъуа-мыхъуа» жаIэным и пIэкIэ зэрегупсысу щы-

тар: «Зытхар нэхъыжь, хьэмэ нэхъыщIэ?» арат къыщрагъажьэр. – «Нэхъыжьхэм я жагъуэ пщIы хъунукъым, ятхар хъуа-мыхъуами, пщIэ яхуэщIыпхъэщ, нэхъыщIэхэри гъэгушхуапхъэщ, ауэ, ятхар дагъуэншэми, тIэкIу убын хуейщ – щымыкIын, закъыфIэмыщIыжын щхьэкIэ».

«Ар пцIыщ, апхуэдэу щытакъым», – жызыIэ къэувмэ, щапхъэ си куэдщ... КхъуэIуфэм и тхылъым («Социальнэ гъащIэм и гъуджэ» тхылъырщ зи гугъу ищIыр – *Ред.)* къызэригъэлъэгъуащи, апхуэдэ критикхэм захригъэубыдакъым, зэджар къызэрыщыхъу дыдэр жиIащ Хьэчим КIыщокъуэ Алим, ЩоджэнцIыкIу Iэдэм сымэ я тхыгъэхэм щытепсэлъыхьми.

**ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**
*«Адыгэ псалъэ»,*
*1998 гъэ, декабрым и 9-м*

* * *

Нобэрей лъэпкъ интеллигенцэм щыщу и гум илъыр нэхъ нахуэу къэзыIуэтэф литераторщ КхъуэIуфэ Хьэчим. Ар шынэркъым сыт хуэдэ Iуэхуми езыр зэреплъыр къехьэкI-нехьэкI хэмылъу къиIуэтэну, адрейхэм дзыхь щамыщIым дежи, ар пэжым и телъхьэ къэмылэнджэжу къоувыф.

Сэ ар куэд щIауэ си нэIуасэт. Ауэ ТхакIуэхэм я союзым зэгъусэу дызэрыщылажьэрэ нэхъ къэсцIыхуащи, ди унэ дисыжми, гъуэгу дытехьами, кIуэ пэтми нэхъ сыдехьэх и цIыхугъэ лъагэм, щIэныгъэшхуэ зэрыбгъэдэлъым.



Сытым хуэдэу екIуу, дахэу ди республикэр, абы и тхыдэр, абы ис лъэпкъхэм ягъэлъапIэ зэхэтыкIэр, псэукIэр, я хабзэхэр, я культурэр, ди тхакIуэхэм я творчествэр къигъэлъэгъуэфрэ, нэгъуэщI хэкухэм дыкIуамэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI зэIущIэхэм къыщыпсалъэмэ!

Куэд щIакъым ар ТхакIуэ союзым и унафэщIу зэрылажьэрэ, ауэ урысей литературэ дунейм, тхакIуэ гупышхуэхэм абы и цIэ сыт щыгъуи фIыкIэ къраIуэ, Урысейм и тхакIуэ зэгухьэныгъэхэм я унафэщI нэхъ пажэхэм халъытэ. Апхуэдэу утыку уихьэфын щхьэкIэ щIэныгъэ къудейри, талант дыдэри мащIэщ. Уи лъэпкъым, уи хэкум я пащхьэ щыпхь жэуаплыныгъэри кууэ зыхэпщIэу щытын хуейщ.

**ТЕППЕЕВ Алим**
*«Кабардино-Балкарская правда»,*
*2000 гъэ, февралым и 12-м*

* * *

«ЩIакIуэ кIапэ» тхылъым ихуа усэ псори зэхуэдэкъым, ауэ нэхъыщхьэр зыхэплъагъуэ хъунур нэгъуэщIщ: къэхъукъащIэ гуэрхэм зыдримыгъэхьэхыщэу – лъахэм, лъэпкъым я дежкIэ щхьэпэ, джэгу зыхэмылъыж Iуэхугъуэ ткIийхэм ар кIэщIу зэрыхуэкIуэрщ. Апхуэдэ усэхэрщ Хьэчим нэхъ къехъулIэри.

А тхыгъэхэм уардэу щолъагэ икIи щолъапIэ лъэпкъым и хабзэр, лъахэм и нэмысыр, къуршхэм я Iулыджыр, адыгэ цIыхубзым и лIыгъэмрэ и къабзагъэмрэ. А фIыгъуэхэм ящыщщ, абыхэм къагуэпх мыхъун зыщ бзэри...

Ахэр ижь-ижьыж лъандэрэ лъэпкъым къыщIиуIукIа, гузэвэгъуэ куэдым къабзэу къыкIуэцIриха, накIэнэщхьагъэ зыхэмызэгъэн, зы мэскъалкIэ узэпцIыж мыхъун фIыгъуэщ…

Лъэпкъым и нэмысыр псом ящхьэу зылъытэ, дэтхэнэ зы пцIыупсри езым и ныбжь бийуэ зыбж, сыт хуэдэ къэхъукъащIэри лъахэм и пщалъэкIэ къипщыну хущIэкъу цIыхур «дызэкъуажэгъущ» е «дызэхуэдэ адыгэщ» жыпIэкIэ къыпхуэгъэпцIэнукъым: узыщыщым ухуэфащэрэ ухуэмыфащэрэ елъытауэщи абы пщIэ къызэрыпхуищIынур. Апхуэдэм, дауи, фIыуэ къыгуроIуэ адыгэ лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэр здынэсыр, куууи зыхещIэ «бампIэу щыIэм я нэхъ гуащIэр – цIыхум ибгына хэкум» ар зэрыщIэбэгыр.

… «ЩIакIуэ кIапэм» сэ нэхъыщхьэ дыдэу къыхэслъагъукIар мыращ: авторым и фIэщу къилъыхъуэрт езым и темэр… Ар КхъуэIуфэ Хьэчим нэхъ къыщигъуэтар и документальнэ прозэрщ… Лъахэм дыгъуасэ и нэгу щIэкIахэр, абы и нобэр, ахэр зэрызэпыщIа лъагъуэхэр къэхутэнырщ.

**КЪЭЖЭР Хьэмид**
*«Iуащхьэмахуэ»,*
*2000 гъэ, №2*

* * *

КхъуэIуфэ Хьэчим и повесть «Мэзыр жыг зырызу зэхэтщ» жыхуиIэм зауэ зэманым къэхъуахэмрэ абы иужькIэ зэманыфI дэкIа нэужь екIуэкIахэмрэ къуэпс быдэкIэ щызэпхащ… Авторыр къызэрыгуэкI ущиякIуэу тхыгъэм къыхэщыркъым, атIэ абы и гупсысэхэр езы тхылъеджэм игу къегъэкIыф.

Къэбэрдей повестым зиузэщIынымкIэ мы дызытепсэлъыхьым хэхауэ мыхьэнэ иIащ… Езы авторым и IэзагъкIэ зэхилъхьа сюжет пкъыгъуэхэмрэ пэж дыдэу къэхъуахэмрэ повестым щызэхэгъэшыпсыхьащ, абы щыгъуэми гъуазджэм и хабзэмрэ къэIуэтэныгъэм и логикэмрэ зыкIи пэрымыуэу… Зауэ зэманым ятхауэ архивым къыщагъуэтыжа документхэри авторым къегъэсэбэп къэIуэтэныгъэр гъащIэм зэрыпэджэжыр нэхъри нэрылъагъу ищIын щхьэкIэ. Абы пэж дыдэу тхыгъэр художественнэ тхыгъэу зэрыщытыр зэм-зэмкIэ пщегъэгъупщэжри, гъащIэм къыщыхъупахэм ябгъэдегъэувэ. Апхуэдэ Iэмалхэр нэгъуэщIыбзэ литературэхэм къыщагъэсэбэпу урохьэлIэр, ауэ адыгэбзэкIэ ятха повестхэм ящыщу ар япэу къезыгъэжьар КхъуэIуфэ Хьэчимщ.

Апхуэдэу нэгъуэщIи къыхилъхьащ ди лъэпкъ литературэм: КхъуэIуфэм и IэдакъэщIэкIщ япэ адыгэ документальнэ повестыр… Ар летчик хахуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь Къанкъуэщ Ахьмэдхъан и гъащIэмрэ зауэм щызэрихьа лIыгъэмрэ теухуащ. Повестыр итхын щхьэкIэ авторым архив зыбжанэм щIэлъ документхэр къитIэщIыжащ, Къанкъуэщымрэ абы и Iыхьлы-благъэхэмрэ зэхуатхауэ къэна письмохэр къигъэсэбэпащ, цIыху зыбжанэм я гукъэкIыжхэр зэхуихьэсыжри, повестыр щитхым тегъэщIапIэ ищIащ. Апхуэдэ лэжьыгъэр икIи къэхутэныгъэ хъуащ, икIи художественнэ тхыгъэ щыпкъэм и лъабжьэу уващ.

**ГЪУТ Iэдэм**
*Адыгэ литературэм и тхыдэ*
*ЕтIуанэ тхылъ*
*Н., 2013, нап. 188-189*

* * *

«Нал къута» романым (КIыщокъуэ Алим и романырщ жыхуиIэр – *Ред.)* куэд дыдэ тратхыхьащ... Апхуэдэу щытми, дэ къызэрытлъытэмкIэ, романым и купщIэр къызэкIуэцIыхыным, тхыдэ, литературэ щIэныгъэ пщалъэхэмкIэ художественнэ тхыгъэшхуэр «къэпщыным» нэхъ гъунэгъу хуэхъуар КхъуэIуфэ Хьэчимщ.

«Социальнэ гъащIэм и гъуджэ» тхылъыр а илъэсхэм къыдэкIа литературэ-критикэ лэжьыгъэ нэхъыфIхэм ящыщ зыщ.

Критикым хэлъ тегушхуэныгъэр, гъащIэм, литературэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэ зэрыхуиIэр иужькIи мызэ-мытIэу къигъэлъэгъуащ КхъуэIуфэм. Абы и щыхьэтщ «доунэ, дофIакIуэ», жаIэурэ, 90 гъэхэм лъахэм и экономикэр, и щэнхабзэр зрагъэхуа щытыкIэ хьэлъэр, къехьэкI-нехьэкI хэмылъу къыщигъэлъэгъуэжа тхыгъэшхуэр (зи гугъу ищIыр 1999 гъэм октябрым и 12,13,14 махуэхэм къыдэкIа «Кабардино-Балкарская правда» газетым тета «Дрейф культуры. К какому берегу она пристанет?» статьярщ – *Ред).* Критикым и псалъэр щапхъэ нэрылъагъухэмкIи щIэгъэбыдэжащ. Тхыгъэр цIыхубэм зэлъащIысащ, псалъэмакъышхуи къикIыгъащ. Ар зи гуапэ мыхъуа унафэщIхэм къызэрагъэпэща пэджэж псалъи газетхэм къытрадзащ, ауэ пэжыр зэрыпхущIэмыхъумэнур, гува-щIэхами зэгуэр ар къызэрыщIэщыжынур зэманым къигъэлъэгъуащ, критикыр илъэс бжыгъэкIэ япэ плъэфу зэрыщытыр наIуэ къищIри.

**ТIЫМЫЖЬ Хьэмыщэ**
*Адыгэ литературэм и тхыдэ*
*ЕтIуанэ тхылъ*
*Н., 2013, нап. 427-428*

КХЪУЭIУФЭ Хьэчим

# IУАЩХЬЭЖЬ

*Рассказ*

Дунейр къызэриухуэрэ щытщ абдеж Iуащхьэжьыр. Зыми ищIэжыркъым ар зы Iуэху гуэрым и фэеплъу зэтратхъуами, лIы цIэрыIуэ гуэрым и хьэдэ къупщхьэ щIым и гуфIакIэм дэгъуатэу абы и лъабжьэм щIэлъми, е мылылъэхэр щIы щхьэфэм щытекIыжым абыхэм къакIэрыхуа ятIэ IэшкIэу тафэм къытенами. Сытми, щытщ Iуащхьэжьыр, зи толъкъунхэр мывэжьхэм езыудэкIыурэ жэщми махуэми, гъэми щIыми хъущIэу ежэх Бахъсэн щхьэпрыплъу нэпкъым тету. Уэри абы удэкIуейрэ зуплъыхьмэ мы куейм умылъагъун иткъым, – псыхъуэ кIыхьым хэт къыдыхьэми дэкIыжми, къэрал псор щызекIуэ пощт гъуэгум къыбгъэдэкIыу псыхъуэ лъэгумкIэ къех лъагъуэм машинэ е гу кърикIуэми, псы Iуфэм хэт бгъэдыхьэми. Мы куейми искъым икIи щызекIуэркъым Iуащхьэжьым дэкIуейуэ тIэкIу тесын зыфIэмыфI. Псом хуэмыдэу гуапэщ абы и щыгур гъэмахуэ пщыхьэщхьэхэм деж. Псым къыхиху акъужь гуапэм махуэ хуабэм къэбэмпIа уи гум салъкъынкIэ ету тридзэм хуэдэщ. Губгъуэм ита, мэзым щIэта къуажэдэсхэм ящыщ куэд псым дыхьауэ загъэщIыIэтыIэ, тафэ иным емышыжу къыщажыхь гупитI защIауэ топ къезыхуэкI щIалэ цIыкIухэм; нэпкъым бгъурыту ежэх псыIэрышэ цIыкIум и Iуфэхэр сыт щыгъуи щхъуантIэщи, бадзэм махуэ псом ягъэбэмпIа шкIащIэхэм я Iупэ щабэхэмкIэ удз цIынэ IэфIыр яфыщI; сабэр пшэ Iэтэм хуэдэу яужь иту зэзэмызэ машинэхэр блож... КъуажэкIэмкIэ ехыж гуэрхэри кIэщI-кIэщIурэ блокI, хъыбар жаIэу бжьэпэм деж щызэхэс лIы гупым «сэлам алейкум!» – къарехри. «Уалейкум сэлам!» – жаIэри къызэроIэт модрейхэри. БлэкIым и щIыбыр ялъагъу зэрыхъуу, мэтIысыжхэри я псалъэ пащэж. Апхуэдэщ дунейр къызэриухуэрэ. ЩIалэхэм я топымрэ машинэхэмрэ мыхъумэ, зызыхъуэжа щыIэкъым. А псоми уеплъу, сабэр мащIэу зыхэгуэша, псым къыхиху гъуэзым хэжьыщIыхьа, пшагъуэмэ тIэкIу зыщыу хьэуар зыжьэдэпшэу Iуащхьэжьым ущытескIэ хьэкъыу уи фIэщ мэхъу дунейр къутэжыхуи а псори апхуэдэу щытыну, абы нэхъыфIи зэикI къэхъункIэ мыхъуну.

ЛIы ныбжьитI-щы и пэкIэ уIэбэжмэ, жылэм хъыбар гуэрхэр щызекIуэу щытащ Iуащхьэжьым и тхыдэм пыщIауэ. ЯIуатэрт абдеж шу зэтес зэрыщыту щIатIауэ, зи щхьэгъусэ щауэщIэр зауэм хэкIуэда нысащIэм и IэкIэ зэтритхъуауэ, уеблэмэ, хъаным и дыщэ тэрэнтасыр абдеж щигъэпщкIуауэ. Иджы а хъыбархэри щIагъуэу къэIужыркъым. Къуажэдэсхэм мымащIэу яхэт хъуащ пасэм и хъыбархэми и нэщэнэхэми зыкIи хуэмеижхэр.

Ауэ зы цIыху гуэрым зэрылIэжынум хуэдэу и фIэщ хъурт а хъыбархэм ящыщ зыр.

Илъэс тIощIрэ пщIырэ хъуауэ пщыхьэщхьэ къэс Iуащхьэжьым докIуей зэпымыууэ IэлъэщI фIыцIэкIэ зи щхьэр фIэпхыкIа цIыхубз. Пщыхьэщхьэ къэсыхункIэ абы зыхещIэр «дыгъуасэ нэхърэ нобэ» нэхъ къаруушэ зэрыхъуар. Ар икIи пэжщ. Нэхъапэм псынщIэу,

зыкIи дэкIуеигъуэр зыхимыщIэу, щыгум нэсыхункIэ пIащIэу Iуащхьэм дэжейуэ щытащ зи лъэр гугъэм игъэжан цIыхубз щIалэр. Ауэрэ Iуащхьэр, дауэ щытми, зэрылъагэм гу лъитащ, итIанэ зигъэпсэхуурэ фIэкIа дэмыкIыф хъуащ, и гур къилъэту щIидзащ. Иужьрей зэманым баш иIыгъыу и къуэрылъху цIыкIуитIым драшейрт. Iуащхьэжьым епхащ цIыхубзым и гъащIэри, а гъащIэм фIыгъуэрэ гуфIэгъуэу щилъэгъуа псори. Хэт ищIэн а цIыхубзым и хъыбарыр, дэркIэ нэхъ гъунэгъур, адрей псоми елъытауи нэхъ нэрылъагъур, нэхъ гуауэр, нэхъ нэпс гуащIэкIэ шууар, пасэрей хъыбархэм я пIэ зэриувар арагъэнкIи хъунщ Iуащхьэжьым и къежьэкIэм теухуа таурыхъхэр цIыхухэм ящыгъупщэжыным щIынэсар.

ЦIыхубзым и цIэр Дыщэнэхут. Абы и щхьэгъусэм зэреджэу щытар ТIэмашэт. ТIэмашэ зеиншэ дыдэу къэхъуат. И адэри анэри гъеишхуэм щыгъуэ зэуэ лIат. ЩIалэ цIыкIур и закъуэпцIийуэ унэ нэщIым къыщIэнат. ПщIантIэм икIэрауэ зы чыцIи дэттэкъым. Ягъэшхэнрэ пцIанэ дыдэу къимыкIухьын щхьэкIэ зыгуэрхэр къыщадзэнрэ нэхъ къыпэмыкIуэу ар куэдрэ Iэхъуэ-лIыщIэу Iутащ нэхъ хуэкъулейхэм я деж. ВитI-жэмитI зэригъэпэщу, унэ тIэкIу иуцIырхъыу итIанэ унагъуэу тIысыжыну и гугъэу абы еIэурэ щIалэм и къэшэгъуи зыкъомкIэ блэкIат, щхьэгъусэ хуэхъунур и анэшхэм къыщыхущIахам щыгъуэ. Дыщэнэху фIыуэ нэхъыщIэт, хъыджэбз лантIэ щIалэ дыдэт. ЗанщIэу и гум дыхьат ар ТIэмашэ. Ауэ нысащIэ къызыхишэн мылъку, хьэгъуэлIыгъуэм тригъэкIуэдэн абы, сыт имыщIэми, иджыри зэхуихьэсыфатэкъым. Хьэблэ-шыблэ жаIэри зэхыхьэри хьэгъуэлIыгъуэри худахащ, и унэ блынджабиплIри пцIанэми, дуней насыпыр иIэу зыкъыщыхъужу ТIэмашэ псэууэ ежьэжащ.

Абы ирихьэлIэу колхозу жылэр зэгухьэри ТIэмаши псэукIэщIэм еувэлIащ. Шыгу зэщIэщIа кърατри трактор бригадэм я пщыIэм тесхэм дагъэгъэсын, гъуэмылэ яхуишэу лэжьэн щIидзащ.

Къуажэр планировкэ щащIым ахэр Iэпхъуэн хуей хъури, мис мы Iуащхьэжьым деж щIапIэ къащылъысат. А гъэ дыдэм ТIэмашэ бжыхьыщIэкIэ хадэр къихухьащ, унэ зэщIэкъуа цIыкIуи, бэкхъгуэщи пщIантIэм дищIыхьащ. ЖыпIэнурамэ, псынщIэу жылэм яхэгъуэщащ. Насыпыр къызыдэкIуэнур пщIэнукъым. Насып натIэ дыдэу къыщIэкIат ТIэмашэ щхьэгъусэ ищIар. ПщIантIэм берычэтымэр къыдихырт унагъуэм Дыщэнэху къызэрихьэрэ. Джэдхэр зэпэджэжу къакъэрт, бабыщхэр хъущIэу зепщыпщэхэрт, и шхуэлым шэр щызу пщыхьэщхьэм жэм пэхужьыр бууэ къыдыхьэжырт. Хадэм уихьамэ, щумыгъуэтын щыIэ, жыпIэну апхуэдэт. А псори Дыщэнэху и Iэ емышыжхэм я фIыгъэт.

Iыхьэ лейм икIауэ фIыуэ зэрылъагъурт езы зэлIзэфызри. ЦIыху щытмэ, зыкIи фэ зрамыгъэплъ щхьэкIэ, я закъуэ къэнамэ, зикI зэрышагъащIэхэм хуэдэу дунейр яхьырт. Зеиншэу къэхъуахэр сыт щыгъуи нэхъ гумащIэхэщ, нэхъ гу щабэхэщ. Ахэр къогъуэгурыкIуэ къыдалъхуауэ щыт гуапагъэр, гу хуабагъэр зытрагъэкIуэдэн ямыгъуэту. ИужькIэ, псэгъу зыгуэр щахуэхъуам и деж, апхуэдизу зэтрихьа гурыщIэ IэфI къомым и уэшх щабэмкIэ берычэту ягъэпскI щIэрыщIэу къагъуэта Iыхьлым и гумрэ и псэмрэ. И шыпхъу цIыкIум е ипхъу дыдэм хуэдэу хуэгумащIэт ТIэмашэ и нысащIэ ныбжьыщIэм, абыкIэ зыми зыкъримыгъащIэ пэтми. Езы Дыщэнэхуи зэикI къэхъуатэкъым лIым хуэфащэ нэмыс щхьэгъусэм щыхуимыщIа. Уе-

блэмэ, хабзэкIэ къытехуэм нэхърэ нэхъыбэ. ЗэикI къанэртэкъым абы хэкIуэтауэ къэкIуэжа ТIэмашэ шыхэр щыщIитIыкIыжкIэ, гур щиунэщIкIэ дэмыIэпыкъуу. ЗэикI пщыхьэщхьэм унэм щIыхьэжыртэкъым шхалъэм мэкъур димылъхьауэ, шы Iусыр имыгъэхьэзырауэ. А псори илэжьырт, махуэ псом Iуэху ищIауэ еша пэтми, зыкIи къемыхьэлъэкIыу, езым нэхърэ нэхъ ешаелIауэ къэсыжыну ТIэмашэ зэрыдэIэпыкъум жаныгъэрэ къаруущIэрэ къыхилъхьэу, «Упсэуащэрэт уэ, си Дыщэ закъуэ», – жиIэу гуапэу къыхуэгуфIэу и щхьэгъусэм и Iэ бгъуфIэшхуэр и плIэм къызэрыришэкIынур и нэгум зэпымыууэ щIэту.

Сыту дакъикъэ IэфI куэд и гум къэкIыжрэ Дыщэнэху Iуащхьэжьым тесу псыхъуэм щыдэплъэм деж!

Гъэмахуэ пщыхьэщхьэхэм нэхъ жьыуэ къыдыхьэжамэ, ТIэмашэ шыхэр псынщIэу щIитIыкIырт, IумпIэкIэ иIыгъыу псыхъуэм дишэрти илъахъэрт, езыр, шхуэхэр Iэ лъэныкъуэм IэщIэлъу, Iуащхьэм дэкIуейрти, абдеж тест мо псыхъуэ кIыхьыр нэпсейуэ къиплъыхьу. Сыту фIэфIт а пщыхьэщхьэхэр Дыщэнэху и псэм! Зыуэ и гур хэхъуэрти, абы щхьэгъубжэм къыдэплъурэ Iуащхьэм тес и щхьэгъусэм и Iэпкълъэпкъ зэкIуж плIабгъуэр, упщIэ пыIэ хужьым и жьауэм щIэсыр щилъагъукIэ! Сыхьэт бжыгъэкIэрэ тесыфынут абдеж ТIэмашэ, шхэн зэрыхуейри щыгъупщэжауэ. Ауэ Дыщэнэху зэикI и гум ихуртэкъым  лэжьакIуэ щыIар зэрымэжалIэр. Iуащхьэм тес лIым и деж укIуэну ари щхьэусыгъуэти, Дыщэнэху хуэмурэ хадэм кIуэцIрыкIырт, шыгъуэгум укъикIыу занщIэу Iуащхьэм удэкIуей хъун папщIэ бжыхьым ТIэмашэ хищIыхьа куэбжэ цIыкIур къыIуихырти, щэху дыдэу Iуащхьэ лъапэм деж къыщыувыIэрт. Зыри хужымыIэу зыкъомрэ аргуэру щэхуу щытт Дыщэнэху, дыгъэ къухьэм и бзий гъуэплъхэр зытридзэ и щхьэгъусэм и напэбгъу къыхуэгъэзам еплъу. Апхуэдэу щытт псалъэ хужымыIэу. Абыи ищIэрт ар мыбдеж къызэрыкIуар псэкIэ зыхищIэу ТIэмашэ къызэреплъэкIынур. «Щхьэ укъэкIуа мыбы нэс?» – хъущIэ хуэдэу, ауэ зэрыгуфIэр наIуэ дыдэу жиIэрт ТIэмашэ. «АIей-й, ушхэнукъэ? МэупщIыIуж», – жиIэрт, мыдреймикI: «Дышхэнкъэ, сыт къэхъуар?» – щабэу хъущIэ хуэдэу зищIырт аргуэру ТIэмашэ. АбыикI гукIэ ищIэрт и фызыр хуэмурэ Iуащхьэм къыдэкIуейуэ къызэрыбгъэдэувэнур. Пэж дыдэу, хьэблэм дэс цIыхухъухэм закъримыгъэлъагъуущэмэ нэхъ къиштэу зигъэщхъыурэ, Дыщэнэху джабэрыекIуэкIыурэ щыгум ихьэрт, и лIым и щIыбагъым дэти хуэдэу, и сэмэгурабгъуэмкIэ къыбгъурыти хуэдэу къызэтеувыIэрт. Хьэуэ, зыкъидзу IэплIэ къыхуищIыртэкъым абы и лIым, псалъэ дыгъэли къыжриIэртэкъым, уеблэмэ къепсалъэуи фэ зытригъэауэртэкъым. Ар идэртэкъым ахэр зыщIапIыкIа хабзэм. Ауэ сыт хуэдиз гуфIэгъуэ зыхищIэрэт Дыщэнэху апхуэдэ пщыхьэщхьэхэм деж!

Дыгъэ къухьэм псым и щIагъым гъуаплъэ лентI кIыхь щIилъэфам хуэдэу Бахъсэн и щыгур дыщафэу тецIуукIырт. Дыгъэм и шэрхъыр адэ морафэу уафэ лъащIэм щIэуэ бгыхэм я сыджым теувати, и лъакъуэ кIыхьхэр псыхъуэм къыдиукъуэдиерт (адрей лъакъуэхэр модрей лъэныкъуэмкIэ щедзыха хъунт). МыдэкIэ псыхъуэ лъэгум унэм кIуэжыну мыпIащIэ IэщIэвыщIэхэм къыщажыхьырт. Абдеж щыхъуакIуэрт ТIэмашэ и шитIри.

Зэуэ фIыуэ илъагъурт Дыщэнэху а шитIри!

Псом хуэмыдэжу шы къэбыфэ ПщампІэху цІыкІур. Ар зэуэ шы сабырт, зэуэ псэ хьэлэлт, зэуэ губзыгъэти. ЦІыхум хуэдэу къоплъырт абы и нэ гъуабжитІыр, псори къызэрыгурыІуэр нэрылъагъуу. Иджыпстуи и пащхьэм итым хуэдэщ фызым ПщампІэхур.

Ар шы щІалэ цІыкІуу ТІэмашэ къратат. Гугъуехь мащІэ дишэчакъым абы и гъэсэным. Сытми, шыгуш бэлыхь къыхэкІат. Куэд дэмыкІыу ПщампІэхум зиукъэбзщ, зишэщІри и цыпэр цІуужу шы жыІэдаІуэ, ауэ зыкъомкІи гурбиян къищІыкІат. Ар къызэгуачырт къарумрэ щІалэгъуэмрэ, бом щІэтмэ, фІалъэкІэ щІыр кърриудырт, шыбз илъэгъуамэ, ещыщырт.

Зэгуэрым шыр ІумпІэкІэ иІыгъыу ТІэмашэ махуэ шэджагъуэу къыдыхьэжащ. ПщампІэхум и цыпэр уат, и щхьэр хуэІэтыртэкъым, и лъакъуэхэр ерагъыу зэблихырт. «Сыту пІэрэ къэхъуар?» – гузэващ Дыщэнэху. Нэхъ гъунэгъуу бгъэдыхьэрэ еплъмэ, шым и бэкъум лъы къыдэжырт, пэцыр иричу хущхъуэмэ Іей гуэри къыпщІихьэрт.

– Сыт, на, мыбы къыщыщІар? – еупщІащ и лІым.

ТІэмашэ и щхьэр къимыІэту мащІэу дыхьэшхащ:

– Уэлэхьи, къыщыщІыну псори къыщыщІам. ЯсэкІащ, сыт нэгъуэщІ...

– Сыт жыпІэр, на-а? – къэуІэбжьащ Дыщэнэху, – еууей, тхьэмыщкІэ.

ЦІыхум хуэдэу игу щІэгъуат абы шым. ПщампІэхур щытт мэкъу дыгъэл бгъэдалъхьам и пэр трилъхьауэ, ар ишхынуи гукъыдэж лъэпкъ имыІэу. Дыщэнэху шым бгъэдыхьэри абы и тхьэкІумэм еІусащ, и щхьэм Іэ дилъащ, шы соку Іувым и Іэпэхэр хигъэлъадэри шым и пщэм етІэхъуащ. Хуэмурэ и напІэхэр иІэтри ПщампІэхур цІыхубзым къеплъащ. Абы и нэхэр зэуэ нэщхъейхэти! ЗэикІ игу ихужынкъым а дакъикъэр Дыщэнэху. «Плъагъурэ сэ цІыхухэм къызащІар? Схуэфащэу пІэрэ сэ ар?» – жиІэу къеупщІ хуэдэт шым и нэ бзэншэхэр.

Сыту куэду зэхэлъ мы гъащІэр! Дунейм щекІуэкІхэм цІыхур сыт хуэдизкІэ Іэ лъэщкІэ хэмыІэбами, дунейр хущІокъу езыр и гъащІэм зытетым темыкІыну, щІылъэм тет псоми – Іэщми, цІыхуми, хьэпщхупщми – езыхэм я натІэм иту къигъэщІар яригъэгъэзэщІэну.

НэгъуэщІ зы махуи и гум къокІыж Дыщэнэху ПщампІэхум и нэхэм пыщІауэ.

Дыщэнэху бэзэрым къикІыжри къыдыхьэжат. Шыгур пщІантІэкум итт, Іэпслъэпсхэр зэбгрыдзат, абдеж дыдэм щылът, хьэкхъуафэм дэлъ шы Іусыр джэдхэм кърaтхъуауэ. ТІэмашэ апхуэдэу ахэр хыфІидзэ и хабзэтэкъыми, илъагъур игъэщІэгъуащ. «Дэнэ щыІэу пІэрэ?» – жиІэри унэхэр къиплъыхьащ, шыгъуэгуми дыхьащ, и гум зыгуэр къэкІри шэщым щІыхьащ. Шэщыр жьауэт, щІыІэтыІэт. Блыным декІуэкІ шхалъэм шитІыр бгъэдэтт шыудз цІынэ яшхыу. Абыхэм тІэкІу япэІэщІэу удзым и щхьэр тегъэщІауэ ТІэмашэ щылът, ар пырхъырт, здэжейм и нэгур пыгуфІыкІыу. Дыщэнэху и гум къэкІыжащ нышэдибэ шыгур зэщІищІэу ТІэмашэ малъхъэгъум деж зэрыкІуар, и шыпхъум цырибон зэрыщІригъэгъэжыр. Фызыр бгъэдыхьэри хуэму абы и дамэм теІэбащ:

– Мыр сыт, на-а, мыбдеж щхьэ ущылъ? НакІуэ, унэм нэкІуэж.

ТІэмашэ къызэщыуащ, ауэ и нэр къызэтримыхыу и Іэхэр Дыщэнэху дежкІэ къишиящ:

– Дыщэнэху, си Дыщэнэху, си Дыщэ закъуэ, уэра ар? Иджыпсту пщIыхьэпIэу услъагъуу арат.

– Сыт къыпщыщIар, на-а? Учэф?

ТIэмашэ и нэхэр къызэтрихащ.

– Уэлэхьи, икIи сымычэф, моуэ мы удзымэ дахэр къысщIихьэу шыхэм я жьэгъуашхэ макъым седаIуэу моуэ тIэкIу сыщылъынщ, жысIэри зызгъэукIурияти сыIурихащ. Иджы уэ укъэкIуэжащ, аракъэ атIэ дуней насып жыхуаIэр. КъакIуэт мыдэ си деж, си Дыщэ закъуэ.

Бзаджагъэ гуэр щIэлъу ар Дыщэнэху къеплъащ. Зыкъэзышия ТIэмашэ и Iэ лъэщхэм ирагухри фызыр напIэзыпIэм шхалъэм къыдэхутащ. «Мыр сыт, на-а, пщIэр, делэ ухъужа иджы?» – хуэму жиIащ Дыщэнэху, зихъунщIэнуи хуежьащ. Ауэ фадэмрэ лъагъуныгъэмрэ къызэщIагъэплъа и лIым и IэплIэ пщтырым игъэумэзэхри, зыри хужыIэжакъым. ЗыкъищIэжу къыщыдэплъеям япэу абы и нэр зыхуэзар шыхэрщ. Зыр удз цIынэр жьэдилъафэу шхэуэ щытт. Мыдрейр – ПщампIэхур – и щхьэр къиIэтауэ, и жьафэхэр зэтрикъузауэ, и нэ гъуабжэ хъуреишхуитIыр мыхъеижу дияуэ кIэлъыплъырт шхалъэм щекIуэкIым. Дыщэнэху зэуэ къыщылъэтыжащ, и бостеикIэхэр ирихьэхыжащ. Абы иужькIи куэдрэ екIуэкIащ цIыхум хуэдэу ПщампIэхум щыукIытэу, и нэ хъуреишхуэхэмкIэ къеплъыхункIэ, занщIэу цIыплъ къэхъуу.

Унагъуэм къызэрихьэрэ илъэсищ дэкIами, Дыщэнэху иджыри бын игъуэтатэкъым. А гъэм Дыщэнэху и лIыр игъэгуфIащ, пэлъху зэраIэнур къригъащIэри. ЦIыхубзым езым фIэкIа зыри зыщымыгъуазэ лъабжьэ гуэрхэм триухуэри, Дыщэнэху триубыдащ пэлъхум и къежьапIэ хъуар шхалъэр арауэ.

... А махуэм щIыр хъеящ, сейсмическэ станцхэм я прибор стрелкэхэм зыщIыпIэкIи замыгъэза пэтми. Iуащхьэжьри зджызджат а махуэм. ТIэмашэ мэкъуауэхэм ящIыгъуу жэщхэс щыIэти, зауэм и хъыбар абы занщIэу Iэрыхьакъым. Ар унэм къыщыкIуэжам къуажэр хьэдагъэт. Унагъуэ куэдым я щIалэхэр ирагъэжьакIэт. ТIэмашэ и ныбжьым итхэм занщIэу къеджакъым. Ауэ абыхэм я чэзури къэсащ. Уэсят папщIэу псалъитI къыдинат ТIэмашэ къуажэм. ШитIыр къызыхуагъанэм вожэр IэщIилъхьэри елъэIуащ:

– Алыхьым иухарауэ щытмэ, сэ къэзгъэзэжынщ. АпщIондэху уи анэмэтщ. Я ныбэ умыгъэныкъуэ, псапэ къэпхьыну ухуеймэ. УдынкIэ лей иумых. ПщампIэхум нартыху куэд ишхмэ, егъэпщIантIэ. Ари уигу игъэлъ, кхъыIэ.

Апхуэдэу лъэIу куэд жиIэнкIэ хъунут ТIэмашэ ишхэм ятеухуауэ. Ауэ сэлам кърахыжыну лIы гуп къыIухьэри, абдеж щимыухыу хъуакъым.

Щежьэну махуэм и пэ къихуэ пщыхьэщхьэм ТIэмашэ хадэм кIуэцIрыкIри Iуащхьэжьым кIуащ. Абы и щыгум дэкIуейри и Iэр и бгым иту хъуреягъыр къиплъыхьащ. Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ дахэт. Ауэ псыхъуэми къыщIихуа хуэдэт адэ дыгъэ къухьэпIэмкIэ щыпапщэ зауэм и жьы гуащIэ гъуркIыр. Хъуреягъыр цIыхуншэт. И упщIэ пыIэр зыщхьэрихри, ТIэмашэ хьэмбыIуу етIысэхащ. ТэлайкIэ щысащ, псым и макъым щIэдэIуу, абыкIэ кърихху жьы щIыIэтыIэр и бгъэм щызу зыжьэдишэу. АпхуэдизкIэ нэхъуеиншэу псыхъуэр нэкIэ къищырт, апхуэдизкIэ ерыщу хьэуа салъкъыныр IукIэ къиубыдырти, къыпфIэщIынт псыхъуэр и нэм щIэз ищIу, жьы гуапэри и гум щызу



4 Заказ №39

ириубыдэу, ахэр гъуэгу гъуэмылэу зауэм здихьыну мурад ищIауэ.

И щIыбагъымкIэ Iэуэлъауэ гуэр къыщызэхихри, ТIэмашэ къеплъэкIащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, машIэу зигъэщхъыурэ, хуэмурэ Iуащхьэм къыдэкIуейрт и щхьэгъусэр. Сыт щыгъуи зэрищI и хабзэм тету, Дыщэнэху и лIым бгъурыуващ – и сэмэгурабгъумкIэ къыщыти хуэдэу, и щIыбагъымкIи къыдэт хуэдэу. Зыкъомрэ щытахэщ, зы псалъи жаIэн дзыхь ямыщIу.

– ЩIалэ закъуэм хуэсакъ. Уи анэмэтщ, – лъэIуащ ТIэмашэ.

ЩIалэ закъуэр – Мэшыкъуэ – абы щыгъуэ илъэс ебланэм итт.

ТIэмашэ зыхэту дэкIа гупыр къанэ щIагъуэ щымыIэу лэжьакIуэжьт, къызэралъхурэ мэкъумэш щIэн, Iэщ гъэхъун фIэкIа нэгъуэщI Iуэху зэрамыхуауэ, нэхъыбэм Iэ тедзэжыкIэ къудей ямыщIэу, «левэри» «правэри» яхузэхэмыгъэкIыу. Арауэ къыщIэкIынщ, дауи, абыхэм «упщIэ пыIэ гуп» щIыфIащауэ щытари.

МафIэгум зэрырагъэтIысхьэрэ ТIэмашэ и хъыбари и шыбари щыIакъым, ар зэрыхъуар ямыщIэу кIуэдауэ тхылъ къызэрыкIуам нэмыщI.

ЗэрыжаIэмкIэ, «упщIэ пыIэ гупыр» зауэми Iухьэну хунэмысу, зэуэнми хуамыгъэсауэ, уеблэмэ Iэщэри кърамыт щIыкIэ окруженэм ихуэри зэрыщыту хьэлэч хъуащ. Аращ зыгуэр ямыгъуэтыжмэ, нэхъ жьэрэIурэхэм нобэр къыздэсым щIыжаIэр: «УпщIэ пыIэ гупым хуэдэу кIуэдащ ар».

Iуащхьэжьми и нэгу щIэкIащ зауэ жыхуаIэр. МазитIрэ някъуэкIэ ар тесащ фронтым и линием и дэнагъэ дыдэм, хэкум къихьа зэрыпхъуакIуэхэр Бахъсэн къызэпрамыгъэкIыу къыщагъэувыIам щыгъуэ. А зэманым и фэеплъу Iуащхьэжьым и щыгум кумбышхуэ къытенащ топышэ техуам и нагъыщэу. Зауэри Хэкум икIыжащ, ауэ Iуащхьэжьым нэхъ лъахъшэ, нэхъ щхьэгуэ, нэхъ жьы хъуауэ фэ къытеуащ, зауэр Iэ щIыIэкIэ зэIуса дэтхэнэми хуэдэу.

Зэуэ жьыфэ къытеуащ Дыщэнэхуи. Ауэ лъэкI къигъэнакъым лъапсэр ихъумэн, игъэбыдэн, и къуэ закъуэр адэ зыщхьэщытхэм емыхъуапсэу къигъэхъун папщIэ.

ЩIалэ IэчлъэчыфI къиищIыкIат Мэшыкъуэ. Лэжьэн и жагъуэтэкъым. Уэрамым дэтыным, тутынафэ, аркъафэхэм дахьэххэми ящыщи хуэдэтэкъым. Ауэ лIэужьыр бжьиблкIэ уэ пэтми, щIалэр нэхъ балигъ хъуху, Дыщэнэху нэхъыбэрэ гу лъитэрт ар и адэм и дуней тетыкIам куэдыIуэкIэ зэремыщхьым. ТIэмашэ хэлъа гу щабагъыр, цIыхугъэр, хьэлэлыгъэр, гуапагъэр зауэм здихьами ярейт, къуэм зыри къыхуимыгъанэу. Мэшыкъуэр кърiIуэнтIэкIыну, и адэм хэлъа псэ дахэр абыи хилъхьэну Дыщэнэху сыт хуэдизкIэ емылIэлIами, зыри къикIакъым.

Япэу зэгурымыIуэ яку къызэрихъуэрэ куэд щIат. Класс ебланэр хыфIидзэри щIалэр школым къыщIэкIыжат.

– ЗыкIи сыхуейкъым сэ абы сызрагъаджэм. АбыкIэ псэуа ухъунукъым нобэ, – жиIащ. И анэр унэкум итIысхьэу гъа, бжа щхьэкIэ, ауи еплъэкIакъым абы и дежкIэ.

А зэманым шыгу зэщIэщIа уисмэ, арат «псэуа узэрыхъуну» нэхъ бзаджэхэм къызэралъытэри, ар зыIэщIигъэхьэну яужь ихьащ Мэшыкъуэ. Гъэр икIыху мэкъуауэхэм я гъусащ, псышэу, шауэу, зи, щхьэх имыщIэу лажьэу. ИужькIэ бригадирым щелъэIум, и

адэм и хьэтыр къалъагъури, шитIи кърататщ. Дуней фIыгъуэр къеуэлIа хуэдэт Мэшыкъуэ. «Си Iуэхущ сэ мис иджы Аслъэнбэч сылъэщIэмыхьэжым», – жиIащ пщыхьэщхьэм хуабжьу лIыфэ зытригъэуауэ.

Абдежщ Дыщэнэху жьыр къыщеуэр къыщыгурыIуар. Аслъэнбэчыр я унэкъуэщ лIы гуэрт, шоферу Бахъсэн зыщIыпIэ щылажьэрт, зэм пхъэбгъу, зэми цемент машинэм изу къишэурэ унэ зыщIхэм ярищэу. Езыми унэшхуэ кърищъэжьат. ЗэрыцIыкIурэ а Аслъэнбэчым кIэрыщIат Мэшыкъуэ, машинэ кабинэм зэрыригъэтIысхьэм папщIэ, абы сыт жиIэми ищIэну хьэзыру. Ауэ къуэ закъуэр и адэм ещхьу шыгум зэритIысхьам, иджы ТIэмашэ щыдэсам хуэдэу пщIантIэм шитI зэрыдэтынум щыгуфIыкIат Дыщэнэхуи, зыри жиIэфакъым Аслъэнбэчым щхьэкIэ.

Нартыху дэчыгъуэт. Бжьыхьэ жэщ кIыфIу, фIыуэ хэкIуэтауэ Мэшыкъуэ къыдыхьэжащ. И анэр жеиххэртэкъыми, унэм къыщыщIэкIым занщIэу гу лъитащ тажьджэм щызу нартыху зэрилъым.

– Мыр сыт, на-а? – къэуIэбжьащ фызыр.

Мэшыкъуэ зыри жимыIэу гум епэщэщырт.

– А, Мэшыкъуэ, мыр щхьэ къэпша, тIысэ? – нэхъри къэгузавэурэ щIэупщIащ Дыщэнэху.

– ПщIэркъэ кьыщIэсшар! – губжьауэ къепэбжьэуащ и къуэр.

Иужьрей зэманым Мэшыкъуэ гурбиян дыдэ хъуат. И анэм зыгуэр зэрыжиIэу, занщIэу къэгубжьырти къыпэпсалъэрт. Апхуэдэу и къуэр имыгъэпсэлъэн щхьэкIэ Дыщэнэху зэфIэкIыу иIэр зыт: езыр Iэмал зэриIэкIэ нэхъ щабэу Мэшыкъуэ епсэлъэнырт. Ауэ абыикI къикI щыIэтэкъым. ИтIани нартыхугум и Iуэхур къыщыгурыIуэм лъаIуэу щIидзащ: «Дыхуейкъым мыбы, си щIалэ, мыр хьэрэмщ, дэшыж», – жиIэу. АрщхьэкIэ модрейр аргуэру къыжьэхэлъащ, куэдщ жыпIар, укъызэплъу ущымыту мыр дыгъэунэщI, жиIэри.

– Хьэуэ, си тIасэ, ухуейкъым мыбы, сэ къызэдаIуэ, уи адэм игъащIэм имейуэ чымпэ къиштакъым, – кърыгъэжьат аргуэру Дыщэнэху. Ауэ мыдрейм Iэпиудащ:

– Сыту куэд жыпIэрэ нышхьэбэ, си адэм игъащIэм ищIам сыт хузиIуэху сэ! Уи адэ уагъэлъагъунмэ, уэлэхьи, мыбы и лъэужьым зыгуэр крикIуэмэ. ИIэ, унэщI.

Дыщэнэху гур иунэщIын хуей хъуащ. Апхуэдэу иужькIи зэ къыдыхьэжащ Мэшыкъуэ, аргуэруи зэ... Гъатхэр къыщыблагъэм нартыхур ягъэлъалъэри Аслъэнбэчымрэ абырэ машинэкIэ ирашэжьащ. Махуэ зыбгъупщIкIэ къэтри къигъэзэжащ ахъшэ Iэтэ иIыгъыу. Абы щыщIэдзауэ ахъшэ нэхъыбэ зэгъэпэщыным фIэкIа нэгъуэщI мы дунейм кърыдзэ темыт хъуащ Мэшыкъуэ. Гур хыфIидзэжри шоферу машинэ итIысхьащ, унэшхуэ щIэуэ ищIащ, фыз къишащ. ЯпэщIыкIэ мотоцикл, итIанэ «Победа» машинэ къищэхуащ. Колхозыр хыфIидзэжыпэри заготовителу ежьэжащ.

И нысэри Iейуэ къыхущыттэкъым Дыщэнэху, къуэрылъху цIыкIуитI яIэ хъуати, ари и гурыфIыгъуэт. И шхынкIи щитIэгъэнкIи зыхуей игъуэтырт. Ауэ сыт имыщIэми пэлъэщыркъым Мэшыкъуэ и гурбияныгъэмрэ мылъкукIэ ар егъэлеяуэ зэрынэпсеймрэ. Сыт имыщIэми къыхуэгъуэтыркъым ТIэмашэ хэлъа хьэл-щэнхэм и къуэм пщIэ зэрыхуригъэщIын Iэмал.

Зэгуэрым Мэшыкъуэ и фызри дэмысу, и анэри къуажапщэмкIэ хьэдагъэ щыIати, шхын мыхьэзыру къыдыхьэжащ. Унэм зыщиху-щыхьри, зыри щимыгъуэтым, шыгъуэгум ихьащ. Плъэмэ, Дыщэ-нэху Iуащхьэжь щыгум тест, и Iэр и жьэгъум щIигъэкъуауэ псы-хъуэм дэплъэу. Мэшыкъуэ къэгубжьауэ абы дэжеящ.

– Уа, унэм зыри щIэскъым, дзэкъэгъуи щIэлъкъым. Уэ Iуащхьэм утетIысхьэжауэ утесщ. Хэт и мэлу пIэрэ бгъэхъур, мыпхуэдизрэ мыбдеж утемысынкIэ Iэмал имыIэу!

– Иджыпсту сыпщэфIэнщ, тIасэ, накIуэ нэкIуэж, – хуэмурэ жиIащ Дыщэнэху. – Уи адэр сигу къихьати сыкъэкIуащ. Мыпхуэ-дэ пщыхьэщхьэу уи адэр зэи шхэну тIысыртэкъым Iуащхьэжьым къэмыкIуауэ.

АрщхьэкIэ Мэшыкъуэ и гукъуэпс гуэри жьэхэуакъым анэм жиIар. Уеблэмэ, нэхъри къигъэгубжьащ абы:

– Дэ нэхърэ нэхъ хущIыхьэу щытагъэнущ ар. Куэдщ мыбы укъызэрыкIуар иджы. Делэ хъуащ къытхужебгъэIэным унэсащ. Гъэ-ми щIыми пIийуэ утесщ мыбдеж.

Шэуэ къытехуащ а псалъэхэр Дыщэнэху. ЖиIэнур къыхудэ-мышеижу зыкъомри щытащ. Къэгубжьынут, и къуэм ешхыдэнут, арщхьэкIэ дунейр бзэ IэфIу зыхьа цIыхубзым апхуэдэ лъэкIыныгъэ иIэу къыщIэкIынутэкъым.

– Апхуэдэу жумыIэ, си щIалэ, – лъэIуащ ар, – гуэныхь къыу-мыхь. Зауэм хэкIуэдар шэхьидщ, жи.

Мэшыкъуэ шыгур хыфIидзэжу колхозым пыкIыну яужь щихьам щыгъуи пэлъэщакъым и къуэм Дыщэнэху.



– КхъыIэ, мы шитIыр умыутIыпщ, ахэр пщIантIэм дэту слъагъу-мэ, уи адэр къыдыхьэжа къысфIощI. Къуажэми уахэмыкI. Укъэзылъ-хуахэм мэкъумэш ящIэу дунейр яхьащ. Мэшыкъуэ къыщIыпфIищари арат уи адэм, бэв натIэ хъунщ, жери, – апхуэдэу еубзэу жэщ хъуху и къуэм кIэрыса щхьэкIэ, зыри къыпихакъым, псалъэ дыдж мыхъу-мэ. «Абыхэм щыгугъырти аращ жылэм лъэщIэмыхьэу дунейр щIихьари», – жиIэри къещащ апхуэдэ цIэ къыщIыфIащауэ щытам щхьэкIэ. Пэж жыпIэмэ, Мэшыкъуэ и цIэр куэд щIауэ зэрипэсыжыр-тэкъым, нэхъыбэр къызэреджэр Мишэт, езым нэхъ къищтэри арат.

Ауэ псом хуэмыдэу Дыщэнэху сыт игу къеуар жыпIэмэ, ар унэм и гупэм деж щыта щиху жыгыжьищырт. Ахэр ТIэмашэ хисат Мэ-шыкъуэ къыщалъхуа махуэм «унэм исым ди зырызщ» жиIэри.

Щихухэр иджы лъагэ хъужауэ уэрам псом щхьэщытт, дэнэкIэ укъиплъами занщIэу къэплъагъуу. МащIэрэ ябгъэдэта абыхэм Ды-щэнэху я щIыфэ пхъашэхэм гуапэу Iэ дилъэу. МащIэрэ и къуэм хуиIуэтэжат щихухэр ТIэмашэ зэрыхисам и хъыбар. Ауэ адрей псо-ми хуэдэу, а хъыбарри Мэшыкъуэ и зы тхьэкIумэм ихьэри адреймкIэ икIыжат.

Къуажэм дэтым къахэщу унэ имыщIу мыхъуну жиIэу Мэшыкъуэ абы щыпыхьам, щихухэр иупщIыкIын хуейуэ иукъуэдиящ. Дыщэ-нэху гъащ, бжащ, «Мис мыпхуэдэу гъэув уи унэр, си тIасэ», – жиIэри щихухэр зыкIи зэран зэрымыхъунур къригъэлъэгъуащ.

– Хьэуэ, – идакъым Мэшыкъуэ, – и гупэр езмыгъэзыхыу хъу-нукъым. А зэрыжыпIэм хуэдэу хэптIэмэ, Аслъэнбэч и унэм ещхь хъунущ. Сэ абы нэхърэ нэхъ ину сщIын си гугъэщ.

– Ягъэ кIынкъым, си тIасэ, Аслъэнбэч и унэм ещхьми. Унэ гу-

пэр ирагъэзых хабзэкъым, фIыкъым, жаIэ. ДыгъэщI сэ жыхуэсIэм хуэдэу, – мэлъаIуэ фызыжьыр. АрщхьэкIэ и къуэм джыдэр къищтауэ жыгхэм ябгъэдэтщ. Дыщэнэху макIуэри щихухэм яхоувэ, лIитI зэзауэм яку дыхьа цIыхубзым хуэдэу.

– Жыгхэр уи адэ и фэеплъщ. Хэт ищIэрэ, алыхьым Iэмыр ищIарэ, уи адэм къигъэзэж хъумэ, гуфIэнщ илъагъумэ, алыхьым щхьэкIэ уемыIусэ, – мэлъаIуэ аргуэру Дыщэнэху.

Мэшыкъуэ зы дакъикъэкIэ щытащ, ищIэнур фIыуэ ищIэж пэтми, Iэнкун къэхъужауэ. Сыт щыгъуи хуэдэу бзэ дыджу мэхъущIэ, и адэм щхьэкIэ анэм жиIэхэр фIэауану. ИтIанэ и анэм и блыпкъыр еубыд, къыIуегъэкIуэтри джыдэр жыгым и лыпцIэ щабэм хеупцIэ...

ТхьэмахуитIкIэ и лъэр къыщIэмыувэжу пIэм хэлъащ абы иужькIэ Дыщэнэху.

Я унэр, пэжу, ин, дахэ, тынш хъуат. Ауэ зи и гур щигъэтIылъыртэкъым абы Дыщэнэху. Иджы пщIантIэм зыри дэтыжтэкъым абы и псэр зыгъэгуфIэу щытахэм ящыщу. Iуащхьэжь закъуэрт къэнар. Фызыжьым сыткIэ ищIэнт къуэм абыикI мурад гуэрхэр хуиIэу.

Iуащхьэжьым и лъапэ мыдэкIэ щыгум къытехьам деж зыми имейуэ щIы дурэш цIыкIу къыдэнауэ екIуэкIырт куэд щIауэ. Мэшыкъуэ и бжыхь, бжьэпэ нэз дыдэмкIэ ирикIуэу щытар, Iуащхьэжьым щхьэдидзыхри езы Iуащхьэри а щIы хъурей тIэкIури къиубыду хадэр къихъуреихьащ. «Алыхьыр узогъэлъэIу, мыпхуэдэу умыщI», – жиIэу и анэр аргуэру къыпэува щхьэкIэ, зыри къикIакъым.

Зэгуэрым и дэлъхум и деж зы тхьэмахуэкIэ щыхьэщIауэ Дыщэнэху къигъэзэжат. Унэм щIыхьэжа щхьэкIэ, щIэмызагъэу шыгъуэгумкIэ дыхьащ. Ар хуэмурэ хадапхэмкIэ кIуэрт, иджыпсту еуэкIыпIэм деж щыт кхъужьей жыг щхьэ баринэм зэрыблэкIыу Iуащхьэжьым и джабэр къызэрилъагъунум егупсысу. Жыг щхьэ баринэри къызэринэкIат, нэхъ жыжьэ дыдэу хадэм ит пхъэгулъейри щIыбагъымкIэ къэнат. Ауэ Iуащхьэм и сурэтыр, зи, нэм къыIуидзэртэкъым. Ар зыхуихьынур имыщIэу, игури щтэIэщтаблэ хъуауэ адэкIэ хуэмурэ кIуэрт Дыщэнэху. «Си нэхэр набгъэ дыдэ хъуауэ Iуащхьэжьыр сымылъагъужу арауэ пIэрэ?» – жиIэуи къэгузэващ, зы лъэбакъуэм адрей лъэбакъуэр ерагъыу пигъэувэу кIуатэурэ бжьэпэ дыдэм нэсащ. ПщIыхьэпIэ жагъуэу мыхъумэ нэгъуэщIу къыфIэщIакъым абдеж щилъэгъуар Дыщэнэху. Iуащхьэжьыр, дунейр къызэриухуэрэ абдеж щыт Iуащхьэжьыр... бзэхат. Абы и пIэкIэ бжьэпэ псом щикъухьат иджы къатIагъащIэу щIы цIынэ, адэкIэ-мыдэкIэ бел лъэщ гуэр, я джабэхэм епIэстхъауэ кхъэ мывэ жыхуаIэм хуэдэ мывэ фэрэкI напэхэр щыплъагъурт, къупщхьэ къутахуэ гуэрхэри зыгуэрым Iэтэ цIыкIуу зэхуидзысауэ щылът, гъуабжэ дыдэ хъуа, ауэ итIани зи дзэхэр иджыри хэплъагъукI зы щхьэ къупщхьэ зэпэгъуани яхэлъу. АдэIуэкIэ, лэжьыгъэр зэриухам и щыхьэту, и пэм пыт вабдзэ иныр иридзыхыжауэ зы бульдозер абрагъуэ къыщытт...

Къэхъуар къыгурыIуащ Дыщэнэху. Ауэ а псори и акъыл итIысхьэным и пэкIэ фызыжьым и гур къилъэтри, и лъэхэр щIэщIащ, и нэхэр щыункIыфIыкIри, уафэ хъурейри, мыбдеж игъащIэм щыта Iуащхьэжьри, ар щIым щыщ зыщIыжа бульдозерри и гущIыIум къытеублэрэкIащ...

Деур, сэдэкъэ сытхэр зэрыхуэфащэкIэ ищIщ, и анэм сын хуигъэувыжри къуэм и къалэныр тэмэму игъэзэщIауэ къилъытэжу Мэшыкъуэ и Iуэху иужь ихьэжащ.

Иджы Iуащхьэжьыр здэщыта дыдэм деж нэпкъым къелъэным хуэдэу унэщIэ абрагъуэ тетщ. Унэм и лъабжьэр гаражрэ подвалрэщ. Псыхъуэ лъэгумкIэ къех гъуэгумкIэ унэм укъыщекIуалIэмэ, нэпкъым укъыдэкIыу гугъу зумыгъэхьу занщIэу гаражым ущIыхьэ, ухуеймэ, унэм и лъабжьэмкIэ укъыщIэкIыу асфальткIэ къищIыкIа пщIантIэшхуэм машинэмкIэ укъыдэлъадэ мэхъу. Нэхъапэм ищIауэ щыта унэр щIы тIэкIу и гъусэу лъапIэу зыгуэрым ирищащ Мэшыкъуэ. Мыдрейр адэ пощт гъуэгум утету е псым адэкIэ щыс къуажэм удэту укъэплъами уолъагъу. Ауэ сэ абыкIэ сыблэкIыхукIэ е псыхъуэжьыр си нэгу къыщIэзгъэхьэхукIэ къысфIощI Iуащхьэжьыр иджыри абдеж щыту, IэлъэщI фIыцIэкIэ зи щхьэр фIэпхыкIа фызри абы дэкIуеяуэ, псым и хъущIэ макъым щIэдэIуурэ хьэлъэу зыгуэрым егупсысу, иджыри тесу. Арауэ къыщIэкIынщ мы тхыгъэр къыщезгъажьэм «Дунейр къызэриухуэрэ щытщ абдеж Iуащхьэжьыр» жысIа мыхъумэ, а псори иджыри япэм хуэдэу екIуэкIыу вжесIа мыхъумэ, нэгъуэщIу щIысхуэмытхар.





*УсакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ илъэс 65-рэ ирокъу*



# ПШЫНАЛЪЭ ГУАПЭ



Адыгэ лъэпкъым и мащIэкъым литературэр зэфIэзыгъэува, зезыгъэужьа, хэлъхьэныгъэ инхэр хуэзыщIа тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ. Абыхэм ящыщу а къалэн мытыншыр зи пщэ къыдэхуа бзылъхугъэ тхакIуэ, усакIуэхэр зэрыхъур зыбжанэ къудейщ, арщ абыхэм я Iэужьхэр лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэ хэхауэ къыщIэлъытапхъэри. Апхуэдэщ, псалъэм папщIэ, Балъкъэр Фоусэт, ХьэIупщы Лолэ, Къуныжь ХьэIишэт, Бэлагъы Любэ, Къаныкъуэ Заринэ, Аброкъуэ Беллэ сымэ. Абыхэм ящыщщ мы тхыгъэ кIэщIыр зытеухуа, адыгэ литературэм зи псалъэ щIэщыгъуэ щыжызыIа усакIуэ, публицист, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Зэгъэщтокъуэ Людэ.

Зэгъэщтокъуэр усыгъэм и лъагъуэм зэрымыщIэкIэ къытехутакъым, атIэ «лIэужьыр бжьиблкIэ мауэ» жыхуаIэращи, усэныр и лъым хэлъу дунейм къытехьауэ къыщIэплъытэн щхьэусыгъуэ щыIэщ – Людэ и анэшхуэ КIуащ Мымэтрэ адыгэм ди усакIуэшхуэ КIуащ БетIалрэ зэкъуэшитIым я бынти, зыгуэрхэр зэхилъхьэну яужь ит хъыджэбз цIыкIум БетIал и фэ ираплъырт, «мыри абы ещхь хъуну пIэрэ?» жаIэу. Арат езы Мымэти: «Ди Лузэ (анэшхуэр Людэ къызэреджэр арат) БетIал ещхьу усакIуэ мыхъуну си фIэщ хъуркъым», – щIыжиIар. Ещхь хъуакъым, атIэ, зи хъэтIрэ зи дуней еплъыкIэрэ зиIэж усакIуэ къыхэкIащ. Дэтхэнэ усакIуэ нэсми и дежкIэ нэхъыщхьэр игу илъымрэ и псалъэмрэ зэтехуэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, Людэ и усыгъэм фэрыщIыгъэ, гупсысэ дыкъуакъуэ, гуитIщхьитIыгъэ хэплъагъуэркъым.

Зэгъэщтокъуэм и творческэ гъуэгуанэм сабий дыдэу къыщIидзащ.

ЕплIанэ классым хэсу арат Арщыдан къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и утыкум кърашэу и япэ усэм къыщрагъэджам. Усэр хуэгъэзат а къуажэм щызэхэт колхозым и унафэщI, иужькIэ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь цIэр зыфIаща Тэрчокъуэ Къамболэт. А цIэ лъапIэр Тэрчокъуэм къыфIащыным илъэс иIэжу, тхьэгурымагъуэми ярейуэ, Зэгъэштокъуэр езым зэхилъхьа усэм къеджэрт: «Вагъуэр цIууэ и бгъэм къыхаIунщ Тэрчокъуэм», – жиIэу.

Илъэс пщыкIублым хыхьа къудейуэ унагъуэ ихьэу къалэн куэд и пщэ къыдэхуами, лэжьыгъэ IэнатIэ зэхуэмыдэхэр ирихьэкIын хуей хъуами, Людэ усыгъэр зэи IэщIыб ищIакъым. 1987 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ абы и «Гухэлъ псалъэ» япэ усэ тхылъыр. Сборникым ихуа усэхэм щызэхэуухуэнащ гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIэзыубыдэ гупсысэхэр. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIащ Хэкум, анэм, пэжыгъэм, дахагъэм, зауэм, мамырыгъэм.

Зэгъэштокъуэ Людэ усакIуэпсэкIэ кууэ зыхещIэ псалъэм и къарур:

*Сопсэу*
*Сыхуиту си гуи си щхьи,*
*Зыщ фIыгъуэу сиIэр –*
*Псалъэ хейщ.*
*…СыкъимыкIуэту хэт и пащхьи*
*ЩыжызоIэф*
*Сэ сызыхуейр!*
**(«Сопсэу сыхуиту си гуи си щхьи…»)**



АдэкIэ усэм къеIуатэ усакIуэр «ер зигу илъхэм» ерыщу зэрапэщIэтыр. ГъэщIэгъуэнщ «псалъэ хейр зи Iэщэ» адыгэ бзылъхугъэм цIыхугъэмрэ захуагъэмрэ къызэрыщхьэщыжын лIыгъэ къызэрыкъуэкIыр.

«Гухэлъ псалъэ» тхылъым щIыпIэшхуэ щаубыд анэмрэ бзылъхугъэм и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ тегъэпсыхьа усэхэм. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуащ анэм и гущабагъыр, бын лъагъуныгъэм и гуащIагъыр, анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэр. «Анэ хъуну хуейщ цIыхубзыр» усэр хуэгъэпсащ бзылъхугъэм дунеягъэм къалэн нэхъыщхьэу щиIэм – анэ хъуным. Усэм художественнэ Iэзагъ хэлъу щызэпэщIэгъэуващ анэ хъуну бзылъхугъэм игъэв гугъуехьымрэ игъуэт щIэблэм кърит гухэхъуэмрэ, абы щыгъуэми «дыгъэ къепсу» и нэгу щIэт сабийм анэм зыхригъащIэ гуфIэгъуэр нэхъ лъэщу къыщIокI.

«Анэм и гупсысэ» усэр ди зэманым пэджэжу, анэхэр нобэкIэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр къыхэщу гъэпсащ. Абы къеIуатэ цIыхум къигъэIэрыхуэ IэщIагъэ, къигъэщI хьэпшып псори фIым хуэунэтIауэ зэрыщымытыр, я нэхъыбэми насыпыншагъэ къызэрашэр. Iей къэзышэ Iуэхугъуэхэр цIыхухэм щIалэжьыр къызыгурымыIуэ анэр щIоупщIэ:

*Сыт щхьэкIэ цIыхум къигупсысыт*
*Нейтроннэ бомбэ угъурсызыр?*
*Сыт щхьэкIэ я Iэм IэщIэухьэт,*
*Сыт щхьэкIэ я мэсхьэбым ихьэт*
*А угъурсызыр*
*Зигу мыузхэм?*
**(«Анэм и гупсысэ»)**

Анэр сыт хуэдэ мыхъумыщIагъэми псэкIэ пэщIэтщ икIи зауэр зи нэрыгъхэм я бийуэ мэув: *«ЗауэшIэ щIэкъухэ, ныфхуэддэнкъым / Фэ дуней псом джэбын ефшэкIыу»*, – жеIэ абы.

Зэгъэштокъуэм и япэ усэ тхылъым щIыпIэ хэха шаубыд зауэмрэ мамырыгъэмрэ («Хэкум ипхъу», «Фэбжь», «Псымрэ нэпсымрэ»), гъащIэмрэ лъагъуныгъэмрэ («Налкъут щыгъэ», «Лъагъуныгъэм и къапхъэным…», «Жэщыр ди щыхьэтщ», «Си насыпыр уэращ», «Сыпщыгугъами…», «Уи сурэтымрэ сэрэ», «Гупсысэ», «Жэуап») ятеухуа усэхэм. УсакIуэм и художественнэ Iэзагъым и гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэщ бзэм и Iэмал зэхуэмыдэхэмрэ рифмэ лIэужьыгъуэхэмрэ IэкIуэлъакIуэу къызэригъэсэбэпыр. Псалъэм папщIэ, Зэгъэштокъуэм и усыгъэм дыщрохьэлIэ IуэрыIуатэм и усэ гъэпсыкIэм:

*Жэщыр ди щыхьэт**щ**,*
***Щ**ыму дэ дыщыт<u>щ</u>,*
*<u>Щ</u>эхуу ди гурыщIэхэр зэрошIэ.*
**(«Жэщыр ди щыхьэтщ…»)**

УсакIуэм нэхъыбэрэ къигъэсэбэпхэм ящыщщ эпитетымрэ метафорэмрэ: «лъагъуныгъэм и къапхъэн», «гъащIэм и шхуэIу», «удзхэм макъамэ иракъухь», н.

Зэгъэштокъуэ Людэ «Мывэми нур къыпех» зыфIища и етIуанэ тхылъыр 1999 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ. Япэрей тхылъым ит усэхэмрэ етIуанэм ихуахэмрэ зэбгъапщэмэ, иужьрейр щыхьэт тохъуэ усакIуэм и Iэзагъым хигъахъуэ, и къэухым зригъэубгъу зэпыту зэрекIуэкIым.

ЕтIуанэ тхылъым Зэгъэштокъуэм и лирикэм нэхъ зыщиужьащ. Апхуэдэу усэхэм гупсысэ куу ящIэлъщ, ущие мыхьэнэ яIэщ. Псалъэм папщIэ, «ГъащIэ, сынолъэIур, къысхэлъхьэф…» усэм и лирикэ лIыхъужьыр щIохъуэпс «ерууагъэм текIуэфын къару», «хьилагъэм пэувын Iущагъ», «иригушхуэу зэрихьэфын къабзагъ», «цIыхубэм дигуэшын IэфIагъ» иIэным, ахэр къритынуи гъащIэм йолъэIу.

УсакIуэм и псэ къабзагъэм и зы нэщэнэщ щхьэхуещэхэм, фэрыщIхэм, Iужажэхэм, пцIыупсхэм, бзаджэнаджэхэм зэрызащидзейр. Аращ абы мыпхуэдэу Ухыгъэм зыщIыхуигъазэр:

*УхуэзэнкIэ хъунущ бзаджэ,*
*ПцIы иупсым фIэфIу цIыху,*
*Ауэ, ди Тхьэ, бзаджэнаджэ*
*ЩIы спэIэщIэ сыпсэуху.*
**(«УхуэзэнкIэ хъунущ бзаджэ…»)**

«Мывэми нур къыпех» тхылъым щIыпIэ нэхъ ин дыдэ щызыубыдхэм ящыщщ гухэлъ усэхэр: «Сыхьэзырщ», «Сыкъыумыгъанэ си закъуэ», «Си гур мафIэм къебгъэлынум…», «Дывгъэхъумэ», «Сынофыгъуэркъым», «Уи гухэлъым зихъуэжами…», «СыкъыумыщIэу», «УмыгъэпщкIу», н. Ахэр лирикэ макъамэ дахэрэ ритмикэ шэщIакIэ узэдащ. Зэгъэштокъуэм и лъагъуныгъэ усэхэм куэдрэ ущрохьэлIэ и щхьэгъусэм хуэгъэзахэм: «Щхьэгъусэм деж», «Уэрыншауэ», «ЩызэбгъэдэкIыр пситIыр», «СиIэжкъым сэ уи лъагъуныгъэр…», н. Гухэлъым и мызакъуэу, абыхэм наIуэу къапкърощ цIыхугъэ лъагэр, гуапагъэр, пэжыгъэр, дахагъэр – цIыху гъащIэм и мыхьэнэр.

2010 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапӀэм къыщыдэкӀащ Зэгъэштокъуэм и «Сыдоуэршэр си анэм» ещанэ усэ тхылъыр. Усэу 100-м щӀигъу, зы поэмэрэ зы эссерэ зэрыт а тхылъым Людэ и дуней еплъыкӀэмрэ и гукъеуэхэмрэ, и хъуэпсапӀэхэмрэ и гущӀагъщӀэлъхэмрэ, дахагъэ нэсыр зищӀысымрэ ар зэрыхъумэн хуеймрэ, нэгъуэщӀ куэди къыщыӀуэтащ. «Мамэ», «Анэпсэм къумыр къелъэтыхь», «Удын гъуэшэр мэгъущри…», «Си унагъуэр – Къэбэрдейрщ», «Гугъэ», «Дэ афияным дрибийщ», «Апхуэдэщ гъащӀэр», «Гъуазджэм и цӀыху», «Удз гъэгъа» усэхэм, «Зауэм и джэрпэджэж» поэмэм, «Жыг закъуэ» эссем я фӀэщыгъэхэми къызэрыбжаӀэщи, усакӀуэм цӀыхупсэр зыгъэпӀейтей Ӏуэхугъуэхэр щызэпкърех:

*Сыдоуэршэр щӀэх-щӀэхыурэ си анэм,*
*Къэхъуа-къэщӀахэм ар щыгъуазэ сощӀ,*
*ИтӀани схъумэм сфӀэфӀщи и гур анэм,*
*Ӏуэху мыфэмыцхэр къохъур щыщызбзыщӀ.*
**(«Сыдоуэршэр си анэм»)**

Щхьэхуэу къытеувыӀэпхъэщ Зэгъэштокъуэм и псалъэхэр зыщӀэлъ уэрэдхэм: «Дэнэ укъикӀа?», «Лъагъуныгъэр уи гум къэгъэкӀыж», «Си анэ», «ЗикӀ укъыкъуэмыкӀ», «Умылъэтэж», «Урейщ нэгъуэщӀым», «УзгъэфӀэнкӀэ сэ семыш», н. Ахэр ди уэрэджыӀакӀуэ цӀэрыӀуэхэу Сокъур Ольгэ, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Мэстафэ Эммэ, Даур Иринэ, Лий Аслъэн сымэ, нэгъуэщӀхэми ягъэзащӀэ. Псом хуэмыдэжу цӀэрыӀуэ хъуащ, ди уэрэджыӀакӀуэ ныбжьыщӀэхэм къагъэщӀэрэщӀэжауэноби жаӀэ «Си анэ» уэрэдыр.



*Зэхызох сэ жаӀэу:*
*«Анэ дыщэ».*
*УзыпэсщӀыр*
*Дыщэр армыра,*
*УзыпэсщӀыр*
*ГъащӀэуэ ӀэфӀыщэрщ,*
*ГъащӀэм и къежьапӀэри*
*Уэращ.*

Зэгъэштокъуэ Людэ литературэм щиӀэ зэфӀэкӀхэм ящыщщ ар зэдзэкӀын Ӏуэхум зэрыхуэӀэрыхуэр. Агуей Розэ урысыбзэкӀэ итха «ЩыхупӀэ» пьесэр зэридзэкӀри, абы къытращӀыкӀа спектаклыр ЩоджэнцӀыкӀу Алий и цӀэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым 1998 гъэм щагъэуваеуэ щытащ.

Зэгъэштокъуэр икӀи публицистщ. Абы и тхыгъэ купщӀафӀэхэр щӀэх-щӀэхыурэ къытохуэ «Адыгэ псалъэ», «Баксанский вестник» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым, нэгъуэщӀхэми. Унагъуэ зэрихьэ лъандэрэ и псэм хэпщӀауэ фӀыуэ илъагъу Къэсейхьэблэ къуажэм и тхыдэм, абы къыдэкӀа цӀыху цӀэрыӀуэхэм, жылэм и цӀэр ноби фӀыкӀэ зыгъэӀухэм ятеухуа тхыгъэхэр щызэхуэхьэсауэ 2004 гъэм «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапӀэм» къыщыдэкӀащ Зэгъэштокъуэм «Си къуажэмрэ си къуажэгъухэмрэ» зыфӀища и тхылъыр.

Зэгъэштокъуэ Людэ и гъащӀэмкӀи и тхыгъэхэмкӀи щыпкъагъэкӀэ узэда щыхъу ныбжьым хыхьащи, и зэфӀэкӀым дяпэкӀи хэхъуэну ди гуапэщ.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ** *Людмилэ,*
*филологие щӀэныгъэхэм я кандидат*

*Усэхэр* ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ

## СИ ГЪУЭГУАНЭ ГЪУСЭХЭР

Сытоувэ гъуэгуанэ,
ДыщIызогъу хьэлу Iыхьэм
Си щIыналъэ IэмыщIэ.

Сытоувэ гъуэгуанэ,
Изошажьэ си гъусэу
Сэ си Хэку и пшыналъэ.

Сытоувэ гъуэгуанэ,
Анэ Iущым и псалъэр
Сщымыгъупщэу гум илъу.

Сытоувэ гъуэгуанэ,
Адэ хъыжьэм и лIыгъэр
Гум и лъынтхуэм пыщIауэ.

## СЫДОУЭРШЭР СИ АНЭМ

Сыдоуэршэр щIэх-щIэхыурэ си анэм,
Къэхъуа-къэщIахэм ар щыгъуазэ сощI,
ИтIани схъумэм сфIэфIщи и гур анэм,
Iуэху мыфэмыцхэр къохъур щыцызбзыщI.

Зехъуэж ди гъащIэм, ягъэфIар зэгуэрым
Иджы яубыр иралъхьау убалъэм,
НэхъыфI ящIыну жаIэми ди гъащIэр,
ЦIыху цIыкIухэм щIощIэр махуэ къэскIэ я лъэр.

Къэралри ягуэшыжри тIэкIу-тIэкIуу,
КъагъэщIыр «парт» зэмыщхьу куэдыкIей...
Мы зэрызехьэм напэр зыфIэкIуэду,
Куэд мэхъу я бжыгъэр хъуахэм цIыху щIыкIей.

Псом нэхъ Iеижыр къуэш зэрыукIыжырщ,
ГъэпщкIуауэ Iэщэр цIыхухэм зэраIыгъырщ.
Ди бийр здэщыIэр зыми зэрыдмыщIэрщ,
Псэ хейр мафIаем гуIэу зэрыхисхьэрщ.

Сыдоуэршэр жэщ къэскӀэ сэ си анэм,
Къэхъуа-къэщӀахэм ар щыгъуазэ сощӀ,
ИтӀани схъумэм сфӀэфӀщи и гур анэм,
Сызыгъэдзыхэр къохъур щыщызбзыщӀ.

## СИ АНЭ

Зэхызохыр жаӀэу:
«Анэ дыщэ».
УзыпэсщӀыр дыщэр армыра.
УзыпэсщӀыр
ГъащӀэуэ ӀэфӀыщэрщ,
Си псэм и къежьапӀэри уэращ.
Сэ сыхъуауэ щытми анэ,
Сянэ,
Ноби сфӀощӀ
Гущэкъу уэрэд къысхуипш.
Къысхэплъхьари гъащӀэ лъагъуныгъэу,
ЗэрыслъэкӀкӀэ
Дунейм щызогуэш.
ГъащӀэ гъуэгум уриакъыл бжьыфӀэщ,
Ди щӀы иным хуэдэу
УбыныфӀэщ.
«Анэ» псалъэ гуапэу
Уи цӀэ закъуэм,
СфӀощӀыр
Дунеишхуэм зыщӀигъакъуэу.
Сэ уи нэкӀу зэлъахэм
СодэхащӀэ,
Уи щхьэц тхъуахэм
Щхьэщэ яхузощӀ.
Сянэ, къурехъулӀэ уи гуращэр,
УтетыхукӀэ мы дуней дахащэм.



## НАСЫП ЩХЬЭЦ

Зэгуэрым гъуджэм сыбгъэдэту,
Си щхьэцыр хуэмурэ езжьыхт.
Сеплъат, бынхэм гу зылъезмыгъатэу,
Си натӀэр зэрыхъуам лэдэх.

Си щхьэцыр хуэмурэ здезжьыхым,
Зы налъэ тхъуа къыхэлъэтащ.
Сынэщхъеяуэ сыздеплъыхым,
Си къуэ къызэплъым гу лъыстащ.

КъыпогуфӀыкӀ си щӀалэр мащӀэу,
КъызжеӀэр, фӀэфӀу си фӀэщ хъуну:
— Ар Ӏей-тӀэ, мамэ, уи щхьэц тхъуну?
Абы нэхъ дахэ куэдкӀэ уещӀ.

Къыщытт щхьэгъусэри гъунэгъууи,
КъызэӀущащэу сигу фӀы схуещӀ:
— Ар насып щхьэцщ, си дахэ, ахъумэ,
Уэ жьы ухъуным Ӏэджи хуейщ...

Си насып щхьэцым сеӀусэжри,
Си нэкӀущхьитӀыр зэщӀэплъащ.
Аргуэру гъуджэм зэ сиплъэжри,
Бынунэм гуапэу сахэплъащ.

## МЫВЭМИ НУР КЪЫПЕХ

Мы дуней нэхур сщохъур кӀыфӀ,
Сэ анэ гъыуэ слъагъумэ,
Лей лъигъэсауэ зы цӀыхуфӀ,
ЩыгуфӀэм деж жагъуэгъур.

Мы дуней нэхур сщохъур кӀыфӀ,
Сабийр гуӀэжу слъагъумэ,
ЖрамыӀэфу псалъэ ӀэфӀ,
Жьы хъуам ящӀам и жагъуэ.

Мы дуней нэхур сщохъур кӀыфӀ,
ЦӀыхуитӀ зэфӀэнэу слъагъумэ,
Слъэгъуам жьэгу мафӀэр зыгъэункӀыфӀ,
Игъэсу хей унагъуэ.

Мы дуней нэхур сщохъур кӀыфӀ,
Сэ фоч уэ макъ зэхэсхмэ...
Ауэ щыжаӀэм уэрэдыфӀ,
Мывэми нур къыпехыр.

## ГУХЭЛЪ МАКЪАМЭ

ЦIыху лъагъуныгъэм ныбжь имыIэ,
ЦIыху лъагъуныгъэр псэм хэпщIащ,
Мы дунеишхуэм, ар уимыIэм,
IэфIыгъэу хэлъыр щэщэжащ.

Ирегъэмахуэ, ирещIымахуэ, —
Уэ узигъусэм дуней псом
ЗысхуеузэщIри, мэхъу Iумахуэ,
Зи фIыщIэр псори ар уэращ.

Сэ узолъагъур фIыуэ, фIыщэу,
Гъэгъа Iэрамэу гур мэпщIыпщI.
Дуней насыпри къыстещащэу,
Гухэлъ макъамэр гум ешэщI.

## НАЛКЪУТ ЩЫГЪЭ

Си Iэпкълъэпкъ псомкIи зыхэсщIэу,
И нур мыухыу мазэщIэм,
Уи нэм къыщIэпсыр —
Гухэлъщ.
Ар налкъут щыгъэу
Зэхэлъщ.

ФэрыщIу умыубзэрабзэ,
И макъкIэ къурш псынэ къабзэм
Уэ къысхуэпIуатэр —
Гухэлъщ.
Ар налкъут щыгъэу
Зэхэлъщ.

Гъатхэ удзыщIэу щIэращIэу,
ГъащIэр щIэщыгъуэ къытхуищIу,
Дэ зэIэпытхыр —
Гухэлъщ.
Ар налкъут щыгъэу
Зэхэлъщ.

## АПХУЭДЭУ, КХЪЫIЭ, УКЪЭМЫФЭ

Мэубзэрабзэ пшынэм и бзэр,
ЙокIуэкI адыгэ хьэгъуэлIыгъуэр.

Идогъэжьэжыр нэчыхьытххэр,
НысащIэ цIыкIум и Iыхьлыхэр.
Нэчыхьытх щIалэм, къурш бгъэ пагэу,
Си пащхьэм иту къеуджыхь.
ИтIанэ хуэму, Iэдэб дыдэу,
Сыкъигъэфэну къыспекIухь.
Дыкъофэ тIури, Iэгуауэшхуэщ.
Зэм щIалэр мэхъур бланэ жэр,
Сыкъифыхьыну зэми хуожьэр,
Псалъэншэу къызэубзэу нэр...
Дэ дыкъыздэфэм, сымыщIэххэу,
Си пащхьэм зэуэ укъохутэ,
Щэху дыдэу жыпIэу зэхызохыр:
«Апхуэдэу, кхъыIэ, укъэмыфэ».
Сыкъофэ сэри си пIэм ситу,
Си лъакъуэм лъэкIкъым сыбблихын.
Сэ мы дакъикъэм си гум щыщIэр
НэгъуэщIым сыткIэ зыхищIэн?
Къыздэфэ щIалэр дэнэ щыIэ?
Iэгуауэм щыщи сымылъагъу.
Сиубыдащ техьэгъуэ щIыIэм:
УкъысхуэкIуа уэ лъагъунлъагъу?
ЗэбгрокIыжхэр цIыхухэр хуэму,
Уэри уожьэж зумыгъэгувэу.
Ауэ уи макъыр итщ тхьэкIумэм:
«Апхуэдэу, кхъыIэ, укъэмыфэ».

* * *

Ей, сигу,
Сыт пщIэншэу
ЗыщIебгъэхьыр гугъу,
Уэрэдыр къипшу?
Узэхихынукъым Абы...
Ар дэгущ,
Дэгущ уэркIэ,
Уи уэрэдкIэ.
Ей, сигу,
Ар къеджэфынукъым уи усэм...
Ар нэфщ,
Ар нэфщ уи дежкIэ,
Уи усэм дежкIэ.

Ей, сигу,
Иджыри уэ уешакъэ,
Къоджэнум уежьэурэ
Уешакъэ? —
Гугъу зумыгъэхь.
Ар бзагуэщ,
Бзагуэщ уэркIэ,
Уи цIэр жиIэнукъым Абы
Зэи.
Зэи
Уи цIэр жиIэнукъым Абы.

* * *

ЦIыхуу щыIэм уахъты диIэщ,
Сэ, итIани, согужьей,
КъыщысфIэщIкIэ сяпэ уищу
Убгынэн дунейр.

Псэм сыхуэпхъу сыбгъэфIэну,
Уэрмыра сызейр.
Уи Iуэхуф I сригушхуэну,
Сэркъым уэ узейр.

Ауэ, сщIэркъым, псэр гузавэу
УэркIэ мэпIейтей.
Жыжьэу щызгъэпщкIуа гухэлъыр
Усэм сфIещI сэтей.

Арагъэнщ мы гъащIэм хэлъыр:
УегуэкIуэн, хъуэпсэн,
Псэр зыхуеIэ гъуэбжэгъуэщым
Куэдрэ лъыхъуэн.

* * *

Ди хьэлырщ дэ цIыху псоми диIэр фащэу,
УиплъакIэ гъуджэм, ар умылъагъуж.
Ар щIыхуэу, хьэхуэу ятхэми щымыщу,
Мылэжьэж джанэу диIэщ дыпсэуху.
КъыпфIремыщI сэ щихъыу зыслъытэжу,
ЦIыху гъащIэр кууущи, ущыуэнкIи мэхъу,

Нэлат зэхыпхъэр псэурщи Iужажэу,
Уэсэпсми мылъкур, ар абы досэхъу.

* * *

Фыгъуэныр хьэл мыхъумыщIэхэм ящыщщ,
Хъуэпсэныр, — хуэмыкIуэжу щытмэ фыгъуэм, —
Нэхугъэ гуэрым ухуэзышэ фIыгъуэщ.
Хъуэпсэным къегъэщIыжыр зэхьэзэхуэр,
Узэхьэзэхуэмэ, Iуэхури йофIакIуэр,
Хьэрхуэрэгъу псоми фIыгъуэ къахудэкIуэу.
Бжьыпэр зыIыгъым фIыкIэ уэ ехъуапсэ,
Фыгъуэныр ауи уи гум къыумыгъэкI,
ЩIэкъузи уи бгыр, а уи хьэрхуэрэгъум
ТекIуэфи, бжьыпэр уэ къыIэщIэгъэкI.

* * *

Махуэ къэскIэ дунеижьым
ЩолIэр цIыхуу куэд.
Махуэ къэскIэ дунеижьым
Къыщалъхур цIыху куэд.
МэкIэрахъуэр дунеижьыр
Зэи мыхъуу жьы,
КъикIэрэхъуми и ныбжьыр
ЗыщIэу щыIэ зы?
Еш имыщIэу и шэрхъыжьым,
Зэм уэрэд къреш,
Зэми гущIэр пхрисыкIыу
Гъыбзэ макъыр хеш.
Ныбжь зимыIэ дунеижьым
Батэр ныщагъэш,
Гудзэ макъым хэшыпсыхьу,
Куэди щызэрош.
МэкIэрахъуэр дунеижьыр,
ЩIылъэр егъэзджыздж,
ФIыри Iейри зэрызехьэу,
Ярегъэщ Iыр удж.

## ГЪАЩIЭ

ГъащIэ, сыпхуэарэзыщ...
ГуфIэгъуи гуауи куэду къызэптащ,



5 Заказ №39

Псэ гузэвэгъуи Ӏэджэрэ сыхэбдзащ,
Сыджалэм сыкъэтэджыжу, адкӀэ гъуэгум
Пысщэну къару гуэри къысхэплъхьащ.
ГуфӀэгъуэ сиӀэм, ар къыздиӀэтыну
Ӏыхьлыи ныбжьэгъуфӀи схухэпхащ.
ГъащӀэ, уи ӀэфӀыр сыткӀэ сэ къэсщӀэнут,
Уэ уи дыджыпӀэм щыщ семыдзэкъам?
Сызэригъалъэу псэм зызэхуишами,
Уэ гугъэр дамэ схуэпщӀти зысӀэтыжт,
Лъагащэу уэгум сэ сыщемысами,
Псэр зыщӀэхъуэпсым сыхуеӀэни слъэкӀт.
Сыпхуэарэзыщ, си гъащӀэ, дунеижьым
И Ӏеи и фӀи уэ сыхэбгъэплъащ,
Губгъэн къэзмыхьу къызэпта си Ӏыхьэр
ЗэресхьэкӀыным сэ сыхущӀэкъуащ...
СлъэкӀами сщӀэркъым,
Зэманыращ судыщӀэр.

* * *

ГъащӀэ гъуэгур и кӀэм нэблэгъащ,
Си гъуэгуанэм нобэ сроплъэж:
Зэм ар гъатхэ жыгыу схуэгъэгъащ,
Зэм и жьапщэм тхьэмпэр илыгъуащ.

Къэхъуащ уэшхыпс щӀыӀэм сыщиуфэнщӀ,
Лыгъейм щӀыфэ хейри къыщилыпщӀ,
Ауэ, къыкъуэкӀыжти дыгъэ бзийр,
ШкӀащӀэ цӀыкӀум хуэдэу къызэбзейрт.

Сэ аргуэру си гъуэгуанэ скӀум,
Сыщыхэтт къыщызмыхьын емыкӀу,
Си лъэужьым тету нэгъуэщӀ гуэр
КӀуэмэ, къигуфӀыкӀт слъэмыкӀыу гур.

ГъащӀэ гъуэгур и кӀэм нэблэгъащ,
Си лъэс лъагъуэр сфӀощӀ нэхъ Ӏузэ хъуа,
Си гъуэгу напщӀэм зы удз цӀыкӀу гъэгъа
Тетмэ, гъащӀэр сэ къысхуэупсащ.

ШИНКУБЭ Бэгърат

# ЖЫЛАКIЭ

*Роман*



Къэсащ махуэкури. КIэгъэпшагъэу нэху къекIащ, бжьыхьэ уафэм пшэ фIыцIэ чэтхъахуэхэр щызэблоу. Уэлбанэ хъуныфэщ, уэшхым къыщIидзакъыми, гъуэгу сабэр къолъэлъ. Джэмхъэсархэм я мэл хъушэхэр бгым кърахужащ, мэлыр ди хьэсэбгъум къобгъэрыкIуэ. Убых плъырхэм я нэбдзыпэ зэтралъхьакъым ныжэбэ, фоч драгъэуейуэ жэщыр ирахащ. Джэмхъэсар мэлыхъуэхэми щIачакъым, плъырхэм зы шэкъым къытраунэщIар.

Пщэдджыжьым жьыуэ сынэсащ Iуащхьэм. Iуащхьэ щыгум тхуей жыг лъахъшэ тетщ – убыхыр Къарындж-Овасы деж къыщытIысам щыгъуэ хасат ар. И лъабжьэ зэрыхиубыда щыIэтэкъым, жыг никъуэгъут, пщIащэ цIырхъым ущызэкIэщIэплъырт. Жыг щIагъым бгъуэнщIагъ цIыкIу иращIыхьауэ, Бытхьэ и хэщIапIэр арат. Iуащхьэм сытеуващ, ауэ гъуаплъэ бжьамийр згъэджэн ескуркъым. «Си къарум къихьын ар, – жызоIэ сигукIэ, – абы хурикъун жьы ит си бгъэм?» ИтIани си пщэ дэлът ар – бжьамийр згъэджэн хуейт. Си Iупэм хуэсхьащ гъуаплъэ бжьамийр, сытемыгушхуащэурэ сопщэ. Бжьамийм и макъ Iуащ, мащIэ-мащIэурэ зыкъызэщIищIэри, макъым зиIэтащ. Дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ зызгъэзащ япэщIыкIэ, дыгъэ къухьэпIэмкIэ сшиящ бжьамийр итIанэ. ИщхъэрэкIи ипщэкIи щызгъэджащ бжьамийр. Жьыр бгъэм щыз сощI, кIуэ пэтми нэхъ къызэрокI бжьамийр, и макъыр жьым хокIуасэ. Бгы куэщIым щыджамэ, абы и макъым зэлъищIысынут къуакIи псыхъуи, химкIэ къикI жьыбгъэм ирихьэжьэнурэ бгым ирихьэнут, джэрпэджэжыр къепщIэкIауэ. Мыбдежым аратэкъым: пшэ фIыцIэ лъахъшэм жьэхоуэри, мэкIуасэ, упщIэ псыф траубгъуа пэлъытэщи, бампIэурэ мэужьыхыж. Уэшхым къыщIидзащ. Жьы къизнэжакъым си бгъэм, уэшхымрэ пщIэнтIэпсымрэ зэхэлъэдэжащ. Бжьамийр джэртэкъым, гузэвэгъуэ хэхуа кхъухь нэхъей, зилIэж фIэкI.

Сешри, жыг щIагъым сыщетIысэхащ, бжьамийр ижьырабгъукIэ згъэтIылъащ. Уэшхыр теужащ, дыгъэр пшэ зэхуакум къыдэплъащ. Жылэр шэджагъуэрат щызэхуэсынур, шэджагъуэ хъуху схущIыхьэнути, Iуащхьэм сыкъехыжакъым, гупсысэм сыхэхуауэ, сыщIэсщ жыг щIагъым.

Нэса гъуаплъэ бжьамийм и джэ макъыр убыхым я деж? Къыдэуша бжьамийм и макъым? Шэджагъуэм зэхыхьэмэ, едэIуэн Щолэхъу и псалъэ? Ар си щхьэм илъщи, сигу пыIэркъым, си пIи сизагъэркъым. Заул дэкIауэ, сигу нэхъ тIысыжри, сыщхьэукъуащ. Пщэдджыжьым пшагъуэ мащIэм бгыщхьэхэр хэслъагъуэ хуэдэщ. Къуршыщхьэ хужьхэр дыгъэ бзийм полыд. Псыхъуэ зэвым къуршыпс уэрыр щоIэуэлъауэ: нэпкъ лъагэхэм къолъэ Сошэ, тхъурымбэ хужьхэр, зыр зым еIунщIурэ,

---

*КIэухыр. ПэщIэдзэр 2014 гъэм и 3-нэ, 5-нэ, 6-нэ, 2015 гъэм и 1-нэ номерхэм итщ.*

зэрохьэх. Уэхым нэсащи, псыр нэхъ Iэсэ мэхъури, мэжабзэ, псы щIагъым къыщIэплъ мывэкIэщхъ зэмыфэгъухэр дыгъэм полыд. Нэпкъ лъагитIым лъэмыж хъыринэ зэпрыдзащ, лъэмыжым сытетщи, псым сыкъызэрыхэщыр солъагъу – си пащIи къэкIакъым, си жьакIи къыхэжакъым! Псы Iуфэ къамылым и макъ къызэхызох абдежым, сыкъызоплъэкI: щыхь ширищ псафэ дохьэ, щтэIэщтаблэщи, я нэр къихуным хуэдэщ. Пщащэ щIыкIафIэм и нэщ жыпIэнт, нэбжьыц кIыр хъужауэ! Фоч сIыгът, арщхьэкIэ си гум идэнт – лъэныкъуэкIэ зэзгъэтIылъэкIащ си фочыр. Фочым и щIыфэ диям сытеIэбауэ къысщыхъури, сыкъызэщыужащ: гъуаплъэ бжьамийрт сибгъукIэ щылъыр. Iуащхьэм ит жыг ныкъуэлIэр жьыбгъэм дэсысри, ткIуэпс пIащэр къыпылъэлъащ. Сыкъэщтащ. Дэнэ сыщыIа дакъикъэ и пэкIэ? СыIурихауэ ара? Си нэ зэтеспIауи сщIэжыркъым, пщIыхьым щхьэ сыхэхуа? Хьэмэрэ жейм ухимылъафэми, пщIыхь щIэкIынкIэ хъуну уи нэгу?

Си щхьэр къэсIэтри, Iуащхьэм къыхуэзыунэтIа лIым гу лъыстащ. Уафэм сыдэплъеящ; шэджагъуэ хъуатэкъым. Бжьамийм и джэ макъым къыкIэлъыкIуамэ, къепэсэуащ, жысIащ сигукIэ. ЩхьэпцIэщ, цыджанэ щыгъщ, и шырыкъур ятIэ защIэщ. Къэблэгъэпащ, и нэкIум соплъэри, къысхуэцIыхуркъым. Хьэуэ, си нэIуасэ хуэдэкъым. Лъагэщ, Iэпсыгъуэлъэпсыгъуэщ, и щхьэц тхъуар и щIыбкIэ ежьэкIащ. Къызбгъэдыхьэри къыпыгуфIыкIащ.

– Уи махуэ фIыуэ, Зауркъан! Хэт и гугъэнт услъагъужыну! – IэплIэ къысхуещI.

– Тхьэм и щIасэ ухъу! – жызоIэ, къысхуэцIыхужыркъым.

– СыкъэпцIыхуж си гугъэкъым, – къыподыхьэшхыкI. – Фи унэ сисакъэ сэ! ШыгъупIастэ мащIэ зэдэтшха!

– ТIэхьир! ТIэхьир, – жызоIэ, – мы слъагъур! Бытхьэ и цIэкIэ соIуэ, си нитIыр нэжмэ, ТIэхьиркIэ!

Илъэс щэ ныкъуэм щIигъу дэкIащ абы лъандэрэ. МатIэ сэрэ IэплIэкIэ тхьыгъащ ар Уэсмэн-куей, и псэ пыт къудейуэ, цIыху хъужынкIэ дыщыгугъыжыртэкъым. Иджы еплъ: и щхьэцыр къетхъухащ, лIы хъури ежьэжащ. Ди унэ исащ, къуэш тхуэхъуауэ. Иужьым Ало и къуэ Шардын Истамбыл ишэри и щIалэ щхьэпсым гъусэ хуищIыгъащ. ЩIалэ цIыкIур щригъажьэм, нэпс мащIэ щIигъэкIат ди анэ тхьэмыщкIэм! Соплъкъызоплъыжри, зызэщыдгъэнщIыркъым. Си нэгу къыщIохьэж и сабиигъуэр, къызогубзыгъыж и сабиищхьэ. И пэри аращ, и нэ къащхъуитIми захъуэжакъым.

– ДыщызэрихьэлIэжари дэнэ: Бытхьэ дежщ, – жызоIэ. – Бытхьэ иуха хъунт ар – мыбдеж дыщызэрихьэлIэжыну. Бытхьэ и лъапсэ деж!

– Бытхьэ и лъапсэр хым адрыщIкIэщ, – и нэгу зэхэуащ ТIэхьир. – Ныжэбэщ Истамбыл сыкъыщикIыжар, унэгуащэм уи хъыбар къызжиIащ. Жэщыр хэкIуэтати, узгъэпIейтеифакъым. Сит нышэдибэ къызжиIащ мыбы укъызэрыщызгъуэтынур. Бжьамийм и макъри зэхэсхащ. Захуэщ фи малъхъэ лIыжьыр: «Хьэдрыхэ зыгуэр къикIыжамэ, къикIыжар Зауркъанщ», – жи. Уи нэгу щIэкIамрэ уи фэм дэкIамрэ бгъэунэхуауэ Къэукъасэ уихьэжатэмэ, уэрэд пхуаусынт, шыкIэпшынэкIэ дежьууэ. ШыкIэпшынэм еуэурэ лIыхъужьым уэрэд хуэзыусын щымыIэжмэ, уэ сыт уи лажьэ, Зауркъан. ИтIани, дигу хэбгъэхъуащ, укъытхыхьэжри. Дигу къэбгъэкIыжащ пасэрейм жиIар: бгым и плIэм гуауэ иралъхьати, къыхигъэщIащ, цIыхум и плIэм гуауэр щыдалъхьэм, къызэфIэщIакъым. Зигу кIуэдам гукъыдэж ептыжащ, я щхьэр лъагэу ебгъэлъагъужащ, лIыгъэ яхэплъхьэжащ.

ТIэхьир соплъри, зыщызгъэнщIыркъым. ПлIабгъуэщ, и натIэ бгъуфIэр къабзэщ, и нитIыр жанщи, гупсысэр щIэтщ, и пащIэм тхъугъэ хидзами, и набдзэр фIыцIабзэщ иджыри.

– ЦIыхум уакъызэрыщхьэщыжыр зэхэсхати, сыгуфIащ, ТIэхьир. Щытхъу зыхуэфащэр уэращ. ХъыбарыфI къипха Истамбыл?

– ХъыбарыфI дэнэ къикIын, Зауркъан? Убыхыр къызыфIэIуэху щыIэкъым. Тетхэр зэрош-зэролI, бжьыгъуэ зэригъахуэркъым. МазэкIэ сытетащ я бжэщхьэIу. Зигу къытщIэгъун срихьэлIакъым. ПщIэншэрыкIуэ сыхъуащ. ХьэIупс дащIащ убыхыр...

Шэджагъуэм нэблэгъат зэманыр.

– ЗэхуэсынкIэ угугъэрэ цIыхур? – сеупщIащ ТIэхьир.

– Нэхъыжьхэм жылэр зэхакIухьащ, хъыбар ирагъэщIащ. Бжьамийм и макъри зэхахащ. Иныкъуэр къекIуэлIэнщ жызоIэ, псори къримыхьэлIэми, – жиIащ ТIэхьир, хэплъэри. – Убыхыр муслъымэн хъуащ, мор къradзэжыркъым, – еплъэкIащ Бытхьэ дежкIэ. – Абы и зэманыр икIа хъунщ. НэгъуэщIт иджы дызыпылъын хуейр.

– Сыт?

– Ди щхьэр хуит зэрыхъун! Аращ дызыщIэбэнын хуейр!

– Дызэрыхъур уощIэ: къэрал псо дыпэувыфын?

– ДымащIэщ, пэжщ. ДымащIэми, ди щхьэ и пIалъэ тщIэжын хуейщ – и чэзу хъуакъэ! Лъэпкъхэр зэгурымыIуэмэ, езыхэм я лажьэкъым. Лажьэ зиIэр ди пщэм дэсхэрщ. ЦIыху цIыкIур зэгурыIуэнущ, я бзэ зэтемыхуэми. ЩIыр зыбгъэдэлъын хуейр абы телэжьыхьырщ, пщIэнтIэпсыр зыгъажэрщ. ЦIыхур зэгурыIуэмэ, фIыщ къыдэкIуэнур.

– ЦIыхур зэгурыIуэнукъым, ТIэхьир. Апхуэдэу дыкъигъэщIащ. Махуэ здэщыIэм жэщи щыIэщ, зыр къулейщ, зым зыри бгъэдэлъкъым. Зым и гуфIэгъуэмэ, адрейм и хьэдагъэщ. Зыр дунейм къытохьэ, зыр щIым щIохьэж. Хьэуэ, ар ди Iэ къикIынукъым. Сыт тхухэлъхьэжын дэ мы дунейм? Дунейр къызэриухуэрэ аращ къызэрекIуэкIыр.

– Жэщымрэ махуэмрэ, гъащIэмрэ лIэныгъэмрэ я гугъу пщIымэ, узахуэщ, Зауркъан. ЦIыхур зэгурыIуэнукъым жыхуэпIэр пэжкъым. Абдежым ущоуэ. Урысейм я пащтыхьыр зэрытрадзар зэхэпхакъэ?

– Зыгуэрхэр зэхэсхащ, мышыпсэмэ...

– Инкилабыр* шыпсэкъым. Урысейм зэшыгъэ хабзэ щагъэуващ. ЗылъэкIхэм я хабзэкъым увар, гугъуехьакIуэ зэшыбэм я хабзэщ! Уи анэшым я лъэпкъым – абхъазым – къэралыгъуэ ягъуэтыжащ. Абхъазым я лIыщхьэр Тыркум къэкIуащ нэгъабэ...

Сызыхэхуар плъагъуркъэ, Шэрахъ? Бытхьэ сыкъыкIэлъыкIуащ, тхьэлъэIупIэ Iуащхьэм ситщ – ТIэхьир сызригъэдаIуэр зэхэпхыркъэ! Сигу къызогъэкIыж си анэшыр – Iэджэрэ сихьакъэ Абхъазым, си фIэщ схуэщIыркъым ар нэгъуэщI хъуауэ, си нэгу къысхущIэгъэхьэркъым.

– Урысейм я инкилабым и джэрпэджэжыр мыбыи къэсащ. Тырку пащтыхьыр мастэм фIэсщ... Мыбыи къыщызэрыIэтынущ цIыхур, итIанэ...

– Сыт итIанэ къэхъунур? – жызоIэ.

– Iэджэ къэхъунущ, Зауркъан... СыночэнджэщынутabыкIэ. ЦIыхур зэхуэсмэ, я пащхьэ сиувэ хъункъэ, жызоIэ, иджыпсту зи гугъу пхуэсщIам щыгъуазэ сщIы хъункъэ цIыхур, жызоIэ.

– И чэзууэ пIэрэ? УзэхащIыкIынкъым. Убыхыр зэпекъу хъуащ, зыр зым едэIуэжыркъым.

Дыгъэр шэджагъуапIэ иуващ. Зырыз-тIурытIурэ къокIуалIэ цIыхур

* Инкилаб – революцэ.

Iуащхьэм. ЦIыхубз яхэслъагъуэркъым: муслъымэн диным идэнукъым. ЩIалитI къыбгъэдыхьащ Iуащхьэм, зы чыцI ажэ къалъэф. ЩIалитIым я ужь итщ лIыжьхэр, тхьэпщыр я пашэу. ТIэхьир сэрэ Iуащхьэм дыкъехыжащ – тхьэпщым фIэкI, Iуащхьэм нэгъуэщI тет хъунутэкъым тхьэлъэIу махуэм. Куэд къекIуэлIакъым Iуащхьэм, си гум зэрыжиIауэ. Тхьэ елъэIуа нэужь, тхьэпщым чыцI ажэр иукIащ. ЩIалэщIэхэм яхузэIыхынукъым, чыцIым Талустэн етIысылIащ. ЧыцIым и фэр трихри, лыр Iыхьэ-Iыхьэ ищIащ Талустэн, лэгъупым ирилъхьэри фIидзащ. Нэхъапэм, хэкум дыщисыжам, Бытхьэ къурмэн хуэзымыукI унагъуэ къанэртэкъым, иджы я ахъшэ зэхадзэри зы чыцI ажэ къащэхуфауэ арат.

Бжэнылыр вамэ, бахъэр къыщхьэщихыу, бжей тхьэмпэм къытралъхьэ хабзэт нэхъапэм, мыбы зы жыг закъуи иттэкъым нэм къиплъыхьым. Нартыху бзий тхьэмпэ къахьащ щIалэхэм.

Уигурэ уи щхьэрэ зэбгъэжырт, цIыхум уаздыхэплъэм. Я цейр хьэзыр Iупэхурэ дыжьын къамэр ябг ищIэжауэ, дэнэ щыIэ лIы зэкIужхэр? ЛIыжь жьакIэхухэм я уэршэр дахи зэхэпхыжрэ! ЩIалэгъуалэми я Iэпкълъэпкъ щхьэ щIэлIа? Дэнэ щыIэ шууей щIалэхэр – тхьэлъэIур зэфIэкIмэ, шыгъажэ ящIынукъэ? Слъагъуркъым пщащэ къуданхэр, я щхьэцыр я лъэдакъэпэм теуэу. Зэхэзежэркъыми нобэ, хьэмэрэ шыгъажэм хэт щауэхэр къафIэмыIуэхужрэ? ЩIыр фIалъэкIэ кърраудыркъыми шагъдий Iэлхэм, шхуэIум езауэркъыми хуарэ натIэгъуджэхэр. Зы махъшэжь мэжьэгъуашхэ, иц укъуеижауэ. ЦIыхури ешаелIауэ зэхэтщ, я пщIыхьэпIэ Бытхьэ къыхэхуэркъым. Зыбжанэм ТIэхьир къаувыхьащ, Истамбыл къриха хъыбарымкIэ йоупщI.



Джанэ хужь кIыхьыр къызыщитIагъэри, Щолэхъу Iуащхьэ щыгум къихьащ. И Iэ ижьымкIэ иIыгъ пхъэ дзасэм чыцI ажэм и гумрэ и тхьэмщIыгъумрэ пылъщ. Iуащхьэ лъапэм тет лIыжьхэм, я пыIэ зыщхьэрахри, лъэгуажьэмыщхьэ защIащ. ЛIыжьхэм сахэуващ сэри. ТIэхьири къызбгъурыуващ. «Уаз итын и гугъащ езым», – згъэщIэгъуащ сигукIэ, ТIэхьир къыщызбгъэдэувэм.

Нэхъыбэр я пIэ къикIакъым, мэуэршэрри зэхэтщ. Тутын ефи яхэслъэгъуащ.

– Я дэ ди тхьэ! Ди тхьэ лъапIэ! – къыщIидзащ Щолэхъу. ЦIыхур щым хъуащ. Тхьэпщым и псалъэм къыпещэ: – Уэращ дызыщыгугъыр, ди тхьэ лъапIэ. Гуэныхь тщIамэ, уигу къыдумыгъабгъэ, фIыр уэращ зыщIэри, уи фIым дыхыумын, дыщхьэрыуамэ, гъуэгу захуэ дытегъэувэж... Я дэ ди тхьэ! Ди тхьэ лъапIэ! Дыкъыболъагъу, тхузэфIэкIым деблакъым, губгъэн къытхуумыщI, уи гущIэгъум дыхыумын...

Тхьэпщым и псалъэр Бытхьэ и гущIэгъум нэсауэ, Iуащхьэ лъапэм щызэхэт цIыхум зы къахэфиящ. ЦIыхур зэплъэкIащ. Къахэфияр аскэр фащэ тIорысэ зыщыгъ гуэрт, и IэпхъуамбиплIыр и жьэм жьэдиIуауэ. ЛIыжьхэр хуэхъущIащ аскэрым, езым и нэ джылакъым.

– ДыкъызэригъэщIрэ долъэIу Бытхьэ, сыт зи пэрмэныр? Си адэшхуэри хуэпщылIащ, си адэри  пащхьэ итащ мобы, – къажьэхидзащ аскэрым, Бытхьэ хуеплъэкIри. – ИлъэсищкIэ лъы хуэзгъэжащ пащтыхьым, цIэм сихъуауэ къэзгъэзэжащи, си ади псэужкъым, си ани псэужкъым, уни лъапси сиIэкъым, си щхьэ закъуэ си лъакъуитIщ. КъыджепIэркъэ-тIэ, тхьэмадэ: щхьэ гущIэгъуншэ Бытхьэ? Нэфи дэгуи щхьэ зищIа, сыкъилъагъуркъэ, и щIыб щхьэ къысхуигъэза? – Аскэрыр убжьытхащ, и Iэр щIидзри. – ПцIырыпцIщ мыр зыкъэмынэ! Ди щхьэр къыдогъэпцIэж, къикI щыIэкъым!

– Делэ ухъуа, сыт жыпIэр? – щIэкIиящ аскэр нэхъуеиншэм Сит.

– Мэджытым дыщагъэпсалъэркъым, мыбдежми ди жьэ дыщыхуиткъым! Куэдщ ар, ирикъунщ! – къыдэщIащ аскэрым нэгъуэщI зыи.

– ЗэтефпIэ фи жьэр, Iиманыншэхэ! – ящIэкIияш Даути, арщхьэкIэ мо тIум щIачэн мурад яIэтэкъым, нэхъри къызэрыкIат.

– Бытхьэ и вагъуэр зэрижрэ куэд щIащ, тхьэмадэ. ЧыцIым и гумрэ и тхьэмщIыгъумрэ хуэпшийкIэ къэхъужынкъым. И гущIэгъуи ущымыгугъ! – жьэхидзащ аскэрым Щолэхъу.

ЕтIуанэм жьэхидзар нэхъеижщ:

– Бытхьэ хуэпший нэхърэ, мыдэкIэ къэпшиймэ, нэхъ псапэт!

Зэрыхьзэрий зэрыгъэхъуащ. ЩIалэгъуалэр зэрогъэкIийри, нэхъыжьи нэхъыщIи ящIэжыркъым.

– Ди тхьэлъэIур фкъутэн мурад фщIауэ ара, щэныншэхэ! – и башыр щIалэхэм яхуегъэдалъэ Талустэн. – Тхьэр си биякъым, фхуэздэмэ!

ТIэхьир Iуащхьэм ихьащ – цIыхум къахэпсэлъэн мурад ищIагъэнт. Ар Iуащхьэ щыгум нэсауэ, Щолэхъу чыцIым и гумрэ и тхьэмщIыгъумрэ зыфIэлъ дзасэр Iэпыхуащ, ещIэри, кIапсэм жьым къыфIиуда жьыщIыгъэ хуэдэ, и IитIыр ишияуэ, Бытхьэ и пащхьэ иджэлащ.

Тхьэпщ лIыжьыр и унэ итхьэжащ. А махуэм и жэщым дунейм ехыжащ Щолэхъу, зыкъищIэжакъым.

* * *

Уи щхьэ сымыгъэузамэ, нэгъуэщI хъыбари уезгъэдэIуэнщ, Шэрахъ. Си хъыбарым кIэи пэи иIэкъым, уезгъэшамэ, емыкIу сыкъыумыщI...

Ало и къуэ Шардын къыдищIар бжесIащ. Ало и къуэ Шардынт ди лъэпкъри ди унагъуэри зытеунэхъуар. И цIэ къудейри сигу техуэртэкъым, зэхэсхакъэ – Iэл фIыцIэу сыкъызэкIуэкIырт. Си шыпхъу насыпыншэхэр зытекIуэдам сигу хуэплъынтэкъэ! Езыми и щхьэр хилъхьа щхьэкIэ, сигу ихуртэкъым, си шыпхъуитIым ялъ сщIэжын зэрыхуейр зы дакъикъи зыщызгъэгъупщэртэкъым – уигу къызумыгъабгъэ...

Къарындж-Овасы сыдэтIысхьа нэужь, зэхэсхащ Шардын и къуэ Мансоу зэригъахъэр – жьыр дэнэкIэ къыщепщэми ищIэртэкъым. ЦIыхум я лыр ишхырт, и мыпщIэнтIэпст зэрыпсэур. ЛIыукIым и къуэр абы къыщыщIидзыжынкIэ хэт гугъэнт? КIуэ, яукIакъыми, и щхьэ зэрыхьщ, нэгъуэщIым и пщIэнтIэпст зэрыпсэури, ар ягу дауэ техуа жыхуэсIэщ. ЗылъэкIым езым я хабзэ яIэжщ. Сэ схуэдэ тхьэмыщкIэ гуэрым къыIэщIэщIакъэ – езыми и щхьэр хрaгъэлъхьэнурэ, и Iыхьлыхэри дагъэкIуэжынущ. Ало и къуэ Шардын хуэдэм лIы иукIакIэ и Iыхьлыр жэуапым ирашэлIэнукъым. Жэуапым ирашэлIакъым Шардын и къуэри. Сыти жыIэ, лIакъуэлIэшым къыхэкIащ. ЛIакъуэлIэшым пхъэIэщэкIыр IэщIэплъхьэ хъурэ! Ар ялъагъумэ, цIыхум жаIэнур пщIэрэ: алыхьым и пащхьэ къикIа хабзэкъым дызрагъэувэлIар, езыхэм зэрагъэкIэса хабзэщ, щыхуейм якъутэ, щыхуейм зэблахъу – аращ цIыхум жаIэнур. ЖаIэми къыщамынэнкIэ мэхъу, пщIэ къыпхуащIыжынкъым, уи щхьэм къыдэкIуеинщ.

Ало и къуэ Шардын и щхьэр хилъхьа нэужь, Мансоу Франджым къыщыщIидзащ и анэм и фIыгъэкIэ. И къуэр иригъажьэри, езыр илъэситI фIэкI псэужакъым. ЩIалэ щхьэпсыр куэзыр джэгум къыхэкIакъым, Франджым исыху. КIуэгъужэгъу и куэд хъури, хрaгъэлъэфащ, джафэ щыхъум, убыхыр игу къэкIыжащ, къэджэдэжри, Къарындж-Овасы къыдыхьащ. «Сэ сывиуэркъщ, – къэжриIащ. – Уэркъ хабзэ къыскIэлъызефхьэ!» ГъэщIэгъуэныракъэ, я пщэдыкъ

дагъэтIысхьэжащ, телэжьыхьуи щIадзэжащ.

МащIэ ягъэва, мащIэ яшэча убыхым – Iущ хъуакъым итIани. Я щхьэ ягъэщхъащ, зи щхьэ гъэщхъам бжьы телъхьэгъуафIэкъэ? Къэралми Iыхьэншэ къищIакъым: щIы къыхупачащ, псэу закъуэ къыжраIащ, убыхыр умыгъэпIэтIауэ, щIэщIи, бжьыр ятумых. Ахъшэр зэрызэблагъэкIым бзаджэ хэхъукIагъэжьт, бжьэхуц сатум хыхьэри, и кIэн къикIащ, мылъкуфIи зэригъэпэщащ хьэкIэбасэм. Унэ дэгъуэ къыхисащ, езы Алий Хьэзрэт-пэщэр къехъуапсэу. И лъэпкъэгъухэм щхьэкIэ ил узынт Мансоу, къатеубжьытхащ и лъэпкъэгъухэм. Закъыхуегъэуэркъ, хьэкъ къатрилъхьащи, зытрегъэлажьэ, вым хуэдэу щIищIащи. И адэм и хьэл зыхилъхьэжащ, ещхьыркъабзэщ, къыпачауэ: гущIэгъуи гулыцIи иIэкъым, цIыхум я фэр трех. Шардын и къуэ цIапIэм си щхьэ хуэзгъэлъэхъшэнт?

Сит гукъыдэмыж щыхъум, лIыжьым и пIэ сиувэн хуейуэ къысхудэкIащ: Шардын и къуэм тхьэмахуэм зэ мэл хузогъэхъу е хадэр хузопщIэ. Убыххэмрэ джэмхъэсархэмрэ зэщыIеящ зэгуэрым, Iэщэ къызэхурахащ. Джэуад-бей мэл зыбгъупщI фIэкIуэдат. Уэлийм хуэтхьэусыхащ: убыххэращ зыдыгъуар, жери. Убых щIалищ яубыдащ, хагъэзыхьащ, зыкъэвумыс, жари, арщхьэкIэ лажьэ яIэтэкъыми, къыкIуэцIакъухьри, къаутIыпщыжащ. Джэуад-бей губжьащ: дауэ ар, мэлыр кIуэдащ, зыдыгъуар яубыдакъым! Махъшэ гуартэ къриутIыпщхьащ убыхым я щIым. Убыхым ар ядэнт: IэщэкIэ пэуващ махъшэми махъшахъуэми. Модрейхэми зыкъыпэщIасащ, зэхуилъащ, шэр зэхуракIутащ.

Мохэр зозауэри губгъуэм итщ, езы Джэуад-бей, шу гъусэр къепщIэкIауэ, Мансоу деж кIуэуэ ялъэгъуащ цIыхум. Еблэгъащи, фадэ Iэнэм бгъэдэсщ, зыр зым щотхъу, мэхъуахъуэри зэхэсщ, губгъуэм щызэрыукIыр къафIэIуэхукъым.

ЛIыжь гуп Сит и унэ къихьащ, лIыкIуэ тхуэхъу, жаIэ, Мансоу уи хамэкъым, Джэуад-бей тхуегъэпсалъэ, лъыуэ дгъэжар ирикъунщ, дызэгурыIуэмэ, нэхъыфIщ, жаIэ.

– ЛIыкIуэ фщIын къэвгъуэтащ, – зытезгъэхьакъым зыкъомрэ.

– Фи адэхэм я быдзышэ зэIулъщ, уи хьэтыр къилъагъунщ, – къызолъэIу лIыжьхэр. – Уэ лIыкIуэ утхуэмыхъумэ, нэгъуэщI дгъуэтынукъым.

Уи жагъуэгъуми уи хьэтыр къиулъагъу Мансоу си хьэтыр къызэрилъэгъуам хуэдэу. ГъущI куэбжэр зэIусхри, пщIантIэм сыдыхьа къудейуэ, зы къэрэгъул къихутащ си пащхьэ.

– Сыт узыхуейр?

– Сэ сы-Золакъ Зауркъанщ. Мансоу сриблагъэщ, IуэхукIэ сыкъыкIэлъыкIуащ, – жызоIэ.

– Сриблагъэщ жыпIа? Золакъ Зауркъан жыпIа? Уи жьафэр хэтхъэнщ, уи цIэр къэппсэлъын хуеймэ, – Золакъ Зауркъан. Мансоу апхуэдэ благъэ иIэу зэхэсхакъым.

Си лъакъуэм къыщыщIэдзауэ си щхьэм нэс сызэпиплъыхьри, дзыхь къысхуищIакъым, къысщIэкIиящ:

– Зегъэхь адэ!

– Мансоу бзэгу хуэсхьыжмэ, фIы щIэпхынкъым! – згъэшынэн си гугъащ къэрэгъулыр.

– Зиусхьэныр хущIыхьэркъым! ХьэщIэ лъапIэ къыхуепсыхащ, уэ факъырэр дауэ уахэзутIыпщхьэн хьэщIэм? Алий Хьэзрэт-пэщэи франдж инэрали къыхуепсыхащ. Зегъэхь жысIакъэ! ЗыIуегъэх!

Сыт сщIэнт? ТIэкIу зисIуэнтIыхьри, си щхьэр къыIусхыжащ. Сэрей къуапэм сынэсауэ, хадэмкIэ къиIукI дыхьэшх макъ зэхэсхащ. Мансоу и жьафэр зэтехьэжыркъым, и хьэм бажэ къиубыдащ жыпIэнщ. Ало и къуэ Шардын плъагъуххамэ, ар зэры-Мансоур къэпщIэнут: ещхьыркъабзэт, къыпачауэ. Мансоу и сэмэгурабгъукIэ тырку ныбэкъ къыщыслъэгъуащ, тутыныр Iурыгъэсауэ. Дамэтелъым сеплъри, хуэзгъэфэщащ: уэлийращ, Алий Хьэзрэт-пэщэщ. ИжьырабгъумкIэ лIы къуэгъу кIыхь щызолъагъу, и бзэр къызгурыIуэркъым, франдж инэралырауэ къыщIэкIынщ, жысIащ. ЩэкI пыIэ хужь къыщхьэрыпхъуауэ, зылI хэкIуэта я ужь итщ. И хъыбар Iэджэрэ зэхэсхати, ари къэсцIыхуащ – Джэуад-бейт.

ПлIыри Iэнэ хъурейм бгъэдэтIысхьащ. Iэнэм пхъэщхьэмыщхьэр тезщ, IэфIыкIэ телъщ. «Я IутIыжщ хьэ ныбэм къикIахэм, – жысIащ сигукIэ. – Адакъэ зэзауэщ къызыхуэтыр». Ар жысIа къудейуэ, унэIутитI къэсащ, я блэгущIэм адакъэ зырыз щIэсу. АдакъитIыр утыкум ирадзащ. Адакъэ плъыжьыр адакъэ хужьым ебгъэрыкIуащ. Зэрыубыдащи, зэролI, зэрофыщI, зэрытемыгъэкIуауэ зэпэщIокIуэтыж, я дамэ гуагъэхуарэ я нэм лъы къытелъэдауэ зэбгъэдэтщ адакъитIыр, я пэр щIым щахъуэ, къызэрогъэгубжьри, аргуэру зэхуолъ, зызэраупсей. Я сыджыр лъы защIэ хъуащ, я пщэцыр яфыщIыжащ, зэрытемыгъакIуэурэ. ХьэщIэхэмрэ Мансоурэ ныбафэуз хъуащ, мэфий, мэкIий, адакъитIым дэ ираутIыпщ...

Сигу ящыкIауэ, сыкъыбгъэдэкIыжащ гъущI сэрейм, сазэрыкIэлъыплъам щхьэкIи сигу зэбгъэжауэ, унэм сихьэжащ.

«Адакъэм хуэдэу, дызэраушт гъунэгъумрэ дэрэ, – сызэгуэпырт сыздэкIуэжым. – АдакъитI зэрыубыдамэ, яфIэдыхьэшхэнщ, цIыхур зэрыукIкIэ ял узын? ЗэрыреукI, ягу пэщыху, нэхъыбэ зэрыукIмэ, нэхъ жыIэщIэ хъунщ. Фызэрыших, фызэрыших – дэ ди шхын къыдэкIынущ...»

ЕтIуанэ махуэм, хьэщIэхэр зэрежьэжар зэзгъащIэри, гъущI куэбжэм сыбгъэдыхьащ аргуэру – гъущI куэбжэ мыгъуэр иущIыт абы! Куэбжэр къэрэгъулым къыIуихащ – дыгъуасэрейратэкъым. КъызоупщI:

– УзыхуейIа?

Шардын и къуэ Мансоу сызэрыхуейр жесIащ, ди адэхэм я быдзышэ зэIулъщ, дызэхамэкъым, жесIащ.

– Уанэ зытелъ мо шыр плъагъурэ? ЩакIуэ ежьэнущ, хущIыхьэркъым зиусхьэныр.

– Згъэгувэнукъым, – жысIащ. – ПсалъитI къудейкIэщ сызэрыхуейр.

– Удэзгъэхьэфынукъым. Зыри къыдумыгъэхьэ жари, унафэ къысхуащIащ, – сыхэзагъэркъым къэрэгъулым.

Къэрэгъулым седэуэху, Мансоу пщIантIэм къыдыхьащ. Шырыкъу лъапщэ кIыхьщ, хьэуазэ пыIэ щхьэрысщ, и плIэм фоч зэгуэт илъщ.

Сэ цей сщыгът, къами скIэрыщIат. Си фащэм гу къылъитэри, къызбгъэдыхьащ Шардын и къуэ Мансоу – мыри дэнэ къикIа жиIа хъунщ.

– Уи махуэ фIыуэ! – жесIащ убыхыбзэкIэ.

ФIэхъус къызихыжыным и пIэкIэ, и нэр къригъэжри, тыркубзэкIэ къызэупщIащ:

– Ухэт уэ?

– КъызэплъыIуэт: сыкъэпцIыхужынкIэ мэхъу.

– СхущIыхьэркъым сыноплъыну.

– Сы-Золакъ Зауркъанщ. Ди адэхэм я быдзышэ зэIулъщ, – жысIащ сэ.

– А-а, мухъутарым уи гугъу къысхуищIат... – ЩIопщыр и шырыкъу лъапщэм диIуурэ, къысхудоплъей. – Пэщэр фIэзыгъэжаращ жыбоIэ...

– Ди лъэпкъ хабзэщ – сэ сакъыхэжыжын, – сыхуэзгуэпри есIуэкIащ Мансоу и адэми апхуэдэ зэрыкъуэлъыр. – Къысхуагъэгъуащ, зэрыспшыныжар ирикъункъэ?

– Къысхуагъэгъуащ жыпIа?.. ЛIыукIым хуагъэгъуркъым, уэ лъы птелъщ... – и нэщхъыр зэхилъхьащ Шардын и къуэ Мансоу.

– Си щхьэ Iуэхукъым сыкъыщIэкIуар...

– Дызэблагъэщ жыбоIэ, ы?

– Уи адэр зи быдзышэ ефар си анэшхуэращ.

– Сыт мыбы къыхиIуар. МащIэ щIа абы лъандэрэ?.. Сыт жыпIа узыхуейр?

– Губгъэн къысхуумыщI узэрызгъэгувэм щхьэкIэ. Си щхьэ Iуэхукъым сыкъыщIэкIуар – лIыкIуэ сыкъащIащ.

– Хэт узилIыкIуэр?

– Уи лъэпкъэгъухэращ.

Шардын и къуэ Мансоу и тхьэкIумэр игъэкIащ:

– Сыт си лъэпкъэгъухэр нэхъ зыхуейр?

– Джэуад-бей урагъэпсэлъэну аращ. Ирикъунщ, жаIэ, лъыуэ дгъэжар...

– Лъы ягъажэ щхьэкIэ уигу ныкъуэрэ уэ, уи щыпэлъагъукъым... Убыхым дыгъуэн щрегъэти, псори зэтес хъужынущ. Ар схуажеIэж укъэзыгъэкIуам.

НэгъуэщI хэслъхьэнукъым жыхуиIэу, Мансоу, зригъэзэкIри, шымкIэ иIуэнтIащ, лъэбакъуитI-щы ичри, къызэплъэкIащ:

– Сыт хуэдэ махуэра си деж ущыщылажьэр?

– Блыщхьэмрэ гъубжымрэ.

– Ди адэр пщыгъупщэжакъыми, зы махуэр пщхьэщызох. Гъубж махуэм фIэкI укъэмыкIуэ. Нобэ, укъыщыкIуакIэ, пщIантIэм дэпэщэщыхь. Ей, Хьэсэн, – джащ Мансоу, – мыбы ищIэн къыхуэгъуэтыт!

Шэсри, пщIантIэм дэцIэфтащ, ищхъэрэкIэ иригъэзыхри, гъуэгу сабэм хэкIуэдэжащ. «Мыбы сыкъэзыхьа си лъакъуитIыр къутамэ, нэхъыфIт», – сыкIэлъыубжьытхащ Шардын и къуэ цIапIэм.

ХьэсэнкIэ зэджам, щIалэ нэкIутIэ зэщIэкIэжам, пхъэ къутапIэм сишэри, джыдэр къысхуишиящ.

– Уи Iэгу иубжьытхи, джыдэкIыр убыд!

Пхъэ къутэн суха нэужь, щIалэ нэкIутIэм, мэкъуэщым сришэри, гуахъуэр къысIэщIилъхьащ:

– Мэкъур зэтелъхьэ!

Шэджагъуэ хъуащ апщIондэху. СыкъэмэжэлIащ, си кIэтIийр зэрошх. Си нэ къызыхуикIыр зыт – мы пщIантIэм си щхьэр зэрыдэсхын. АрщхьэкIэ Хьэсэн нэкIутIэр къэсащ, къызэкъури, хьэщым сишащ:

– Хьэр гъэпскIын хуейщ. Уи Iэщхьэр дэгъэджэрэзей, сэ псы нытескIэнщ.

Сэ сызыпэрымыхьа IэнатIэ къэнэжа хъунтэкъым, ауэ хьэ згъэпскIын хуей хъуатэкъым иджыри къэс. Бгырыс фащэ сщыгът, си бгым къамэ ищIат. Хьэ бжьыдзэм щIаухуэт хьэуэ дунейм тетыр! Си Iэ ялъэIэсакъым игъащIэм, иджы згъэпскIын хуейуэ къысхудэкIащ.

– Дэгу ухъуа, зэхэпхыркъэ бжесIар? Уи Iэщхьэр дэгъэджэрэзей, фасикъ! – къысщIэгубжьащ нэкIутIэр.

– Ар схузэфIэмыкIынщ, – жызоIэ.

– Емынэм уихьи! Сыт схузэфIэмыкIынщ жыхуэпIэр?

IэштIым ищIащ нэкIутIэм. IэштIым мыгъуэр уэзгъэщIыни, хьэ ныбэм къикIа! Къамэр къиспхъуэтащ. И кхъаблэм ущIэувамэ, уи щахэр къригъэхынт, нэкIутIэр апхуэдизкIэ домбейти. Къамэм щыIуплъэм, бзу лъэта фIэкI сщIакъым, и щэ ныбэри къытехьэлъэжакъым: IуцIэфтри, пщэфIапIэм зыщIидзэжащ. АфIэкIа зысIэжьэжакъым, пщIантIэр къэзбгынащ – псы зрагъэжыхьыжын пщIантIэр!

СыкъыздэкIуэжым, емыкIу сыкъэпщIынкъым, Шэрахъ, ди анэшхуэр сигу къэкIыжри, сыхузэгуэпащ: Ало и къуэ Шардын зригъэфа быдзышэр хьэрэм щхьэ хуимыщIарэ! «Уи къаныр шэкIэт зэрыбгъэпскIыр, псыкIэ бгъэпскIын уи гум идэртэкъым. Уи къаным и зинэкъуэм къызипэсам еплъ иджы! Хьэ гъэпскIынщ къысхуэнэжар! И хьи езыри зэпытрэ зэкIэсу укIуэ!..»

Си щхьэр си жагъуэщи, сызытеувэри слъагъуркъым, сымэжэлIащи, си гур поху, сабэр си Iум из хъуащ.

Мансоу и унэм нэхъ жыжьэ сыхуэхъуху, ди благъэмрэ дэрэ дяку дэж псыр нэхъ ин хъууэ къысщохъу. «АфIэкI сыпэщIэмыхуэжащэрэт!» – арат асыхьэтым сызыщIэхъуэпсыр.

* * *

– Ди лъэпкъым щыщ нэгъуэщI къэмынауэ пIэрэ? – сеупщIыгъащ Хъымсад, етIуанэ махуэм Къарындж-Овасы сыдыхьэри.

– Зы псэущ, – жиIащ ди адэ шыпхъум. – Къыдырым еупщIащ: «Хэт уи адэр?» – жари. «Си анэр шыщ», – жэуап къаритыжащ къыдырым. Апхуэдэщ къэнар.

– Хэт езыр?

– УмыцIыхужынкIи мэхъу. Сабиящ, Тыркум дыкъыщыIэпхъуам. Астанщ зэреджэр. ДжэгуакIуэ лIыжьыр пцIыхужрэ – Сакъут? Абы и къуэрылъхущ. И хьэдрыхэ дахэ ухъу: Сакъут Самсун деж щыщIалъхьэжащ.

Ар бжесIащ, Шэрахъ, джэгуакIуэ лIыжьыр Самсун деж щылIащ. Сакъут тхьэмыщкIэр дызэриунэкъуэщыр бжесIакъым, сIэщIэгъупщыкIащ. Унэкъуэщ мащIэ диIакъым абы щыгъуэ. Иджы тIу дыкъэнэжауэ арат, къызэрыщэкIымкIэ: сэрэ Астанрэ. Къызэрызгъэзэжам и хъыбар зэхимыхынкIэ хъуакъым Астан. Сэр нэхърэ нэхъыщIэт, сыкъилъагъункIэ къытехуэрт. Сигу хуэплъащ: щхьэ къыскIэлъымыкIуэрэ? Дилъ зыт, дызэшт, езым гукъэкI имыщIмэ, сэ цIыхугъэ схэлъын хуейтэкъэ? «СыкIуэнщ, зэзгъэлъагъунщ си къуэшыр», – жысIащ. Гъэмахуэ махуэт, ауэ дыгъэр къэплъа щIыкIэтэкъым, Астан и пщIантIэм сыщыдыхьам. Къыцэ жыгхэр бжыхьым къыщхьэдоплъых, уэнжакъым Iугъуэ мащIэ щхьэщытщ, бэкхъым вэнвейр щIэзщ, джэд пщэ къуиитI-щы сабэм хэсщ. Жыг жьауэм хэтIысхьауэ, лIы къуэгъу хэкIуэтам, лъэрмывэр и бэкъум дигъэзэгъащи, джыдэ елъ, и набдзэ кIырыр пытхъукIащ.

– Уи махуэ фIыуэ! – жысIащ убыхыбзэкIэ, лIым сыбгъэдэкIуатэри. – Си унэкъуэщ сыкъыкIэлъыкIуащ – Золакъ Астан. Дэсу пIэрэ?

ЛIым, Iэдакъэ жьауэ ищIри, заулкIэ сызэпиплъыхьащ. И жагъуэгъу пщIантIэм къыдыхьами, къэтэджын хуеякъэ? Зыкъигъэхъеякъым.

– Золакъ Астаныр сэращ. Уэ хэт ухъуну? – къызэупщIащ тыркубзэкIэ.

– СыкъэпцIыхужыркъэ? Золакъхэ я хэкум Зауркъан зи цIэ исауэ пщIэжынкIэ хъуну?

Астан, джыдэр зригъэтIылъэкIри, и нэр кърнгъэжащ.

– Зауркъан жыпIа? ЩыIащ апхуэдэ абрэдж гуэр... Абрэджыным текIуэдэжащ. И шыпхъу идыгъуати, пэщэр фIигъэжащ. И щхьэр палъащ ахьмакъым!

– Си щхьэр палъамэ, ахърэтым сыкъикIыжащ. Уи къуэшыр къыпхуэкIуэжащ! – жызоIэ.

– Умыделэ, кхъыIэ! Сэ къуэши шыпхъуи сиIэкъым. Дунейм ехыжащ псори...

– СыкъэпцIыхужыркъым-тIэ? УкъэзгъапцIэ уи гугъэщ...

– ЛIар къэхъуж хабзэкъым. Джаурхэращ ар зи фIэщ хъур: я бегъымбарыр къэхъужауэ жаIэ.

– Тхылъ уэзгъэлъагъуфынущ: пащтыхьым и унафэкIэ сыкъаутIыпщыжащ. Уи нэм щIэIуэтыхь. Уи адэшхуэр нэфу щытами, уэ унэф? Убыхыр къыщыдбгынэ махуэм Сакъут иуса гъыбзэр уигу къэзгъэкIыжынщ, ухуеймэ. Усабиящ абы щыгъуэ, лIыжь нэфым и Iэпэр пIыгъащ. УмыщIэжмэ, къедаIуэ. Сэ сщыгъупщэжакъым Сакъут и гъыбзэр...

И ахърэтыр нэху ухъу гъыбзэр зыусам. Самсун деж щыщIэтлъхьэжыгъащ тхьэмыщкIэр.

Астан къыщылъэтын си гугъащ асыхьэтым. Сыщыуауэ къыщIэкIащ: лъэрмывэм къыбгъэдэкIакъым, ирапхащ жыпIэнт.

– Щхьэпылъэ ящIын хуейм щыхуагъэгъу къэхъуа! Си фIэщ хъунтэкъым игъащIэкIэ. Уи насыпщ, укъелащи. Тхьэм уигъэIуэтэж. Ауэ уи жагъуэ умыщI, Зауркъан, узэсшэлIэфынукъым... Хэт деж уздекIуэлIар?

– Сит и унэ сисщ. СызэкIуэлIэн хуеяр уэрат хабзэкIэ. Си ужь пхъэрыр ищIами, пщIантIэм сыдэпхуж хъунутэкъым – хабзэм идэнутэкъым.

– Хабзэри выфэри зыщ. Выр псэхэлIэ хъуамэ, и фэр траудри, хыфIадзэж.

– Си щхьэ палъами, силъ пщIэжын хуейт. Ар къызэрыптехуэр пщIэжрэ?

– Уафэм къехуэхащ жыпIэнщ мыр! Си адэм илъ сщIэжакъым сэ – хьэдрыхэ сыщIамыгъэхьэми содэ, сыпсэуху си гугъу къремыщI закъуэ! Зым и хьэкъи и щIыхуи стелъкъым...

– Умыгузавэ. ЛъэIуакIуэ сыкъыпхуэкIуакъым. Услъагъун щхьэкIэщ сыкъыщIэкIуар. Дызэшщ, сыти жыIи...

ЛъэIуакIуэ сыкъызэрымыкIуар щызэхихым, Астан игу нэхъ зэгъащ.

– Алыхьым и шыкуркIэ, уи Iи уи лъи къэткъым. ЕлъэIу – щIы тIэкIу къуатынкIи мэхъу. Утхъэжрэ упсэууэ уежьэжынщ.

– Ди лъэпкъым къинэжар уэрэ сэрэщ. Ди лъэпкъыр кIуэдыж хъунукъым.

– Си унэцIэр зесхьэжыркъым сэ, схъуэжащ. Си фызым и унэцIэр къэсщтащ – шэруал унэцIэ! – и пщэр хишащ Астан.

– Узэрыпэгэн къэбгъуэтаи! ЛIым фызым и унэцIэ къиштэ хабзэ! Апхуэдэ зыщIэ урихьэлIа?

– КъикI щыIэкъым абы. ЦIыхур фэлъыркъэбым хуэдэщ, унэцIэр къэб жылэщ. Фалъэ щащIкIэ, къэбым жылэр кърадз.

– Уи жьэ дауэ къекIуэрэ?

Фызым и унэцIэр къэзыщта убыхыр пыдыхьэшхыкIащ, IупщIэ ищIри:

– Пагагъэм дытекIуэдэжащ. Дыпагэ хъунт, ди унэ дисыжамэ.

ТлъэкI къэдгъэнакъым абы щыгъуи. Къэбым и къур теудамэ, зэтпэсыжыртэкъым, Iэщым едгъэшхырт. Нэху къекIа лыр хьэщIэм пщэдджыжьым хутедгъэувэжыртэкъым – емыкIукъэ, ныкъуэшх тебгъэувэ хъурэ! ХьэщIэм и Iэнэр нэщI мыхъумэ, унагъуэр зэтелIэкIэ дыгузэвэнт? Зэдмыпэсым япхъу къэтшакъэ – къэзышар е хьэрэм ящIынт е зыхахупэнт. Убыхыр зы Iэбжьыб хуэдизщ дызэрыхъур, зы псыхъуи дрикъунукъым, итIани пагагъэм дыкъызэгуичыртэкъэ? ДыкъызэрыщIидзыжами еплъ. Хэт зи лажьэр – къызжеIэт?

– Уи щхьэр зэрыхэпхыным ухэмыт. Сэ сынэхъыжьщ, уи пащхьэ ситщ, тIыс къызжепIэххакъым уи пщIантIэ сыкъызэрыдыхьэрэ.

– Уигу пэщыху щыс. Хэт узымыгъэтIысыр? Дэнэ дежи тIысыпIэщ, – и Iэр ищIащ си унэкъуэщым.

– Зы къыци къысхуэпшиякъым – уигу пыкIыркъэ? Пызи жыгым.

– Уигу къихьамэ, къыпыч – хэт къыппэрыуэр?

– ЩIыбым сыдэбгъэтщ, унэмкIэ нышIыхьэ къызжепIакъым.

– Унэ бэмпIэгъуэм сыт щIэпщIыхьынур? Лъэхъуэщым ущисакIэ, блынджабиплIкIэ зыбгъэнщIа хъунщ.

– Уи щхьэгъусэри сыбгъэцIыхуркъэ!

– ЩхьэгъуситI сиIэщ сэ. ТIури шэруалыпхъущ.

– Слъагъуркъыми атIэ?

– Унэм щIэсщ. МэпщафIэ, зэщыхьэжа хъунщ, зэрахьэлыжьщи.

– ФызитI къызэрыпшэн мылъкуи дэнэ къыипха?

– СиIащ зыгуэр, иужьым исыкIыжащ, фызыращ къысхуинар. «СыбгъэцIыхуркъэ» жыбоIэ, уазэрыхуэупсэн къыздэпхьа?

– Я благъэ зрагъэцIыхумэ, абы нэхъ уазэрыхуэупсэн щыIэ?

– Унэ бэмпIэгъуэм нэхърэ пщIантIэ жьыщIэхур нэхъыфIкъэ, жызоIэ сэри, сызахуэкъэ? – пыдыхьэшхыкIащ аргуэру, си гуи фIы къысхуищIащ: – Укъытримыч, фызым щIакхъуэ егъажьэ, къэхьэуэ ягъэвэнщи, ди гъунэгъу лIыжьми сыкъеджэнщ. Чэзу зимыIэ щыIэкъым, думыгъэпIащIэ.

– Бын уиIэ?

– КъуитI сиIэщ. ФызитIым я зырызщ.

– Уи унэцIэ зэрахьэр, хьэмэ я анэхэм я унэцIэ?

– Си фызым и унэцIэр къэсщтащ жысIакъэ – Къэзанжы-оглы. Аращ зэрахьэр... Тыркум яфIэдахэщ, шэчи къыпхуригъэщIыркъым...

– Дэнэ щыхэт-тIэ уи Къэзанжы-оглыр?

– Зыр дэнэ щыхэтми сщIэркъым, илъэсым щIигъуащи. ДыгъуэгъуакIуэм яхыхьащ къэкIухьлъакъуэр. Хьэпсым ис хъунщ, ямыукIамэ. Зэпыту ирекIуэ! ЕтIуанэм зыгуэр къыхэкIын хуэдэщ. Къуэние дэсщ, тыкуэнтет гуэрым деж Iутщ. И щхьэ егъэпсэужыф. Фызи быни иIэщ. И фызи и быни слъэгъуакъым иджыри къэс.

– Уи жьыщхьэ утрагъэунт, щхьэ зыкIэлъумыгъакIуэрэ? Уи пщIантIэм сабий дэсмэ, абы нэхъ насып щыIэ!

– Уи щхьэфэр трашхыкIын фIэкI, къыпхуащIэн щыIэкъым. Гуныкъуэгъуэ ущагъэщIэнукъым. Я унэ ирыресыж, си нэ къахуикIыркъым, езгъэшхыни сиIэкъым. ГъащIэ яIэмэ, я натIэм кърихам IущIэнщ.

– Уэ уи щхьэ зэрыбгъэпсэур сыт?

– Сыкъазыхъуэщ. Хъусен ефэндым и къаз согъэхъу. Щы дохъури, махуищым зэ къыслъос къазыхъуэ чэзур.

– ЦIыхухъум къаз игъэхъу хабзэ? Апхуэдэ къэхъуа? Уи напэр щхьэ зытепхыжрэ? Умэлыхъуэтэкъэ, ушыхъуэтэкъэ – цIыхухъу IэщIагъэщ.

Уи напэр зытепхыжащ...

– Напэм сыт къыпхуищIэжын?.. Къазыл пшха игъащIэм? Си гурыIупсыр къэбгъэжащ, сигу къэбгъэкIри. Узыщымыгъуазэ жумыIэ. Къазыцри сыт хуэдэ! Уэ уи щхьэнтэм икуэ хьэуазэ... Хъусен ефэндыр делэкъым – къазым и уасэр ещIэ. ГъэхъугъуафIэкъым – абыкIэ узахуэщ, утеплъэкъукIамэ – думпщ! Сесэжащ, гугъу садехьми.

Шы хакIуапщIэ я гугъу ищI фIэкI пщIэнтэкъым, къаз хъыбарым апхуэдизкIэ дихьэхати.

Унэм зы физ къыщIэкIащ, и щхьэ фIэпхъуауэ. Пхъэ къутапIэм нэсри пхъэ къута IэплIэ къищтащ, къызэплъэкIыххакъым, зблэкIри унэм щIыхьэжащ.

Физыр унэм щIыхьэжыху, Астан зы псалъи жиIакъым.

– Сэ убыхыбзэкIэ сынопсалъэ, уэ тыркубзэкIэ жэуап къызыботыж. Хьэмэрэ уи анэдэлъхубзэр пщыгъупщэжауэ ара?

– Сщыгъупщэжауэ щIы. ЖыпIэр къызгуроIуэ, сыщыужыпакъым убыхыбзэм, итIани тыркубзэм нэхъ сыхуэшэрыуэщ. Си физитIыр тыркубзэщ зэрызэпсалъэри зэрызэфIэнэри. Си щхьэра убыхыбзэкIэ сызэбгъэпсэлъэнур? Щхьэхуэпсалъэ хъуащ жаIэнщи, ауан сыкъащIынщ. Хъусен ефэндым, и гушыIэн къыхэхъыжьэмэ, убыхыбзэкIэ сегъэпсалъэ. Къыхэздзакъэ убыхыбзэ – ныбафэуз мэхъу: «Бзу макъщ, – жи, – фи бзэр, сегъэдаIуэт иджыри тIэкIурэ!» Сэ убыхыбзэкIэ сыкъыхуовэ, езыр мэдыхьэшхри шэнтжьейм исщ... Уэ, мис, къамэ пкIэрыщIащ, улъиижа хъунщ уи къамэр, лейуэ къыболъэфэкI. Абы ещхьщ ди бзэри. КъыпхуищIэжын щыIэкъым.



Къамэр къисхащ. Дыгъэм пэлыдащ къамэдзэр. Астан и пщIантIэри езыри къытощ къамэдзэм. Къамэдзэм къытещу щыслъагъурщ си унэкъуэщри сыкъызэрыхьа лъапсэри зэрыжьгъейм гу щылъыстар. Жьыр къыспиубыдауэ къысщыхъуащ абдежым. Сигу къэкIыжащ чэруанакIуэм сащыхэтар: мащIэрэ сыхэхуа апхуэдэ – дыгъэ жьэражьэр шэджагъуапIэ иувамэ, жьыр щысхуримыкъуж? «ДэкIыжын хуейщ мы пщIантIэм, – жысIащ сигукIэ. – АфIэкIа къыдыхьэ сиIэкъым мыбы!» Лъыр си щхьэм къыдэуеящ.

– Дызэрызэшыр зыщумыгъэгъупщэ, Астан. Укъысхуей хъужыкъуэмэ, Сит и унэ сыкъыщыбгъуэтынщ. ДызыфIумыгъэкIуэдыж. Уи Iуэху фIы ирикIуэ!

– Узыншэу ущыт!

ПщIантIэм сыкъыдишыжын дэнэ къэна, къэтэджыххакъым, джыдэкIыр иубыдыжри, лъэрмывэр зыбгъэдигъэкIуэтэжащ Астан.

Ди зэшыгъэм и къуэпсыр а джыдэмкIэкъым Астан зэрызэпиупщIыжар. СымыщIа щхьэкIэ, куэд щIат а къуэпсыр зэрыгъужрэ. Зи унэцIэр къищта шэруал физым а къуэпсыр мафIэм пэридзэжкIэ емыкIу къыхуащIынтэкъым.

«Уей-уей!» жезыгъэIа Золакъхэ я лъэпкъыр хэкIуэдэжащ жыпIэркъэ! – си щхьэр къыфIэхуауэ, сыкъыдэкIыжащ си унэкъуэщым и пщIантIэм. ХэкIуэдэжа къудейкъым, ди лъэпкъым и напэр трихащ Астан, игъащIэкIэ хурикъун хъуэн къыхуихьащ. Астан сыт и лажьэт? ГъащIэм ирихулIащ. Уи натIэ къритхам уфIэкIынукъым. Сэ сынэхъыфI? Сытым срипэрмэн? Уни быни сиIэкъым. Си щхьэ закъуэ си лъакъуитIщ. Щыблэ зэуа жыгыжь сыхуэдэщ: мафIэм сыхисхьэри, яжьэщи, жьым сипхъэхыжащ. КIуэдыжыпащ итIанэ Золакъхэ я лъэпкъыр, зы лъэужьи къэнэжынукъым. Дауэ ар? Лъэпкъ псор кIуэдыжынкIэ

щхьэ хъурэ? Щхьэ кIуэдыжын хуей ди бзэр – мыбдеж щыт абы и ныбжьыр? КIуэдыж хъурэ гущэкъу уэрэдым, вакIуэлIым, тхьэмадэ жьакIэхум, шууей щIалэм я бзэр! Дызэрызэщыхьэри дызэрызэкIужри а бзэракъэ, тхьэ зэрытIуэри сабийр зэрыдгъэудэIури а бзэракъэ, уэредадэ зэрыжытIэри ди лIар зэрыщIэтлъхьэри а бзэракъэ – хэт и нэлат къытехуа абы нобэ? Ди натIэм къритха, хьэмэ жагъуэгъум и гыбзэ къыттехуа? Ар къытщыщIынкIэ хъунт, ди лъэпкъым къыщIэхъуар ТIэхьир хуэдэ хъуамэ? Хьэуэ, цIыхур абы дэплъеямэ, нобэ дызыIут IэнатIэм дынэсынтэкъым, жагъуэгъум и нэлати къыттехуэнтэкъым!..

Мэзым щIэгъуэщыхьа гъуэгурыкIуэм сыхуэдэт асыхьэтым: мэзыр Iувт, лъагъуэ пхыкIыртэкъым. Си щхьэ си жагъуэти, сымыщIэххэурэ, уэрам зэв цIыкIу сыкъыдэхутащ. Уэрамыщхьэм тет унэ лъахъшэм сыбгъэдыхьащ.

Си щхьэр зытескъутэм и жэуап щызгъуэтынур ТIэхьир и унэрт.

* * *

ТIэхьир и унэр нэхъ лейтэкъым, адрей унэхэм къазэрыхэщи щыIэтэкъым, пэшитI хъурти, Iэзэвлъэзэвт, цIыху къыщIыхьамэ, зыгъэзапIэ ягъуэтыртэкъым. ИтIани зы махуэ блэкIагъэнкъым цIыхуншэ щыхъуа. Гуапагъэ иралъагъуэрт мы унэм, гузэвэгъуэ хэхуэм и кIуапIэр мырат. Мухъутарым деж уихьэкIэ, узэхищIыкIын? УкъыфIэIуэхунукъым, зил къыпщIэмыузым уи щхьэ уз хуумыIуатэ жиIакъэ? ТIэхьир и бжэр зэIухат дапщэщи: чэнджэщакIуэ ихьэ, тхьэусыхафэ ебгъэтхынукъэ – хьэзырщ, псом ящхьэращи, псалъэ IэфI щызэхэпхынущ, дэуэгъу узэхуэхъуамэ, захуагъэ къыщыпкIэлъызэрахьэнущ, лей къыщыптехуэнукъым.

Ар дэнэ къэна, зыгуэр удз хущхъуэ хуей хъуами, зэкIуалIэр ТIэхьирщ, апхуэдэ IэщIагъэм Истамбыл щыхуемыджарэ пэт. ЦIыхур щыхуэныкъуэкIэ, абыи хэзэгъэн хуейщ: пасэрей тхылъыжьхэр щIиджыкIыурэ, удз хущхъуэ зэхэлъхьэкIэми Iэзэ хуэхъуащ ТIэхьир. Мухъутарыр къытеплъэ хъуртэкъым абы, къефыгъуэрт. Игу темыхуэр зыми хамыIу убых щIалэжьым, и IэмыщIэ унафэ имылъ пэтрэ, псоми пщIэ щIыхуащIырт. Молэракъым жылэр зэдаIуэр, зэгуэпырт мухъутарыр, къэзылъхуари зымыщIэж мо хьэулейрщ! Уи нэIэ тебгъэкI хъунукъым апхуэдэм! КIэлъызеплъэ хъуащ, кIэщIодэIухьри, Алий Хьэзрэт-пэщэ бзэгу хуехь. ТIэхьир щыгъуазэт мухъутарым бзэгу къызэрыкIэлъызэрихьэм, щыгъуазэми, худидзыхыртэкъым.

ПщIантIэм сызэрыдыхьам гу къылъитэри, ТIэхьир унэм къикIащ.

– Еблагъэ, Зауркъан! ЕмыкIу къысхуэпщIынкъым: ди унэ цIыху къихьащи, я Iуэхур зэфIэзгъэкIыху, мо жыг жьауэм щIэс. КIыхь зедгъэщIынкъым.

– ХьэщIэм хуэпщI и унафэщ, – жысIащ сэ, жыг жьауэм сыщIэтIысхьащ.

Гулизар, ТIэхьир и унэгуащэм, къэхьэуэ къысхущIихащ. Истамбыл щыщ тырку цIыхубзт Гулизар, цIыхубз къамылыфэ лъагэт, къыпщыгуфIыкIыжу. И щхьи кърипхъухыртэкъым, цIыхухъуми защигъэпщкIуртэкъым. Слъагъуху къэси си гур хэлъэтырт, Фэлдыщэ езгъэщхьырти. Гулизар ди бзэр къыгурыIуэрт, иримыпсэлъэфми. ТIэхьир щIалитI къыхуилъхуат абы. Сит дэрэ Щолэхъу деж дыщыкIуам, гъуэгу сабэм дызыщрихьэлIа щIалэ цIыкIу нэмысыншэхэм хуэдэтэкъым

ТIэхьир и къуитIыр. Бгырыс хабзэт ТIэхьир и къуитIыр зыщIипIыкIыр, тIури щэныфIэ дыдэт, я хьэлкIи я щэнкIи ядэбгъуэн щыIэтэкъым.

И унэ къихьахэм я Iуэху зэфIигъэкIри, ТIэхьир сригъэблэгъащ:

– НыщIыхьэ унэмкIэ. ПщIантIэм удэзгъэсащ – губгъэн къысхуэпщIми, схуэфащэщ.

ТIэхьир пэш цIыкIум сыщIишащ. Иджыт мы пэшым сыкъыщыщIыхьэр. Блыныр плъагъуртэкъым, тхылъ фIэкI – унэ лъэгум къыщыщIэдзауэ унащхьэм нэс. Ар гъэщIэгъуэн къысщыхъунтэкъэ – апхуэдиз тхылъ хэт илъэгъуат игъащIэм! Убыхым и унэм зы тхылъ илъмэ, ари уогъэщIагъуэ. ТIэхьир и унэм тхылъым ущызэрагъакIуэркъым! Уэри тхылъщ узыхэтыр, Шэрахъ. Сэ сыткIэ къысщхьэпэнт: сынэф пэлъытэт, хьэрф къызэрыратхъэ сщIэртэкъым. ИтIани си щхьэм къилъэдащ: мы къомым ярытыр сщIэтэмэ, уэзирри къыдэзгуэжынт, гъунэ къыдэзгъэплъынтэкъым...

Тхылъым си нэр зэрытенар щилъагъум, ТIэхьир жиIащ:

– Пасэрей тхылъыжь дыди хэлъщ, Зауркъан. Убыхыр пабжьэм дыкъыхэкIакъым, тхыдэшхуэ къызэднэкIащ. Ди тхыдэм тетхыхьащ пасэрей алыджхэри хьэрыпхэри, тырку тхылъхэми куэд итщ. Ди натIэм кърикIуар зи лажьэр ди пашэ щхьэхуещэхэрщ. Хэкур дамыгъэбгынатэмэ, жылэр зэхъуапсэ лъэпкъ дыхъужатэкъэ иджы!

– Дэнэ мыпхуэдиз тхылъ щызэхуэпхьэсар?

– Ало и къуэ Шардын ахъшэм еблакъым – и къуэр щигъэщIакъым жыхуэсIэщ. Щхьэпсыншэм сызэрыдеджар уощIэ: тхылъ уасэр Мансоут къызэзытыр. КъыщIызитыр езым щхьэкIи седжэн хуейти аращ. КъэкIухьлъакъуэм тхылъ къызэгуихыртэкъым, сэ седжэрти, сызэджар жесIэжырт. Абы и пщIи къызитырт Мансоу. Апхуэдэурэ зэхуэсхьэсащ мы плъагъур – абы нэхъ мылъку щыIэ! – Шэнтыр бгъэдигъэкIуатэри, тхылъымпIэ зытелъ Iэнэм сыбгъэдигъэтIысхьащ ТIэхьир. – Мыр, Зауркъан, убыхым я тхыдэщ, пасэм къыщыщIэдзауэ нобэм къэсыху. Куэд щIащ сызэрелIалIэрэ. Сыпсэумэ, нэзгъэсынщ. Дунейр бзаджэщ, къэхъунур пщIэнукъым. Убыхыр дыкIуэдыжынкIи мэхъу, ди лъэужь гуэр къытенэн хуейкъэ дунейм! ДыхэкIуэдэжмэ, мыр ди тхыдэщи, дунейм къахуэнэнщ. Къытрыренэ дунейм ди тхыдэ кIыхьымрэ дызытеунэхъуэжамрэ я пэжыпIэр!

– Тхьэм къуигъэхъулIэ, – жысIащ сэ. – Тхьэм ухунигъэс. Зауэм къыщыхагъэщIами, ди адэжьхэм дзэр лIыхъужь уэрэдым щIагъэдэIуу зэрыщытар сощIэж. Дзэр уэрэдым зэщIиIэтэжырт, бийр игъащтэрт. ЛIыхъужьхэм я уэрэд хуэдэщ уи тхылъыр. Ар дунейм къытемыхьэмэ, хэт игу дыкъэкIыжын, дащыгъупщэжынщ, ягу дыкъызэрыкIыжынури зы закъуэщ: «ЛIыгъэ яхэлъащ, дунейм тетыху». Аркъудейщ.

ТхылъымпIэм Iэ дилъащ ТIэхьир – уи быным Iэ дэплъэкIэ, емыкIу илъ! ТIэхьир и псалъэм содэIури, Астан и пщIантIэр сигу къокIыж. Зи гугъэр гъащIэм хэзыхыжа цIыху ныкъуэлIэм и псалъэщ Астан и пщIантIэм щызэхэсхар. ТIэхьир и унэм щызэхэсхыр лIыгъэм и пшыналъэщ. Астан щыхупIэм щхьэщысмэ, ТIэхьир бгыщхьэм итт, къуршыбгъэ хабзэу...

ТIэхьир, Iэнэм теIэбэри, зы къалэм къищтащ:

– Мыр зищIысыр пщIэрэ, Зауркъан?

– Къалэмщ, – жысIащ сэ. – КъалэмкIэ матхэ.

– Уи фIэщ щIы, Зауркъан: сэшхуэм нэхърэ нэхъ жанщ ар. Дэ, убыххэм, ди гъунэгъуа куржыхэм хуэдэу, тхыбзэ диIатэмэ, тIэщIамыудыфын

Іэщэ тхуэхъунтэкІэ! Мы ди щхьэм кърикІуари ди нэгу щІэкІынтэкъым. ЩІэныгъэ зыгъуэтар пхуиудыжынукъым. Ди адэжьхэр егупсысакъым абы. Нобэ дыздынэсам дынэсынтэкъым, абы егупсысын дяпэ итатэмэ. КІасэми, ди нэр къэпщІ хъуащ иджы. Абхъаз хьэжрэтхэм алыфбей зэрагъэпэщащ, еджапІэ къызэІуахын мурад яІэщ, я сабийр ирагъэджэнущ. Адыгэхэри пыхьащ абы. Сэри зэхэслъхьащ убых алыфбей, мис! – Си пащхьэ кърилъхьащ зы Іэрытх, зэкІуэцІыдауэ. Зы напэ зэригъэдзэкІащ. – Еплъыт, мыр убых хьэрфщ: а, б, в...

– Пыл хуэдиз хъуми, къысхуихынукъым, ТІэхьир. Сэ сыт хэсщІыкІрэ? Гугъу зыкъыздумыгъэхь. Набгъэ сыхъуащ, нэгъуджэми къысхуищІэжын щыІэкъым.

– Ар жызыІэр уэ зырамэ, ягъэ кІынтэкъым. Псоми ар жаІэмэ – тхьэмыщкІагъэщ! НэгъуэщІ сыт фІэпщын? Хуит сыкъащІащэрэт: си унэ къыщызэІусхынт еджапІэ, пщІэ къызэІысхыни щыІэнтэкъым. Убых сабийм и анэдэлъхубзэ езгъэджэным нэхъ гухэхъуэгъуэ слъагъунт! Си щхьэм зыгуэр къихьэ зэрыхъу лъандэрэ сызыщІэхъуэпсыр ращ.

Алыфбейр, си Іэгум ислъхьэри, щІэзупскІащ, сабий къалъхуагъащІэ нэхъей.

– ТхылъыфІ дыдэ птха хъунщ, ТІэхьир, ди лъэпкъым хуэщхьэпэн тхьэм ищІ. Уи тхылъым и пщІэр сымылъытэфмэ, губгъэн къысхуумыщІ – хьэфизри сэри дызэхуэдэщ. Уигу къызумыгъабгъэ, ТІэхьир, ауэ тыркум жаІэу Іэджэрэ зэхэсхащ: фи бзэр тхылъымпІэм изэгъэнукъым, бзу макъ хуэдэщ фи бзэр, жари. «Къашыргъэбзэщ!» – жи Хъусен ефэндым...

– Хъусен ефэндым фІэтыр щхьэкъым, къэбщ. ТхылъымпІэм имызэгъэн бзэ теткъым дунейм. Алыфбейр тездзэфарэ еджапІэ къызэІусхыфамэ, фэзгъэлъагъунт убыхыбзэр тхылъымпІэм изагъэрэ имызагъэрэ! Си гугъэ хэсхыжыркъым. КъыздэхъункъэжызоІэ.

ТІэхьир ІурыкІыркъым тутыныр, и пащІэкІэри пекъузыкІ зэзэмызэ – тхьэм ищІэнщ иджыпсту зэгупсысыр. Къэхьэуэ пщтырым сыхэзагъэркъыми, ТІэхьир нэбгъузкІэ сыхущІоплъ.

– Сабийуэ сагъэбгынащ Убыхыр, итІани си нэгу щІэкІыркъым иджыри къэс, си щхьэм илъ зэпытщ, – зэхызох ТІэхьир и макъ. – Урысейм, Къэукъасэми, къыщыхъуар бжесІащ – цІыхубэм я ІэмыщІэ иралъхьэжащ я щхьэ и унафэ. Абы къикІыр къыбгурыІуэрэ, Зауркъан? Лъэпкъ зэбиинымрэ лъы гъэжэнымрэ кІэ игъуэтауэ ращ абы къикІыр. ЦІыхухэр зэш хъуащ. Ди хэкур дымыбгынамэ, тІуэтэжатэкъэ иджы? Дэ къытІэщІэщІам хуэдэ зыІэщІэщІа лъэпкъ къэхъуагъэнкъым! Ди ІэфракІэ дедзэкъэжын къудейщ къытхуэнар...

Ар жери, хэщэтыкІащ ТІэхьир. Зэщыджэху гъа цІыхур зэрыхэщэтыкІыр плъэгъуа, Шэрахъ?

– Си фІэщ схуэщІыркъым, – жысІащ сэ. – Алий Хьэзрэт-пэщэ хуэдэм щІыкІэ узыдигъэгуэшэн? Дыгъужьрэ мэлрэ зэзэгъын?.. Си нэгу къысхущІэгъэхьэркъым...

– ФІырыфІкІэ къыбдэгуэшэнкъым, ухэзэгъэнкъым игъащІэкІэ! Ауэ вакІуэри, гъукІэри, фочыщІэри, шыхъуэри, лІыщІэри зэрыубыдмэ, Хьэзрэт-пэщэ хуэдэкъым къыжьэдакъуэнур – псибл ирагъэкІынщ!

– Лъэхъуэщым си нэ къыхуикІыркъым, ТІэхьир, къызолъэлъэхыж щыслъэгъуар...

– Истамбыл иджыблагъэ сыщыкІуам, алыдж гуэр сыщрихьэлІащ кхъухь тедзапІэм. Сыхъум къикІыжырт. Сызэрыкъэукъасэ лъэпкъыр къыщищІэм, Абхъазым и хъыбар сригъэдэІуащ, Абхъазыр къэралыгъуэ



6 Заказ №39

зэрыхъужар къызжиIащ. Газети къызитащ алыджым...

– Тыркуми щыгъунэжщ газет, – жысIащ сэ.

И Iэрытхыр зыдилъхьэжа пхъуантэр зэтрихри, ТIэхьир зы газет къытрилъхьащ Iэнэм.

– Мыр сытми газет! Мыр уи анэшхэм я лъэпкъ газетщ. «Апсны къапщ», нэгъуэщIу жыпIэмэ, «Абхъаз плъыжь» – аращ газетым зэреджэр. «Плъыжь» щIыфIащар я хуитыныгъэрэ я къэралыгъуэрэ щыщIэзэум лъы ягъэжати аращ. Плъагъурэ мы сурэтыр? ЛIакъуэлIэшхэм я щIыр зыхуагуэша мэкъумэшыщIэхэрщ зи сурэтыр. КъэпцIыхужын яхэтынкIи мэхъу, яхэплъэт.

– Мыр хэт? – сытеIэбащ лIы гуэрым и сурэтым.

– Ар Абхъазым я лIыщхьэращ. ЦIыхубэм яхопсэлъыхь...

– Я дэ ди тхьэ, къурмэн сыпхухъу, нобэ сыкъыщысакIэ, – жызоIэ, газетыр къызощтэри. – Лей къызэпхати, мыр си нэгу щIумыгъэкIамэ! – Си фэм дэкIар зымыгъэвам сызэхищIыкIынтэкъым: газетыр си Iупэ хуэсхьащ. – ФIыгъуэр зыхуищIэн, ТIэхьир: мыр си анэшым я тхылъщ, жыбоIэ, сылIэмэ, къысхуэпщIэжынкIэ сызэрыпщыгугъыр зы закъуэщ – къыстепIэ мыр, си кхъащхьэм къытелъхьэ. ТхылъымпIэ къытеплъхьауэ слъытэнкъым, си лъахэм щыщ щIы Iэгуэ си кхъащхьэм къытепкIутауэ къысщыхъунщ.

Си нэпсыр къыщIэлъэлъащ, схуэубыдыжакъым. Дэни къикIа нэпсыр? Нэпс сиIэж си гугъэнт сэ – зэрыгъущIэжрэ Iэджэ щIатэкъэ? Бзэпсыр пшэщIыщэмэ, зэпычыркъэ, Шэрахъ? Пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху сисащ ТIэхьир и унэ. «Нэху къыщекI ди унэ, кIасэ хъуащ», – жиIа щхьэкIэ, и хьэтыр схуэлъэгъуакъым.

– Мансоу къыдоджэ пщэдей, – жиIащ ТIэхьир, куэбжэм сыкъыщыдигъэкIыжым.

– Си нэ къыхуикIыркъым!

– Сэри си нэ къызэрыхуикI щыIэкъым, ди щхьэ Iуэху си гугъэкъым къыщIыдэджэр, – убых Iуэху къысфIощI. Армыхъуамэ, сэри сыкIуэнтэкъым.

ПщэдджыжьымдыщызэрихьэлIэнурзэдухылIэри, дызэбгъэдэкIыжащ. Унэм сихьэжакъым. Къуажэм сыдэкIри, нэху щыху ситащ губгъуэм. ТIэхьир къызита газетыр си гуфIакIэ дэлът. Зыгуэрым сыкъилъэгъуатэмэ, делафэ къызиплъынт. «Къуажэ щIыбым дэтщ, и щхьэ хуопсэлъэжри!» – жиIэнт. Жейм ухэмытми, уи нэгу пщIыхь щыщIэкI къэхъуркъэ? Ди анэм и дэлъхухэр зыдэс къуажэм сыкъыдэхутэжауэ слъагъу хуэдэщ. Цэбал сыдоплъэри, солъагъу Пиандж бгыр, абы и щыгум уитмэ, Абхъазыр уи Iэгум илъ хуэдэщ. Куанахъчыр къуршым и дзакIэр дыгъэм полыд, абы и лъапэм Къуэдор псыр щоIэуэлъауэ. Дал лъэныкъуэкIэ шы лъэ макъ къоIукI, фочхэр драгъэуей – я нысашэ хъунщ...

ПщIыхьыр сщхьэщоуж абдежым. Сит и куэбжэм сыбгъэдыхьэжакIэт. Пырхъуэм сытохьэри, пхъэ гъуэлъыпIэжьым зызогъэщI. Джэд Iуэгъуэ хъуащ, нэхулъэ къызэкIэщIеч.

* * *

ГъущI куэбжэм дыблэкIри, ТIэхьир дэрэ Шардын и къуэ Мансоу и пщIантIэм дыдыхьащ. Къэрэгъулыр къытпэувакъым. «Сыт фызыхуейр?» – къытщIэкIиякъым зыри. УнэIути къытIэщIэлъэгъуакъым.

Бадзэ щыдымкъым пщIантIэм.

– ЗэтелIа мыхэр? – сеIущэщащ ТIэхьир.

– Зэпыту кIуарэт...

Адакъэ зэуапIэм дыщыблэкIым, лъы къуалэр къызэжэх адакъитIымрэ ныбафэуз зэтехъуа зиусхьэнхэмрэ си нэгу къыщIэувэжащ. Си гур щтэIэщтаблэщ: «ФIыгъуэ къыщытпэплъэркъым мыбы!» Унэм дынэблэгъауэ, зы унэIут къыкъуэкIащ. Шардын и къуэ Мансоу къыдэджати, дыкъэкIуащ, щыжытIэм, зыкъытхуигъэщхъащ унэIутым:

– Къыфпоплъэ!

И Iэр дэкIуеипIэмкIэ ищIащ. ЕтIуанэ къатым дыдэкIуейри, пэш Iэхуитлъэхуит дыкъыщIэхутащ. Унэ лъэгум алэрыбгъу илъщ, жыхафэгум Iэнэ хъуреишхуэ тетщ. Къупщхьэ мыштыкур жьэдигъэсауэ, Мансоу шэнтжьейм исщ. И лъакъуитI зэтедзащ, тырку джанэ быхъу щыгъщ, бгынтIэщ.

– ФыкъыщIыхьэ! ФетIысэх моуэ! – ищIащ и Iэр Мансоу.

И пащхьэ дитIысхьащ, шэнтжьей зрыз бгъэдэдгъэкIуатэри. СыбгъэдэтIысхьащи, зэпызоплъыхь. Зы махуэ щыслъэгъуам щакIуэ фащэщ щыгъар, хьэуазэ пыIэ щхьэрыгъащ. Иджы соплъри, щIалафэ тетщ, и зыщ тхъуауэ гу лъыстэркъым, и ныбжьыр илъэс хыщIым нэблэгъами. И напIащхьэр къэпщауэ къысфIощI, и нэ цIыкIуитIри кууэ исщ, нэщIащэм зраудыгъуауэ. И сабиищхьэ слъэгъуауэ сщIэжырт. Щыщ къыхэнэжакъым! Iэгъуапэ быхъум къищ и IитIым лъы щIэмыт хуэдэщ, гъуэжьыфэщ, жьауэм хэта нартыхум и бзийуэ. И Iэпэ гъурхэм ящыщ зым дыщэ Iэлъын Iэрысщ.

– Дауэ фыпсэурэ? Сыт фи хъыбар? – мыштыкум тутын кIэфыр къриудыжри, къыдэупщIащ Шардын и къуэ Мансоу.

– Сэ сымэкъумэшыщIэщ, сэрейм сыщIэскъым, уэ етIуанэ къатым унеплъыхмэ, дызэрыпсэур плъагъу хъунщ, – жэуап иритащ ТIэхьир.

– ЗумыгъэтхьэмыщкIафэ! Дэнэ къикIа умэкъумэшыщIэ! Жылэр къызэроджэр алимщ*. Уи унэм тхылъыр щIэхуэркъым, къалэмырщи – бгъэтIылъыххэркъым...

– АбыкIэ узахуэщ. Алыфбей зэхэслъхьащ, убыхым я тхыдэр сотх, сызэрыпсэур щIым къытесхырщ – си пщIэнтIэпсщ.

ТIури зэрыпсалъэр тыркубзэт.

– Уэ куэд зэрыпхузэфIэкIынур сощIэ. Истамбыл дызэрыдэсрэ сыщыгъуазэщ абы. АрщхьэкIэ шым Iусыр сэбэп хуэхъуакъым, тхылъым уагъэщхьэрыуащ. Зэманым упэщIэувэ хъурэ: Iущыгъэкъым, уи гуащIи зыпэмылъэщынщ.

– Щхьэж и акъыл иропсэуж.

– ЩIэныгъэ зиIэр ерыщмэ, шыдым нэхърэ нэхъыкIэщ. Сыт зэблэпхъужыфынур? Бгым джэдыкIэкIэ еуэ. Уи щхьэм, уи быным уегупсысыжамэ, нэхъыфIт...

– Уи чэнджэщым седэIуэнт, сыфIэкIынтэкъым, уэри къыпщыгугъым уегупсысамэ. ЦIыхум уигу ящIэгъуркъым...

Мансоу пщIэнтIэпсыр къекIуащ. ПщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри, дыжьын пэтырбакъыр къытхуишиящ:

– ЩIэвгъанэ!

– Дигу тIэпихыркъым, – жиIащ ТIэхьир.

Мансоу тутын ириIуащ мыштыкум.

---

* Алим – щIэныгъэлI.

– ЦIыхур щхьэ бгъэутхъуэн хуей? – и лъакъуэр зэтридзэжащ Мансоу, тутыным екъури. – ЦIыхур бгъэжакъуэ хъунукъым – теунэхъуэнущ. И натIэм кърихам фIэкIынукъым цIыхур – уэ абы сыт пхуещIэнур, ТIэхьир? Уи щхьэр къэбгъэпцIэж къудейщ. Уэ зым фIэкI хэмыкIуадэмэ, ар хъунт, ауэ цIыхур зэрыгъэутхъуэмэ, хэкIуэдэнум щIэ щIэткъым – къуаншэри захуэри здихьынущ. – Си дежкIэ къеплъэкIащ. – Сызахуэкъэ, Зауркъан?

– ТIэхьир цIыхум защIегъакъуэ, и гум хьэрэмыгъэ илъкъым. Уигу къызумыгъабгъэ, Мансоу, мыр бжесIэмэ: чэнджэщакIуэ къэкIуэнукъым цIыхур уи деж, лъэIуакIуи къэкIуэнукъым, дыкъихъумэнщ жаIэу, къыпщыгугъи срихьэлIакъым. Ар пхуэфащэ уэ? Уэ пхуэдэкъэ убыхым къыщхьэщыжын хуейр?

Мансоу дыхьэшхыпцIащ.

– Уэри укъицIэлащ мобы, – и щхьэр ищIащ ТIэхьир дежкIэ, – уигъэделащ. Хьэмэрэ лъэхъуэщыра Iущ ущыхъуар?

– Лъэхъуэщми Iущ уихъухьынкIэ зыхуэIуа щыIэкъым...

Мансоу, и щхьэр ирихьэхри, зыгуэр илъытэу хуежьащ. Абы и щIыбагъкIэ блыным фIэлъ сурэтым си нэр хуэзащ абдежым. СыкъэскIащ, сурэтыр щыслъагъум: цIыхубз пцIанэ сурэтт. Щащыхур текIуэтауэ, алэрыбгъум телът, езым и IитIыр и пщэдыкъым щызэридзауэ, нэхъуеиншэу къыпIуплъэрт...

Плъыжь сыкъэхъури, си нэр къытесчыжащ сурэтым. ЦIыху сурэт пщIыуэ щамыдэ, цIыхубзым и нэкIу ущрамыгъаплъэ муслъымэн лъахэм апхуэдэ сурэтыр щыхьэрэмтэкъэ? «Шардын и къуэ Мансоу джаур хъунщ», – жысIащ сигукIэ.

– УкъытфIэнэн щхьэкIэ укъыщIыдэджар, Мансоу? – зэхэсхащ ТIэхьир и макъ. – УкъыщIыдэджар къыджеIэ.

БжэщхьэIум къыщытIущIа унэIутым къэхьэуэ Iэбжьэ цIыкIуищ къыщIихьащ, къэхьэуэр ди пащхьэ къригъэувэри, езым зыщIигъэбзэхыкIыжащ.

– Мыбы дыкъызэрыIэпхъуэ лъандэрэ тыркум я нэм бжэгъуу къыщIоуэ убыхыр, – къиублэжащ Шардын и къуэ Мансоу псалъэмакъыр.

ТIэхьир зишыIэн хуеягъэнщ абдежым, Мансоу и псалъэр иригъэухын хуеящ, арщхьэкIэ щакIуэм я нэхъ шэрыуэми кIакхъур и чэзум щыщIимыч къэхъуркъэ:

– Узижагъуэм уи щхьэр фIэгъумщ!

Ар зэхимыха фэр зытригъэуащ Мансоу, зыщхьэдигъэIухащ.

– Мы къэралым пащтыхьыр алыхьым и лIыкIуэущ зэрыщалъытэр, абы и IэмыщIэ илъыр муслъымэн диным итын хуейщ. ПцIы зыхэмылъыжыр зыщ: дин щымыIэжмэ, цIыхур зэбгрыжыжынущ, зыми едэIуэжынукъым. Убыхыр мэжджытым кIуэми, ягу хыхьэркъым диныр.

– Дагъуэ гуэр зимыIэ щыIэкъым, ар ищIэн хуейт пащтыхьым. Дагъуэ зимыIэ щигъуэтынур жэнэтырщ – хур пщащэхэм я IэплIэ ихуа нэужь. Абы нэмыщIи бжесIэнщи, диным имыхьэр хигъэзыхьакъым Мухьэмэд: и унафэ къедаIуэрэ хьэкъ ящIэмэ, диныр зыми пиубыдакъым. Дэ тщIэркъэ хьэкъ, тщIэр пфIэмащIэ?

– Алыхьым и пащхьэ къикIа фIыцIагъэм итыр зыщIэр пащтыхьырщ, уэ уэзирми унэсакъым зэкIэ. Мазэ ныкъуэ щхъуантIэмрэ бэракъ удзыфэмрэ убыхыр щIэувэнкIэ и чэзу хъуащ, муслъымэн лъахэщ зэрысыр, узыхэсым захэбгъэгъуэщэн хуейщ. Я цIи я унэцIи зэрахъуэкIын

хуейщ убыхым, тыркуцӀэ кърыращтэ, уэсмэну зрырагъэтх.

– Арыншэми нэхъыбэм ящыгъупщэжащ Бытхьэ, тыркубзэкӀэ мэпсалъэ, мэжджытым йокӀуалӀэ, иджы я цӀэри зэребгъэхъуэкӀыну ара? Ар егъэлеящ...

– Унафэщ! Уэсмэн къэралыгъуэм исыр уэсмэн хъун хуейщ. Зыри къагъэнэнукъым. КъызжиӀакъым жумыӀэж, ТӀэхьир: цӀыхур умыгъэутхъуэ, сакъ, узыхущӀегъуэжын умылэжь: уи щхьэр хэплъхьэнщ, цӀыхури бгъэунэхъунщ. Мэжджытым мафӀэ щӀэзыдзэн мурад зыщӀыр езыр мафӀэм хисхьэнущ. Щапхъэ егъэлъагъу убыххэм: хъуэж уи унэцӀэр!

КӀуэцӀрыкӀыбжэр къэкӀыргъри, цӀыхубз щӀалэ къыщӀыхьащ пэшым. Бостей кӀыхь щыгъщ, Ӏэщхьэ кӀэщӀщ, и бгъэр къихащ. Дыхумэр щӀэз хъуащ пэш кӀуэцӀым. СщӀэркъым сигу къыщӀэкӀар: «Мырмырауэ пӀэрэ мо сурэтыр зейр?» ТӀэхьир дэрэ дыкъэтэджри, ди щхьэ хуэдгъэлъэхъшащ цӀыхубзым. ЦӀыхубзыр пыгуфӀыкӀащ, Мансоу бгъэдыхьэри, къызгурымыӀуэ бзэ гуэркӀэ еӀущэщащ. Мансоу и унэ дыкъикӀыжауэ дыкъыздэкӀуэжым, ТӀэхьир къызжиӀащ ар франджыбзэкӀэ зэрыпсэлъар. КъэкӀухьакӀуэ ежьэрти, Алий Хьэзрэт-пэщэ деж лъагъунлъагъу зэрыщӀыхьэнури къыжриӀащ и лӀым.

– Пщыхьэщхьэ сыкъэпшэжын зэрыхуейр зыщумыгъэгъупщэ! – унафэ къыхуищӀащ Мансоу, зыкъригъэзэкӀри, и Ӏэр ТӀэхьир къыхуишиящ, сэри къызбгъэдыхьащи, и нэр къоху:

– Ой-ла-ла! Къэукъасэ!

Си бгырыпхым къеӀусащ, къамэми хьэзырми кьытеӀэбащ, и псэр ӀукӀауэ фэ зытригъэуащ:

– О!

Къызэрытхэлъэдам хуэдабзэу, тхэжыжащ цӀыхубзыр. ТӀэхьир Шардын и къуэ Мансоу ехъурджэуащ:

– Уи физым и нэкӀу щӀиуфэркъым, муслъымэн лъахэм къыщезэгъ-рэ ар, алыхьым и губгъэным уигъэкӀуэн?..

– Ар франсызэщ, муслъымэнкъым...

– ЦӀыхум и сурэт пщӀыныр гуэныхьщ – аращ диным жиӀэр. ЦӀыхубз пцӀанэм и сурэт фӀэлъщ уи блын... Убыхым ящыщ гуэр и блын апхуэдэ сурэт фӀидзатэмэ...

– Дыщеджэм щыгъуэ, латин псалъэжь гуэр къызжепӀэгъащ, пщӀэжрэ: «Тхьэм хуашэчыр вым и фэм дах». Сэ сытыркукъым, сыубыхкъым, сыеуропейщ.

– Зиусхьэн еуропейр чэнджэщэгъу щхьэ къытхуэхъурэ-тӀэ, игу щхьэ къытщӀэгъурэ?

– ФӀы къывэхъулӀэмэ си жагъуэкъыми аращ.

– ФӀыщӀэ пхудощӀ... ФӀы къыдэхъулӀэмэ ущимыжагъуэкӀэ, щӀыхуэ къыдэптыркъэ: еджапӀэ къызэӀутхынут, алыфбей теддзэнут.

– Фэстынт. Ауэ хэт фи еджапӀэми фи алыфбейми хуэныкъуэр? Ар зэрыделагъэр щхьэ къыбгурымыӀуэрэ? Лъэпкъ цӀыкӀур лъэпкъышхуэм и ӀэмыщӀэ ихуэмэ – ар езы зэманым и унафэщ. И ӀэмыщӀэ залымыгъэкӀэ ириубыдэми! Уи къуэхэми ящӀэжыркъым убыхыбзэ. Дэнэ унихьэсын убыхыбзэм? Тыркубзэм гъащӀэм и бжэр къахузэӀуихынущ. БжэщхьэӀум фӀэкӀынукъым убыхыбзэр. Латиныбзэрэ пэт, цӀыхум яӀурыхужащ.

– Апхуэдэ гъуэгу урикӀуэнумэ, Ӏуэхур нэхъ зэфӀэкӀыгъуафӀэ пхуэщӀынущ: дуней псор зы бзэм ехулӀи, уи бэлыхь ухэкӀыжащ. Франджыбзэм, псалъэм папщӀэ, латиныбзэм и ӀуэхукӀэ бжесӀэнур мыращ, – къыщӀигъужащ ТӀэхьир, къызэщӀэплъэ зэпытурэ. – Къэралыгъуэр

лъэлъэжа нэужьи щIэх кIуэдыжакъым латиныбзэр, и щхьэ псэущ иджыри, цIыхур иримыпсэлъэж щхьэкIэ.

– Щхьэ уерыщ, ТIэхьир? Пхыплъыт убых тхыдэм. ЗылI цIэрыIуэ и цIэ къысхуипIуэфын? ДиIакъым апхуэдэ! ДиIакъым! Хэт узэрыпагэр? УиIэкъым узэрыпэгэн? Хэт и хъыбар сабийр зэбгъэдэIуэнур? Унэрыуэ шу пашэхэра, лIыукI гущIэгъуншэхэра, хьэмэрэ абрэдж хьэулейхэра? Сабийм уигу ящIэгъэгъуи нэхъыфIщ, убыхым я унафэр зэманым зэригъэзэхуакIэщ. Абы хэпщIыхьыжын щыIэкъым, узыхэтыр мыхъун Iуэхущ. Убых щIалэгъуалэр тыркум щIэх хэшыпсыхьыжмэ, я щхьэм нэхъ и сэбэпщ: щIэныгъэкIэ, IэщIагъэкIэ, гъэсэныгъэкIэ тыркухэр лъэпкъ цIыкIухэм ящхьэпрыкIыжащ.

ЗысхуэшыIакъым абдежым:

– Нэхъ белджылыуэ жыпIэркъэ: хьэм уахэсмэ, хьэ бэнэкIэ пщIэн хуейщ!

Шардын и къуэ Мансоу къызэплъыххакъым, и псалъи зэпигъэуакъым:

– Я щхьэ къэрагъэлын яфIэфIмэ, убыхым нэгъуэщI хэкIыпIэ яIэкъым: я щхьэр пащтыхьым и куэщIым ирыралъхьэ. Мы куейм и тет Алий Хьэзрэт-пэщэ шу хеш, зэранщIакIуэхэм я джабэр щIиудынущ. Абы и бэракъым щIреувэ убых щIалэхэри.

– Дэнэ щыIэ а убых щIалэ жыхуэпIэхэр? Куэд къикIыжа зауэм? Псэууэ къэкIуэжам хэт и Iэ къэтщ, хэт и лъэ къэтщ.

– Зауркъан фэрэ фахыхьэмэ, убыхыр къывэдэIуэнущ, Iэщи къащтэнущ.



– Iэщэ зезыхьэфын тхэтыжкъым. ТIэхьир жиIэр пэжщ, – псалъэм сыхыхьащ сэри. – Сыт тхузэфIэкIыжын?

– ФхузэфIэкI щIагъуэ щымыIэми, пащтыхьым фыкъуэмыувэмэ, игу къывэбгъэнщ, фепцIыжауэ илъытэнщи, къыфхуигъэгъункъым. Чэмалпэщэ утыкум къызэрихьар фощIэ. Пащтыхьыр гузэвэгъуэ хэхуащ. Нобэ хуэдэ махуэщ пащтыхьым щыкъуэувэр. Алий Хьэзрэт-пэщэ шэч зыхуевгъэщIрэ игу зэвгъабгъэмэ, сэ фыкъысхуэмыгъыж. ЩIым трихужынщ убыхыр, я лъапсэм псы иригъэжыхьыжынщ. КъызжиIакъым жывмыIэж!

– Уи щхьэфэми Iэ къыдалъэнкъым! – жысIащ сэ.

– Къыдалъэнукъым, сощIэ, – жиIащ Шардын и къуэ Мансоу, къэтэджри гъуджэм бгъэдыхьауэ. – Мансоу щхьэкIэ фигу фымыгъэныкъуэ. – И набдзэр ирилъэщIэкIащ. – Си сэреймрэ си щIымрэ Хъусен ефэндым изощэ. Сэ Франджым сокIуэж – си щыкъу адэм деж. Сыт хуэдэ санэ хадэ щысхуагъэтIыгъуэрэ абы! Пащтыхьым хуэжыIэщIэм и цIэкIэ хъуэхъубжьэ сIэтынкIэ фыкъызогъэгугъэ! Пащтыхьым епцIыжым и хьэдрыхэ гъуэгур занщIэщ!

– Уэ хъуэхъу Iэнэм упэрысынущ, дэ мафIэм дыпэрыхуэкIэ уил узын!

– Сэ си щхьэр фхызох. Хъыбар фэзмыгъащIэу кIэбгъу зысщIыжами хъурт...

– Убыхым я гуэныхьым уигъэкIуэнкъым, дэнэкIэ бгъазэми.

– Куэдщ, дызэрывмыгъэшх. Убыхым я натIэ хъунум симыгъэгузавэтэмэ, нобэ фыкъезгъэблэгъэнтэкъым: фысакъ, вжызоIэ. – Шардын и къуэ Мансоу ТIэхьир дежкIэ зигъэзащ. – Уигу сыкъэгъэкIыж уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъызыщтэм: си чэнджэщым уелъэпэуэнщи, мы-

гъуагъэ ухэхуэнщ. Фи Iуэху фIы ирикIуэ!

И щхьэр игъэкIри, Шардын и къуэ Мансоу пэшыр ибгынащ. Дэри дыкъежьэжащ, ди щхьэ къыфIэхуауэ.

* * *

И псалъэр и кIэм нигъэсакъым Зауркъан ныщхьэбэ. И псалъэр зэпигъэури, щым хъуауэ, щысащ заулрэ. Зэгупсысыр тхьэм ищIэнщ, щысщ, и Iэр и куэщI ирилъхьэжауэ.

Зы псалъэ къыхуэгубзыгъыжыртэкъыми, абы иризэгуэпырт лIыжьыр. Заул дэкIауэ къигубзыгъыжащ: жьэпхъалъэ*.

– Къэбгубзыгъыжыни хэмылъ хуэдэщ: жьэпхъалъэкъэ икIэри ипэри – итIани си гум ихужащ! – игу зэбгъэжащ Зауркъан. – МащIэ щIа зэрызэхэзмыхыжрэ! Кхъэ мащэм сис хуэдэщ, щызэхэзмыхыжкIэ сIэпыхужынкъэ!

И щхьэр фIиубыдыкIыжри, игу зэбгъэжауэ, куэдрэ щысащ Зауркъан. И пащхьэ сыздисым, лIыжьым и гъащIэ кIыхьыр си нэгу къыщIызогъэхьэри, си гур мэхыщIэ: мащIэ игъэва абы, мащIэ дэкIа и фэм, гукъутэгъуэ мащIэм къыпхиха и гъащIэр!

Бгыр къилъэлъэжрэ, псыр жэщIыжрэ, мэзыр гъужрэ?! Бзэри аракъэ? Дауэ кIуэдыжын бзэр? Хьэуэ, бзэр лъэужьыншэ хъунукъым, Зауркъан и фIэщ хуэщIынутэкъым ар, и тхьэкIуми иригъэхьэнукъым, абыкIэ уемыщхьэкIуэ. Щхьэ сеуэнт лIыжьым игу, хремыхыж и гугъэ, игу ирырегъэфI абыкIэ...

Зимыумысыжми, езы Зауркъани зыхищIэ хъунт убыхыбзэм гъащIэ зэримыIэжыр. ЩIым щIыхьэжащ и лъэпкъыр, езым и закъуэщ дунейм къытенар. ЖылакIэщ нобэ, къисэхэжащ убыхым я лъапсэр, Зауркъан абы и зы къутахуэщ...

И хэку исыжатэмэ, апхуэдэ IэнатIэ Iуувэнтэкъым Зауркъан – абы шэч къытесхьэркъым сэ, си щхьэкIэ згъэунэхуащ. Гъуэгуанэ кIыхь къызэпысчамэ, сыкъызытекIухьар зи мафIэр ужьыхыж бзэрщ, а мафIэр иджыри щоблэ убых жылакIэм и гущIэм, ихьыжынур хэт зыщIэр? Абы сримыгузэвамэ, хыри къызэпрыскъутыкIынтэкъым, мы щIыпIэ пхыдзами сыкъихьэнтэкъым...

* * *

Мустэфа Чэмал-пэщэ къулыкъум щытекIа гъэм бжьэхуцыр тхуэбэгъуащ. Шы зыгъуэт нэху тещхьэркъым. Дунейр зэрыхьзэрийт, зауэм и гуащIэгъуэти, гъуэгум утехьэ хъуртэкъым. Пащтыхьым инджылызхэм, франджыхэм, алыджхэм е зарищащ, е я IэмыщIэ ихуащи, къэралыр хэкIуэдэжыным нэсащ. Мустэфа Чэмал и гъусэхэм тхьэ зэхуаIуащ къэралыр щхьэхуит хъужыху Iэщэр ямыгъэтIылъынкIэ. Дэ а тIум я кум дыдокIуадэ. Сондэджэрхэм, хьэIуцыдз етауэ, жылагъуэхэр зэхажыхь, бжьэхуцыр, пудыжькъэ, зыкIэщIаупщIэ, жыжьэ Iуашри, хуэдитIкIэщыкIэ ящэж. Хэт ухуэтхьэусыхэн? Хъусен ефэндыр езыр хотхъыкI абы, фейдэ къыхухокI бжьэхуцым – хабзэ щызгъуэтынщ жумыIэ. ЖаIэр пэжмэ, Истамбыли унафэ къыдэнэжакъым, пащтыхьым къару бгъэдэлъыжкъым, и Iэ-и лъэр пхащ. Къалащхьэм мафIэс къыщцымыхъуу зы жэщи дэкIыркъым, кхъухьхэр ягъэс, гыныр къагъауэ, пащтыхьым и

* Жьэпхъалъэ – тебэ. Псалъэр убыхыбзэми адыгэбзэми хэтщ.

сэрей бжэIупэм щызозауэ. Пащтыхьым и аскэрхэр Мустэфа Чэмал и дзэм холъэдэж, унафэр абы иубыдауэ жаIэ, зэпекъу хъуащи, зэрыгъэпщыркъым, зэрыгъэлIыркъым. Къарындж-Овасы чэруан тIысыпIэ хъуа фIэкI пщIэнутэкъым а зэманым. Абы къыщемыпсыхар укIуэдыж: франджыи, алыджи, пащтыхьым и башибузыкъуи (зауэлI – *Ред.*) – напэншэ защIэщ, къыпщысхьын яхэткъым, ди лыр яшх. Къыдыхьакъэ къуажэм – гъашхэ, унэр хуит яхуэщI, яхуэжьыщIэ, яхуэлъасэ! МафIэм хэхуащ ди щхьэр. Абы и щIыIужкIэ, къэхъуами еплъ: джэгурэ пэт нэ иращI жыхуаIэракъэ, убых щIалитI, нард здэджэгум, зэщыхьэжри зэзэуащ, зым и накIэр адрейм хущIиудащ. Зи накIэ щIаудар Нэгуацэ лъэпкъым ящыщт. Нэгуацэхэ ягу техуакъым, лей къатехуауэ къащыхъуащ.

– Уи нэм къеIэмэ, и псэм еIэ! Дилъ дымыщIэжауэ, тIыс диIэкъым!

Нэгуацэхэ я щIалэм и накIэр щIэзыудам ФэрхъаткIэ еджэрт. Чызмэ лъэпкъым щыщт ар. Чызмэхэ зэхэтIысхьэжри, унафэ ящIащ:

– Къэрабгъафэ зредгъэплъынкъым, дащIекIужын щыIэкъым!

ЗэпэщIэуващ лъэпкъитIыр, зым адрейм худичыхакъым, лъы ягъэжэн хьэзырщ, къызэрыгъэплъащи.

– ДызэвгъэкIуж жытIэмэ, къару ткъуэмылъ я гугъэнущ Нэгуацэхэ, – къэуващ нэхъ зызыгъэIущхэм ящыщ зы.

– Фэрхъат шэруалхэм я деж щтапIэ ирекIуэж, Хъусен ефэнды къыщхьэщытмэ, лей къылъысынкъым! – нэгъуэщI зыми къыхилъхьащ и чэнджэщ.

– Iущыгъэщ ари! – жаIащ Чызмэхэ.

ЖаIэри, Фэрхъатыр шэруалхэм я деж яутIыпщащ. Убыххэр зэщыхьэжмэ, Хъусен ефэндым и IутIыжтэкъэ! Арат зыщIэбэгыр. КъыщыгуфIыкIащ щтапIэ кIуэжа щIалэм, и щхьэфэм Iэ къыдилъащ, фащэ къыщитIэгъащ, Iэщэ къыIэщIилъхьэри, Алий Хьэзрэт-пэщэ и мылъкумрэ и щхьэмрэ зыхъумэ къэрэгъулхэм яхиутIыпщхьащ. Шыхъу брулыжь къэшэсащи, Фэрхъатым Iэщэр егъэдалъэ, зыхыхьами ящхьэпрыкIыжащ, цIыхури джэдри и зэхуэдэщ – тIуми еплъынукъым, ялъ игъэжэфынущ. Аратэкъэ Хъусен ефэндым хуэмыгъуэтыр! Къарындж-Овасы къыщыдэуэ щыIэщ Фэрхъат зыхыхьа щхьэфIэч гупыр, я лъэпкъэгъу щхьэкIэ я дзэ ширкъым, узэкъуэхуауэ уапэщIэхуэмэ, уи щхьэр яхьынущ.



Шардын и къуэ Мансоу деж щыслъэгъуат Алий Хьэзрэт-пэщэ. Къуажэм къыщыдыхьэм, къэсцIыхужынтэкъэ! Хьэрыпыш къарэ тест, уанэкъуапэр иутIыпщыртэкъыми, уанэгум къихункIэ шынэрэ жыпIэнт. Шы пщIэгъуалэ лъагэ къэшэсауэ, франджы инэрал къуэгъури щIыгъут, и фурашкIэ натIэр къанжэ дамэ хуэдэ пIийуэ. Я щIыбагъкIэ шу гуп къыдэтщ. Мухъутарыр я пащхьэ иуващ, и пыIэр зыщхьэрихри, захуигъэщхъащ. Пэщэр абы къеплъакъым, цIыхум къажьэхэуващ, уанэгум здисым:

– ФIыгъуэр зыхуищIэн жылэ! Фи псалъэм фепцIыжауэ си фIэщ хъуркъым сэ! Ди пащтыхь лъапIэм тхьэ хуэфIуащ – дауэ фепцIыжын! Си фIэщ хъуркъым фи лъэпкъэгъу ахъырзэманыр, Анзор-пэщэ, вгъэщIэхъункIэ! Дауэ вгъэщIэхъун: ди пащтыхь лъапIэм и шу гъусэщ ар! Тыркум лажьэ иIэкъым, лажьэ зиIэр зауэ къыдэзыщIылIаращ. Ди мылъкуи ди цIыхуи хэкIуэдащ зауэ гущIэгъуншэм. Ар къагъэсэбэпауэ, цIыху щхьэхуещэхэм къэралыр ягъэутхъуэ, цIыхур ягъэжакъуэ. Ауэ пащтыхьым абыхэм я пщэр зэриудыфынущ. Пащтыхьым къыдэщI и куэдщ – утыкум къранэнукъым. Флъагъуркъэ – франджы инэралыр си гъусэщ. Мы инэрал хахуэм дзэ къытхуишащ – пащтыхьыр утыкум

къринэн фи гугъэ! Франджым и закъуэкъым къыддэIэпыкъунур. Инджылызхэри алыджхэри ди лъэныкъуэщ, пащтыхьым къыдощI. Хэт къыпэлъэщын апхуэдэ къарум? Убыхыр лIыгъэм фыхуалъхуащ, гузэвэгъуэ фыщыхэхуэм, ди Iэр нызэрыфхуэтшияр фигу къэвгъэкIыж: утыку фыкъиднакъым, фытхъумащ, щIы фэттащ, фызэтшэлIэжащ. Фи жагъуэгъухэр къыфхущIоджэ иджы, жаIэр зэхэфхыркъэ: загъэнщIащ, яхуэтщIар ящыгъупщэжащ, пащтыхьым епцIыжащ, жаIэ. Си фIэщ хъуркъым ар! Пащтыхьым и дзэм фыхыхьэн зэрывмыдэр си фIэщ хъуркъым – фи жагъуэгъуращ апхуэдэ псалъэмакъ мыфэмыц зыгъэIур.

Сит, цIыхум яхэкIри, пэщэм и пащхьэ иуващ, и пыIэр и блэгущIэм щIилъхьэри, зигъэщхъащ:

– Зи щIыхьыр ин пэщэ! Узахуэщ уэ: дэ пащтыхьым дебийкъым, депцIыжакъым. ИтIани... пащтыхьым и дзэм хэдгъэхьэн цIыху дэнэ къитхыжын? Дыкъэнар уолъагъу. ЩIалэгъуалэр зауэм хэкIуэдащ, къелар мащIэщ...

Хьэзрэт-пэщэ къыпэрыуащ лIыжьым:

– Щхьэ сыкъэбгъапцIэрэ, тхьэмадэ? ПцIы щхьэ бупсрэ, уи напэм дауэ тебгъахуэрэ? Ей, мухъутар, дзэм хыхьэн хуейм я тхылъыр къысхуэхьыт!

Мухъутарыр пэщэм бгъэдэлъэдащ, и гуфIакIэм къыдигъэцIэфтри, тхылъымпIэ напэ зыбжанэ пэщэм хуишияш.

– Плъагъуркъэ, тхьэмадэ, дапщэ ит мыбы! Зи цIэ мы тхылъым ихуар дыкъыщывэджа дакъикъэм майданым фынекIуалIэ! НемыкIуалIэм хуэдгъэгъунукъым. Сыфхоплъэри, цIыхур зыгъэутхъуэ къыфхэтщ. Фогъэжакъуэ цIыхур! Ей, мухъутар, къэралым и бийм щхьэ уакъыдэщIрэ уэ? Бийм и бзэгузехьэ дэсщ мы къуажэм – хъыбар щхьэ сумыгъэщIарэ?

Мухъутарыр зэщIокIэзызэ, и лъэм иIыгъыжыркъым, и псалъэр хузэгъэкIэсыркъым:

– Хъусен ефэнды езгъэщIащ хъыбар...

– Ы-ы, сигу къэкIыжащ, сигу къэкIыжащ. Алим гуэрщ жыпIа псыр зыгъэутхъуэр?

– Ар дыдэщ, зиусхьэн! ТIэхьирщ псыр зыгъэутхъуэр!

– Дэнэ щыIэ езыр – а гъэпцIакIуэр?

– Ар гъэпцIакIуэкъым, пэщэ. ТIэхьир пщIэ зиIэ цIыхущ, – жиIащ Сит, и пыIэр зыщхьэритIэгъэжри.

– Дэнэ щыIэ жысIакъэ!

– Истамбыл кIуауэ къэтщ.

– Сыт щIэкIуар?

– Хъусен ефэнды щхьэкIэ тхьэусыхэнущ.

– Тхьэусыхэнущ жыпIа?

– Темылъ трилъхьэркъым. Хабзэ икъутакъым. ЗдэкIуари Истамбылщ.

– Убых щIалэ хахуэхэм дыкъызэрамыгъэщIэхъунум шэч къытесхьэркъым! – яхэкIиящ пэщэр цIыхум. – Я псэр ди пащтыхь лъапIэм зэрыхуатынум шэч къытесхьэркъым! Убыхыр лIыгъэщ зыхуалъхуар! ЛIыгъэ щагъэлъагъуэ махуэщ нобэ!

Пэщэр ежьэжащ – нэгъуэщI Iуэхуи къыпэплъэ хъунт абы. ЩIалэ хуэмыху зыбжанэ фIэкI хашыфакъым – нэхъыбэм, загъэпщкIури, зыIэрагъэхьакъым. Хуэмыхум и натIэр аракъэ игъащIэм: е жылэм япэ йощ, е псоми къакIэроху...

Махуэ гуэрым, дыгъэр шэджагъуапIэ иувауэ, гъуэгу сабэр къэхъей-

ри, зы шу къыдэлъэдащ къуажэм. Шы цIахуцIэ тесщи, зелIэж:

– Уэхьэхьей, жылэ махуэ хъун! Бытхьэ бзэхащ! Бытхьэ дыпагъэкIащ!

– Дауэ зэрыбзэхар? Хэт дыпызыгъэкIар? – зэхахыр я фIэщ хъуркъым жылэм.

– Фи фIэщ мыхъумэ, Iуащхьэм фынакIуэ. Фи нэкIэ флъагъунщ! ФынакIуэ псори! Зы цIыху фыкъыдэмынэ жылэм!

Жьым зэрихьэ хъуаскуэти, хъыбарыр жылэм хэз хъуащ. Жылэр Iуащхьэм зэрыхьынтэкъэ! Сит гукъыдэмыжт, итIани, Бытхьэ зэрыбзэхар щызэхихым, пщIантIэм дэсыфакъым, и башыр къиштэри, ежьащ ари. Сэ, и ужь ситщи, сыщIыхьэ къудейщ. Iуащхьэм дыщынэсам, цIыхур Iув зэрыгъэхъуакIэт – куэд щIат Iуащхьэм апхуэдиз зэремыкIуэлIэжрэ. Iуащхьэ щыгум ихьащ лIыжьхэр – жылэр зэщIэзыгъэста щIалэм пцIы иупсатэкъым: Бытхьэ и мывэ абгъуэр зэхэкъутат, тхуей жыг IэщIэмащIэри, и пIэ ираукIыхьа плъыр нэхъей, зиукъуэдиижауэ щылът. ЦIыхур, зэхэувэжащи, зэхэтщ, жаIэнури ящIэркъым. Абгъуэ зэхакъутар куэдрэ зэпиплъыхьащ Сит, пщIащэ гъуэлэжам есэбэуащ, итIанэ зыкъиIэтыжри, цIыхум закъыхуригъэзэкIащ:

– Дагъэунэхъуащ! Бытхьэ диIэжкъым! Бытхьэ ядыгъуащ. Нобэкъым, дыгъуасэкъым къыщыдащIар. Тхьэмпэр гъуэлэжащ, джыдэм и пIэри уфIыцIыжащ.

ЦIыхур зэщIэващ абдежым. Бытхьэ и Iумэтым итыжтэкъым нэхъыбэр, итIани ягу техуакъым – къещхьэкIуауэ ялъытащ. Я губжь зыти, зэкъуэувэжащ цIыхур, я лъыр къызэрыгъэплъащ. Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэщщ.



УIэгъэ хьэлъэ къызадзауэ къысщыхъуащ асыхьэтым. Шэрахъ, игъащIэкIэ бгъэгъу мыхъун щIэщхъу къызапэсауэ слъытэжащ. Апхуэдэ щIэщхъу къыдэзыщIар асыхьэтым къысIэрыхьамэ, уи фIэщ зэрыхъун, слIынтэкIэ, и псэр Iэ щIыбкIэ хэсхынтэмэ!

– Хэт мыр къыдэзыщIар?! Щыблэр къытихуэ мыр къыдэзыщIам, мафIэм пэрисхьэ! Мыр къыдэзыщIам и щхьи и лъэпкъи нэлатыр къатихуэ, жыхьэнмэр унапIэ яхуищI! – жери, Талустэн и IитIыр уэгум иришиящ.

ЦIыхур еувэлIащ Талустэн и псалъэм:

– Iэмин! Iэмин!

«Убыхым къыдищIэфакъым мыр!» – жысIащ сигукIэ, итIанэ сызэхахауэ къыщIэкIащ: цIыхум зы къахокIиикI:

– Узахуэщ, Зауркъан! Ди жагъуэгъущ ар къыдэзыщIар!

АбыкIэ акъылэгъу хъуакъым ТIэхьир и гъунэгъу лIы щхьэфэкъур! – и цIэр къысхуэгубзыгъыжыркъым, щхьэфэкъу къудейтэкъым, назэт, абы и щIыIужкIи. ЛIы щхьэфэкъур пыдыхьэшхыкIащ:

– Хамэм теплъхьэныр тыншщ, дэ тщыщмэ-щэ?

– Мыхъун жумыIэ! – пэрыуащ абы Даут.

– Мыр къыщыдащIа сыхьэтым щхьэ зэхэдмыхарэ? Дэнэ дыщыIа иджыри къэс? – къахэпсэлъыхьащ Iэлъэщ I фIыцIэ зытелъ цIыхубз. «ФылIыгъэншэщ, Бытхьэ къыффIэIуэхужрэ фэ, фи щхьэр яхьакIэ, фигу хэщIынукъым», – аращ цIыхубзым и псалъэм хэтлъэгъуар.

Нэхъыжьхэри игъэзэхуакъым Даут, щIалэхэми губгъэн яхуищIащ:

– Ар тхуэфащэщ дэ, тхуэмыфащэ къыдащIакъым. Дыдейм долъэпауэри, хамэм ейм дыхуоплъэкI. Щолэхъу тхьэмыщкIэм и ахърэтыр дахэ ухъу – дэракъэ зытеунэхъуэжар! Куэд щIа мы Iуащхьэм зэритрэ: и псалъэ Iурывгуэжакъэ, игу феуакъэ? Тхьэпщи Бытхьи кърадзэжрэ нобэрей щIалэм?..

Щхьэфэкъум и псалъэ къыпидзащ аргуэру:

– МафIэ здэщымыIэм Iугъуи щыIэкъым. Дыгъур хамэ къуажэ къыщалъыхъуэ, езым и унэ зриудыгъуарэ пэт...

ЦIыхум я тхьэкIумэ ягъэкIащ:

– КъыджеIэ, шэч зыхуэпщI щыIэмэ!

– Шэч хуэпщIкIэ зэфIэкIынукъым, щыхьэт уимыIэмэ!

– Щыхьэти къэувынщ... – жиIащ щхьэфэкъум.

Щхьэфэкъум екIуэтэлIащ цIыхур.

Макъ гуэр къэIуащ асыхьэтым:

– ФытекIуэтыт! Гъуэгу къыдэфт!

ЦIыхур текIуэтащ, Рэхьманрэ и къуэмрэ гъуэгу иратри. Рэхьман сондэджэрым я пыхъуэпышэт, езыр сатум хэзагъэртэкъым, сатуущIэм кIуэгъужэгъу яхуэхъуати, и щхьэ хигъэкIуадэртэкъым, щадежьи къэхъурт, щадежьэкIэ, и къуэри гъусэ ищIырт.

– ПцIы супсмэ, уи нэлатыр къыстихуэ, Бытхьэ! – цIыхум я пащхьэ иуващ Рэхьман, и хьэуазэ пыIэр щхьэрихри. – Си щIалэ закъуэр тхьэм сIихыж, жысIэр мыпэжмэ! Си пIэ тхьэм сримыгъэкIкIэ, зы псалъэ закъуэ пцIыуэ жысIэмэ! ЗэшэзэпIэ тхьэм сищI...

– Бажэм и бажэкIэ и щыхьэтщ, – къыкIэщIидзащ Талустэн.

– ТIэхьирщ дызыгъэунэхъуар! – залымыгъэкIэ къыжьэдашыфэ зытригъауэри, жиIащ Рэхьман; Талустэн и псалъэр зыщхьэдигъэIухащ.

– Ди нэкIэ тлъэгъуащ! – къыщIигъужащ Рэхьман и къуэм.

ЦIыхум я жьэр Iурыхуащ.

– ПцIы тыволъхьэ! Ар ди фIэщ зэрыфщIын щыIэкъым! – иIэтащ Сит и башыр.

– ФIэщ хъугъуафIэкъым, ар дощIэ. Ауэ пэжым нэр ирещI.

– ПцIыщ жаIэр! Лажьэ зимыIэм тралъхьэ!

– Лажьэ зиIэмрэ зимыIэмрэ зэхэгъэкIыгъуейкъым!

– ЦIыхум и напэм къригъэзэгъынкIэ хъуну псор хэт зыщIэр? – зигъэгусафэ зытригъэуащ щхьэфэкъум. – Ди псалъэр и кIэм нэдвгъэгъэс. Шэч зыхуамыщIыр дыгъу щыхъу щыIэкъэ?.. Бытхьэ леи ишэчынукъым. ТIэхьир пцIы теслъхьэмэ, Бытхьэ и нэлатыр къыстихуэ жысIащ... Махуэ зыбгъупщI хъуащ абы лъандэрэ. Чэруан гуэр дахэзэрыхьри, си щIалэмрэ сэрэ Къуэние дыкIуат. Ди Iуэху зэфIэдгъэкIри, уэрамым дыдыхьащ, дыщэхуэнщ, жытIэри. ДыщэхэкI, налмэс хуэдэ, пыл къупщхьэ зыщащэ тыкуэным дыблэкI пэтрэ, ТIэхьир къыдолъагъу. Тыкуэным къыщIэкIыжырт ТIэхьир. Деджащ, дыгуфIэри, арщхьэкIэ езыр къызэплъэкIакъым: е дызэхимыхарэ, е дызэхимыха нэпцI зищIа – сытми, цIыхум захигъэпшэхъуэжащ. ТIэхьир Истамбыл зэрыкIуар сщIэрт тхьэусыхакIуэ. «Къуэние дауэ къыщыщIидза?» – жыдоIэ, зыхуэтхьынур тщIэркъым. «Дгъэунэхунщ», – жытIэри, зэадэзэкъуэр ТIэхьир къызыщIэкIыжа тыкуэным дыщIыхьащ. Тыкуэн лъэпсейтэкъэ, сыт щхьэкIэ дыщIыхьэнт, ди щхьэ гъэва щIэлът, итIани дыблэкIыфакъым. ДыщIыхьэмэ, узижэгъуэныр Iууплъэ дэ дызыIуплъам: тыкуэнтетхэм Бытхьэ зэпаплъыхь, драгъэзейри – ягъэщIагъуэ, кърагъэзыхыжри – йоплъ.

ЦIыхур зэщIэващ, ар щызэхахым. Рэхьман и напIэ хуэдакъым, нэмэзлыкъым теува хуэдэ, и IитIыр и ныбэгум щызэридзауэ, и псалъэм пещэ:

– Игу хэщI хъунти, Бытхьэ уфIыцIауэ къытщыхъуащ, и нитIым уашхынут, и лъэбжьанэр лъы защIэт. СыкIуэцIрыхуамэ нэхъыфIт абдежым!.. «Мы черкесым дыкъигъэпцIа си гугъэщ!» – зэхэсхащ тыкуэнтет-

хэм ящыщ зым и псалъэ. Адрейр абы и дамащхьэм къытеуIуащ: «Мыбы дыщи дыжьыни хэлъкъым, итIани дыхилъэфэнукъым: къызэрытщэхуам хуэдитI къыщIэтхыжынущ». Си щIалэмрэ сэрэ, тлъэгъуар дигу щIыхьэри, лъэгуажьэмыщхьэ зытщIащ, Бытхьэ и пащхьэ дитIысхьащи, догуIэ... Ди пщампIэр яубыдри дыкъыщIадзыжащ тыкуэным...

– Дызэхэувэжауэ зэманыр догъакIуэ! – къэкIиящ тхьэлъэIу махуэм цIыхум къахэфия аскэр щIалэжьыр. – Бытхьэ зыдыгъуар наIуэкъэ! Псэууэ и фэр тетхынщ, Бытхьэ къытхуимыгъуэтыжмэ! ТIэхьир къыдищIам хуэдэ зыщIэн щыIэ!

ЦIыхур Iэнкун зэрыгъэхъуащ: зым Рэхьман ичэтхъэнут, адрейр ТIэхьир деж унэрыуэ ежьэн хьэзырт.

– Чэрэчэуэ сывупщIэтэнуми, фыхуитщ, Рэхьман жиIэр си фIэщ схуэщIынукъым! ТIэхьир лажьэ иIэкъым. Уи щхьэм шэч хуэпщIыжын? Апхуэдэщ ТIэхьир! – яхуикIуэтакъым Сит. ЛIыжьхэр Сит и лъэныкъуэ хъуащ.

– Псоми я жьэр щывдэн? – къызэрыкIащ щхьэфэкъур. – ЦIыху уэд бгъэшхамэ, уи Iупэр Iуеуд жаIэркъэ! Тхуэфащэщ дэ ар! Истамбыл сокIуэ жери, ежьащ, Къуэние щхьэ къыщыщIидза? И щхьэ гъэва дэлъ?

Сэрэ нэгъуэщI зы-тIурэ фIэкI щыгъуазэтэкъым ТIэхьир здэкIуам. Истамбылтэкъым ар здэкIуар, Анкъарэт: Урысейм я лIыщхьэ гуэр Чэмал-пэщэ деж къэкIуауэ зэхихати, абы зыхуигъэзэн мурад иIэт. Хэкум зыгъэзэжын щыIэмэ, гъуэгу ягъуэтыну? Арат ТIэхьир зыщIэупщIэнур. Ар хэIущIыIу сщIын сытегушхуакъым: бзэгузехьи къэрихьэлIагъэнкIи мэхъу мыбдежым, Хъусен ефэнды деж нагъэсмэ, ТIэхьир и унэр къаувыхьагъэххэщ, фIы щIрагъэхынукъым.

ЦIыхум я пащхьэ сихьащ:



– ТIэхьир пцIы къытохуэ! Рэхьман и пцIым куэд икIунукъым, фи нэкIэ флъагъунщ мы тIум пцIы зэраупсыр! Дыахьмакъ я гугъэщ мы тхьэгъэпцIитIым. Къуэние кIуакъым ТIэхьир, щалъагъункIи Iэмал иIакъым.

Щхьэфэкъур къызбгъэдэлъэдащ, и нэр къысхузэблигъэплъри, IэштIым къысхуищIащ:

– ТIури фызэрыгъэIущауэ аращ! Хэт ТIэхьир пцIы тезылъхьэр? Пэжым уи нэр ирищIа?

Къамэ Iэпщэр субыдащ, щхьэфэкъум сыжьэхэплъэри:

– Уи кIэтIийр къизгъэунщ, щэ ныбэ! Псалъэ къыфIэбгъэкIмэ!

Щхьэфэкъум кIэбгъу зищIащ, Iуащхьэм ецIэфтэхыжащ, и кIэр и бэкъум диупщIэжри.

Лъакъуэ щIэмытми, ежьамэ, пцIыр пхуэубыдыжынукъым: убых жылагъуэхэр зэлъищIысащ. ПцIыр зым IэщIэкIащ, адрейм щIигъужащ, ещанэм зэблихъуащ. Зы жьэм жьэдыхьэр жьищэм жьэдохьэ жыхуаIэракъэ? ЦIыхур и фэкIэ пщIэнукъым, игу илъым ущымыгъуазэмэ. ТIэхьир и псалъэм дыгъуасэ фIэлIыкIар нобэ нэгъуэщI хъужащи, лажьэ зимыIэр щIатIэн хьэзырщ. «ЩIэщхъу къыдищIащ, дытеунэхъуащ!» – уэрамыщхьэм щызэхоувэ цIыхур, къызэрыгъэплъащи, я IэштIымыр ягъэдалъэ, зэщыхьэжащ, я щIыб зэхуагъэзэжащи, зэрыукIыжыным нэсащ. ТIэхьир къигъэзэжыркъыми, догузавэ. Къигъэзэжамэ, нэгъуэщI илът: пцIыр къыщIэщынут, щхьэфэкъур зыгъэIущар къэдумысынут.

Къыщимыгъэзэжым, Рэхьман депсэлъэн мурад тщIащ Даут дэрэ. ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ, и куэбжэм дыIухьащ: унэр нэщIщ, бадзи щыдымыркъым. Я гъунэгъухэм деупщIащ:

– Рэхьман фымылъэгъуауэ пIэрэ?

– Бытхьэ зэрыбзэхам и хъыбар щыIуа махуэм и пщыхьэщхьэм дэкIащ къуажэм. И хьэпи-шыпи зэщIикъуэри, дэкIащ, и жэми и джэдкъази къыдинакъым.

– Дэнэ здэкIуар?

– ТщIэркъым, – жиIащ гъунэгъум. – Чызмэ Фэрхъат пщIантIэм къыдыхьауэ тлъэгъуащ абы ипэ махуэм.

«Дыщыгугъэм щыщыIэкъым Iуэхур», – жытIащ Даут дэрэ, абы и кIэр здынэсынкIэ хъунур ди пщIыхьэпIи къыхэмыхуэу.

Алий Хьэзрэт-пэщэ и кIэн къикIакъым: пащтыхьым и дзэм хыхьэн щIагъуэ яхигъуэтакъым убых щIалэгъуалэм. «Пащтыхьым гъэ мин иугъащIэ! Пащтыхьым и дзэм фыхыхьэ!» – къуажэ-къуажэхэр зэхажыхьащ Хьэзрэт-пэщэ и шу жьэрыутIыпщхэм, арщхьэкIэ къикIа щыIэкъым.

ГъущI плъар псым хэпщIэмэ, дауэ хъурэ? Хьэзрэт-пэщэм и лъыр къэващ, убыхым къыщагъэщIэхъум, Iэл фIыцIэ хъуащ, сабэр дрипхъеящ, кIиящ, гуоуащ. КIий-гуом къыщынамэ, нэгъуэщI щыIэт! Пэщэм и хьэджафэхэр къытхэлъэдащ, ди Iэщыр яху, къаIэрыхьэр ятхьэкъу, лей къыдах, щIалэ сымаджэ ирихьэлIэмэ, пIэм хаукIыхь, дзэм фыкъыхэкIуэсыкIащ, жаIэри.

– ЛаIилахьэ Iилэлахь! ИугъащIэ пащтыхьым гъэ мин!

Алыхьым и цIэр ящыгъупщэркъым, лей зэрахьэми. Хабзэми пылъыжкъым. ТIуми фIэлIыкIыркъым.

– Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI! – нэгъуэщI сытым щыгугъыжа цIыхур?

Къарындж-Овасы удэсыж зэрымыхъунур къагурыIуащ убыхым – дашхыхьынут, ялIынут. Дэнэ кIуапIэ яхуэхъунур? Дэнэ здэIэпхъуэнур? Iэпхъуэр я щыпэлъагъут убыхым? Я натIэм кърихат...

Уи Iуэхур мыхъунумэ, щхьэусыгъуэр куэдщ... Анкъарэ дэмыхьэфауэ къигъэзэжащ ТIэхьир. Къэрэгъулымрэ дзэмрэ зэхуащIащ гъуэгур, кIуапIэ къуатыркъым, лъэмыж дакъэм къытетIысхьащи, псым узэпрагъэкIыркъым. Зауэщи, дунейкъутэжщ. Жэщыр хэтIэсат, Гулизар тхьэмыщкIэм ТIэхьир пщIантIэм къыщыдишэжам. Фызыр магъ, и псалъэр хузэкIэлъыгъакIуэркъым.

– Сыт къэхъуар? – къоупщI ТIэхьир, къэщтауэ.

Къэхъуар жриIащ: Бытхьэ уэращ зытралъхьэр. Гулизар, гъынанэурэ, и псалъэр нигъэса къудейуэ, зыгуэр къэджащ.

– ТIэхьир дэс? – къыщIэупщIащ убыхыбзэкIэ.

– УдэмыкI, фIыкIэ къыпкIэлъыкIуакъым! – зридзащ Гулизар и лIым.

– Умыгузавэ, – идакъым ТIэхьир. – Дыдей гуэр хъунщ. – Ар жери, куэбжэр Iуихащ.

Шэр къыжьэхэлыдащ абдежым. ТIэхьир щхьэ щIыбкIэ техуащ.

ЛIиплI пщIантIэм зэрыдэуащ, Гулизар яубыдри, и жьэр япхащ, унэм къыщIэжа щIалитIри Iэпхлъэпх ящIащ, щыри уанэгум зэпрууэ ирадзэщ, унэм мафIэ щIадзэжри, кIыфIым хэбзэхэжащ.

Сит дэрэ дыщынэсам, ТIэхьир и унэм къыхэнэжа щыIэтэкъым – мафIэм зэщIибзеежат. Хъуаскуэр жьым зэрехьэ. ТIэхьир лъым хэлът, и псэр хэкIа щIыкIэтэкъым. И щхьэр къиIэтри, Гулизаррэ щIалитIымрэ къащIэупщIащ.

– Псэущ, – жысIащ, си нэпсыр къыщиудын хьэзыру. ТIэхьир и фIэщ хъуакъым. Зэрымыхъуар къэсщIащ, и пащIэм хэлъэда нэпскъуда-

мэр щыслъагъум.

– Хэт къоуар? – сеупщIащ, и щхьэр си куэщIым ислъхьэри.

– Чызмэ Фэрхъат.

ЦIыхур къызэхуэжэсащ, зырыз-тIурытIурэ. Я щхьэр къыфIэхуащи, зэхэтщ, ТIэхьир къаувыхьауэ.

ТIэхьир лъым къыхэтхащ. ГъащIэ иIэжтэкъым абы, фагъуабзэ хъуащ, и псэм йоджэ. МафIэм хисхьэжащ и гъащIэр щхьэузыхь зыхуищIа псор. Зыми итхыжынкъым убыхым я тхыдэр, убых сабийм яхузэхилъхьэжынкъым алыфбей.

ТIэхьир и Iэр къэхъеящ, зэхэпх къудейуэ къыжьэдэIукIащ:

– Вгъэзэж Хэкум. Къэукъасэм!.. Мыбы фыкъимынэ!

Аращ и иужьрей псалъэр. Ар и уэсятт. И псэр нэхущым хэкIащ. Жылэм цIыху къыдэнакъым – ягъеижащ псоми. Молэри къэкIуащ – джауркIэ къеща молэр! Рэхьман къуажэм зэрыдэкIуэсыкIамрэ ТIэхьир зэраукIамрэ нэхъ щыхьэтыфI щыIэт – жылэм я фIэщ хъуащ ТIэхьир лажьэ зэримыIэр. АбыкIэ шэч хуэзыщIар ТIэхьир и кхъаблэм щIэуващи, нэпс щIегъэкI иджы – арщхьэкIэ сыт и мыхьэнэжт?..

Шардын и къуэ Мансоуи къихьащ ТIэхьир и лъапсэ нэщIым – и ныбжьэгъужьтэкъэ дунейм ехыжар!

– Сигу хигъэщIащ, – жиIащ Мансоу. – Хьилмышхуэ иIащ. И щхьэкIи и унагъуэкIи къыхуэсэбэпакъым. МащIэрэ жесIа – къызэдэIуакъым. Бгыр джэдыкIэкIэ икъутэн и гугъащ. Гугъэ нэпцIым текIуэдэжащ.

Гухъыринэм итIысхьэжын ипэ, Шардын и къуэ Мансоу нэхъыжьхэм къыдбгъэдыхьащ:

– Жьыщхьэ махуэ фыхъу, фыкъызэрыстелэжьар зыщызгъэгъупщэнкъым. ДызэримыхьэлIэжынкIи мэхъу афIэкI. Си лъапсэр сщэжащ, си фызым и дыщым сахыхьэжынущ. Сигу зэвгъэбгъами, сигу Iей фхуилъынукъым. Алий Хьэзрэт-пэщэ нэхъ хуэфащэт Бытхьэ? Хъусен ефэндым зэрыхуевгъэхьар зэхэсхыжащ. Сыт си лажьэт сэ? Хьэмэрэ Iулъхьэ хуэфщIауэ ара пэщэм? А хъунщIакIуэм апхуэдэ тыгъэ хуэпщI хъурэ? НэбгъузкIэ тезгъэплъэнтэкъым, фэ сыфхуэдамэ! Пащтыхьым фыкъуэувэн хуеящ – и сэбэп нэхъ къывэкIынт... Сэ фыкъыстеплъэ зэрымыхъур сощIэ, итIани сигу нывэбгъэркъым. Сызэрыубыхри згъэгъуэщакъым! Алий Хьэзрэт-пэщэ деж къыщысщэхужащ Бытхьэ. ЩIэстами сыщIэфыгъужыркъым. Бытхьэ сэ здызохь, хэт ищIэрэ: игу фэ къывэбгъами, сэ насып къысхудэкIуэнкIи мэхъу. Фи Iуэху фIы ирикIуэ, фигу къысхуэвмыгъэплъ.

Шардын и къуэ Мансоу гухъыринэм зридзэжащ, афIэкIаи къызэплъэкIыжакъым, гъуэгу сабэм хэкIуэдэжащ...

ТIэхьир и закъуэкъым а махуэм дгъеижар, ди щхьэри дгъеижащ а махуэм, ди нэпсыр иткIутащ, хым адрыщIкIэ къыдэдна ди хэкур ди нэгу къыщIыхьэжауэ.

Бытхьэ и Iуащхьэм щыщIэтлъхьэжащ ТIэхьир. Пщыхьэщхьэ дыгъэм и бзий махэхэм зэ хэтлъэгъуэжащ тхьэмыщкIэм и кхъащхьэр.

ЦIыхур, Iуащхьэм къеувэкIауэ, зэхэтт, зэбгрыкIыжын ягу имыдэу. Iуащхьэм сыдэкIри, ТIэхьир и кхъэм сыбгъэдэуващ. Гъуаплъэ бжьамийр сIыгът сэ. Бжьамийр си Iупэм хуэсхьащ. Убыхым я гъыбзэ макъым зригуэшащ губгъуэ нэщIыжьым. ТIэхьир и кхъащхьэм тепыхьэрт гъуаплъэ бжьамийр, и макъ гущIыхьэм нэхри зиIэтурэ гъуэгуанэ жыжьэм дыхуриджэрт. Сымаджэ зиIэм нефхьэжьэ, сабийр фи Iэблэм тевгъэтIысхьэ, къамэр фи бгым ифщIи, фынежьэ! Лъы щыдгъэжэнуми, а зы гъуэгурщ къытщIэлъыр. Хэкур зыфIэкIуэдым псори фIэкIуэдащ!..

Бжьамийм и макъыр зэпыуакъым щIэх. Пшапэр зэхэуащ, уафэм вагъуэр къотIысхьэ. Дунейм зиудыгъуауэ къыпщохъу, убыхым я гъуаплъэ бжьамийм къигъэуIэбжьауэ. КIуэдыпIэ тхуэхъуам щитха иужьрей жэщт ар.

* * *

Убых къуажэ пщыкIущым дэса лIыжь-фызыжьымрэ сабиймрэ гъуэгу дытетщ тхьэмахуэм щIигъуауэ. Ди хьэпшып тIэкIур къыздетхьэжьащи, мафIэсым кърихужьа жылэ е цыджан Iэпхъуэшапхъуэ фIэкI дыкъэпщIэнукъым. Унагъуэ минищым зыкъитчащ, унагъуэ минищыр мащIэкъым. Гъэмахуэ шылэщи, уэгъущIыгъущ, дунейр исыжащ. МахуэкIэ хуабэвэхщ, бэуапIэ бгъуэтыркъым, жэщым уае мэхъу. ПшахъуэщIыми щызгъэунэхуакъэ ар – чэруанакIуэм сащыхэтам щыгъуэ!

ТIэхьир и уэсятым дызэщIиIэта пэлъытэти, ди гъуэгур КъэукъасэкIэ гъэзат. ЩамкIэ е СухьэдиймкIэ дунэтIатэмэ, Алий Хьэзрэт-пэщэ ди ужь икIынкIи хъунт: «Я щхьэр зэрыхьщ, арыншэми дызыгъэбэмпIэн догъуэт» – жиIэнти. Щамрэ Сухьэдиймрэ Тыркум и IэмыщIэ илъыжтэкъым. Пэщэм игу темыхуар Мустэфа Чэмал къеувэлIа къэралым дихьэжын мурад зэрытщIарт: «ЯхуэтщIар ящыгъупщэжащ! – къытхуэгубжьащ Алий Хьэзрэт-пэщэ. – Къэукъасэ хьэжрэтым уи дзыхь егъгъэз хъунукъым. КъыдэпцIыжащ, ди пащтыхьым ирата псалъэр ягъэпэжакъым. Сэ абы сахурикъунщ!»

Къытхуэгубжьам къыщызэтенакъым: и хьэIуцыдз гупыр ди ужь къриутIыпщхьащ, сабийми еплъыркъым, къытхопхъуэри, дашх, далI, лъэбакъуэ тчыху, зы хьэдэ дгъэтIылъын хуей мэхъу, щысхь жыхуаIэр ящIэркъым, Iэщэншэ гупыр, къуанщIэ гуэрэнщи, дыкъауфэрэзыхь.

Хэт ищIэрэ, ди къарур нэхъыбатэмэ, Iэщи диIатэмэ, Хьэзрэт-пэщэ и дзэлIхэм дакъыпхыкIыфынт, гъуэгум щызэхэзеуэ алыдж дзэ пакIэхэми дакъыблэкIынти, ди гур зыхуэпабгъэ ди лъахэм дихьэжыфынкIи хъунт.

Ауэ мащIэIуэт ди къарур, Iэщи тIэщIэлътэкъым. Пэжщ, гъуэгу дыздытетым, ди щIалэ тIощIырыпщI хуэдиз къытхыхьэжат, дзэм къыхэкIуэсыкIыжауэ е загъэпщкIуауэ бгым исауэ. Абыхэм Iэщэ яIыгът, зэралъэкIкIи дыкъахъумэрт.

Къуэние губгъуэжьым пхыкIырт ди гъуэгур, губгъуэ нэщIыжьти, зы жыги, зы псыни, зы псыкъуии ущрихьэлIэнутэкъым – жьыбгъэ пщтырым ирилыгъукIа пэлъытэт. Махъшэми хузэпычыркъым а губгъуэжьыр – аращ езы тыркухэм жаIэр.

Гъудэбадзэр къепщIэкIащи, шым я щхьэр щIрагъэхьэ. Сабиймрэ лIыжь-фызыжь лъэрымыхьхэмрэ зэрыс гум я шэрхъ кIыргъ макъыр ди тхьэкIумэм икIыркъым, дешами, детIысэхыркъым, гъуэгур хыдогъэщI. ТхэлIыкIыр гъуэгущхьэIум щыщIыдолъхьэж, дгъеижынуи дыкъызэтеувыIэркъым. УIэгъэ зытелъри, я нэр щыункIыфIыкIми, къыддобакъуэ, зи псэм еджэр гум залымыгъэкIэ идогъэтIысхьэ е зэпэдубыдауэ къыдохь. Фочауэ макъри тщхьэщыкIыркъым. ЩIыху Iувым уахэуэнир икIагъэми, укъэзымыгъэщIэхъунщ: зыгуэрым утехуэнкъэ! Шууэ къытхолъадэ, фочыр къыттраунащIэри, губгъуэм йолъэдэж – сыт пхуещIэн? УащIыхьэнукъым, жьы хъарзым хуэдэщи, сабэм хопшэхъуэж.

Алий Хьэзрэт-пэщэ къытхуеIуэху:

– КIасэ мыхъу щIыкIэ, Iэщэр хыфIэвдзи, къэвгъазэ! Алыхьталэр си щыхьэтщ, ди пащтыхьым и бий жагъуэм зезытын мурад зиIэм ажал

игъуэтынкIэ!

Дгъэзэн мурад диIамэ, гъуэгу шынагъуэм дытехьэнтэкъым. Псыр хым хуопIащIэ, гъущIыр малъхъэдисым зыщIешэ, цIыхур зыхуэпабгъэр и лъахэрщ. Гъуэгу дыщытехьакIэ, къэгъазэ диIэкъым – ди лъахэм и джэ макъыр ди щхьэм ит зэпытщ. Къэдзыхэ къытхэкIмэ, убых зекIуэлI уэрэдыр щызэхихкIэ, игу къызэрогъуэтыж:

*Ди бий залымым и нэхейщ:*
*ЛIыр гъуэгу техьамэ, къэмыдзыхэ!*
*Лъэрыгъым итым и гъуэгу хощI –*
*Ди гъуэгум лъахэм дишэжынкъэ!*

ЗекIуэлI уэрэдыр ящыгъупщэжакъым нэхъыжьхэм – ахэрщ къыхэзыдзэр. ЩIалэгъуалэм зэхащIыкIыжыртэкъым а псалъэхэр, яIэпыхужат, итIани, нэхъыжьхэм къыхэддзамэ, къыддежьурт, уэрэдым и макъамэр яIэтырти, бэракъым хуэдэу къызэдахьырт.

Къумым и зэхуэдитIыр къызэпытчауэ, гъуэмылэр къытIэщIэухащ. Сабий мэжэщIалэр зэщIогъуагэ. Шэ фий макъыр уи тхьэкIумэ игъащIэкIэ имыкIми, нэхъыфIщ, сабий мэжэщIалIэм и гъы макъ зэ зэхэпх нэхърэ. Сыт ди Iэмалт: выр дукIыжын хуей хъуащ, иужьым шыхэми щIэддзащ. Фочышэр зи натIэм ихуа шым и щыщ макъ зэхэпхагъэххэ, Шэрахъ?.. Гури дгъэсыжащ, гущэми дынэсащ – пхъэхэкI къытхуэнэжатэкъым, фоч лъэдакъэ фIэкI. Фочыр дигу пыкIакъым: губгъуэ нэщIым Iэщэншэ уихъухьмэ, уикIуэдауэ аркъэ?..

«Ди бий залымым я нэхейкIэ...» – лъэр дыщIыдодз а псалъэм, ауэ гъуэмылэм псыри дэдухащи, псы щхьэкIэ дызэтолIэ. Псы Iубыгъуэ дэнэ къипхын – дунейр жэщIыжами ярейщ: зы псынащхьэ цIыкIу е зы псыкъуий бгынэжа дыщрихьэлIэркъым гъуэгум.

– Псы, нанэ! Псы схуолIэ! – магъ зи Iупэр гъущIэжа сабийр.

Нэпс къудеи иIэжкъым сабийр зи Iэблэм тес нанэм. Шэ къыптехуэрэ уIэгъэ ухъуми, лъыи къыпщIэкIыжыркъым, напIэзыпIэм зопцIэ. Псы къахутэн щхьэкIэ едгъэжьа гупым къагъэзэжакъым. Ди лъэ зэблэтхыжыф къудейщ, ныбапхъэкIэ пщыр нэхъыбэщ. ГъуэгунапщIэ удзыр дохъу, дзыгъуэ къэзубыдыфым унауэ зелъытэж.

*ЩIэфкъузэ фи бгыр, фи щхьэр фIэт!*
*Пшэм зызэщIещIэ – уэших къихъынщ. –*

къыхыдодзэ нэхъыжьхэм, ауэ ар уэрэдкъым иджы, гъыбзэщ.

Макъ гуэр зэхыдох абдежым:

– Шэдым дынэсащ! Жыжьэжкъым!

Зи макъри къытхуэцIыхуакъым: зэфIэтыф къудейщ, чэф фIэкI пщIэнукъым.

Зи псэм еджэми и щхьэр къиIэтащ, ар щызэхахым. ШэдымкIэ зэрохь цIыхур, ныбапхъэкIэ мэпщ. Сабий быдзафэхэр къапхъуэтащ, зи лъэ зэримыхьэжхэр гъуэгум къытонэ, псым къыхадза бдзэжьейуэ, я жьэр ущIауэ.

Къамыл Iувыр иращIыкIыурэ, цIыхур шэдым хохьэ, пхрыхукIи къызэтеувыIэркъым, шэдымэ бзаджэри къафIэIуэхужкъым. Шыгъу щракIута фIэкI пщIэнтэкъым шэд Iуфэм – хужьыбзэщи, нэр щоджыл.

– Фефэ хъунукъым шэдыпсым! Фемыфэ!

Ари зэхахыжакъым – унэхъунур дэгукъэ! Шэдыпс фIейм щхьэ-

щыгъуэлъхьащи, цIыхум загъэнщIыркъым, зэрышыугъэри къърадзэркъым. Уи псыхуэлIи иригъэкIын – хуабабзэщ, хьэпIацIэри хэзщ, лъахъц удзыфэхэр, зэхэуфIеежауэ, псы гущIыIум тесщ. Псы ди щыпэлъагъущ жыпIэнт, ди щIыналъэми итлъэгъуагъэнтэкъым апхуэдиз зи IэфIагъ псы! Ди ныбэм из хъуами, ди гум зигъэнщIакъым, дигу пыкIыркъым шэдым дыкъыхэкIыжын. Гува-щIэхами, зэ дыкъыхэкIыжынтэкъэ? Ер вы бжьакъуэм къокI, хэт игу къэкIынт шэдыпсым дызэрытеунэхъуэнур?..

Ди щIалитI дяпэ итти, шыбз гуартэ Iууащ къыкIэлъыкIуэ махуэм. ЩIалитIым шыр къэрахужьащ, фоч драгъэуейурэ, зэхахуэри, шыр къыджьэхахуащ. Шырэ цIыхурэ щызэбгъэрыкIуэ уримыхьэлIамэ, ар зэрыгужьеигъуэр пщIэнукъым. Шэд Iуфэм ди нэгу щыщIэкIащ ар. Фоч зиIэр шым хоуэ, къамэ зиIэм шым зредз, джыдэр къапхъуатэри, мэзым щIэлъадэ хуэдэ, шы гужьеям хозэрыхь. ЦIыхури шыри зэхэзэрыхьыжащ, шыр мэщыщ, фIалъэкIэ дращIыкI. ЦIыху мэжэщIалIэр дыгъужьым хуэдэщ, къыщIигъэзэн щыIэкъым. Шым лъабжьэкIэ яхьар мащIэкъым абдежым. Абыи деплъыжакъым: шыбз гуартэм тхухэукIыкIыр хэдукIыкIащ, зи псэ пыт щIыкIэ зи фэ тетхаи къыхэкIащ. Къамыл нықъуэфыр къитщIыкIри, мафIэ зэщIэдгъэстащ. Лы някъуэжьэкIэ зыдгъэнщIа нэужь, шэдым дыхыхьащ аргуэру... Шым лъабжьэкIэ яхьар шэд Iуфэм щыщIэтлъхьэжащ. Дежьэжын ипэ, къамылым лыгъэ едзащ: ди бийм ирелъагъу ди мафIэ зэрызэхэмыкIыжар!

Дигу къихьэжауэ къытщыхъуащ, шэдыр къыщыдбгынэм, ауэ куэд дигъэкIуакъым: тало узыр къытхэIэбащ. Сабиищ зыщIыгъу цIыхубзщ япэ къытехуар. И кIуэцIыкIыщIэр кърiIуэнтIыкIыу пшахъуэм хэджэлащ фыз тхьэмыщкIэр, напIэзыпIэм IурыуфIыцIыкIри, хуэшым иIуэнтIэжащ. Фызыр лIащ, узым сабиищри къриудащ. ЦIыхур зэрыгъэгужьеинтэкъэ! Зыр тхьэм йолъэIу, гъуэгукум итIысхьащи, адрейм и гъыбзэр уэгум йошасэ. Узым къыхигъащIэр щIыдолъхьэ, хэти игъеижын?.. Ситрэ Хъымсадрэ щыщIэслъхьэжащ абдежым. Хъымсадщ япэ лIар. Сит хьэдэм къысхубгъэдэкIакъым:

– Сэ схьыжын щыIэкъым, Зауркъан. Уи адэ шыпхъум сыбгъурылъхьэж. И закъуэ къизнэфынукъым губгъуэ нэщIым.

И псэм ищIа хъунт: нэху къытещхьакъым. Я кхъащхьэм сыбгъэдэтщи, си нитIыр гъущабзэми, си нэкIум нэпс пIащэр толъалъэ. Къурш мывэ дзакIэм ткIуэпс щIыIэ къыщытрикIутэ щыIэкъэ, уафэр бзыгъэ пэтрэ? Абы сыхуэдэт асыхьэтым, си гу къуэпсым къыщызэщIищIа нэпс щIыIэрат си нэкIу пхъэхар зыуфэнщIыр.

Ди нэхъыжь дыдэм, Талустэн, и макъым сыкъыхишащ нэпсым:

– Фи щхьэ псэущ иджыри! Щхьэ фыдзыхэрэ? Фи псэр фи IэкIэ хэфхыжыну? ФызэфIэувэ! КъэфIэт фи щхьэр, феуэ Iэгу!

Нэхъ щIалэ къытхэткъым жыпIэнт: Талустэн Iэгур иублэри, уэрэдкIэ дежьууэ щIидзащ:

СыкъэуIэбжьащ: зыгуэр къыщымыщIауэ пIэрэ лIыжьым?

Хьэуэ, Талустэн лажьэ иIэтэкъым, и акъыли бзыгъэт.

– ЛIэным лIыгъэ хэлъщ! Вагъуэр щижынум мэлыд! Дыкъэдзыхауэ зыкъедгъэлъагъункъым ди бийм!

Талустэн чэзуурэ къыдбгъэдохьэ, джэлар къегъэтэджыжри, утыкум ирешэ.

– Феуэркъэ Iэгу! Зэхэвублэ джэгур! Дэ тхуэмэхуэн, ди бийм хуэмыгъуэн! ИIэркъэ, маржэ!

ЦIыхум ягу къызэрыгъуэтыжа хуэдэщ: Iэгур яублэри, уэрэдым дожьу, зэфIэтыф къудейми, нэжэгужэ мэхъу.

– ЩIыр дэгу хъуащи, сабий гъы макъыр зыхищIэжыркъым! Ди джэгу макъым къызэщигъэужынщ мы щIылъэр. Ди псэ пытщ иджыри, дывмыгъэдзыхэ! ЛIэнми лIыгъэ хэлъщ, щIыжаIэр нобэ хуэдэ зы махуэщ! Зэхэвублэркъэ джэгур! Феуэ, маржэ, Iэгум!

Хъурейуэ иувыкIащ цIыхур. УаIузгъэплъащэрэт абдежым: кхъэ мащэм еувэхарэ пэт, нэщхъыфIэ къызэрыгъэхъужат, джэгур яублащи, утыкур яхурикъуркъым.

Талустэни къохьэ утыкум, и щIалэгъуэр игу къигъэкIыжауэ:

– Ей, зэманыгъуэ! Iэнэ къуапэм щыхэптIэфырти, Талустэн! КъыпщIыхьэни иса Убыхым! Пщащэм я нэхъ дахэрти укъызыдэфэр! Уэртэкъэ батырыбжьэр зратыр, Талустэн!

И Iэр и бгым иригъэувэри, Талустэн джэгум хыхьащ.

Iэгури, гъыбзэри, нэпсри, уэрэдри – псори зэрыубыдыжауэ, джэгур ирахьэжьэ, утыкур яхурикъужыркъым. Талустэн соплъри, согъэщIагъуэ. «Дэни кърихa, – жызоIэ, – апхуэдэ гуащIэ!» ЦIыхубзым и ныбжьыр и фэм къеIуатэ, цIыхухъур и фэкIэ пщIэнукъым – и псэрщ и гуащIэр зыхэлъыр.

Талустэн хуэмурэ къыхэкIуэтащ джэгум. Iэгур зэпигъэуакъым, дяпэ иувэри, дришэжьащ. Ешащи, псалъи хузэпыщэжыркъым лIыжьым, Iэ къытхуещI щIэх-щIэхыурэ: «Фыкъэбакъуэркъэ! ЗыкъыскIэрывмыгъэху!» жыхуиIэщ. Дитщ и ужь, дыкIэлъокIуатэ, ди Iэблэ зэрыубыдыжащи, дыкIапсэлъэрышэщ. Джэд Iуэ макъ и тхьэкIумэ къиIуат лIыжьым – къуажэ дынэблэгъауэ къыщIэкIащ...



* * *

АдэкIэ къэхъуар зэрищIэж щIагъуэ щыIэтэкъым Зауркъан, къыхуэгубзыгъыжыр мащIэт. ИщIэжыртэкъым махуэ дапщэкIэ гъуэгу тетами, здынэса щIыпIэм и цIэри къыхуэгубзыгъыжакъым, дапщэм я щхьэ абы нахьэсами – ари ищIэжыртэкъым. И псалъитI зэтехуэжыртэкъым, нэхъыбэр зэхигъэзэрыхьырт, фIызэхэгъуащэрт.

Тало уз къефыкIащ езыми абы щыгъуэ – арагъэнт псори зи лажьэр. Шэч зыхэмылъыжыр зыщ: гужьеигъуэ ин гуэр игъэунэхуащ лIыжьым. Абы и гугъу къыхидзакъэ – къыхоскIыкI, и нэгу зэхоуэ, и бзэр еубыдри, гупсысэм хохуэ.

Дэнэ нэсагъэнкIэ хъунут иужьрей гъуэгуанэм техьэжа убых насыпыншэхэр?

Тыркум и картэр къасщтэри, лIыжьым сыбгъэдэтIысхьащ. IэпэкIэ езгъэлъэгъуащ Къуэние губгъуэжьыр. Шэдылъэ щIыпIэхэми хуэсшиящ Iэпэ. Сыт къыщIигъужыфынт лIыжьым и псалъэм?

Картэм уригъуазэмэ, иджыпсту дыздис унэм пэжыжьэтэкъым шэдылъэ щIыпIэхэр. Зауркъан деж сыкъыщыкIуэм, сыкъыблэкIат шэд гъуамэхэм – хэт ищIэнт убых насыпыншэхэр абдежым щызэтелIауэ! Дэлъри сыт – махуэ гъуэгуи хъунукъым. Гъуэгуанэ кIыхь къызэпачари пэжкъым, Къарындж-Овасы къыдахуа нэужь. ИтIани хьэзабищэм къыпхыкIа лIыжьым ар къыхуэмыгубзыгъыжкIэ емыкIу илъ? Гъуэгум уи нэгу щыщIэкIыракъэ гъуэгур кIыхьрэ кIэщIрэ зэрыпщIэр – ар зыгъэунэхуам ящыщт убых жылакIэр...

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

# ЦIЫХУГЪЭ ЛЪАГЭМ И УЭЧЫЛ



Литературэмрэ философиемрэ я зэпылъыпIэкIэ узэджэ хъуну «лъапсэм» кууэ илэжьыхьа тхакIуэ-моралист и мащIэкъым талант дахэ куэдкIэ Тхьэшхуэр зыхуэупса Францием: Монтень – XVI лIэщIыгъуэм, Паскальрэ Ларошфукорэ – XVII, Вольтер, Дидро, Руссо – XVIII.

XX лIэщIыгъуэми Францием иIащ а лъапсэр нэхъри зыгъэбэгъуа тхакIуэ гупышхуэ: Сент-Экзюпери, Мальро, Сартр. Мы гупым япэ дыдэ игъэувапхъэхэм ящыщщ Камю Альбер. ТхакIуэшхуэ хъуну щIалэ цIыкIур 1913 гъэм Алжирым къыщалъхуащ. (Абы щыгъуэ а къэралыр Францием IэщIэлът). Сабийр илъэс ирикъуа къудейуэ и адэр зауэм хэкIуадэри, и егъэджэныр анэм и пщэ къыдэхуащ.

ЩIалэр университетым щIотIысхьэри, пасэрей алыджхэм я философием дехьэх, езыми тхэн щIедзэ. 1937-1939 гъэхэм дунейм къытохьэ тхакIуэ щIалэм и япэ тхылъ цIыкIухэр. И щIалэгъуэр игу къигъэкIыжу Камю мыпхуэдэу итхыгъащ: «Къэплъытэ хъунущ сэ къулейсызыгъэмрэ дыгъэмрэ я зэхуакум дэлъ гъуэгум сытетауэ. ТхьэмыщкIагъэр сэбэп къысхуэхъуащ дыгъэм ищIагъкIэ зыщызыукъуэдий тхыдэм псори хъарзынэу къыщекIуэкI хуэдэу къысфIэмыщIынымкIэ, дыгъэми къызгуригъэIуащ тхыдэкIэ (историекIэ) дызэджэм нэмыщIи гъэщIэгъуэн куэд мы дунеишхуэм зэрытетыр.

ТхакIуэм щIыуэпсыр кууэ зыхищIэу зэрыщытам и щапхъэ куэд хэтщ «Тщымыщ» («Посторонний») повесть гъуэзэджэм. Мы тхыгъэм щызэпэщIэтщ хьэрып щIалэ зэрымыщIэкIэ къызыIэщIэукIэу, езыри яукIыжын хуейуэ зи суд ящIа Мерсорэ лыхулыпцIэ зимыIэу къыпэщIэхуэм и гъащIэр зэхэзыупщIатэ судымрэ (государствэмрэ).

Прокурорыр мэныкъуакъуэ Мерсо щIэпхъаджащIэурэ къэгъуэгурыкIуауэ къыщIригъэдзыну. Мерсо щIэпхъаджащIэу аракъым: и щхьэм ихьа хуабэвэхымрэ зыхэхуа хьэлэбэлыкъымрэ хузэтрихьэщ, къыщиудри, хьэрып щIалэр къыIэщIэукIащ. КъыIэщIэщIам хущIегъуэжащи, ар хьэзырщ къэхъуа Iуэху мыщхьэпэр зэхэгъэкIыным иужь ит следователхэм ядэIэпыкъуну. Сыт хуэдэурэ зыкъыхуамыщIами, Мерсо къыхуамыдэр, яхуемыгъэхыр – къытегуплIа къэрал машинэм (зэхэтыкIэм) зэрыщымышынэр, абы и пащхьэм къызэрыщимыпщыхьыр аращ. Психологизм куукIэ гъэнщIащ Камю и тхыгъэ нэхъыфIхэр. «Емынэ» зыфIища роман-притчэм папщIэ мыпхуэдэу жиIэгъащ езы тхакIуэм: «ИпэжыпIэкIэ мы романыр зытеухуар – Европэр фашизмэм зыхигъэта бэлыхьыр, Франциемрэ Европэмрэ къатепсыхауэ щыта мыгъуагъэ, игъащIэ лъандэрэ дуней цIыхум къащхьэщыхьэ, я тхыдэм зэикI хэмыкI Е-р аращ». Фаджэщ икIи къулейсызщ къумым ит Оран къалэу емынэр зытегуплIар. Уз зэрыцIалэ шынагъуэм пэщIэувахэм я пашэ дохутыр Риэ емыпIэщIэкIыурэ етхыж – къытхуеIуэтэж зы илъэсым къриубыдэу къэхъуамрэ яхузэфIэкIамрэ.

ЕтIощIанэ лIэщIыгъуэм лъэужь фIыцIэ къыхэзына фашизмэр къигъэлъэгъуэн папщIэ сыт тхакIуэр притчэ къэIуэтэкIэм хуей щIэхъуар? Абы и дневникым мыпхуэдэу итщ: «Емынэм и гугъу сщIыуэрэ сэ сыхуейщ къэсIуэтэжыну дэ ди псэм бампIэу дэлъамрэ зэхэзехуэн-зэхэзедзэн дащIыпауэ зэрыщытамрэ. Абы къыдэкIуэуи сыхуейщ жысIэну апхуэдэ шынагъуэ залымыгъэ гуэр цIыхум и щыIэкIэ-псэукIэм игъащIэ лъандэрэ зэрыхэлъыр (exsis - tentia).

Зэ еплъыгъуэкIэ романыр емынэр щыета къалэм цIыхур хъумэнымкIэ дохутырхэмрэ абыхэм къадэIэпыкъуэхэмрэ щрагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм теухуа тхыгъэщ. А темэр тIэкIу «къытыбоIэтыкIри» – Франциемрэ нэгъуэщI къэралхэмрэ я интеллигенцэм, цIыхубэм цивилизацэр яхъумэн папщIэ ирагъэкIуэкIа бэнэныгъэр къыкIэщIощ. Романым къыщекIуэкI философие зэпсэлъэныгъэ куэдым «уащIодэIужри», дунейр къызэриухуэрэ мыгъуагъэу, насыпыншагъэу куэдыIуэ цIыхубэм ягъэвын хуей зэрыхъур, ар гуныкъуэгъуэшхуэу тхакIуэшхуэм – Камю А. – и гъащIэм зэрыхэлъыр зыхыбощIэ.

А гуныкъуэгъуэр аращ «Сизиф теухуа мифым» пкъыуэ щIэтыр. Абы сыт хуэдизрэ мывэр бгым дримылъэфеижами, ар къежэхыжынущ апхуэдизыбзэрэ.

Сыт хуэдэ хэкIыпIэ, Iэмал щимыIэжым, илъагъур Камю-тхакIуэм? Мыгъуагъэм щыгъуи гузэвэгъуэм дежи уэ къогъэзахэм, лъэпкъым, гъунэгъум, зыхуэфащэ дэтхэнэми пэжрэ лIыгъэкIэ укъуэувэнырщ. Армырамэ сыт щхьэкIэ утетын хуей зыми къимыгъэщIауэ къеджэрэзэкI мы дунейм? (ТхакIуэр Тхьэр зи фIэщ хъууэ щытахэм ящыщкъым). Пэжщ, апхуэдэу дунейм тетыныр зыхузэфIэмыкIхэри мащIэкъым. Ари гъащIэм хэлъ мыгъуагъэхэм ящыщ зыщ.

МыгъуагъэмщIипIытIапэу, цIыху сэфэтым къимынэфу икIхэри щыIэщ. Апхуэдэм и образ гъуэзэджэ драматургием и IэмалхэмкIэ тхакIуэм кърилъхьащ тхылъеджэм я пащхьэ.

Ар ижь-ижьыж Римым и иужьрей императорхэм ящыщ Калигулэщ. (Ди эрэм и 12-41 гъ.гъ.)

ЩIэпхъаджагъэрэ напэншагъэу дунейм щалэжьамкIэ Неронрэ Калигулэрэ «чемпиону» тхыдэм къыхэнауэ къэтлъытэми щыуагъэшхуэ хъун хуэдэкъым. ФIыуэ илъэгъуа бзылъхугъэр дунейм зэрехыжар зи гум ешыкъылIа Калигулэ къахуэмыцIыхужу зокIуэкI, къиин мэхъу. Поэзиер фIыуэ зылъагъуу, усакIуэхэр зыгъэныбжьэгъуу щыта императорым ахэр и ауану къонэ. Хэт нэхъри нэхъыфIу илъэгъуа Сципион и адэр ирегъэукI, Корнелий и мылъкур фIетхьэкъу, Октавий и щхьэгъусэр къарегъэдыгъури, лупанарым (къэхьпэщым) щIагуэ. И уэркъхэм тхьэпэлъытэу ябжын хуейуэ япэзыубыд Калигулэ хьэгъэщагъэу къимыгупсысрэ залымыгъэу зэримыхьэрэ щыIэкъым. (Гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым нартхэм я ныкъуэкъуэгъу Пэкъуэрэ Калигулэрэ «зэрызэIыхьлым»). Калигулэ илэжь залымыгъэм ирогушхуэ, дэрэжэгъуэ кърет. Темэ куэд щызэхэухуэнащ мы трагедием. Властымрэ мылъкумрэ щамыгъэкIыу куэд къызэтенэфрэ? Илъэс минитI ипэкIэ екIуэкIа гъащIэм щыщу зы Iыхьэ Iсраф ди нэгу щIигъэкIыжыну къалэн зыщызыщIыжа Камю, дауикI, псэуху егупсысащ тоталитарнэ режимхэмкIэ кудауэ щыта XX лIэщIыгъуэм, Мандельштам О. «Век – волкодав» зыфIищам.

ТIэкIу зыхухэт императорхэмрэ диктаторхэмрэ щытепщэ къэралхэм щыпсэу интеллигенцием – тхакIуэхэм, еджагъэшхуэхэм, художникхэм, зэрыщыту къапщтэмэ – цIыхубэм я гъащIэр тынш, хьэлъэ? Абы и жэуапщ кIуа лIэщIыгъуэм и 20-30 гъэхэм (нэхъ иужькIи) совет тхакIуэ куэдым я гъащIэм мыгъуагъэу хэлъар.

Тынш уи напэри уигури пэжым хуэлажьэу, къалэмыпэкIэ умысон-дэджэру укъызэтенэну?

Нэху дэдзыпIэ гуэри къызыхуэмынэ тхыгъэкIэ уеджэ хъуну-къым «Калигула»-м. Геликонрэ Цезониерэ хуэдэу Калигулэхэм дапщэ ямыIами, гува-щIэхами зы Херее къызэщоу, губжьым и къарур тэмэму еунэтIри, бзаджащIэр и натIэ илъым Iуегъэуэж.

Классикэр классикэ зыщIыжыр гупсысэ куухэр, сыт хуэдэ лъэхъэнэ-ми цIыхум къахуэсэбэпыжынухэр, пкъы зыщIэт, псэ зыхэт образхэмкIэ къызэриIуэтэфырщ.

«Абы и цIыхугъэ къабзэр, лъагэр ерыщу пэщIэтащ ди лъэхъэнэр «нэджэIуджэ» зыщI къэхъугъэ гуемыIухэм. Макиавеллистхэмрэ дыщэ сомым и пащхьэ лъэгуажьэпэ щизыгъауэхэмрэ сыт жамыIами, тхакIуэм и лэжьыгъэмкIэ лъэхъэнэм и напэмрэ цIыхугъэмрэ нэхъ иузэщIауэ къэлъытапхъэщ», – итхыгъащ илъэс куэдкIэ абы и ныбжьэгъуа Сартр Ж. П. Камю А.  1957 гъэм Нобель и саугъэтыр къратауэ щытащ. 1960 гъэм дунейм ехыжащ, машинэм иcу гъуэгу здытетым бэIутIэIу хэхуэри.

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбас**

КАМЮ Альбер

# КАЛИГУЛЭ

*ЕдзыгъуиплIу зэхэлъ пьесэ*

Х Э Т Х Э Р:

Калигулэ.
Цезоние.
Геликон.
Сципион.
Херее.
Сенект – (лIакъуэлIэш лIыжьыщ).
Метелл, Луций, Лепид, Октавий – лIакъуэлIэшхэщ.
УнафэщIыр (управитель).
Мерейе.
Муций.
Япэ къэрэгъул.
ЕтIуанэ къэрэгъул.
Япэ къулыкъущIэ.
ЕтIуанэ къулыкъущIэ.
Ещанэ къулыкъущIэ.
Муций и щхьэгъусэр.
Япэ усакIуэ.
ЕтIуанэ усакIуэ.
Ещанэ усакIуэ.
ЕплIанэ усакIуэ.
Етхуанэ усакIуэ.
Еханэ усакIуэ.
Ебланэ усакIуэ.

Япэ, ещанэ, еплIанэ едзыгъуэхэр Калигулэ и уардэунэм къыщокIуэкI. ЕтIуанэр

— Х е р е е и унэм. Япэ едзыгъуэмрэ адрейхэмрэ илъэсищ я зэхуакущ.

## ЯПЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

ЛIакъуэлIэшхэр уардэунэм и залым щызэхуэсащ. Абыхэм ящыщ зым и ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтащ. Псори зыгуэрым зэрытегузэвыхьыр нэрылъагъущ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Зы хъыбари щыIэкъым.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Е пщэдджыжьым, е пщыхьэщхьэм.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Махуищ мэхъури зы хъыбари щыIэкъым.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Едгъажьэ псоми къагъэзэж зы хъыбари къытхуамыхьу, — дгъуэтыркъым, — жаIэрэ я щхьэр ягъэкIэрахъуэу.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. ЩIэтщыкIащ мы куейр къэдмыгъанэIауэ, нэгъуэщI тхузэфIэкIынукъым.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. ДевмыгъэпIэщIэкIмэ, мынэхъыфIу пIэрэ? Дыпэплъэнщ. Зэрыбзэхам хуэдэу къыкъуэкIыжынкIи мэхъу.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Сэ слъэгъуащ ар щыдэкIым. ГъэщIэгъуэн гуэрурэ зиплъыхьырт.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сэри сыщытащ абдеж, щыдэкIым сеупщIащ къэхъуамкIэ.



Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт-тIэ жэуапу къыпыпхар?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. «ЗырикI», — жиIэри зблэкIащ.

ЗытэлайкIэ щымхэщ. Г е л и к о н къохьэ, бжьын игъэнывщкIуу.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(гузавэу)*. Гузэвэгъуэщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Апхуэдэщ псори я щIалэгъуэм.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Балигъ акъыл къищтэмэ, зихъуэжынщ, дауикI.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Уэ апхуэдэу къэплъытэрэ?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Дыгугъэнщ щыгъупщэну.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. А зиунагъуэрэ, зы фIэкIуэдамэ, пщIы къигъуэтыжынщ.

Г е л и к о н. Сыт щIывигугъэр щхьэусыгъуэр лъагъуныгъэр арауэ?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сытыра-тIэ, армырамэ?

Г е л и к о н. И тхьэмщIыгъур къыщыхьа хъунщ. Е махуэ къэс къыфIуплъэныр иужэгъуагъэнщ. Дызыхэт цIыхухэр куэдкIэ нэхъ шэчыгъуафIэ хъунут, абыхэм я нэкIур зэзэмызэ зэрахъуэкIыфу щытатэмэ. АрщхьэкIэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, менюм зихъуэжыркъым. Махуэ къэс лыщIыкIулыбжьэщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сэ нэхъ сфIэкъабылщ щхьэусыгъуэр — лъагъуныгъэр арауэ къэслъытэмэ. Абы тедухуэмэ нэхъ езэгъырабгъуу къысфIощI.

Г е л и к о н. Уи псэри нэхъ мамыр ещI апхуэдэу Iуэхум ухэплъэмэ. Уегъэмамыр — мис аращ нэхъыщхьэр. А жыхуэфIэ узыфэращ — губзыгъэми делэми — зыми щымысхьыр.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт хуэдизкIэ мыхьэлъэми, гуауэри зэгуэр еух. Уэ зы илъэс нэхъыбэкIэ уи псэм бэлыхь тебгъэлъыфыну?

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Тезгъэлъыфынукъым.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Ар зыми хузэфIэмыкIынщ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Апхуэмыдэуи, упсэуфыххэнтэкъым.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Мис аращ. Фыщыгъуазэми сщIэркъым. Си щхьэгъусэр нэгъабэ дунейм ехыжащ. Сыгъщ, сыгъри сыувыIэжащ. Иджыри зэзэмызэ сыхонэщхъеихь. АрщхьэкIэ — сесэжащ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Къэхъугъэм псори зэпишэчащ.

Г е л и к о н. А жыхуэпIэ къэхъугъэр зэзэмызэ хэкъуэуэжуи шэч сощI сэ, фэ сыщыфхэплъэкIэ.

Х е р е е къохьэ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт?

Х е р е е. Аращ. Хъыбар зэрыщымыIэщ.

Г е л и к о н. Нэхъ хуэмыIуэу, зиусхьэнхэ, дыкъытримычу. Рим къэралыгъуэжь жыхуаIэр дэращ. Дэ ди напэр дгъэкIуэдмэ, къэралым и щхьэр фIэкIуэдынущ. Иджыпсту и чэзукъым, и зэманкъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, дывгъакIуи пщэдджыжьышхэ дывгъэщI, къэралым мис ар нэхъ хуэсэбэпынущ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Пэжщ ар. Уи нэр къыщхьэрипхъуэу, нэхъыщхьэр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым.

Х е р е е. Сигу ирихьыркъым сэ мы къекIуэкIыр. Ар пащтыхь гъуэзэджэт, хуэдэ уигъэлъыхъуэну.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Пэжщ, дызыхуей дыдэт, укIыти иIэу, Iуэхум хищIыкIышхуи щымыIэу.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыту пIэрэ къыфщIэIуауэ мыпхуэдизу фызыгъэтхьэджэр? Хэт зэран хуэхъур а зытетам къытенэнумэ? Абы Друзиллэ фIыуэ илъагъуу зэрыщытам шэч хэлъкъым. АрщхьэкIэ и шыпхъут ар абы. ЩIасэу зэриIари ирикъунти. Сыт хуэдэу къемыкIуэкIами, ар лIащ жыпIэу, Рим зэхэзехуэн пщIыныр — егъэлеяуэ къэнэжыркъым.

Х е р е е. Сыт ухуейми фIэщ, сигу ирихьыркъым сэ ахэр, и щIэпхъуэжыкIэри къызгурыIуэркъым.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Аращ, зыгуэр щыжаIэм зыгуэр щыщыIэщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт хуэдэурэ къемыкIуэкIами, зэIыхьлыхэр Iыхьлыгъэм ебакъуэу зы пIэ зэдэгъуэлъами, абы бэлыхь къипщIыкIыжыныр — къэралыр зыкIи зыхуэмей Iуэхущ. Зэгупэу мыгъуэлъынхэу Iэмал имыIэрэ — гъуэгу махуэ, ауэ щэху цIыкIуу.

Г е л и к о н. Флъагъуркъэ, а фэ зи гугъу фщIы лъызэхэкIэм зы Iэуэлъауэ гуэр щIымыгъункIэ Iэмал иIэкъым. ГъуэлъыпIэр мэкIыргъ, ап-

хуэдэу жысIэнщи, хуит сыкъэфщIмэ. ИтIанэ: хэт фэ къывжезыIар псори къызыхэкIар Друзиллэ и лIэныгъэр арауэ.

ЕтIуанэ лIакъуэлIэшым. Сытыр ара-тIэ?

Геликон. КъафщIэ. Насыпыншагъэр фыз къыщыпшэм хуэдэщ. Уэ езым къыхэпхауэ уи гугъэщ, арщхьэкIэ — мэ мыдэ, уэ укъыхахауэ ращ. Зыри пхухэлъхьэжынукъым абы: ди Калигулэ насыпыншэщ. Абы и щхьэусыгъуэр езыми ищIэжу къыщIэкIынкъым. ХэкIыпIэ зэримыIэр къыгурыIуэжу щIэпхъуэжагъэнкIи мэхъу. Абы и пIэм дитамэ, дэри арат тщIэнур. Мис, сэ щапхъэу зыкъэсхьыжынщ: си адэр сэ къыхэсхыжыну Iэмал къызатыгъатэмэ, сыкъалъхуну здэххэнтэкъым.

Сципион къохьэ.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Херее. Хъыбар гуэр щыIэ?

Сципион. Зыри щыIэкъым. МэкъумэшыщIэ гуэрхэм ягъэхъыбар дыгъуэпшыхь ар мы Iэшэлъашэм щалъэгъуауэ, зыщIыпIэкIэ жэуэ. Щыблэри уэт а меданым.

Херее сенаторхэм я деж егъэзэж, Сципион абы кIэлъокIуэ.



Херее. Махуищ хъурэ, Сципион?

Сципион. Мэхъу. Зэрыдихабзэу, абырэ сэрэ дызэгъусащ. Слъэгъуащ псори. Ар Друзиллэ и хьэдэм щхьэщыхьэри, и Iэпэ джэдыкIэхэмкIэ еIусащ. ИтIанэ хэгупсысыхьауэ фэ къытеуэщ, зыкърИгъэкIэрэхъуэкIри, лъэ быдэкIэ къыщIэкIыжащ. Абы лъандэри къалъыхъуэ.

Херее *(и щхьэр игъэсысурэ)*. Литературэр егъэлеяуэ фIыуэ илъагъурт а щIалэм.

ЕтIуанэ лIакъуэлIэшым. ИкIи тэмэмт ар, и ныбжьым тепщIыхьмэ.

Херее. И къулыкъур Iуэхум хыумылъытэу, щхьэм къибгъэтIэсэну гугъущ пащтыхьыр икIи художникыу. Пэжщ, зэрэ-тIэурэ диIащ апхуэди. Мэл щIакъуэ зыхэмыт хъушэ къэгъуэтыгъуейщ. Арами, адрейхэм яхузэфIэкIырт я къулыкъур зэрахьэну.

Япэ лIакъуэлIэшым. Апхуэдэу нэхъ тыншщ.

ЛIакъуэлIэш лIыжьым. Щхьэж и IэщIагъэ иIэжщ.

Сципион. Сыт тщIэн хуейр?

Херее. ЗырикI.

ЕтIуанэ лIакъуэлIэшым. Дыпэплъэнщ. Къимыгъэзэжрэ — зэтхъуэкIын хуей хъунущ. Дэр-дэру жытIэнщи, пащтыхь ди мащIэкъым дэ.

Япэ лIакъуэлIэшым. Ар пэжщ, тхуримыкъур цIыху нэсщ.

Херее. Къытехьауэ къигъэзэжмэ-щэ?

Япэ лIакъуэлIэшым. Фи фIэщ зэрыхъун, ар иджыри сабийкIэ. Тедгъэувэнщ гъуэгу тэмэм.

Херее. КъыдэмыдаIуэмэ, сыт тщIэнур?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. СлIожь! Сэракъэ къэрал переворот зэрыпщIынум теухуа трактат зэгуэрым зытхар?

Х е р е е. ДауикI, абы Iуэхур нэсмэ… Ауэ сэ си щхьэкIэ тхылъхэм сабгъэдэсмэ нэхъ къэсщтэнут.

С ц и п и о н. СынолъэIу къысхуэбгъэгъуну. *(ЙокI.)*

Х е р е е. И жагъуэ сщIащ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. ЩIалэжь цIыкIущ ар. Псори зэщхьщ щIалэхэр.

Г е л и к о н. Зэщхьми зэмыщхьми, жьы хъунущ ахэри.

ХъумакIуэм хъыбар къахуехь: К а л и г у л э дворецым и жыг хадэм щалъэгъуащ. Псори йокI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Сценэр заулкIэ нэщIщ. К а л и г у л э зиудыгъуу сэмэгурабгъумкIэ къохьэ: и цыр уащ, щыгъыр фейцейщ, и щхьэцыр псыфщ, и лъакъуэхэм фIеипс бжьыгъэ къытощ. И Iэгур и жьэм зыбжанэрэ хуехь. Гъуджэм бгъэдокIуатэри, къищ и теплъэм зэрыIуплъэу къызэтоувыIэ. Зыгуэр зэхэщIыкIыгъуейуэ жеIэ. ИжьырабгъумкIэ IуокIуэтри йотIысэх, и лъэгуажьитI зэгуэшам я зэхуаку и IитIыр щелэлэхыу. СэмэгурабгъумкIэ Г е л и к о н къохьэ, К а л и г у л э р къелъагъу, сценэм и плIанэпэм щызэщIоувыIыкIри, щыму йоплъ. К а л и г у л э зыкърегъэзэкIри ар къелъагъу. Щымхэщ.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Г е л и к о н. Уузыншэм, Гай.

К а л и г у л э *(къызэрыгуэкIыу)*. Уузыншэм, Геликон.

Щымхэщ.

Г е л и к о н. Уезэша хуэди?

К а л и г у л э. Куэдрэ къэскIухьащ.

Г е л и к о н. Пэжщ, куэдрэ укъэтащ.

Щымхэщ.

К а л и г у л э. Гугъут къэбгъуэтыну.

Г е л и к о н. Сыт гугъур?

К а л и г у л э. Сэ сызыхуейр.

Г е л и к о н. Сытыт узыхуейр?

К а л и г у л э *(къыфIэмыIуэхуу)*. Мазэм.

Г е л и к о н. Сыт жыпIа?

К а л и г у л э. Мазэр жысIакъэ.

Г е л и к о н. А-а? *(Щымщ. Нэхъ гъунэгъуIуэу бгъэдокIуатэри.)* Сытым щхьэкIэ?

К а л и г у л э. ПщIэрэ, ар сэ симыIэ хьэпшыпхэм ящыщ зыщ.

Г е л и к о н. ГурыIуэгъуэщ. НтIэ, иджы псори тэмэм?

К а л и г у л э. ЗыIэрызгъэхьэфакъым.

Г е л и к о н. Жагъуэщ.

К а л и г у л э. Пэжщ. Аращ сэ сыщIезэшари. *(Щымщ.)* Геликон!

Г е л и к о н. СынодаIуэ, Гай.

К а л и г у л э. Уи гугъэ делэ сыхъуауэ?

Г е л и к о н. Уэ фIы дыдэу ощIэ сэ зэикI сызэрымыгупсысэр. Сэ апхуэдизу сыахьмакъ, сыгупсысэн хуэдэу?

К а л и г у л э. Хъунщ, сыт ухуеймэ жыдгъэIэ. Сэ делэ сымыхъуа дэнэ къэна, иджы хуэдэу тэмэму зэикI си щхьэр лэжьакъым. КIэщIу жысIэнщи, сэ зыIэзыбжьэу икIи кууэ зыхэсщIащ дызылъэмыIэсын, ди Iэпэр къызыпемыкIуэкIын гуэрым сызэрыхуэныкъуэр. *(Щымщ.)* Сэ къызэрыслъытэмкIэ, мы дызыхэт, дызэсэжа псори зыри хъунукъым.

Г е л и к о н. Куэдым зэдайщ а Iуэху еплъыкIэр.

К а л и г у л э. Пэжщ. АрщхьэкIэ сэ иджыри къэс ар къызгурыIуэу щытакъым. Иджы сощIэ. *(НетIи хуэдэу къызыфIимыгъэIуэхуу.)* Мы дунейр нобэ зыхуэдэр тшэчынкIэ Iэмал иIэкъым. Аращи, сэ сыхуейщ мазэ, е насып, е уахътыншагъэ; сыт ищIысми зыгуэр — делагъэуи щрырет, — ауэ мы ди дунейм щымыщу.

Г е л и к о н. Уи гупсысэ кIапэхэр зэлъэIэс хуэдэщ. АтIэми, и гупсысэхэр зэпыувэ защIэу гупсысэфыр мащIэ дыдэщ.

К а л и г у л э *(къызэфIоувэри, къыфIэмыIуэху-къызэрыгуэкIыу)*. Уэ абы зыри хэпщIыкIыркъым. Аращ цIыхум щIахузэфIэмыкIри я гупсысэм хиш лъагъуэм я IуэхущIафэр трагъэзэгъэфу псэуну. А зы закъуэр армырауэ пIэрэ уасэ зиIэр — уи гупсысэмрэ уи IуэхущIафэмрэ IэгупIитIым хуэдэу зэувалIэу упсэуфыныр. *(Геликон еплъурэ.)* СощIэ сэ узэгупсысыр: мы цIыхубз цIыкIум и лIэныгъэм сыту хьэлэбэлыкъышхуэ къригъэкIрэ, жыхуэпIэщ. Хьэуэ. Аракъым Iуэхур здэщыIэр. Пэжщ, сэ къэзгубзыгъыж хуэдэщ, махуэ зыщыплIкIэ узэIэбэкIыжмэ, сэ фIыуэ слъэгъуа цIыхубзыр зэрылIар. АрщхьэкIэ, сыт ар — лъагъуныгъэр? ЗырикIщ. Тхьэ пхуэсIуэнщ лIэныгъэр Iуэхум къыщымыщу. Абы нэхъ наIуэ къищIауэ аращ мазэ сиIэн зэрыхуейр нэхъри къыспкърызыгъэхьа гупсысэ пэжыр. Ар икъукIэ IупщI икIи къызэрыгуэкI гупсысэщ, тIэкIуи мыкIуэмытэу; уи щхьэм къыхузэIупхыныр гугъурэ, къепхьэкIынри нэхъ гугъужу.

Г е л и к о н. Ар сыт хуэдэ гупсысэу пIэрэ, Гай?

К а л и г у л э *(зыкърегъэзэкIри нэщхъейуэ)*. Насыпыншэщ цIыхухэр, мэлIэжри.

Г е л и к о н *(тIэкIурэ щыма нэужь)*. А гупсысэм хьэлэмэтыщэу зебгъэзэгъыфынущ, Гай. Яхэплъэт укъэзыухъуреихьхэм. Апхуэдэ гупсысэр зэран яхуэхъуу гу ялъыптэрэ абыхэм.

К а л и г у л э *(зыIэзыбжьэу къолыбри)*. Апхуэдэу щыщыткIэ — а жыхуэпIэхэм псоми пцIы яупс. Сэ сыхуейщ пэжыр я дину ахэр псэуну. Сэра зымыщIэр, Геликон, ахэр зыхущыщIэр? Абыхэм яхуримыкъуэр щIэныгъэщ, Iуэхум хэзыщIыкI егъэджакIуи яIэкъым.

Г е л и к о н. Щхьэрыгъажэ умыщI, Гай, мы ныбжесIэр, ауэ зыбгъэпсэхуныр арат псом нэхърэ нэхъапэр.

К а л и г у л э *(йотIысэхри макъ щабэкIэ жеIэ)*. СхузэфIэкIынукъым.

Ар сэ зэикI къызэмыхъулIэжын Iуэхущ.

Г е л и к о н. Сыт щхьэкIэ?

К а л и г у л э. Сэ сыжеймэ, хэт уи гугъэ мазэр къызэзытынур?

Г е л и к о н *(тIэкIурэ щыма нэужь)*. Ари пэжщ.

К а л и г у л э *(къызэрехьэлъэкIыр плъагъуу къызэфIоувэри)*. КъэдаIуэт, мыдэ, Геликон. *(Псалъэмакъ, лъэмакъ къоIу.)* Уи жьэр гъэбэяуи зыщыгъэгъупщэт мис иджыпсту дызэрызэбгъэдэтыр.

Г е л и к о н. ГурыIуэгъуэщ.

К а л и г у л э щIэкIыпIэм хуеунэтI, зыкърегъэзэкIри…

К а л и г у л э. Иджыпсту щыщIэдзауэ къыздэIэпыкъу, къомыхьэлъэкIмэ.

Г е л и к о н. СыщIыбдэмыIэпыкъун щхьэусыгъуэ сиIэкъым, Гай. Сэ куэдым сыщыгъуазэщ, къысфIэIуэхури мащIэщ. СыткIэ сыпхуэщхьэпэфыну?

К а л и г у л э. Iэмал лъэпкъ зыхуэдмыгъуэтынумкIэ.

Г е л и к о н. СлъэкI къэзгъэнэнкъым.

К а л и г у л э йокI. С ц и п и о н р э Ц е з о н и е р э епIэщIэкIыу къыщIохьэ.

## ЕТХУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

С ц и п и о н. Зыри щыIэкъым. Утеплъа абы, Геликон?

Г е л и к о н. Хьэуэ.

Ц е з о н и е. Геликон, пэж дыдэу зыри къыбжиIакъэ абы, щIэпхъуэжын и пэкIэ?

Г е л и к о н. Сэ абы сриныбжьэгъукъым, сыхуэсакъыу аращ. Тэмэмри аращ.

Ц е з о н и е. Сэ уэ сынолъэIур.

Г е л и к о н. Си псэр зэзгъэшхын, Цезоние, Гай идеалистщ, абы псори щыгъуазэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, абы иджыри къыгурыIуа щыIэкъым. Сэ къызгурыIуащ, аращ зыми сыщIыхэмыIэбэри. Ауэ Гай къыгурыIуэу хуежьэмэ, псоми хэIэбэу щIидзэнкIэ мэхъу. Абы кърикIуэнури зыщIэр Тхьэ закъуэр аращ. Къысхуэгъэгъу тхьэм щхьэкIэ, пщэдджыжьышхэ тщIынумэ, ичэзу хъуащ. *(ЙокI.)*

## ЕХАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е ешауэ йотIысэх.

Ц е з о н и е. Къэрэгъулым илъэгъуащ ар мыбыкIэ щыблэкIым. Рим къалэм дэнэ и дежи щалъагъур Калигулэ. Ара щхьэкIэ, езым илъагъуу щыIэр зы закъуэщ — езым и идеерщ.

С ц и п и о н. Сыт хуэдэ идеер?

Ц е з о н и е. Ар сэ сыткIэ сщIэн, Сципион.

С ц и п и о н. Друзиллэ жыхуэпIэр?

Ц е з о н и е. Хэт ар зыщIэр. Ауэ пэжыр жыпIэнумэ — фIыуэ илъэгъуащ ар абы. ДауикI, тыншкъым — дыгъуасэ уи IэплIэм щыпкъузу щыта

цIыхубзыр нобэ хьэдэу плъагъуныр.

С ц и п и о н *(Iэнкуну)*. Уэ-щэ?

Ц е з о н и е. Сэри? Сэ срищIасэ тIорысэт.

С ц и п и о н. ЗыщIэгъэкъуэн хуейщ абы, Цезоние.

Ц е з о н и е. Уэри ар фIыуэ плъагъурэ?

С ц и п и о н. Солъагъу фIыуэ. Псэ хьэлэлу къызбгъэдэтащ, си гуащIэм хигъахъуэу. Сигу къинащ сэ абы и псалъэ гуэрхэри. «ГъащIэр тыншкъым, ауэ дэ диIэщ диныр, искусствэр, лъагъуныгъэр», — жиIэрейт. «Къуаншэр — нэгъуэщIыр бэлыхь хэзыдзэр аращ», — жиIэрт щIэх-щIэхыурэ. Хуейт ар тхьэхэм я щIасэу псэуну.

Ц е з о н и е *(къызэфIэувэурэ)*. Сабийм хуэдэт. *(Гъуджэм бгъэдохьэри йоплъэ.)* Си Iэпкълъэпкъым нэмыщI нэгъуэщIытхьэ зэикI сиIакъым сэ. Мис ноби а тхьэм селъэIунущ Гай къысхуихьыжыну.

К а л и г у л э къохьэ. Ц е з о н и е р э С ц и п и о н р э гу ялъетэри Iэнкуну йокIуэтыж. А тэлайм техуэу адрей лъэныкъуэмкIэ къохьэ лIакъуэлIэшхэмрэ дворецым и у н а ф э щ I ы м р э. Iэнкун хъуахэу зэщIоувыIыкI. Ц е з о н и е къызоплъэкI. Абырэ С ц и п и о н р э К а л и г у л э зыхуадз. Мыдрейм и Iэр ещIри, ахэр къызэтрегъэувыIэ.

## ЕБЛАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

У н а ф э щ I ы м (управителым). *(Iэнкуну)*. Дэ... Дэ дыплъыхъуащ, ди пащтыхь.



К а л и г у л э *(зызыхъуэжа макъ къыщыпкIкIэ)*. Солъагъу...

У н а ф э щ I ы м. Дэ... Мыдэ...

К а л и г у л э *(ткIийуэ)*. Сыт фызыхуейр фэ?

У н а ф э щ I ы м. Дыгузэващ, пащтыхь.

К а л и г у л э *(жьэхэкIуатэурэ)*. Ар сытым щхьэкIэ?

У н а ф э щ I ы м. А-а... мыдэ... *(ХэкIыпIэ къегъуэт, псалъэхэр къыжьэдэхуу.)* Къэралым и казнам пыщIа Iуэхугъуэ гуэрхэр убзыхун зэрыхуейр уэри уощIэ.

К а л и г у л э *(дыджу, мыдыхьэшхыну ерагъкIэ зызэтриIыгъэу)*. Казнар жыпIа? АтIэ, зиунагъуэрэ, шэч хэлъ абы... казнар — ар Iуэхушхуэщ.

У н а ф э щ I ы м. ДауикI, зиусхьэн.

К а л и г у л э *(дыхьэшхыурэ Цезоние жреIэ)*. Пэжкъэ, си дахэ, Iуэху джэгукъым казна жыхуаIэр?

Ц е з о н и е. Хьэуэ, Калигулэ, казнам нэхърэ нэхъапи щыIэщ.

К а л и г у л э. Уэ абы зыри хэпщIыкIыркъым. Казнам икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Псоми яIэщ мыхьэнэ: финансми, обществэм и напэр зыхуэдэми, къэрал щIыб политикэми, дзэр зыхуей-зыхуэфIми, мэкъумэшым ехьэлIа хабзэхэми. БжызоIэр уэ — псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ. Псори зэхуэдэу нэхъапэщ. Римым и щIыхьри, уи къупщхьэ узыр нэхъ къыщыпщыхьэри. Аращи, сэ и ужь сихьэнщ а псоми. КъэдаIуэт, унафэщI.

ЛIакъуэлIэшхэр нэхъ гъунэгъуу къыбгъэдокIуатэ.

К а л и г у л э. Уэ пэжкIэ укъызбгъэдэтщ. Аракъэ?

У н а ф э щ I ы м *(зигъэгусэу)*. Зиусхьэн...

К а л и г у л э. Мисыр-тIэ, сэ зы мурад сиIэщ. Деуэнщи, тIэу Iэбэгъуэкiэ политическэ экономие жыхуаIэр къэдублэрэкIынщ. Сэ псори къыбгурызгъэIуэнщ, лIакъуэлIэшхэр я унэ екIуэлIэжмэ.

ЛIакъуэлIэшхэр йокI.

## ЕЯНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э Ц е з о н и е бгъэдотIысхьэри, IэплIэ хуищI щIыкIэу, и Iэр и бгым ирешэкI.

К а л и г у л э. КъедаIуэ уи тхьэкIумэр тегъэхуауэ. Япэ лъэбакъуэр: мылъку гуэр, ар ирекуэд е иремащIэ, зыбгъэдэлъу империем ис лIакъуэлIэш псоми баштекъуззэкIэ къалэн зыщащIыж ар я быным къыхуамыгъанэу къэралым зэрыратымкIэ уэсят тхылъ ятхыну.

У н а ф э щ I ы м. Зиусхьэн...

К а л и г у л э. Сэ уэ иджыри псалъэ уэста щIыкIэкъым. Дэ ахэр псори зырызыххэу IутпIэнущ, зэхэтлъхьа спискэм ипкъ иткIэ. Дыщыхуеймдеж дэ а спискэр зэтхъуэкIыжыфынщ дызэрыхуеймхуэдэу. Псори дэ къызыхуэдгъэнэжынщ.

Ц е з о н и е *(къыIукIуэтурэ)*. Сыт мы къыпщыщIар?

К а л и г у л э *(къыфIэмыIуэхуу)*. ЩыIутпIэкIэ зэрызэкIэлъыдгъэкIуэну щIыкIэм мыхьэнэ лъэпкъ иIэкъым. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ящыщ дэтхэнэ зыри укIыныр — Iуэху нэхъыщхьэу аращ. Апхуэдэу щыщыткIэ — нэхъыщхьэ а Iуэхум хэлъкъым. Нэхъ кIэщIу жысIэнщи, ахэри адрейхэри — псори къуаншэщ. Гу лъытапхъэщ: цIыхур ужьэхэувэу пхъунщIэныр нэхъ напэншагъэкъым ямыIэнкIэ Iэмал зимыIэ хьэпшыпхэм я уасэм хэбгъахъуэ хуэдэурэ налог пхэнж ятеплъхьэным нэхърэ. Къэрал унафэ пщIынри ухъунщIэнри — тIури зыщ. Абы псори щыгъуазэщ. ЗэрызэщхьэщыкIыу щыIэр Iэмалхэр аращ. Сэ зызмыхьэкъуэу сыхъунщIэнущ. Абы нэхъ хуит къищIынущ къалэн цIыкIу зезыхьэхэр. *(УнафэщIым ткIийуэ жреIэ.)* Мы унафэр уэ жьы думыгъэхуу бгъэзэщIэнщ. Рим къалэм щыпсэухэм ныщхьэбэ фIэмыкIыу я уэсятхэм Iэ щIадзынущ, куей нэхъ жыжьэхэм щыпсэухэм — зы мазэ нэхъ дэмыкIыу. ЗэбгрыгъэкI хъыбар езыгъэщIэнухэр.

У н а ф э щ I ы м. Кесар, уэ жыпIэм къикIым уегупсысыркъым.

К а л и г у л э. Мыдэ нэхъыфIу къызэдаIуэ, щхьэкъэб. Казнам мыхьэнэ иIэмэ, абы щыгъуэ цIыху гъащIэр — мыхьэнэншэщ. ГурыIуэгъуэщ ар. А гупсысэр уэ уи Iуэху еплъыкIэм хуэдэ къезыхьэкI дэтхэнэми къабыл къыздищIу, я гъащIэр зэрызырикIым арэзы техъуэн хуейщ, я дунейр — я ахъшэрауэ щыпсэухэкIэ. Сэ сыкъапщтэмэ, логикэм сытемыкIыну мурад сщIащ. Властыр щысIэщIэлъкIэ — а логикэм къыпэфшэчын хуей уасэри флъагъунщ, сэ згъэгъущынщ я лъапсэр логикэм емызэгъ гупсысэхэмрэ зэгъыу псэуну хуэмейхэмрэ. УфIэфIмэ, уи деж щызэхэзублэнщ.

У н а ф э щ I ы м. Сэ уэ пэжу сызэрыббгъэдэтым шэч лъэпкъ къыщIытепхьэн щыIэкъым. Тхьэ пхузоIуэ!

К а л и г у л э. Сэри сыапхуэдэщ. Абы и щыхьэтщ сэ уи Iуэху еплъыкIэр бдэсIыгъыну икIи къэралым и казнар уэзгупсысыпхъэ Iуэхугъуэу къэслъы-

тэну сызэрыхьэзырыр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, уэ сэ фIыщIэ къысхуэпщIын хуейщ, уи куэзыр сIэщIэлъу уи джэгукIэм сыныхохьэри. *(Мэщым, итIанэ зызэтриубыдэу.)* А къомым ящIыIужкIэ: сэ си мурадыр гъэщIэгъуэну къызэрыгуэкIщ, абы къыхэкIыуи зэныкъуэкъуным кIэ идотыр. Уэ секундищ уиIэжщ узмылъагъуу убзэхыным папщIэ. Собжэ: зы...

Унафэщ Iыр мэбзэх.

## ЕБГЪУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е. УкъысхуэцIыхужыркъым. Мы жыпIэхэр — гушыIэкIэщIэ?

К а л и г у л э. Апхуэдэ дыдэкъым, Цезоние. Зэрагъасэ Iэмалщ.

С ц и п и о н. Ар мыхъунщ, Гай.

К а л и г у л э. Аракъэ-тIэ!

С ц и п и о н. Сэ къызгурыIуэркъым.

К а л и г у л э. Ар дыдэщ. Псори зытеухуэжар а мыхъунуращ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, мыхъунур — къегъэзэгъынырщ.

С ц и п и о н. Апхуэдэ джэгукIэм укъыщцызэтеувыIэжыфынукъым. Ар зи нэгузыужьыгъуэр зи щхьэ зэтемысыжхэр аращ.

К а л и г у л э. Хьэуэ, Сципион, ар императорыр зыхуалъхуа гъащIэу аращ. *(ЩIыбкIэ зрегъэщI, зэрешар и нэгум къищу.)* ИкIэм-икIэжым сэ къызгурыIуащ властыр зи сэбэпыр. Абы зы Iэмал гуэрхэр къует «мыхъуххэнщ ар» жыхуаIэр кърибгъэIурыщIэну. Мы ди нобэм щыщIэдзауэ гъунапкъэншэщ сэ си щхьэхуитыныгъэр.

Ц е з о н и е *(нэщхъейуэ)*. ДыщыгуфIыкI хъуну пIэрэ абы, Гай, сщIэркъым.

К а л и г у л э. Сэри сщIэркъым. Ауэ ар ди гум имыкIыу дыпсэун хуейуэ къыщIэкIынщ.

Херее къохьэ.

## ЕПЩIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Х е р е е. УкъызэрыкIуэжар зэхэсхат. Тхьэхэм солъэIу уи узыншагъэр къахъумэну...

К а л и г у л э. Си узыншагъэм фIыщIэ къыпхуещI. *(ТIэкIурэ щыта нэужь зыкъызэкъуепхъуэтри.)* КIуэ, Херее, сыхуейкъым сэ афIэкIа услъагъуну.

Х е р е е. ГъэщIэгъуэнщ, Гай, жыпIэр.

К а л и г у л э. УмыгъэщIагъуэ. Сэ фIыуэ слъагъуркъым тхакIуэхэр... Схуэшэчыркъым. Ахэр щIэпсалъэр жаIэр езыхэм зэхамыхыжын щхьэкIэщ. Абыхэм жаIэр езыхэм зэхахыжу щытамэ, я мыхьэнэншагъэр къагурыIуэжынти, я жьэр яубыдынт. Куэдщ ар, сигу ящыкIащ сэ а щыхьэт нэпцIхэм.

Х е р е е. ПцIы щыдупс къэхъуми — зэрымыщIэкIэщ. Сэ къуан-

шагъэ збгъэдэлъу слъытэркъым.

К а л и г у л э. ПцIы захуэ щыIэкъым. Фэ фупс пцIым цIыхухэмрэ хьэпшыпхэмрэ зы мыхьэнэ гуэр яIэу къыпфIегъэщI. Мис аращ сэ фхуэзмыгъэгъуфыр.

Х е р е е. Сыт хуэдэу щымытми, дэ ди къалэнщ мы дунейм дыкъыщхьэщыжыну, абы дыщыпсэуну дыхуейр пэжмэ.

К а л и г у л э. Къыщхьэщыж дыхуейкъым. Iуэхум хэплъэри, яухащ. Мы дунейм мыхьэнэ иIэкъым. Ар къызыгурыIуам хуитыныгъэр и Iэрылъхьэщ. *(КъызэфIоувэ.)* Аращ сэ фыслъагъу щIэмыхъури — фыщхьэхуиткъыми. Рим къэралыгъуэ абрагъуэм зыщ щхьэхуиту исыр, ар — сэращ. ФыгуфIэ, икIэм-икIэжым фэ фиIэ хъуащ хуитыныгъэм фыхуезыгъэджэн император. ЩIэкI, Херее. Уэри, Сципион. Ныбжьэгъугъэ жыхуаIэр сэркIэ дыхьэшхэнщ. ЕвгъэщIэ хъыбар Рим. ИкIэм-икIэжым абы иратыжащ и хуитыныгъэр. А хуитыныгъэм щIыгъуу къэгъунэгъуащ гъэунэхуныгъэшхуэри.

Ахэр щIокI. К а л и г у л э зрегъэзэкI.

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е. Угъыу... ара уэ?

К а л и г у л э. Аращ, Цезоние.

Ц е з о н и е. Сыт мыпхуэдизу къэхъуар? Пэжщ, уэ Друзиллэ фIыуэ плъагъуу щытащ. АрщхьэкIэ сэри сыкъэплъэгъуащ абы нэмыщIкIэ, нэгъуэщI цIыхубз куэди плъэгъуащ. Ар зэрылIам къикIыркъым жэщищмахуищкIэ уи щхьэр зепхьэу губгъуэм уиту, псори уи хамэ дыхъуауэ укъытхыхьэжын хуейуэ.

К а л и г у л э *(зыкърегъэзэкIри)*. Уэ делэ цIыкIум сэ Друзиллэ и гугъу пхуэсщIрэ? Уэ уи пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъэ лъагъуныгъэм нэмыщI нэгъуэщI зы щхьэусыгъуэ гуэркIэ цIыхур гъынкIэ хъуну?

Ц е з о н и е. Къысхуэгъэгъу, Гай, ауэ нэхъ къэсщтэнут Iуэхум и тэмэмыпIэр сщIамэ.

К а л и г у л э. ЦIыхур щIэгъыр езыр зэрыхуейм хуэдэу и Iуэху зэрымыхъур аращ.

Бзылъхугъэр къыбгъэдокIуатэ.

Къэгъанэ, Цезоние.

IуокIуэтыж.

УIумыкIыжу щыт.

Ц е з о н и е. Псори сщIынщ узэрыхуейм хуэдэу. *(ЙотIысэх.)* Зи ныбжь нэсахэм фIыуэ ящIэ гъащIэм ди щхьэм Iэ къызэрыдимылъэр. Мы дызытет щIыгум бзаджагъэу щызекIуэр нэхъыбэж хъуным сыт щхьэкIэ дыхущIэкъун хуей?

К а л и г у л э. Уэ къыбгурыIуэркъым. Iуэхукъым ар. Си щхьэр

сэр-сэрурэ хэслъэфыжыфыну къыщӀэкӀынщ. Сэ фӀыуэ къызгуроӀуэж фӀэщыгъэцӀэу яхуэсщӀынур къысхуэмыгъуэту псэущхьэ гуэрхэр си гум къызэрыщыушыр. Сыт сэ абыхэм есщӀэнур? *(ЦӀыхубзым зыхурегъэзэкӀри.)* Сэ сыщыгъуазэт цӀыхухэр гузэвэгъуэ зэрыхэхуэм, арщхьэкӀэ фӀыуэ къызгурыӀуэртэкъым а псалъэм и мыхьэнэр. Адрейхэм ещхьу сэри си гугъэт ар псэм и узыфэу. Аратэкъым-тӀэ. Ӏэпкълъэпкъыр аращ бэлыхьыр зытелъыр. Сэ си лыр мэуз, си бгъэр зэгуоч, си лъакъуитӀыр поузыкӀ. Си къэжьын къокӀуэ, си щхьэр мэуназэ. АрщхьэкӀэ псом нэхърэ нэхъ шынагъуэр си Ӏум илъ дыджырщ. Ар лъым, е ажалым, е техьэгъуэ узым я дыджагъкъым, атӀэ псори щызэхэшыпсыхьыжа дыджагъщ. Си бзэгур зэрызгъэхъейуэ, мы си хъуреягъыр къызэщӀоуфӀыцӀэри, цӀыхухэр гущыкӀыгъуэ къысщохъу. Сыту гугъу икӀи сыту хьэлъэ цӀыхуу дунейм утетыныр!

Ц е з о н и е. А къомым уемыгупсысу, гъуэлъи уи Ӏэпкълъэпкъым фӀыуэ зегъэгъэпсэху. Сэ сыпщхьэщысынщ ужеиху. Укъэушыжа нэужь, дунейр нэхъ щӀэщыгъуэ къыпщыхъужынщ, нэхъапэхэми хуэдэу. ЗэрыпхузэфӀэкӀкӀи уи властыр лъагъуныгъэм зэрытебгъэлэжьынум и ужь ит. Сытым щхьэкӀэ зэран дыхуэхъун хуей къэкӀуэну дунейм?!

К а л и г у л э. Сыжеин хуейт, сыӀуричу, ауэ ар сэ схузэфӀэмыкӀыну Ӏуэхущ.

Ц е з о н и е. Уезэшыщаци, къыпщохъу апхуэдэу. ТӀэкӀу дэкӀынщи, уи Ӏэхэм къару къахыхьэжынщ.

К а л и г у л э. А къарур зэхьэлӀапхъэри убзыхун хуейщ. Сыт сэ зэрызбгъэщӀынур къыпхуэмылъытэн лъэщагъ, мы дунейм и зэхэлъыкӀэр щызэзмыхъуэкӀыжыфынукӀэ, дыгъэр къуэкӀыпӀэмкӀэ щетӀысэхыу, цӀыхум хьэзаб ятемылъыжрэ зэикӀ мылӀэжынхэу щысхуэмыщӀынукӀэ? Сыт и мыхьэнэ, Цезоние, сыжейми сымыжейми, дунейм къыщекӀуэкӀыр си унафэм щыщӀэзмыгъэувэфынукӀэ.

Ц е з о н и е. Уэ слъагъур тхьэм я лъэкӀыныгъэ ухуейуэ уныкъуакъуэу аращ. Сэ сщӀэркъым щыӀэу абы нэхърэ нэхъ делагъэшхуэ.

К а л и г у л э. Уэри къыболъытэ си щхьэр зэтекӀауэ. Хэту уи гугъэ уэ а сызэныкъуэкъу тхьэхэр? Сэ иджыпсту къаруэ сиӀэ псомкӀи сызыхуэпабгъэр уи тхьэ дэтхэнэм нэхъри нэхъ лъагэщ. ЯхузэфӀэмыкӀынур мардэ щащӀа къэралыгъуэжьым и унафэр щӀыным сыпохьэ сэ.

Ц е з о н и е. Уэ пхузэфӀэкӀынукъым уафэр мыуафэу, нэкӀу дахэр нэджэӀуджэу, цӀыхугур мывэу къызэбдзэкӀыну.

К а л и г у л э *(нэхъри къызэрыкӀыу)*. Сэ сыхуейщ уафэмрэ тенджызымрэ зэхэспщэжыну, дахагъэмрэ нэджэӀуджагъэмрэ ӀэпэзэрыӀыгъ сщӀыну, хьэзабым дыхьэшхым и хъуаскӀэ къыхезгъэхыну.

Ц е з о н и е *(зэпсалъэм и пащхьэ лъаӀуэу йоувэри)*. ЩыӀэщ гуапагъи, бзаджагъи, икӀагъи, хабзэншагъи. Уи фӀэщ зэрыхъун, ахэр игъащӀэкӀи щыӀэну.

К а л и г у л э *(къэпӀейтеяуэ)*. АтӀэ сэ сыхуейщ а псори зэхэспщэжыну. Сэ ди лӀэщӀыгъуэм тыгъэ хуэсщӀынщ зэхуэдэныгъэмрэ зэщхьыныгъэмрэ. Псори зэхуэдэ-зэщыщ хъужа нэужь, зэикӀ тхузэфӀэмыкӀынур,

щыIэххэнкIэ дызыщымыгугъар ди щIым къытепсыхэнщ, мазэр си Iэгум къитIысхьэнщи, итIанэ, тхьэм ищIэнщ, сэри, сэ сщIыгъуу зэрыдунейуэ зытхъуэжынщ, цIыхухэм лIэныр щагъэтынщи, икIэм-икIэжым насыпыфIэ хъунхэщ.

Ц е з о н и е. Уэ уелъэпэуэфынукъым лъагъуныгъэм.

К а л и г у л э *(къогубжьри къыщеуд)*. Сыт лъагъуныгъэ, Цезоние? *(И блыпкъыщхьитIыр еубыдри егъэсыс.)* ЗырикIщ а узытепсэлъыхьыр. НэгъуэщIщ мыхьэнэ зиIэр: къэралым и казнар аращ. Ар уэри зэхэпхаи?.. Аращ псоми я къежьапIэр. Мис иджы сэ сыпсэунущ, сыпсэунущ, Цезоние. Лъагъуныгъэмрэ псэуныгъэмрэ зэхэмызэгъэн Iуэхущ. Ар сэ ныбжьызоIэ уэ. ИкIи укъызогъэблагъэ зэикI ямылъэгъуа махуэшхуэ, дунейпсо хеящIэ IуэхущIафэ, икъусыкъуэжкIэ нэгузыужь лэжьыгъэ. Сэ цIыху сыхуейщ — згъэмысэн, тыхь сщIын, къекIуэкIым еплъыни сыхуейщ.

Гонгым зыхуедзри, и къару къызэрихькIэ еуэу щIедзэ.

К а л и г у л э *(гонгым еуэу)*. КъыщIэфшэ ягъэкъуаншэхэр. Сэ сыхуейщ мысэ. Псори мысэщ. *(Гонгым йоуэ.)* Сэ сыхуейщ зи суд ажалкIэ ящIа цIыхухэр къыщIашэну. Дэнэ щыIэ еплъынухэр? ХеящIэхэми, уэчылхэми, ягъэкъуаншэхэми — псоми суд зэрытращIыхьрэ куэд щIащ. О, Цезоние, сэ абыхэм язгъэлъагъунщ игъащIэм ямылъэгъуар: мы къэралым зи щхьэ хуиту ис цIыху закъуэр.



Гонгым и щыблауэ макъым къыдэкIуэу дворецым Iэуэлъауэ къыщоIу. Нэхъ зиIэтурэ къоблагъэ псалъэмакъ, Iэщэ кърахьэкIым и макъ, лъэмакъ. К а л и г у л э дыхьэшхыурэ гонгым йоуэ. Къэрэгъулхэр къокIуэ, тIэкIурэ щотри IуокIыж.

К а л и г у л э *(гонгым йоуэ)*. Уэ, Цезоние, сэ ныбжесIэр пщIэнущ, укъыздэIэпыкъунущ. Iуэхур мис аращ. Тхьэ къысхуэIуэ, Цезоние, укъыздэIэпыкъуну.

Ц е з о н и е *(гонг макъым иужьыгуауэ)*. Сыт щхьэкIэ сIуэн хуей тхьэ? Сэ уэ фIыуэ узолъагъур.

К а л и г у л э. Сыт ныбжьезмыIэми — пщIэнущ.

Ц е з о н и е *(мор гонгым здеуэм, IэпэдзэупIэ къегъуэтри)*. Сыт ухуейми, Калигулэ, ауэ щыгъэт, тхьэм щхьэкIэ.

К а л и г у л э *(гонгым йоуэ)*. УгущIэгъуншэнущ.

Ц е з о н и е *(гъуэгыу)*. СыгущIэгъуншэнущ.

К а л и г у л э *(гонгым еуэу)*. Гу щIыIэ-псэ щIыIэу ущытынущ, IурыIэбапIэ къыпхуамыгъуэту.

Ц е з о н и е. IурыIэбапIэ къысхуамыгъуэту.

К а л и г у л э. Бэлыхьри зыхуэбгъэшэчынущ.

Ц е з о н и е. Содэ, Калигулэ, ауэ делэ сохъу.

Зэрыгъэгужьея лIакъуэлIэшхэмрэ дворецым къулыкъу щызыщIэхэмрэ къолъадэ. К а л и г у л э гонгым иужь дыдэу зэ йоуэ, уадэ цIыкIур еIэт, зыкърегъэзэкIри зыбгъэдешэхэр.

К а л и г у л э *(хъийм икIауэ)*. Нэхъ гъунэгъуу фыкъызэкIуэталIэ псори. Сэ фхузощI унафэ нэхъ гъунэгъуу фыкъызбгъэдыхьэну. *(ЛъакъуэкIэ топкIэри.)* ФыкъыбгъэдэкIуэтэну къыфхуещI унафэ кесарым.

Псори бгъэдокIуатэ шынэхэурэ.

Нэхъ псынщIэIуэу. Иджы уэри къэкIуатэ, Цезоние.

Абы и Iэр еубыд, гъуджэм бгъэдешэри, къызэрыщ лъэныкъуэм уадэкIэ тетхъунщIыхьу щIедзэ, къищыр тригъэкIыжу. Мэдыхьэшх.

К а л и г у л э. Арати зэфIэкIащ. Плъагъурэ! ЩыIэжкъым афIэкIа гукъэкIыж, нэкIухэр бзэхыжащ бахъэу. НэщIщ. Ауэ къэнар пщIэрэ? КъекIуэталIэт нэхъ гъунэгъуу. Еплъыт. Фэри фыкъэкIуэтэIуэт. Феплъыт. *(Езыр гъуджэм бгъэдоувэри делэ нэIуу зызэкIэщIеш.)*

Ц е з о н и е *(гъуджэм гужьеяуэ иплъэу)*. Калигулэ!

К а л и г у л э *(и нэкIур егъэтэмэмыж, и Iупэр абджым кIэрекъузэ, и плъэгъуэр зыIэзыбжьэу мэдийри, текIуэныгъэкIэ гъэнщIа макъкIэ)*. Калигулэ.

*Iупхъуэ*



## ЕТIУАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

ЛIакъуэлIэшхэр Х е р е е и унэм щызэхэсщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Тхуэмыфащэ къыдепэс.

М у ц и й. Илъэсищ ен мэхъури.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Сэ «си фыз цIыкIукIэ» къызощ. ЦIыхур къысщегъэдыхьэшх. Абы хуэфащэр — ажалщ.

М у ц и й. Илъэсищ ен мэхъури.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Пщыхьэщхьэ къэсыхункIэ, къалэ щIыбым щыбзэуэну гъуэгу щытехьэкIэ, зэрыс носилкэм и ужь диту дыжэну къалэн къытщещI.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Къэжыхьыныр — узыншагъэмкIэ сэбэпщ, жиIэурэ.

М у ц и й. Илъэсищ ен мэхъури.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Къыхуэгъун хуейкъым ахэр.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Пэжщ, апхуэдэр хуэбгъэгъу хъунукъым.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Корнелий, абы пфIитхьэкъуащ уи мылъкур. Сципион, абы иукIащ уи адэр. Октавий, абы уи фызыр идыгъури къэхьпэщым яритащ. Лепид, уи щIалэр IэщIэкIуэдащ абы. А псори фшэчынуи?! Сэ злэжьыпхъэр сощIэж, сыщIэчэнджэщэни щыIэжкъым, къаруунщагъэмрэ шынагъэмрэ я къапхъэным сиIыгъыу сыпсэун, хьэмэ-

рэ Iуэхум дытегушхуэу кIэ еттын жысIэу.

С ц и п и о н. Сэ злэжьын хуейм и унафэр абы езым ищIат, си адэр щиукIым.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Уэ иджыри шэч къытепхьэрэ?

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Уэ дыпщIыгъущ. Циркым щыдиIэ тIысыпIэхэр цIыхубэм яхуигуэшри, унэIутхэмрэ дэрэ дызэригъэзэуащ, тезыр нэхъ хьэлъэж къыттрилъхьэн щхьэкIэ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Шынэкъэрабгъэщ.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Напэншэщ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Ажэгъафэщ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Лыкъым ар, зыри хъужыркъым.

Е п л I а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Илъэсищ мэхъури.

КъэрахьэкI Iэщэм игъэIу Iэуэлъауэ макъ, псалъэмакъ къоIу. Факелхэм яцыщ зы къохуэх. Псори щIэкIыпIэм хуопIащIэ. Зэхэтхэр щIэкIыпIэм хуопIащIэ. Х е р е е къохьэри псори зэтрегъэбэяуэ, зыри къэмыхъуа хуэдэу.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Х е р е е. Дэнэ апхуэдизу фыздэпIащIэр?

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Дворецым.

Х е р е е. Сэри апхуэдэущ къызэрызгурыIуар. ФыдагъэхьэнкIэ фыгугъэрэ?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Дэ ди мурадкъым абы щхьэкIэ дылъэIуэну.

Х е р е е. Сыту псынщIэу хахуэ фыкъэхъуа! Хуит сыкъэфщIрэ мы си унэм нэгъуэщI мыхъуми хуиту сыщетIысэхыну?

Бжэр хуащI. Х е р е е стIолым бгъэдокIуатэри, и дзакIэм тотIысхьэ, адрейхэри абы къоувэкI.

Х е р е е. Фэ зэрывигугъэм хуэдэу тынш хъуну Iуэхукъым ар, си ныбжьэгъужьхэ. Иджыпсту къыфпкърыхьа шынагъэр лIыгъэми хахуагъэми я пIэ къыпхуигъэувэнукъым. ФопIэщIэкIыр Iуэхум.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Удимыгъусэмэ, зегъэхь, ауэ уи бзэр убыд.

Х е р е е. Пэжыр жыпIэнумэ, сывигъусэу си гугъэщ, ауэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэхэмкIэ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Куэдщ къебгъэкIуэкIар.

Х е р е е *(къызэфIэувэурэ)*. Пэжщ, куэдщ къедгъэкIуэкIар. Сэ нэхъ сфIэтэмэмщ и щхьэ течауэ дызэгурыIуэмэ. Сывигъусэми, фэракъым, фэр щхьэкIэкъым сыщIывигъусэр. Аращ фи Iуэху зэхэублэкIэри мытэмэму къыщIэслъытэр. Фэ фIыуэ къывгурыIуэркъым фи бийр зищIысыр, икъукIэ фогъэмащIэ абы и гуращэхэмрэ мурадхэмрэ. Зы мурад и абы иIэкъым мыабрагъуэу. Фэ фи ажалым фыхуэпIащIэ хуэдэщ. Ар зищIысыр зэвгъащIэ, зыхуэдэр флъагъуу зевгъаси, мис итIанэ нэхъыфIу фебэныфынущ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Долъагъу дэ ар зыхуэдэр: залыму щыIэм я нэхъ зыхухэту.

Х е р е е. Хэт ищIэн ар! Император акъылынши диIахэщ дэ. Арами, мыр акъылыншэ дыдэуи жыIэгъуейщ. Сэ абы сытеплъэ щIэмыхъур — зыхуейр фIыуэ къыгуроIуэжри аращ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Псори дыIуипIэну хуейщ ар.

Х е р е е. Хьэуэ, аракъым абы и мурад нэхъыщхьэр. Абы и гуащIэри и лъэщагъри зытелажьэ гурыщIэр, мурадыр икIи нэхъ лъагэщ икIи нэхъ Iисрафиблщ. Ар зэщакIуэр дэ псом ди дежкIэ сыт нэхъри нэхъапэр аращ. Власть гъунапкъэншэ зыIэщIэлъ дэ япэу щытлъагъур иджыкъым. Ауэ цIыхури дунейри щайуэ къримыдзэу а властым гъунапкъэншэу ирилъащэ иджыщ япэу къыщытхуепсыхар. Мис аращ абы сэ сызыгъэшынэу хэлъри, бэнэныгъэ зэсщIылIэну сызыхуейри. Уи гъащIэм упыкIыныр шынагъуэкъым, абы хурикъун лIыгъи къыскъуэкIынщ сэ хуей щыхъум деж. Ауэ хьэлъэщ дунейм утетыну, гъащIэм и мыхьэнэр зэрыщIэткIукIыр, псэуныгъэм и щхьэусыгъуэр зэрыпIэщIэкIыр плъагъуу. Упсэу хъунукъым щхьэусыгъуэр уимыIэжу.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Лъыщ Iэжыр ущIэпсэун щхьэусыгъуэу уфIэмащIэ!

Х е р е е. Сыарэзыщ. АбыкIи сыфкъуэувэну сыхьэзырщ. Ауэ зыгурывгъэIуэ — сэ апхуэдэу щIыжысIэр фи зэгуэпымрэ губжьымрэ задэсщIу аракъым, атIэ мы дунейм и унагъуэбжэр хуезыгъэщIыжыну идее абрагъуэм сыпэщIэувэу аращ. Фэ фызэрагъэпудри, дыхьэшхэн фызэращIри схуегъэхынущ сэ. Ауэ Калигулэ зыщIэхъуэпсыр, ар зыщIэхъуэпс псори къехъулIэныр сэ игъащIэкIи сымыдэну Iуэхущ. Абы и философиер — хьэдэлъэмыжу еукъуэдий, дэри ди насыпыншагъэти, а философиер зэтегъэщэхэгъуафIэкъым. Ар щыпхузэфIэмыкIым деж къанэр — Iэщэр къэщтэн хуейуэ аращ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. АтIэ Iуэхум и ужь ихьапхъэщ.

Х е р е е. Ихьапхъэщ. Арами, фэ апхуэдэ власть щIэпхъаджащIэр фыпэщIэувэу фхузэхэкъутэнукъым, абы и къару илъыху. Дэкъузэныгъэм упэщIэувэ хъунущ. ЩхьэрыутIыпщ хъуа, фейдэ мылъыхъуэ щIэпхъаджагъэм хьилэшыуэ бгъэдыхьэн хуейщ, зэран ухуэмыхъуурэ и хъугъуэ игъэхуауэ, и сэфэтыр Iисраф хъужыху. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи: сэ фэ пIалъэкIэщ сызэрывигъусэр. Абы нэхъыбэкIи сыхуэлэжьэнукъым сэ фи мурадым. Сызыхуейри зы закъуэщ: ди дуней гъащIэр зэрыта и пIэм изэгъэжу, гузэгъэгъуэрэ мамырыгъэрэ си псэм игъуэтыжыныр щ. Сэ си щхьэ IуэхукIэ зыми сеныкъуэкъуркъым. Зыгуэр злэжьын хуейуэ къалэн къысщызыщIыр нэгъуэщIщ: гурыщIэ борэн шынагъуэу си гъащIэр зыми щымыщ ищIыну къэныкъуакъуэм си гупсысэр къызэригъэдзыхэрщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(къахэкIуэтурэ)*. Сыщымыуэмэ, сэ къызгурыIуащ уэ жыпIэну узыхуей дыдэр. Нэхъыщхьэращи, дэ псоми хуэдэу, уэри къыболъытэ ди жылагъуэм и лъабжьэр къанэ щымыIэу къэтIэсхъауэ. Дэ псом нэхърэ дгъэнэхъапэр напэмрэ цIыхугъэмрэщ,

пэжкъэ? Унагъуэ лъабжьэр къотIасхъэ, лэжьыгъэм пщIэ лъэпкъ иIэжкъым, къэралым цIыхуу исыр къанэ щымыIэу Тхьэм хущIоджэ. Напэмрэ цIыхугъэмрэ къыдоджэ защIэдгъэкъуэну. Зэхэдмых нэпцI зытщIын? ЛIакъуэлIэшхэр пщыхьэщхьэ къэс кесарым и носилкэм кIэлъыжэу куэдрэ вдэну, ныбжьэгъухэ?

ЛIакъуэлIэш лIыжьым. Вдэну абыхэм «си псэ тIэкIу» къыжраIэу.

Ещанэ лIакъуэлIэшым. Я фызхэр трахыу?

ЕтIуанэ лIакъуэлIэшым. Я бынхэри?

Муций. Я ахъшэри.

Етхуанэ лIакъуэлIэшым. Хьэуэ!

Япэ лIакъуэлIэшым. Херее, уэ фIыуэ укъэпсэлъащ. ФIыуи пщIащ дыкъызэрызэтебгъэувыIар. Къэсакъым иджыри Iуэхум и пIалъэр. Нобэ цIыхубэр ди телъхьэу къэувынутэкъым. И чэзур къэсыным ди гъусэу упэплъэну ухьэзыр уэ?

Херее. Сыхьэзырщ. Зэран дыхуэвмыгъэхъу. ИрырекIуэ Калигулэ езым къыхиха гъуэгум. Ар дэнэ къэна, тIэкIуи щIэрыIэн хуейщ. Хуэтхъумэнщ и делагъэр дыхуэсакъыу. Къыхуихуэнщ абы зы махуэ хьэхэмрэ абыхэм я Iыхьлыхэмрэ зэрыс къэралыр зы лъэныкъуэу, езыр адрей лъэныкъуэу зэпэщытхэу.

Псори арэзыуэ макъ зэдагъэIу. Накъырэхэр къагъаджэ. Щым мэхъуж. ИтIанэ зы жьэм къыжьэдэкIым — адрейм жьэдыхьэурэ: «Калигулэ».



## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Калигулэрэ Цезониерэ къохьэ, Геликонрэ зауэлI гупрэ я гъусэу. Зыми зыри жиIэркъым: щым джэдыкIампIэ теплъэгъуэщ. Калигулэ къызэтоувыIэри, заговорщикхэм яхоплъэ. Зыри жимыIэу яхохьэ, зым и бгырыпх быжыр зэрегъэзэхуэж, нэгъуэщIым къыпыIуокIуэт ар нэхъыфIу зэпиплъыхьын папщIэ. Псори зэ къызэпеплъыхьыж, и нитIыр еубыдыжри щIокIыж, зы псалъэ жимыIэу.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Цезоние *(унэр къызэрикъухьар яригъэлъагъужу, ауаныщIу)*. Зауэ-банэ фыхэта?

Херее. Дыхэтащ зауэ.

Цезоние *(нетIэ ещхьу ауаныщIу)*. Сыту пIэрэ фызэзэуэн хуей щIэхъуар?

Херее. Дызэзэуащ, ауэ сытми.

Цезоние. Арамэ, жыпIэр пэжкъым.

Херее. Сыт мыпэжыр?

Цезоние. Фызэзэуакъым.

Херее. Арамэ — дызэзэуакъым.

Цезоние *(къыпыгуфIыкIыу)*. ЗэлъыIуфхыжамэ нэхъыфIт мыбдежыр. Калигулэ и жагъуэщ къэтхъужьамэ.

Геликон *(лIакъуэлIэш лIыжьым зыхуигъэзауэ)*. Къыщевгъэу-

дынущ. Мис аращ зэриухынур а псори.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Сыту пIэрэ дэ абы етщIар?

Г е л и к о н. Аракъэ Iуэхур здэщыIэр — зыри зэревмыщIар. Щхьэм къитIасэркъым: дауэ мы дунейм узэрытетынур фэ фхуэдэу ужьгъейуэ. Гугъущ ар, пхуэмыхьын хуэдизу. Къызыщывгъэхъут Калигулэ и пIэм фэ фиту. *(Зэпегъэури.)* ДауикI, фэ мыбдеж зэгурыIуэныгъэ тIэкIу щызэIуфщэрт, пэжкъэ?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Пэжкъым. Уи фIэщ зэрыхъун. Сыт абы апхуэдэу щIигугъэххэр?

Г е л и к о н. И гугъэу аракъым, ещIэ. Сэ зэрыхуэзгъэфащэмкIи, а ищIэм тIэкIу мащIэу щыгуфIыкIыу къыщIэкIынущ. ИIэт-тIэ, зэлъыIудвгъэхыжыт дахэ-дахэу.

Псоми зэлъыIуах пэшыр. К а л и г у л э къыщIохьэри къакIэлъоплъ.

## ЕТХУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э *(лIакъуэлIэш лIыжьым зыхурегъэзэкIри)*. Уузыншэм, си псэ тIэкIу. Херее, сэ си мурадщ уи деж тIэкIу зыщызгъэпсэхуну. Муций, сэ уи фызыр къысхуашэну унафэ сщIащ.

У п р а в и т е л ы р Iэгу йоуэ. УнэIутыр къохьэ, ар К а л и г у л э къегъэувыIэ.



К а л и г у л э. Зиусхьэнхэ, фэри фыщыгъуазэщ: ди къэралым и финансыр зэтезыIыгъэ дунейм теткъым, куэд щIауэ ар хьэл хуэхъуауэ зэрыщытым нэмыщI. АрщхьэкIэ а хьэл хъарзынэри сэбэп къыхуэхъужыркъым дыгъуасэ лъандэм. Абы къыхэкIыу, сэ си пщэ къалэн хьэлъэ къыдэхуащ дворецым щылажьэхэм я бжыгъэр згъэмэщIэн хуейуэ. Iуэхум псэмыблэжу сыхэплъэри, шэч къытесхьэркъым фэ ар къызэрывгурыIуэнум, мурад сщIащ дворецым ахъшэу текIуадэр згъэмэщIэну, унэIутхэм щыщ языныкъуэхэри IузгъэкIыну, абыхэм я пIэ фэ физгъэувэну. Аращи — гугъу зевгъэхь, Iэнэхэр къэвузэд.

Сенаторхэр Iэнкуну зоплъыж.

Г е л и к о н. АтIэ, зиусхьэнхэ, моуэ нэхъ хэлъэт фиIэу Iуэхум и ужь фихьэт. Уи уэркъыгъэм укъыпыкIыу укъепкIыхыжыныр зэрынэхъ тыншыр зыщывмыгъэгъупщэт, нэхъ лъагэу зыпIэтын нэхърэ. Ар хьэкъ фщыхъун хуейщ фэ.

Сенаторхэр Iэнкуну зэбгрокIуэт.

К а л и г у л э *(Цезоние жриIэу)*. Сыт хуэдэ тезыр тралъхьэр унэIут хуэмыхухэм?

Ц е з о н и е. ЩIопщкIэ яукI, сэ зэрысщIэмкIэ.

Сенаторхэр щIопхъуэри Iэпхъуэшапхъуэу, хуэмышэрыуэу стIолхэр къагъэувын щIадзэ.

К а л и г у л э. Фегугъу, зевгъэлIалIэ. Дэтхэнэ Iуэхуми щынэхъыщхьэр тэмэму, хабзэм тету егъэкIуэкIыныр щ. ХуэIэкIуэлъакIуэу узиIэ мыхэр.

Г е л и к о н. ХуэIэкIуэлъакIуэуи щыта, пэжыр жыпIэнумэ? КIуэ, джатэр щагъэдалъэм, е унафэ щащIым я гугъу умыщIмэ. Зыхуагъэшэчынщ, зрагъэсэнщ. ЦIыхур зы махуэ закъуэм пхуэщIынущ сенатор, ауэ лэжьакIуэлI пщIын щхьэкIэ илъэсипщI ухуейщ.

К а л и г у л э. Сенаторым лэжьакIуэлI къыхэпщIыкIыным ену илъэс тIощI зэрихьынум шэч къытумыхьэ.

Г е л и к о н. Ауэ мыбыхэм зыгуэр яхузэфIэкI хуэдэщ. Мыпхуэдэ лэжьыгъэм хэзэгъэнхэу фэ ятетщ. ПщылIыпIэм итыну къалъхуагъэххэт мы слъагъухэр.

С е н а т о р х э м я щ ы щ з ы м и нэкIур зэпелъэщIыхь.

Плъагъурэ пщIэнтIэпс къызэрекIуар, абы куэд къокI.

К а л и г у л э. Ар фIыкъэ. Куэдыщэ дыди япэбубыдыну къезэгъыркъым. Нэхъ Iеижу къыщIэкIынхэкIи хъунущ. Сытым щыгъуи гуапэкъэ захуагъэм и диным зы жьыIурыхьэгъуэкIэ уитыну. Псалъэм къыдэкIуэу жысIэнщи, захуагъэм тепщIыхьмэ, дэ депIэщIэкIын хуейщ: сэ нобэ щхьэпылъэ изогъэщIыр. АтIэми, Руфий и кIэн къикIащ сызэрымэжалIэмкIэ. *(Дзыхь зригъэзым зэрепсалъэ щIыкIэу.)* Руфий жыхуэсIэр нобэ зи гъащIэм пыкIын хуей шууейрщ. ФыкъызэупщIыркъэ ар лIэн щIыхуеймкIэ.

Псори щымщ, унэIутхэм шхын къахьащ.

К а л и г у л э *(зигъэхьэлэлу)*. Фэ слъагъухэр губзыгъэ фыхъуащ. ИкIэм-икIэжым къывгурыIуащ: улIэн щхьэкIэ Iэмал имыIэу къуаншагъэ гуэр блэжьауэ щытын хуейкъым. Си зауэлIхэ, сэ фэ сыфхуэарэзыщ. Пэжкъэ, Геликон? *(ГъэныщкIуныр щегъэтри, къыдэшхэхэм ауанышIу яхоплъэ.)*

Г е л и к о н. Шэч хэмылъу! Ауэ сытми дзэ! Ауэ сэ сызэреплъыр пщIэну ухуеймэ, ахэр губзыгъащэ хъуащи, дяпэкIэ пхуэзэуэжынкъым. Я зэфIэкIым тIэкIу хагъэхъуэжмэ, империер лъэлъэжауэ лъытэ.

К а л и г у л э. Гъуэзэджэщ псори. Иджы зыдгъэпсэхунщ. Щхьэж зэрыхуэшэрыуэкIэ фыкъетIысэкI, хабзэ жыхуаIэри зыщывгъэгъупщэ. Сыти жыфIэ, и кIэн къикIащ а Руфий. ШэсыпIэ соувэ, и пIалъэр зэрыгувэм и уасэр абы къыгурымыIуэжу. Уегупсысыпэмэ, сыт нэхъ лъапIэу щыIэн ажалым къыIэщIатхъыжыфа сыхьэт зы-тIум нэхърэ!

Шхэн щIедзэри, адрейхэри шхэуэ хуожьэ. Iэнэ бгъэдэсыкIэ зэримыщIэр наIуэ къохъу. Оливэ купкъхэр нэхъ пэгъунэгъуу къыбгъэдэсхэм я тепщэчым иредзэ. ИмыгъэныщкIуфа лы тыкъыр цIыкIухэр езыр зыщхьэщыс тепщэчым ireубжьытхэж, и IэбжьанэмкIэ и дзэ зэхуакухэм доIэбэ, зимыхьэкъуэу и щхьэм щIотIахъуэ. Ишхэн зыIэзыбжьэу зэпегъэури, и нэр треубыдэ къыдэшхэхэм ящыщ зым — Л е п и д.

К а л и г у л э *(ткIийуэ)*. Уэ гукъыдэж уиIэ хуэдэкъым, Лепид. Сыт абы и щхьэусыгъуэр — уи къуэр зэрезгъэукIар ара?

Л е п и д *(къызэфIэзэрыхьауэ)*. Сыт жыпIэр, Гай, псори хъарзынэщ.

К а л и г у л э *(гушхуэныгъэ хэлъу)*. Хъарзынэщ. Ар сытым хуэдэу сфIэфI сэ — гум щыщIэр нэгум къыщимыщым деж. Уи нэгур зэхэуфащ. Уи гур сыт хуэдэ? Зэхэуфакъым, пэжкъэ?

Л е п и д. Зэхэуфакъым.

К а л и г у л э *(нэхъри нэщхъыфIэу)*. Эх, Лепид, сэ уэ пхуэдэу зыри фIыуэ слъагъуркъым. ИIэ, зэгъусэу дыгъэдыхьэшх. КъысхуэIуэтэж зы хъыбар дыхьэшхэн гуэр.

Л е п и д *(хузэфIэмыкIын и щхьэ фIилъхьэну зэрыхэтар къыгурыIуэжауэ)*. Гай!

К а л и г у л э. Хъунщ, атIэ, сэ ныпхуэсIуэтэжынщ. Ауэ уэ удыхьэшхынщ, пэжкъэ, Лепид? НэгъуэщI мыхъуми, уи етIуанэ щIалэм и хьэтыркIэ. *(Аргуэру нэщхъыфIэ къэхъужу.)* А псом нэмыщIыжыращи, уэ зыгуэр щхьэкIи унэщхъейкъым. *(Псым йоIубри, езыр зыхуейр пиубыду.)* Сы…сынэ…иIэт, Лепид.

Л е п и д *(езэшауэ)*. Сынэщхъейкъым, Гай.

К а л и г у л э. ФIы дыдэщ. *(ЙоIубри.)* Иджы мыдэ къызэдаIуэ. *(ТегупсысыкIауэ фэ зытрегъауэри.)* Тетащ дунейм зы пащтыхь тхьэмыщкIэ, зыми фIыуэ къимылъагъуу. Пащтыхьым Лепид фIыуэ илъагъурти, унафэ ищIащ абы и къуэ нэхъыщIэр яукIыну, и гущIэм а лъагъуныгъэр къритхъын щхьэкIэ. *(И макъым зрегъэхъуэжри.)* ДауикI, пэжкъым ар. ГъэщIэгъуэнкъэ? Удыхьэшхыркъыми уэ? Зыри фыдыхьэшхыркъэ? Абы щыгъуэм фыкъэдаIуэ мыдэ. *(И губжьыр къыщыпкIыу.)* Сэ сыхуейщ фэ псори фыдыхьэшхыну. Уэри, Лепид, адрейхэри, псори. ФыкъызэфIэувэи фыдыхьэшх. *(IэштIымкIэ стIолым йоуэри.)* Зэхэфхрэ? Сэ сыхуейщ фыдыхьэшхыу слъагъуну.

Псори къотэдж. Мы теплъэгъуэр актерхэм, К а л и г у л э р э Ц е з о н и е р э къищынэмыщIа, марионеткэхэм хуэдэу ягъэзащIэ хъунущ.

К а л и г у л э *(зыхуэмыубыдыжу дыхьэшхыурэ, ложем зытрегъэукIуриери)*. Къысхуеплъыт, жызоIэ, Цезоние, мыбыхэм. Зыри къахуэнэжакъым — напи, пщIэи, щIыхьи, илъэсищэ бжыгъэкIэ зэхуахьэса Iущагъи — зы мыхьэнэи яIэжкъым а къезбжэкIа псоми. Псори щобзэх, йокIуадэ шынагъэм и пащхьэм. Аращ, Цезоние, шынагъэращ щымыщ лъэпкъ къызылъэмыIэс гурыщIэ къабзэу, кIуэцIыкIыщIэм къыщызэщIэтаджэу, зэикI укъэзымыгъэщIэхъухэм ящыщыр. *(И натIэр еIуэтри, псым йоIуб. И гур нэхъыфI къэхъужауэ.)* Иджы нэгъуэщIым дытепсэлъыхьынщ. Херее, сыту ущым хуэдэ уэ?

Х е р е е. Сэ псэлъэн щIэздзэнущ, Гай, уэ хуит сызэрыпщIыххэу.

К а л и г у л э. ФIы дыдэщ. Арамэ, уи жьэр зэтепIэ. Сэ икъукIэ си гуапэу седэIуэнт си ныбжьэгъужь Муций.

М у ц и й *(ерагъкIэ къыдришейуэ)*. Сыхьэзырщ, Гай.

К а л и г у л э. ИIэ атIэ. Уи фызым и гугъу къытхуэщI. Ауэ щIэбдзэн ипэкIэ мыбыкIэ, си сэмэгурабгъумкIэ, къэтIысыну унафэ хуэщI.

Муций и щхьэгъусэр Калигулэ къыбгъэдотIысхьэ.

М у ц и й *(Iэнкун къэхъуауэ)*. Си щхьэгъусэри? Сэ ар фIыуэ солъагъур.

Псори мэдыхьэшх.

К а л и г у л э. ДауикI, дауикI, си ныбжьэгъу. АрщхьэкIэ — сыт делагъэ мыгъуэ ари. *(Къыбгъэдэс цIыхубзым и дамэ сэмэгур къызыфIимыгъэIуэхуурэ бзэгукIэ къебзеихь. Нэхъри къызыфIимыгъэIуэхуу)*. Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, сыкъыщыщIыхьам фэ зы мурад гуэрым фытепсэлъыхьырт, пэжкъэ? Сызэрытевдзыну щIыкIэм и унафэ фщIырэт?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Калигулэ, ар дауэ пхужыIэххэрэ?

К а л и г у л э. Къэхъуа щыIэкъым, си псэ закъуэ. ИкIыпхъэщ жыгъэми и лIыхъулIыбжьыр. Къэхъуаишхуэ щыIэкъым, пэж дыдэу. Лыгъэ зезыхьэр — фэ фхуэдэкъым. Къэрал Iуэху гуэрхэр зэфIэзгъэкIын зэрыхуейр сигу къэкIыжащ. Ауэ абы и пэ къихуэу къэхъугъэм къытхилъхьа къарууэ, Iэзи-гъуази зыхэмызагъэр дунэтIынщ здэкIуапхъэмкIэ. *(КъызэфIоувэри, Муций и фызыр пэш гъунэгъум щIешэ.)*



## ЕХАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Муций къэтэджыну хуожьэ.

Ц е з о н и е *(щабэу)*. Муций, мы шагъыр бэлыхьым щыщ тIэкIу сефэнт иджыри.

Муций, жимыIэфIауэ, абы шагъыр хурегъэхъуэ. Псори Iэнкунщ. Шэнтхэр мэкIыргъ. Я зэпсэлъэныгъэр нэхъ гугъу мэхъу.

Ц е з о н и е. Херее, атIэ уэ къыджумыIэфыну пIэрэ мыбдеж фыщIыщызэзэуар? ФыщIызэрызехьар?

Х е р е е *(щIыIэ-щIыIэу)*. Псори къызыхэкIар, си псэр зышхын Цезоние, тIэкIу дызэдэуати аращ, поэзиер ажалзехьэу щытын хуей, хьэмэрэ хуэмей жытIэри.

Ц е з о н и е. Сыту гъэщIэгъуэн. Си цIыхубз акъылым къысхуимыгъэтIасэу арагъэнщ. АрщхьэкIэ — фызэзэуэныр, фызэрызехьэныр — ари искусствэр фIыщэу зэрыфлъагъум къыхэкIыу — гурыIуэгъуафIэкъым сэркIэ.

Х е р е е *(нетIэ и псэлъэкIам тету)*. Ардыдэщ. Калигулэ къызжиIауэ щыташ гурыщIэшхуэм и щIагъ ткIиягъэ тIэкIуи щIэлъыжын хуейуэ.

Г е л и к о н. Лъагъуныгъэм залымыгъэ тӀэкӀу хэлъын зэрыхуеӣм хуэдэу.

Ц е з о н и е. Пэж хэлъщ а жыфӀэм. Адрейхэм сыт хуэдэ еплъыкӀэ яӀэу пӀэрэ?

Л Ӏ а к ъ у э л Ӏ э ш  л Ӏ ы ж ь ы м. Калигулэ психолог Ӏэзэщ.

Я п э  л Ӏ а к ъ у э л Ӏ э ш ы м. ИкъукӀэ гъэщӀэгъуэнщ хахуагъэм теухуауэ абы къыджиӀари.

Е т Ӏ у а н э  л Ӏ а к ъ у э л Ӏ э ш ы м. Абы и гупсысэхэр псори зэщӀигъэуӀуэу итхыжамэ, уасэ зимыӀэж тхылъ хъунут.

Х е р е е. А ӀуэхумкӀэ и зэш зэрытеунум и гугъу умыщӀыххэми.

Ц е з о н и е. Фэ, дауикӀ, фи гуапэ хъуну къыщӀэкӀынщ а жыхуэфӀэхэм ар зэрегупсысымрэ иджыпсту трактат ин зэритхымрэ къафщӀэмэ.

## ЕБЛАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э р э  М у ц и й  и фызымрэ къохьэж.

К а л и г у л э. Узотыж, Муций, уи щхьэгъусэр. Ууейщ ар аргуэру. Къысхуэвгъэгъу, унафэ гуэрхэр сщӀын хуейщ.

## ЕЯНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ



Ц е з о н и е *(зи закъуэ дыдэу къэна Муций зыхуигъазэу)*. Дэ шэч лъэпкъ къытетхьэркъым, Муций, а трактатыр тхылъ нэхъ цӀэрыӀуэ дыдэхэм зэратекӀуэжынум.

М у ц и й *(Калигулэ зэрыщӀэкӀа бжэмкӀэ плъэуэ)*. А зи гугъу пщӀыр сыт нэхъ зытеухуар?

Ц е з о н и е. Уа мыгъуэ, ар сэ къызгурыӀуэркъым.

Х е р е е. А зэрыжыпӀэм тепщӀыхьмэ, трактатыр зытепсэлъыхьыр поэзием ажалкӀэ гуашэ къару зэрыхэлъыр аращ.

Ц е з о н и е. Си гугъэмкӀэ, ар дыдэрщ.

Л Ӏ а к ъ у э л Ӏ э ш  л Ӏ ы ж ь ы м. СлӀожь-тӀэ, зэштегъэупӀэ хуэхъунщ ар абы, Херее зэрыжиӀауэ.

Ц е з о н и е. Пэжщ, си псэ тӀэкӀу, арщхьэкӀэ трактатым зэреджэм мащӀэу фыкъигъэуӀэбжьынкӀэ сошынэ.

Х е р е е. Сыту пӀэрэ?

Ц е з о н и е. «Джатэ».

## ЕБГЪУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э  псынщӀэу къохьэ.

К а л и г у л э. Къысхуэвгъэгъу, гъэтӀылъыпӀэ зимыӀэщ къэрал Ӏуэхухэр. УнафэщӀ, гъавэ къыздраш хэкухэр псори зэхуегъэщӀ. Сэ моуэ иджыпсту Ӏэ щӀэздзащ жыхуэсӀэм теухуа декретым. Сыщыжеӣ пэшым къыщыбгъуэтынщ ар.

У н а ф э щ Ӏ ы м. Ар…

К а л и г у л э. Пщэдей фIэмыкIыу мэжэщIалIагъэр зэхыдоублэ.

У н а ф э щ I ы м. ЦIыхубэр арэзынукъым.

К а л и г у л э. Сэ жысIащ: пщэдей щыщIэдзауэ. МэжэщIалIагъэр, гъейр зищIысыр псоми ящIэ: ар лъэпкъ мыгъуагъэщ. Лъэпкъ мыгъуагъэр пщэдей зэхэдублэу аращ. Сэ езым зэпызгъэунщ ар сыщыхуейм деж. *(Зэхэтхэм къагуригъаIуэу.)* ИкIэм-икIэжым жысIэнщи, сэ сызэрыщхьэхуитыр наIуэ къызэрысщIын Iэмалу сиIэр апхуэдэу куэд хъуркъым. НэгъуэщIым и Iыхьэм щыщ ууейм къыхыумыгъахъуэмэ — хуитыныгъэ щыIэкъым. Гуапэкъым, ауэ аращ Iуэхур зытетыр. *(Муций йоплъри.)* Къэдгъащтэт, псалъэм папщIэ, лъагъуныгъэм къыхэкI гузэрыдзэр. Апхуэдэ гузэрыдзэр мыдахэ пэтми... ФIыуэ зэрылъагъухэм... е, псалъэм папщIэ, узыхуэмей гуэрхэр уи нэгу къызэрыщIыхьэм къыхэкIыу уи псэм бэлыхь тебгъэлъыну...

М у ц и й и Iэпхъуамбэхэр и Iэгуит Iым ирекъузэ, зыгуэр жиIэну хуейуэ.

К а л и г у л э *(псынщIэу)*. ФыкъетIысэкI стIолым, зиусхьэнхэ. Фэ фщIэуэ пIэрэ Геликон сэрэ демытIысэхыу дызэрылажьэр. Щхьэпылъэм теухуауэ трактат цIыкIу доухри, фэри ар къызэрыфщыхъур къыджефIэнщ.

Г е л и к о н. КъызэрыфщыхъумкIэ къывэупщIмэ.

К а л и г у л э. Дыгъэжумарт, Геликон, ди щэху тIэкIухэр сэтей къахуэдгъэщI. Аращи, ещанэ Iыхьэ. Езанэ параграф.

Г е л и к о н *(къотэджри, еужьэрэкIыу къоджэ)*. «Щхьэпылъэм цIыхум псэ тыншыгъуи хуитыныгъи къретыж. Ар узыфэ куэдым я хущхъуэщ. Уи гур къызэщIэзыIэтэ, захуагъэм хуэлажьэ Iэмал гъуэзэджэщ, къызэрагъэсэбэп щIыкIэкIи, зыхуэгъэпса мурадкIи. ЦIыхухэр щIэлIэр — мысэщи аращ. ЦIыхухэр щIагъэкъуаншэр — Калигулэ и блыгущIэтщи аращ. Псори Калигулэ и блыгущIэтщ. Апхуэдэу щыщыткIэ, псори къуаншэщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, зыкъэмынэу лIэнущ. ЩылIэну пIалъэри зэпхыжар зэманымрэ я зышыIэмрэщ».

К а л и г у л э. Сытыр жыфIэнт. ЗышыIэр — мис аращ псом нэхърэ нэхъ лъапIэр. И щхьэ течауэ вжесIэнщи, псом нэхърэ нэхъ сигу ирихьу, нэхъ згъэщIагъуэу аращ фэ фхэлъыр. АтIэ, зиусхьэнхэ, иджыкIэ фыщхьэхуитщ фэ. Херее афIэкIа фигъэгувэркъым. Ауэ Цезоние къренэ. Къренэ Лепиди, Октавии, Мерейи я гъусэу. Сэ сыхуейт си къэхьпэщым и Iуэху зытетым фытепсэлъыхьыну. Сигу хуабжьу ироныкъуэ абы.

Адрейхэр хуэмурэ йокI. К а л и г у л э М у ц и й кIэлъоплъ.

## ЕПЩIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Х е р е е. ЖыпIэр тщIэну дыхьэзырщ, Гай. Сыт мыхъур? Абы щылажьэхэм зыщIрагъэхыу ара?

К а л и г у л э. ЗыщIрагъэхыркъым. МащIэщ къыхахыр.

М е р е й е. Уасэм хэгъэхъуапхъэщ.

К а л и г у л э. Мерейе, уэ ущымыну Iэмал уиIэщ. Уи ныбжь унэса нэужь гъэщIэгъуэныжкъым ахэр. Сэри уэ сыноупщIатэкъым.

М е р е й е. Арамэ, сыт сыкъыщIэбгъэнар?

К а л и г у л э. Чэнджэщ тэмэм мыгувэу сыхуеинущ.

Х е р е е. Хуит сыкъэпщIмэ, Гай, сэ уэстынщ чэнджэщ — щIыхьэпщIэр зэхъуэкIын хуейкъым.

К а л и г у л э. ДауикI. Арами, ди финанс Iуэхухэри зэтегъэувэжын хуейщ. Си мурадыр Цезоние жесIащи, къыфхуиIуэтэжынщ. Сэ куэдыIуэ сефащ, си жеин къокIуэ. *(Мэгъуэлъри и нэр зэтрепIэ.)*

Ц е з о н и е. Гугъуехь лъэпкъ пыщIакъым. Калигулэ орденыщIэ къыдигъэкIынущ.

Х е р е е. ЗэрызэпыщIар къызгурыIуэркъым.

Ц е з о н и е. КъыбгурымыIуэми, зэпыщIащ. Орденым фIащынур — «Гражданскэ хахуагъэм папщIэ». Апхуэдэр зратынури Калигулэ и къэхьпэщым нэхъ щIэх-щIэхыурэ кIуэнухэр аращ.

Х е р е е. Жэрдэм гъуэзэджэщ.

Ц е з о н и е. Сэри апхуэдэу къызолъытэ. Сщыгъупщэ пэтащ — апхуэдэ орденыр мазэ къэс зэ ятынущ — зэрыщIыхьа билетхэр ябжыжа нэужь. Мазэ пщыкIутIым кърнубыдэу апхуэдэ зы тыгъэ зыхуамыгъэфэща цIыхухъур е къэралым ирахунущ е и щхьэр пальэнущ.

Л е п и д. Сыт «е и щхьэр щIыпалъэнур?»



Ц е з о н и е. Калигулэ зэрыжиIэмкIэ, ягъэкъуаншэм кIэ зэрыратыну щIыкIэм мыхьэнэ иIэкъым. ЗиIэр — зыхэдэн зэрыщыIэрщ.

Х е р е е. Афэрым. Иджы ди казнам из хъужынущ.

Г е л и к о н. Псом нэхърэ нэхъапэращи, икъукIэ Iэмал къабзэлъабзэщ. ИкIэм-икIэжым, къэхьпагъэм къуэды теплъхьэныр нэхъыфIщ, цIыхугъэмрэ напэмрэ хьэкъ щIэпт нэхърэ, республиканскэ къэралыгъуэм зэрыщащIым ещхьу.

К а л и г у л э и напIэр къеIэтри йоплъ лъэныкъуэкIэ IукIуэтауэ щыт М е р е й е лIыжьым. Ар зыгуэрым йоIуб, зэрыт абдж кумбыгъэ цIыкIум и щхьэр трихауэ.

К а л и г у л э *(щылъу)*. Сыт узэфэр, Мерейе.

М е р е й е. Астмэм и хущхъуэгъуэ, Гай.

К а л и г у л э *(бгъэдохьэ, мобы бгъэдэт адрейхэр зэлъыIуегъэкIуэтри, абдж цIыкIум йопэм)*. Пэжкъым. Щхъухьыр зыгъэкIуэд хущхъуэщ мыр.

М е р е й е. Хьэуэ, Гай, уогушыIэ. Сэ жэщкIэрэ жьы схурикъуркъым. Куэд щIауэ софэ мыбы.

К а л и г у л э. ЗэрыжыпIэмкIэ, щхъухьым ущошынэ.

М е р е й е. Си астмэр…

К а л и г у л э. А къебгъэжьар гъэбэяуи, Iуэхум и пэжыпIэр жыдгъэIэт: уошынэ уэ щхъухь уэсхьынкIэ. Сэ дзыхь къысхуэпщIыркъым, укъысхукъуоплъ.

М е р е й е. Хьэуэ, зиунагъуэрэ. ТхьэхэмкIэ соIуэ.

К а л и г у л э. Дзыхь къысхуэпщIыркъым, сытыр къыумыгъэкIуэкIми, убэлэрыгъыркъым.

М е р е й е. Гай.

К а л и г у л э *(гурыуэу)*. Къызэт жэуап. *(Шэч гуэр къытепхьэну зымыдэн макъкIэ.)* Щхъухьыр зыгъэкIуэд хущхъуэ ущефэкIэ, сэ гын уэзгъэшхыу узгъэлIэну къысхубогъэфащэ.

М е р е й е. АтIэ... Хьэуэ... Аракъым.

К а л и г у л э. Щхъухь уэзгъэшхыу узгъэлIэн мурад сиIэу къыболъытэ, а мурадри къызэрызэIыпщIэн Iэмал зыбохьэ.

Псори щымщ. Мы псалъэмакъым и пэщIэдзэм Ц е з о н и е р э Х е р е е р э сценэм и кууупIэм ихьащ, щIэдэIуу къэнар Л е п и д и закъуэщ.

К а л и г у л э *(нэхъ ткIиижу иукъуэдийуэ)*. КIэщIу жыпIэмэ, щIэпхъаджагъэу тIу мэхъу дызытепсэлъыхьыр, а тIум языхэз къыумыщтэнри пхузэфIэкIынкъым. Е узукIын мурад симыIауэ, уэ шэч абыкIэ къысхубощI сэ... уи зиусхьэным. Е сэ апхуэдэ мурад сщIауэ, уэ мыхьэнэншэр зэран укъысхуохъу. *(Щымхэщ. Калигулэ жиIам езыр арэзы техъуэжауэ лIыжьым жьэхоплъэ.)* АтIэ, Мерейе, дауэ къыпщыхъурэ апхуэдэ логикэр?

М е р е й е. Пыплъхьэн щыIэкъым абы. АрщхьэкIэ мы си Iуэхум къытехуэркъым.

К а л и г у л э. Ар уи ещанэ щIэпхъаджагъэщ — сэ вымпIууэ сыкъызэрыплъытэр. А щIэпхъаджагъищым ящыщу етIуанэм уэ уи щхьэр игъэлъагэу убж хъунущ. Сэ зы мурад гуэр сщIауэ плъытэу, абы укъыщыпэувыфкIэ, уэ умыарэзы-сампIэимыхьэщ, зыкъэIэтыныгъэм урипашэщ, уреволюционерщ. Ар гъуэзэджэщ. *(Нэщхъейуэ.)* Сэ уэ икъукIэ фIыуэ узолъагъу, Мерейе. Ар Iуэхум хызолъытэри, етIуанэ щIэпхъаджагъэ къудеймкIэ, адрей тIур къыщыдмыгъэщу, суд къыптращIыхьыныр сфIэтэмэмщ: уэ лIы и лIэкIэу улIэнущ, бунт къэпIэтыну узэрыхэтам щхьэкIэ.

М е р е й е абы йодаIуэ, зэрыс шэнтиуэм нэхъри зрикъузэу.

К а л и г у л э. ФIыщIэ лъэпкъ къысхуумыщI. Псори тэмэмщ. Мэ, къащтэ. *(Щхъухь зэрыт абдж щыкъу цIыкIу хуеший, пщIэ зэрыхуищIри къигъэлъагъуэ щIыкIэу.)* Мэ мы щхъухьыр.

М е р е й е зэщыпкIыу магъ, гузэвэгъуэ хэхуа и щхьэр игъэкIэрахъуэу.

К а л и г у л э. Мэт, зо, псынщIэу.

М е р е й е щIэпхъуэжыну хуожьэ. К а л и г у л э къаплъэным и зы пкIэгъуэкIэ абы лъэщIохьэ, скамейкэ лъахъшэм трегъэукIуриери, зыкъомрэ зэрызекъуа нэужь, лIыжьым и дзитI зэхуакум абдж цIыкIум итыр жьэдекIэри, абджыр IэштIымкIэ жьэдекъутыхьыж. М е р е й е зэлъэкъуауэу и псэр хокI; и нэкIум лъымрэ нэпсымрэ къожэх. К а л и г у л э къызэфIоувэри, и Iэр псынщIэу елъэщIыж.

К а л и г у л э *(Мерейе къыздрихьэкIыу щыта абдж цIыкIум и*

*къутахуэ Цезоние хуешийри йоупщI).* Мыр сытыт, щхъухьгъэкIуэдт?

Ц е з о н и е *(Iэдэбу).* Хьэуэ, Калигулэ, астмэ хущхъуэт.

К а л и г у л э *(Мерейе хуеплъэкIыурэ тIэкIурэ щыма нэужь).* Аращ ар. Сыт абы я зэхуакур, мынобэмэ — пщэдейт.

КъэуIэбжьауэ, и Iэр илъэщIыжурэ псынщIэу йокI.

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Л е п и д *(ерагъкIэ къыдришейуэ).* Сыт иджы тщIэнур?

Ц е з о н и е. Псом япэрауэ, хьэдэр лъэныкъуэ егъэзын хуейщ. ФейцеиIуэ мыгъуэщ.

Х е р е е р э Л е п и д р э хьэдэр къащтэри ирах.

Л е п и д *(Херее жриIэу).* ЕпIэщIэкIыпхъэщ.

Х е р е е. Зы щитI хуэдиз дызэрыгъэхъун хуейщ.

С ц и п и о н къохьэ. Абы Ц е з о н и е гу лъетэри, щIэкIыпIэмкIэ лъэбакъуэ еч.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ



Ц е з о н и е. Мыдэ къакIуэ.

С ц и п и о н. Сыт узыхуейр?

Ц е з о н и е. КъэкIуатэ нэхъ гъунэгъуу. *(Абы и жьэпкъыпэр еубыдри и нэм щIоплъэ. ТIэкIурэ щыма нэужь, щIыIэ-щIыIэу.)* Уядэр иукIа абы?

С ц и п и о н. ИукIащ.

Ц е з о н и е. УIуплъэ хъуркъым, пэжкъэ?

С ц и п и о н. Пэжщ.

Ц е з о н и е. БукIыну ухуейщ.

С ц и п и о н. Сыхуейщ.

Ц е з о н и е. Сыт-тIэ сэ ар къыщIызжепIэр?

С ц и п и о н. Зыми сыщышынэркъыми. Ар сукIынри сэ сыхэкIуэдэнри — тIури псоми кIэ зэрест хъун Iэмалщ. Сэ уэ сызэрумыщэнури сощIэ.

Ц е з о н и е. Пэжщ жыпIэр — сэ уэ усщэнукъым. Арами, сыхуейт зыгуэр ныбжесIэну, нэгъуэщIу къезгъэзэгъынщи, уэ езым пщыщу, нэхъ тэмэму пхэлъым зыхуэзгъэзэну.

С ц и п и о н. НэхъыфI дыдэу сэ къысхэнар — губжьырщ.

Ц е з о н и е. Арамэ, мы сэ бжесIэнум къедаIуэ. ИкIи фIэщ щIыгъуейщ икIи нэрылъагъуэщ сэ бжесIэнур. АрщхьэкIэ а псалъэр хьэкъыу япхыкIыу зэхахатэмэ, абы къыхуэIэтынут мы дунейр къызэзыгъэдзэкIын революцэ.

С ц и п и о н. ЖыIэ-тIэ а псалъэр.

Ц е з о н и е. СумыгъэпIащIэ. ЯпэщIыкIэ зэ уи нэгу къыщIэгъэхьэж уи адэм и бзэгур къыщратхъым, узымрэ гузэвэгъуэмрэ зэблашауэ щыта

и нэкӀур. КъыщӀэгъэхьэж уи нэгу абы и жьэ лъыр зыжьэдэзыр, хьэзабыр зытелъ Ӏэщым хуэдэу абы къыжьэдэӀукӀа бу макъыр.

С ц и п и о н. КъыщӀэзгъэхьащ.

Ц е з о н и е. Иджы езы Калигулэ егупсыс.

С ц и п и о н *(губжь гуащӀэ зыщӀэт макъкӀэ)*. Согупсыс.

Ц е з о н и е. АтӀэ, къэдаӀуэ иджы: уи щхьэр теухуэ абы и Ӏуэхур къызэрыбгурыӀуэным. *(ЙокӀ, Сципион Ӏэнкуну къегъанэри.)*

Г е л и к о н къохьэ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Г е л и к о н. Калигулэ мыбыкӀэ къокӀуэ. Уэ шэджагъуашхэ пщӀынукъэ, усакӀуэ?

С ц и п и о н. КъыздэӀэпыкъу, Геликон.

Г е л и к о н. А жыхуэпӀэм шынагъуэ пыщӀащ, си тхьэрыкъуэ. Усэр жыпӀэнущи, хъырц хэсщӀыкӀыркъым.

С ц и п и о н. Уэ сэ укъыздэӀэпыкъуфынут. Куэд уощӀэр.

Г е л и к о н. СощӀэ махуэхэр хьэрэкъуакӀэ зэрыдыхьэжыр, дышхэным дыхуэпӀэщӀэн зэрыхуейр. Абыхэм нэмыщӀкӀи, сощӀэ уэ Калигулэ букӀыфынкӀи зэрыхъунур… езыми и жагъуащэ зэрымыхъунур.



К а л и г у л э къохьэ, Г е л и к о н йокӀ.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э. А-а, уэра мыр. *(Ӏэнкун хъуауэ къызэтоувыӀэ, зэрызищӀынур къыхуэмыщӀэу.)* Куэд щӀащ узэрызмылъагъурэ. *(Хуэмурэ бгъэдокӀуатэ.)* Сытхэр блэжьрэ? Тхэн щыбгъэтыжа? Сыбгъэлъагъун иужь дыдэу зэхэплъхьахэр?

С ц и п и о н *(лъагъумыхъуныгъэмрэ езым хузэхэмыгъэкӀын гурыщӀэ гуэрымрэ зэпкъратхъым хуэдэщ)*. Усэ зыбжанэ стхащ, зиусхьэн.

К а л и г у л э. Сыт зытеухуар?

С ц и п и о н. СщӀэркъым, зиусхьэн, къэхъугъэр арагъэнщ.

К а л и г у л э *(нэхъ ӀэтӀэлъатӀэ къэхъуауэ)*. Сюжет хьэлэмэтщ, цӀыкӀууи пхужыӀэнкъым. Сыт уэ къэхъугъэм къуитыр.

С ц и п и о н *(жиӀэр ищӀэжу, губжьрэ ауанрэ зэщӀэлъу)*. Сызэрымыпащтыхьым щыхьэт тохъуэри, псэр схуегъэтынш.

К а л и г у л э. АтӀэ, уэ сыт хуэдэу уеплърэ, сэри си гур хуэгъэтыншынт абы, сызэрыпащтыхьым щыхьэт техъуэу?

С ц и п и о н *(моуэ иджыпсту зэрыпсэлъа щӀыкӀэм тету)*. Уи фӀэщ зэрыхъун, нэхъ куужуи уӀэгъэ куэд игъэхъужыфакӀэ абы.

К а л и г у л э *(къызыфӀимыгъэӀуэхуу)*. УӀэгъи? Губжь щӀэлъу жыпӀащ. Сыт ар къызыхэкӀар? Уи адэр зэрызукӀар ара? Уэ зыхэпщӀэну

фIэкIа сыхуейтэкъым а псалъэм и шэрыуагъэр. УIэгъэ! *(И псалъэм и кIэухым ткIиигъэр къебэкIыу.)* ЩIыхур нэхъ губзыгъэ зыщIу щыIэр губжьырщ.

С ц и п и о н *(щIыIэ-щIыIэу)*. Сэ жэуап естащ къэхъугъэм теухуауэ къызэпта упщIэм.

К а л и г у л э йотIысэх, С ц и п и о н йоплъ, и IитIыр еубыдри къарукIэ зрешалIэри, и пащхьэм кърегъэтIысхьэ. ЗришэлIам и нэкIур и IэгуитIым декъузэри.

К а л и г у л э. Къысхуеджэ уи усэм.

С ц и п и о н. Хьэуэ, зиусхьэн, сынолъэIур.

К а л и г у л э. Сыт щIэхьэуэр?

С ц и п и о н. Къыздэсщтакъым.

К а л и г у л э. ГукIэ пщIэжыркъэ?

С ц и п и о н. Хьэуэ.

К а л и г у л э. Зытеухуар нэхъ мыхъуми жыIэ.

С ц и п и о н *(хуэмейуэ, псэлъэгъуейуэ)*. Ар зытеухуар…

К а л и г у л э. НытIэ?

С ц и п и о н. Хьэуэ, сщIэжыркъым…

К а л и г у л э. КъыпхуэщIэжмэ еплъыт…

С ц и п и о н. А усэм сэ сыщытепсэлъыхьырт зэгурыIуэныгъэ щэхуу щIымрэ…



К а л и г у л э *(зэпеуд, езым и гупсысэхэр къытегуплIэ хуэдэ)*. ЩIымрэ лъэгудыгъуэхэмрэ…

С ц и п и о н *(къэуIэбжьащ; зрелъэфыхьри пещэ)*. Аращ, апхуэдэу си гугъэжщ…

К а л и г у л э. Пыщэ.

С ц и п и о н. Рим и Iуащхьэхэм я теплъэм… пщыхьэщхьэ кIэщIхэм, кIыхьхэм… щIэхыу бзэхыж псэ тыншыгъуэ куум…

К а л и г у л э. Уафэ къащхъуэм къыщыджэ бзухэм…

С ц и п и о н *(мащIэ-мащIэурэ и гур къызэрыгъуэтыжу)*. АтIэ… абыи…

К а л и г у л э. АдэкIэ…

С ц и п и о н. Дыщафэ уафэм вагъуэхэр зыщылыд адрей и джабэр къыщытхуигъазэ тэлай махэм…

К а л и г у л э. ЩIылъэр жэщым зэрыпежьэ Iугъуэм, жыгхэм, псы ежэххэм я мэр…

С ц и п и о н *(и гум хыхьэу)*. ЦIу-цIухэр маджэ, махуэ хуабаер щхьэщыкIащ… Хьэхэр мэбанэ, гу шэрхъхэр мэкIыргъ… Мэкъумэшыщ Iэхэм я макъыр къоIу.

К а л и г у л э. Чэщей, оливкэ жыгхэм я жьауэр гъуэгум къытредзэ…

С ц и п и о н. Пэжщ, псори пэжщ, ар уэ дауэ къызэрыпщIар?

К а л и г у л э *(Сципион зрекъузылIэри)*. СщIэркъым, ди гупсысэхэр зэлъэIэсу къыщIэкIынщ.

С ц и п и о н *(къоскIэри, и нэкIур Калигулэ и бгъэм кIэрегъапщкIуэ)*.

Сытми аракъэ, дэнэкIэ сымыплъами, лъагъуныгъэм и нэгу фIэкIа щызмылъагъукIэ.

К а л и г у л э *(къыбгъэдэсым и щхьэм Iэ дилъэурэ)*. Апхуэдэу псэуфыр гушхуэ зыкIуэцIылъхэр аращ, Сципион. Апхуэдэ псэ къабзэ сэ сиIами! АтIэми, сэ фIыуэ сощIэж гъащIэм сызэрыхуэнэхъуеиншэр: апхуэдэ гурыщIэ куур къэхъугъэм хуэгъэнщIыркъым. Уэ ар къыбгурыIуэнукъым. Уэ уи дунейр нэгъуэщIщ. Уэ узэрыщыту хьэлэлагъым уриIумэтщ, сэ бзаджагъэм сызэрыриIумэтым ещхьу.

С ц и п и о н. КъызгуроIуэ сэ ар.

К а л и г у л э. Хьэуэ. Сэ зыгуэр спкърытщи — шэдыпсщ. КъэкIыгъэжьхэр зыхэфыхь шэдыпс... *(ЗыIэзыбжьэу и макъым зрегъэхъуэжри.)* Телъыджэу къыщIэкIынущ уи усэр. Арами... сэ сызэреплъыр пщIэну ухуеймэ...

С ц и п и о н *(зэпIэзэрыту)*. Сыхуейщ.

К а л и г у л э. Лъыуэ ящIэтыр мащIэщ а псоми.

С ц и п и о н псынщIэу зыкъыIуедзри, гупсысэ гуэр къызэрыщ и нэгур К а л и г у л э хуегъазэ. Абы хуэм-хуэмурэ къыздыбгъэдэкIуэтым, и нэгу иплъэурэ, макъ лъахъшэкIэ жреIэ.

С ц и п и о н. Ей, ер зи гум щызу хьэкIэкхъуэкIэ бзаджэ! Уэ аргуэру уджэгуауэ аращ тхьэр бгъэпцIу. Аракъэ? ИкIи узыхуэарэзыжкъэ?

К а л и г у л э. Пэж гуэр хэлъщ а жыпIэм. *(ТIэкIу нэщхъейуэ.)* Сыбдэджэгуащ.

С ц и п и о н. Сыту бзаджэ икIи фIей а уи бгъэм къыщеуэ гур. Сыту бзаджагъэ куэдыIуэ щызэрызекъуэрэ абы. ИкъукIэ гугъу уригъэхьуи къыщIэкIынщ.

К а л и г у л э *(щабэу)*. Куэдщ. Бэяу.

С ц и п и о н. Сыту утхьэмыщкIэ, сытуи услъагъу мыхъурэ!

К а л и г у л э *(къэлыбауэ)*. ЗэщIэпIэ.

С ц и п и о н. Сытуи Iисрафылуэ а уи закъуэныгъэр.

К а л и г у л э *(къыщеуд, мобы зредз, и пщэпкъыр еубыдри)*. Закъуэныгъэ! Ар зищIысым уепэма уэ? УсакIуэхэмрэ цIамыщкъийхэмрэ я закъуэныгъэр — закъуэныгъэ? Сыт хуэдэ закъуэныгъэ? ЦIыхур и закъуэу зэикI къызэрымынэр пщIэркъым уэ. Ди блэкIами къэкIуэнуми я хьэлъэр ди плIэм дэлъщ дэ. Дэнэ дымыкIуами. Дэ тщIыгъущ зэгуэр дукIахэр. Псом нэхърэ нэхъ хьэлъэри аракъым. Дэ ди гъусэщ зэгуэр фIыуэ тлъэгъуахэри, дымылъагъухахэри, дыкъэзылъэгъуахэри, дызыхущIегъуэжари, дызыхунэмысари, зыхуэмыарэзыжыныгъэм и дыджри, лъагъуныгъэм и IэфIри, къэхыпэхэри, тхьэхэм я гуп цIыкIури. *(ЕутIыпщыжри, и пIэм йотIысхьэж.)* Уи закъуэу укъэнэну! Ар Iэджэ нэхърэ нэхъыфIти — закъуэныгъэм и псынэм зыщIэзгъэмбрыуэжыныр! Сэ жыхуэсIэр — адрейхэм щхъуэ зрахьа си закъуэныгъэр аракъым.



9 Заказ №39

ЖыхуэсІэр – закъуэныгъэ нэсырщ, даущыншагъэрщ, жыгхэм я Іущащэ щэхурщ. *(ЙотІысэх, зэрезэшар наІуэу.)* Аракъым, Сцыпион, апхуэдэ закъуэныгъэм щызэхыбох дзэ зэрыгъэшх макърэ бзэхыжа нэгъуэщІ макъ куэдым я кІапэлъапэрэ. Жэщым къызбгъэдэлъ цІыхубзым Іэ дэлъэнкІэ срикъуу, си Іэпкълъэпкъыр арэзы сщІа нэужь, гъащІэмрэ лІэныгъэмрэ я зэхуаку зы тэлай щыхэзубыдыкІыу сэр-сэру, си закъуабзэу зыкъэзгъэнэну сыщыхуежьэкІэ, си закъуэныгъэм къыхобжьахъуэ арэзы хъуауэ къызбгъэдэлъ бзылъхугъэм и блэгущІэм къыкІэщІих мэ гуащІэр.

Езэшыпа хуэдэщ, щымщ.

С ц и п и о н К а л и г у л э и щІыб къыдохьэ, Іэнкунурэ къыбгъэдокІуатэ. И Іэр ешэщІри, К а л и г у л э и дамащхьэм трелъхьэ. К а л и г у л э зыкъримыгъэзэкІыу и Іэр мобы ейм къытрепІэ.

С ц и п и о н. Дэтхэнэ зы цІыхуми гъащІэм зы гурыфІыгъуэ нэхъ мыхъуми къыщыхуонэ. Абы укъызэтренэ псори ІэщІыб умыщІыпэу. Аращ тегъэщІапІэу къахуэнэри, къарур щафІэкІуэдыпэм деж.

К а л и г у л э. Ар пэжщ, Сцыпион.

С ц и п и о н. АтІэ апхуэдэ зыгуэри хэмылъыжу ара уэ уи гъащІэм? КъызэщІищІа нэпс е щхьэегъэзыпІэ щэху?

К а л и г у л э. Хэлъу къыщІэкІынщ.

С ц и п и о н. Сыт хэлъыр?

К а л и г у л э. Сатеплъэ зэрымыхъур.

*Іупхъуэ*

## ЕЩАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Іупхъуэ зэхуэщІам и щІыбкІэ бэрэбанэхэмрэ тарелкэхэмрэ я макъ къыщоІу. Іупхъуэм зеІэтри, жармыкІэ сурэт къыщІощ. И кум деж щхьэгъубжэІупхъуэ елъэфэкІа фІэлъщ. Абы и гупэ къит теувапІэм Г е л и к о н р э Ц е з о н и е р э къытетщ. А тІум ябгъу зырызымкІэ музыкантхэр къыщытщ, зэреуэ Іэмэпсымэхэр яІыгъыу. Я щІыбагъ театреплъхэм яхуэгъэзауэ скамейкэм тесщ сенатор зытІущрэ С ц и п и о н р э.

Г е л и к о н *(жармыкІэр зэхуэзышэсхэм я макъкІэ)*. ФыкъэкІуатэ! ФыкъэкІуатэ!

Тарелкэхэр мэзу.

Тхьэхэр аргуэру къехащ уафэм. Гай, кесару икІи тхьэшхуэу – КалигулэкІэ дызэджэм, гупыж ищІри абыхэм ябгъэдилъхьащ езым иІэ цІыху сэфэтыр. ФыкъэкІуатэ цІыху цІыкІур, иджыпсту фи нэкІэ флъагъуу

екIуэкIынущ тхьэщIагъэ телъыджэ. Калигулэ и тетыгъуэ тхуэмахуэмрэ и фIыщIэ инымрэ я Iэмырк Iэ тхьэхэм я щэхур сэтей къэхъунущ, хэткIи нэрылъагъуу.

Тарелкэхэм я макъ.

Ц е з о н и е. ФыкъэкIуатэ, зиусхьэнхэ! Зыкъэвгъэщхьи, фхузэфIэкIым хуэдиз ахъшэу къэвгъэтIылъ. Уэгу джэгушхуэу мы къекIуэкIым нобэ псоми пщIэ щIатынущ.

Тарелкэхэр ягъэзу.

Г е л и к о н. Олимпрэ дэ дызыщымыгъуазэ гъащIэу и щыгум щагъакIуэмрэ… Абы къыщекIуэкI зэныкъуэкъумрэ щыщIагъэкI нэпсымрэ… Дахуэзэнущ абы щыпсэухэм ди унэ щIэс пэлъытэу. Фыкъеблагъэ! ФыкъэкIуатэ! Фи тхьэхэм я гъащIэм и пэжыпIэр фэ фщыщ дэтхэнэ зыми и нэгу къыщIэувэнущ.

Тарелкэхэр ягъэзу.

Ц е з о н и е. ФыкъэкIуатэ, зиусхьэнхэ, щхьэщэ яхуэфщIи, пщIэи къэвгъэтIылъ. Къэгъэлъэгъуэным щIыдодзэ.

Тарелкэхэр мэзу. УнэIутхэр адэкIэ-мыдэкIэ зэхэзожэ, хьэпшып гуэрхэр кърахьэу.

Г е л и к о н. Iуэхум и пэжыпIэ телъыджэлажьэр нобэ япэ дыдэу фи нэгу щIэкIынущ. Уафэм щылъащэ къарухэм мы ди щIым уардэу, дахащэрэ уитхьэкъуу зыкъыщагъэлъагъуэ: щыблэм *(унэIутхэм алыджхэм я мафIэ зэщIагъанэ)*, уафэгъуагъуэм *(мывэ зэрылъ фэндырэ ирахужьэ)*. Езы ухыгъэр и ехъулIэныгъэм иригушхуэу щIылъэм щызекIуэ пэлъытэщ. ФыбгъэдэкIуати, феплъ.

Iупхъуэр Iуауд. К а л и г у л э пьедесталым тетщ Венерэу зыкъихуэпауэ.

К а л и г у л э *(Iэдэбу)*. Сэ нобэ сы-Венерэщ.
Ц е з о н и е. ГъэлъэпIэным щIыдодзэ. Девгъэлъэгуэжьэхыт.

С ц и п и о н нэмыщI, псори лъэгуажьэкIэ мэув.

Фыкъыспэджэжу жыфIэ Калигулэ-Венерэ зэрызыхуэдгъазэ тхьэлъэIур: гухэщIымрэ къафэхэмрэ я тхьэ…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. ГухэщIымрэ къафэхэмрэ я тхьэ…

Ц е з о н и е. Тенджызым халъхуэу шыгъумрэ тенджыз тхъурымбэмрэ цIанлъэ, дыдж ящIа… Уэ, къыпыгуфIыкIыкIэми щIегъуэжыкIэми ещхьым…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Уэ, къыпыгуфIыкIыкIэми щIегъуэжыкIэми ещхьым…

Ц е з о н и е. Гукъеуэмрэ тхъэжыгъуэмрэ ещхьым…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Гукъеуэмрэ тхъэжыгъуэмрэ ещхьым…

Ц е з о н и е. Дыхуэгъасэ гум зыри къыщыфIэмыIуэху пIалъэу лъагъуныгъэр къэзыгъэщIэрэщIэжым…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Дыхуэгъасэ гум зыри къыщыфIэмыIуэху пIалъэу лъагъуныгъэр къэзыгъэщIэрэщIэжым…

Ц е з о н и е. Дыхуэущий мы дунейм и пэжу абы пэж зэрытемылъыр хьэкъ тщызыщIым.

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Дыхуэущий мы дунейм и пэжу абы пэж зэрытемылъыр хьэкъ тщызыщIым.

Ц е з о н и е. А гупсысэ ахъырзэманым дыхуэфащэу дызыкъуэпсэукIын къаруи къыдэт.

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. А гупсысэ ахъырзэманым дыхуэфащэу дызыкъуэпсэукIын къаруи къыдэт.

Ц е з о н и е. Зэт…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Зэт…

Ц е з о н и е *(пещэ)*. ДыщIэгъанэ уэ уи тыгъэхэмкIэ, зэхэгъэж зимыIэ залымыгъэр къыщIэгъапсэ мы ди нэгухэм, IэбжьыбкIэ ди нэхэм къытхущIэпхъэ уи IэгуитIым щыз удз гъэгъахэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ…

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. Уи IэгуитIым щыз удз гъэгъахэмрэ гущIэгъуншагъэмрэ…



Ц е з о н и е. ЗэшэлIэж уи бын гъуэщахэр. Уэим зымыщIу тезыри тезылъхьэж уи лъагъуныгъэм и хьэщIэщ ябгэм ешэлIэж ахэр. Къыддэгуашэ зыми темыгъэпсыхьа уи гурыщIэ пщтырхэмкIэ, щхьэусыгъуэ зимыIэ нэщхъеягъуэмкIэ, зэикI къэмыхъуххэну гуфIэгъуэхэмкIэ.

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. … зэикI къэмыхъуну гуфIэгъуэхэмкIэ…

Ц е з о н и е *(икъукIэ ину)*. О, куцIи зимыIэжу икIи дызылыпщIу, гущIэгъуи цIыхугъи зыщамыгъуэтыжу щIым лъэ быдэкIэ тет, дыкъызэрыпфIэмыIуэхум и шагъырыбжьэ дегъафи, игъащIэкIэ дыкъимыкIыжыфыну дигуэ уигу фIей зэщIэуфIыщIэжам.

Л I а к ъ у э л I э ш х э м. ДыкъызэрыпфIэмыIуэхум и шагъырыбжьэ дегъафи, игъащIэкIэ дыкъимыкIыжыфыну дигуэ уигу фIей зэщIэуфIыщIэжам.

ЛIакъуэлIэшхэм иужьрей псалъэхэр щаухым, иджыри къэс зызымыгъэхъейуэ щыса К а л и г у л э къыхопырхъыкIри макъ гъумкIэ жеIэ.

К а л и г у л э. Ирехъу апхуэдэу, си бын цIыкIухэ, ныфхуэсщIэнщ фызыщIэлъэIур.

Тырку тIысыкIэу пьедесталым тотIысхьэ. ЛIакъуэлIэшхэм чэзууэ абы и пащхьэ лъэгуажьэпэ зыщрагъауэ, итIанэ сценэм и ижьырабгъу лъэныкъуэ плIанэпэм щызэхуос. Иужьрей дыдэу къыбгъэдыхьар, зэрыгузавэм къыхэкIыу, ахъшэ жыгъей къритыну къыщогъупщэри, IуокIыж. К а л и г у л э зыIэзыбжьэу къызэфIоувэ.

К а л и г у л э. Ей-ей, мыдэ къакIуэ, си щIалэ цIыкIу. Щхьэщэ

хуэпщIыныр хъарзынэ гуэрщ, ауэ ахъшэ ептыныр нэхъыфIщ. Упсэу. Армыраи хабзэр. ЦIыху цIыкIум къыхуащI лъагъуныгъэм нэмыщI тхьэхэм нэгъуэщI мылъку ябгъэдэмылъамэ, ахэри тхьэмыщкIэу арат, Калигулэ хъарыпым хуэдэу. АтIэ, зиусхьэнхэ, иджы фэ фызэбгрыкIыжу къалэм яхуэфIуэтэж хъунущ флъэгъуа телъыджэр. Фэ Венерэ флъэгъуащ. Флъагъупащ фи нитIкIэ. Езы Венерэ фэ къывэпсэлъащ. ФIыкIэ, зиусхьэнхэ!

ЛIакъуэлIэшхэм щIэкIыжыну зыкъащтэ.

Зэт, зы дакъикъэкIэ. Сэмэгурабгъу щIэкIыпIэмкIэ фыкIуэ. Ижьырабгъумкlэ зауэлI щизгъэувыкIахэщ, фаукIыну унафэ яхуэсщIри.

ЛIакъуэлIэшхэр епIэщIэкIыу щIокIыж. УнэIутхэмрэ музыкантхэмрэ сценэм йобзэхыкI.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Г е л и к о н и Iэпэр С ц и п и о н хуегъэдалъэ.

Г е л и к о н. КъызэрыщIэкIымкIэ, уанархистщ, Сципион.

С ц и п и о н. Хьэдэгъуэдахэ блэжьащ, Гай.

Г е л и к о н. Сыту пIэрэ абы къикIыр?

С ц и п и о н. ЩIыгур лъыкIэ бгъэнщIауэ, иджы уафэм фIейр щыбоцIэлъ.

Г е л и к о н. ТIэкIу допсэлъей мы щIалэр. *(Геликон кушеткэм зытреукъуэдие.)*

Ц е з о н и е *(икъукIэ мамыру)*. Сыту ущхьэ пщтыр, си щIалэ. Иджыпсту Рим даукIыхь бгъуэтынущ а псалъэшхуэм и ныкъуэ нэмыс псалъэуха щхьэкIэ.

С ц и п и о н. Сэ мурад сщIащ Гай пэж фIэкIа жезмыIэну.

Ц е з о н и е. Сыт-тIэ, Калигулэ, уи пащтыхьыгъуэр зыхуэчэм ущиякIуэр мы щIалэ ахъырзэманыр арагъэнт.

К а л и г у л э *(фIэгъэщIэгъуэну)*. ЗэрыжыпIэмкIэ, тхьэхэр уи фIэщ мэхъу, Сципион.

С ц и п и о н. Хъуркъым.

К а л и г у л э. Абы щыгъуэм къызгурыIуэркъым щIэпхъаджагъэ зыфIэпщхэр щIэбгъэщIагъуэр.

С ц и п и о н. Сэ зы Iуэху еплъыкIэ гуэрхэр гунэс сщымыхъункIи мэхъу, ауэ абы къикIыркъым сэ абыхэм сатеубжьытхэу, е ахэр дунейм тесхужыну сыхэту.

К а л и г у л э. Мис аракъэ щэныфIагъэ жыхуаIэжыр. Эх, си Сципион, сэ уэр щхьэкIэ сытым хуэдэу сыгуфIэрэ. Пэжыр жыпIэнумэ, тIэкIуи сынофыгъуэ. Апхуэдэ щэныфIагъэр сэ зэикI пщIыхьэпIэу сымылъагъун насыпщ.

С ц и п и о н. Уэ узэфыгъуэр сэракъым, тхьэхэращ.

К а л и г у л э. Хуит сыкъэщІи, мы бжесІэнур си тетыгъуэм и щэхуу кърыренэ. Нобэ сэ зыгуэркІэ сагъэкъуэншэну пыхьэмэ, къыспалъхьэну ягъуэтынур хуитыныгъэмрэ лъэщагъымрэ тІэкІу гъунэгъу сызэрыхуэхъуар аращ. Власть зыфІэфІ цІыхур тхьэхэр къыпеуэу, ахэр и дауэгъуу щытыну хуейкъым. Сэ кІэ естащ абыхэм. Хьэкъ ящысщІащ а тхьэ нэкъыфІэщІхэм: цІыхум езым быдагъэ пкърылъмэ, зимыгъэхьэзырыщэуи, ирилэжьэфынущ абы я ІэщІагъэ мыфэмыцым.

С ц и п и о н. Аращ хьэдэгъуэдахэ жыхуаІэжри, Гай.

К а л и г у л э. Хьэуэ, Сципион. Ар — кууэ Іуэхум сызэрыхэплъэфым и щыхьэт къудейуэ аращ. КІэщІу бжесІэнщи, сэ мыращ къызгурыІуар — тхьэхэм ещхь зыпщІынумэ, зы Іэмалщ щыІэр: абыхэм хуэдэу гущІэгъуншэу ущытын хуейщ.

С ц и п и о н. Тиран ухъун хуейуэ аращ.

К а л и г у л э. Сыт «тиран» жыхуэпІэм къибгъэкІыр.

С ц и п и о н. Зи псэр хьэфиз.

К а л и г у л э. А жыхуэпІэм щыхьэтитІ хуейщ, Сципион. Тиран жыхуаІэжыр — езыр зыхуейм, и щхьэзыфІэфІагъым цІыхубэр щхьэузыхь хуэзыщІхэращ. Сэ сызыщІэхъуэпс щыІэкъым, властрэ пщІэрэ жыпІэнумэ, сиІэм нэхъыбэ сыту сщІын. Сэ властыр къызэрызгъэсэбэпыр си щхьэм тыгъэ зэрыхуэсщІыж Іэмэпсымэущ.

С ц и п и о н. Сытым папщІэ?

К а л и г у л э. Тхьэхэм я щхьэншагъымрэ ерууагъымрэ папщІэ.

С ц и п и о н. Бзаджагъэм щхьэкІэ ем тыгъэ къыпхуищІыфынукъым. Властым апхуэдэ къалэн и пщэ къыдэхуэркъым. Дунейм еуэ щызекІуэм урипэщІэтыну сэ зы Іэмалщ сщІэр.

К а л и г у л э. Сыт хуэдэ ар?

С ц и п и о н. Къулейсызыгъэр.

К а л и г у л э *(и лъэбжьанэр пиупщІурэ)*. Ари дгъэунэхун хуейщ.

С ц и п и о н. ИджыкІэ жыпІэмэ — цІыху куэдыІуэ хокІуадэ уэ укъэзыухъуреихьхэм ящыщу.

К а л и г у л э. И пэжыпІэм ухуеймэ, апхуэдэуи куэдкъым, Сципион. Сэ зауэ дапщэ блэзгъэкІами пщІэрэ зэхэзмыублэу?

С ц и п и о н. СщІэркъым.

К а л и г у л э. Зауищ. ЩІыблэзгъэкІар пщІэрэ?

С ц и п и о н. Римым и щІыхьыр щайуэ къибдзэртэкъыми.

К а л и г у л э. Аракъым щхьэусыгъуэр. ЦІыху гъащІэм пщІэ зэрыхуэсщІыращ.

С ц и п и о н. Джэгуалъэ сыбощІ, Гай.

К а л и г у л э. Іэмал щимыІэжми, текІуэныгъэ къэзыхьам хуащІ щІыхьым нэхърэ нэхъ сфІэлъапІэщ сэ цІыху гъащІэр. Пэжым ухуеймэ, нэгъуэщІым и гъащІэм сэ пщІэуэ хуэсщІыр нэхъыбэкъым, сысейм лъызгъэсым нэхърэ. КъысфІэмыІуэхуурэ щІезгъэукІри, сэ езым си лІэныгъэр къызэхьэлъэкІынукъыми аращ. Абы нэхъыбэрэ сегупсысыхукІэ — нэхъ-

ри хьэкъ сцохъу сэ сызэрымызалымыр.

С ц и п и о н. Утирану щытамэ, дэ абы пщІэ нэхъыби хьэкъ нэхъыби щІэттынутэкъым.

К а л и г у л э *(къэгубжьу)*. Уэ бжэкІэ пщІэуэ щытатэмэ, къыбгурыІуэну къыщІэкІынт: щхьэ гуэр зыфІэт тираным зэхиублэ зауэм мин бжыгъэкІэ нэхъыбэ хэкІуэдэнут, сэ щхьэзыфІэфІагъэ-делагъэкІэ езгъэукІам нэхърэ.

С ц и п и о н. А жыхуэпІэ зауэм хуэдэр гупсысэ зиІэхэм къагурыІуэнут. Нэхъыщхьэр гурыІуэгъуэмэ аращ.

К а л и г у л э. Іэмырыр къыбгурыІуэнкІэ Іэмал щыІэкъым. Аращ сэ абы и пІэ сиувэн хуей щІэхъуари. Тхьэхэм я сэфэт зэгуэудыгъуэм сыщІиувари аращ. А сэфэтыращ, зытІэкІукІэ узэІэбэкІыжмэ, щхьэщэ зыхуащІу уи ныбжьэгъухэм зызыхуагъэсари.

С ц и п и о н. Аракъэ езыр — Іимансызыгъэ хъужыр, Гай.

К а л и г у л э. Хьэуэ, Сципион, абы зэреджэр драмэмкІэ искусствэщ. Абыхэм псоми ящІыр зы щыуагъэщ — театрыр хьэкъыу я фІэщ зэрымыхъурщ. Армырамэ ахэр щыгъуазэтэкъэ: уэгу трагедие къигъэлъагъуэкІэрэ тхьэ зищІыну дэтхэнэ зыри хуитщ. Ар къохъулІэн папщІи, гущІэгъу жыхуаІэм и зы къуэпс къимынэу гущІэм къитхъын хуейщ.

С ц и п и о н. Пэжу къыщІэкІынщ, Гай. Ар пэжу щытмэ, уэ пхузэфІэкІын лъэпкъ къэмынэу блэжьауэ къэлъытэ, зэгуэр уи хэгъэгум уэ уэщхь тхьэ гущІэгъуншэхэм зыкъыщаІэту, уи тхьэпэлъытэ нэпцІыр лъым ирагъэтхьэлэн папщІэ.

Ц е з о н и е. Сципион!

К а л и г у л э *(губжьу)*. Бэяу, Цезоние. Уэ апхуэдизкІэ фІыуэ жыпІащи, Сципион, ар къыбгурыІуэжу къыщІэкІынкъым: схузэфІэкІ лъэпкъ къэзгъэнакъым. А зи гугъу пщІы меданыр сэ езым ерагъкІэ си нэгу къыщІэзгъэхьэфу аращ. Ауэ зэзэмызэ сыщІохъуэпсыр абы. А жэщ дыджым и кууупІэм къыхэтэджыкІ нэкІухэу губжьымрэ бампІэмрэ зэкІэщІашахэм щыщу сэ къэсцІыхужыфыр зы закъуэщ, мы щІыгум сыщыхуэпщылІауэ: тхьэ Іисрафрэ тхьэ фІейуэ — цІыхум игукІэ зэджэрщ. *(Къэгубжьу.)* КІуэ иджы, куэдыІуэ жыпІащ. *(И макъым зригъэлъэщІу.)* Сэ иджы си лъэбжьанэхэр злэн хуейщ.

Псори йокІ, дихьэхауэ зи лъэбжьанэхэр зылэ К а л и г у л э и хъуреягъкІэ къыщызыкІухь Г е л и к о н нэмыщІ.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э. Геликон!

Г е л и к о н. Сыт?

К а л и г у л э. КІуатэрэ уи лэжьыгъэр?

Г е л и к о н. Сыт хуэдэр?

К а л и г у л э. А-ахъу, мазэр!

Г е л и к о н. МэкIуатэ мащIэ-мащIэурэ. ТIэкIу зыхуэгъэшэчыжын хуейщ иджыри. Сэ уэ сынопсэлъэнут.

К а л и г у л э. ЗышыIэ схурикъункIи хъунт, ауэ зэманыр къызомэщIэкI. ЕужьэрэкIын хуейщ, Геликон.

Г е л и к о н. Сэ бжесIати слъэкI къызэрызмыгъэнэнур. Псом япэращи, Iуэхушхуэ гуэрхэм я гугъу пхуэсщIын хуейщ.

К а л и г у л э *(къыжраIар зэхимыха хуэдэу)*. Зыщумыгъэгъупщэ — ар сысейщ.

Г е л и к о н. Хэт?

К а л и г у л э. Мазэр.

Г е л и к о н. А-а! НтIэ. Уэ пщIэрэ уаукIыну зэрыхэтыр?

К а л и г у л э. Ар сысей дыдэу щытащ. Пэжщ, тIэурэ-щэрэ къудейщ. Арами, сысеипэу щытащ.

Г е л и к о н. Куэд щIауэ сынопсэлъэну сыхуейт.

К а л и г у л э. Нэгъабэщ къыщыхъуар. Абы сэ Iэ щыдэслъэрт жыг хадэм ит пкъо хъурей лъагэхэм я щхьэкIэм.

Г е л и к о н. Къэдгъэгъанэ мы джэгукIэхэр, Гай. Уэ укъызэдэIуэну ухуэмейми, сэ ныбжесIэну си къалэнщ. КъыпфIэмыIуэхуу арамэ — нэхъ Iеижщ.

К а л и г у л э *(и лъэбжьанэхэм елIэлIапэурэ)*. Мы лакыр зыри хъуркъым. АтIэ дыгъэгъэзэжыт мазэм и деж. Ар къыщыхъуар август жэщ телъыджэущ.



Г е л и к о н мыарэзыуэ зрегъэзэкIри, щыму йоувыкI, и пIэм идиихьу.

ЯпэщIыкIэ мащIэу зыкъысхуигъэхьэфотащ. Сэ сыгъуэлъыжауэ сыхэлът. Езыр къыпожэбзыкI жыхуаIэм хуэдэрэ плъыжьу горизонтым къыщхьэщыхьащ. ИтIанэ нэхъ псынщIэу зиIэту хуежьащ. ЗдэкIуэм нэхъри псынщIэ зищIурэ, лъагэу зиIэтыху нэхъ нэху къэхъурт. Вагъуэбэр къызыхэщIуукI кIыфIыгъэм къыхэхужыкI гуэл шафэм ещхьт ар. ИкIэм-икIэжым ар сэ къысхуокIуэ, гуакIуэу, псынщIагъуэрэ пцIанэу жэщым и бэуэгъуэ пщтырым къыхокIри. Сыщыжей пэшым и бжэщхьэIум къобакъуэ, мыпIащIэу, ауэ игурэ и щхьэрэ зэтелъу си пIэм гъунэгъу зыкъыхуещIри, абы зыкъыхегъэпшахъуэ, и нурымрэ гуфIэкIэмрэ къызикIыхыу. Зыри хъунукъым мы лакыр. Мис аращ, Геликон, бжызоIэ щхьэщытхъугъэ лъэпкъ хэмылъу: ар сэ сиIащ.

Г е л и к о н. Сэ бжесIэнум укъедаIуэу къыпщхьэщыхьа шынагъуэр зыхуэдэр къэпщIэну ухуей?

К а л и г у л э *(и лъэбжьанэр лэн щегъэтри, къепсэлъылIэм пкърыплъыхьу)*. Мазэм нэмыщI нэгъуэщI сыхуейкъым, Геликон. Сэ сощIэ си ажалыр дэнэ лъэныкъуэкIэ къикIынуми. АрщхьэкIэ сэ сызэрыпсэу къарур иджыри и щIэм нэс къыщIэзгъэлъакъым. Мис аращ сэ мазэм сыщIыхуейр. Ар къысхуумышауэ, афIэкIа си деж укъыщIэмыхьэ.

Г е л и к о н. Дауэ щымытми, зэхозгъэхынщи, си къалэныр

згъэззэщIэнщ. Уэ уIуапIэну загъэхьэзыращ. Я пашэр — Хереещ. Мы табличкэр зыIэщIэзгъэхьэфащи, абы къыбжиIэнщ псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Мис, мыбдеж тызолъхьэр.

Шэхум къыхэщIыкIа табличкэр шэнтиуэм ирелъхьэри, щIэкIыну йожьэ.

К а л и г у л э. Дэнэ уздэкIуэр, Геликон?

Г е л и к о н *(здыщIэкIыжым)*. Мазэр къыпхуэсхьыну.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Зыгуэр адреибжэмкIэ къыщIыхьэну пылъщ. К а л и г у л э псынщIэу зрегъэзэкIри лIакъуэлIэш лIыжьым гу лъетэ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(Iэнкуну)*. Хъуну, Гай?

К а л и г у л э *(емылIалIэу)*. КъыщIыхьэ, укъыщыкIуакIэ. *(Еплъурэ.)* АтIэ, Венерэ иджыри зэ деплъыну дыкъэкIуащ, — жыбоIэ, си псэ закъуэ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Хьэуэ-хьэуэ… Аракъым, тс-сс-с. Къысхуэгъэгъу, Гай… Сэ бжесIэну сыхуейщ… Уэ уощIэ, сэ фIыуэ узэрыслъагъур… Абы нэмыщIкIэ… Сэ сызыщIэлъэIур зы закъуэщ… Къысхуэна тIэкIум мамыру сагъэпсэужыну…

К а л и г у л э. Нэхъ кIэщIу…

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Хъунщ, хъунщ… *(ЗэкIэлъигъэпIащIэу.)* ИкъукIэ Iуэху шынагъуэщ зи гугъу сщIыр… Аращ.

К а л и г у л э. Хьэуэ, шынагъуэкъым ар.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Сыт мышынагъуэр, Гай?

К а л и г у л э. Сыт дэ дызытепсэлъыхьыр, си гурыфIыгъуэ?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(зиплъыхьу)*. А Iуэхум… *(ЗепIытI-зехуэри къыжьэдоху.)* Уэ утрадзыну загъэхьэзыращ…

К а л и г у л э. Плъагъуркъэ. БжесIатэкъэ а Iуэхур зэрымышынагъуэр.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. УаукIынущ, Гай, абыхэм.

К а л и г у л э *(бгъэдохьэри, и дамащхьитIыр еубыд)*. Уэ жыпIэр си фIэщ щIэмыхъури?..

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(тхьэ иIуэну и Iэр иIэту)*. Тхьэхэр псори си щыхьэту, Гай.

К а л и г у л э *(щабэу, хуэм цIыкIуурэ щIэрыIэурэ бжэмкIэ игъэкIуатэу)*. УмыIуэ, тхьэ умыIуэ закъуэ. КъызэдаIуи нэхъыфIщ. Уэ жыпIэр пэжмэ, сэ къэслъытапхъэщ уи ныбжьэгъухэм уепцIыжу. Аракъэ?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(Iэнкун хъуауэ)*. ЗэгъащIэ, Гай, сэ уэ фIыуэ узэрыслъагъур.

К а л и г у л э *(и макъыр имыхъуэжу)*. Сэ си гугъэкъым апхуэдэу. ЦIапIагъэр апхуэдизкIэ си жагъуэщи, жасусыр Iэмал имыIэу щхьэ-

пылъэ езгъэщIын хуей хъунущ. Сэ уэ фIыуэ узоцIыхур. Уэ ухуейкъым епцIыжакIуэ ухъунуи упалъэнуи.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. ДауикI, дауикI, Гай.

К а л и г у л э. Плъагъуркъэ, сыщыуакъым сэ, жыпIар си фIэщ щызмыщIам. Уэ уцIапIэкъым, пэжкъэ?

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. Хьэуэ, хьэуэ мыгъуэ.

К а л и г у л э. ИкIи ужасускъым?

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. Ар, ущIэмыупщIэххэми, гурыIуэгъуэщ, Гай.

К а л и г у л э. Ауэ щыхъукIэ заговор лъэпкъ щыIэкъым. Уэ ауэ сытми угушыIауэ аращ, пэжкъэ?

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. СыгушыIауэ аращ…

К а л и г у л э. СиукIын мурад зыми иIэу къыщIэкIынукъым.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. ДауикI, зыми иIэкъым.

К а л и г у л э *(кууүэ мэбауэри, хуэму пещэ)*. АтIэ, бзэх, си гурыфIыгъуэ. Напэ зиIэ цIыхур мы дунейм апхуэдизкIэ щымащIэ псэущхьэщи, апхуэдэм и нэгу куэдрэ сиплъэнур къыстохьэлъэ. Сэ си закъуэу сыкъэмынэу хъунукъым, мыпхуэдэ медан телъыджэр нэхъ кууүэ псэкIэ зыхэсщIэн папщIэ.

## ЕТХУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ



К а л и г у л э и пIэм иту заулкIэ табличкэм йоплъ. ИтIанэ къещтэри итым къоджэ. ХъумакIуэр къреджэ.

К а л и г у л э. Херее къысхуэшэ. *(ХъумакIуэр бжэм хуокIуэ.)* КъэувыIэт. *(ХъумакIуэр къоувыIэ.)* ПщIэ хуэпщIу. *(ХъумакIуэр йокI. Калигулэ залыр лъэбакъуэхъуу къызэхекIухь, итIанэ гъуджэм бгъэдохьэ.)* Уэ ахьмакъым уи мурадщ букъуэдиям утемыкIыну. МыгурыIуэгъуэр зыщ: дапщэщ пщIондэ. *(ЗыщIэнэкIэжу.)* Мазэр къыпхуахьатэмэ, псоми зихъуэжынут, ара? Iэмал зыхуамыгъуэтри къэбгъэIурыщIэурэ, псоми зы тэлайм зыкъызэридзэкIынут, ара? Сытым къыхэкIыу, Калигулэ? Хэт ищIэн? *(Хъуреягъэр къызэпеплъыхь.)* Си дамэгъухэр нэхъ мащIэ хъу зэпытщ. Сыту пIэрэ ар къызыхэкIри? *(Гъуджэм иплъэурэ макъ дэгукIэ.)* КуэдыIуэ мэхъу лIахэм я бжыгъэр, тIэкIу куэдыIуэ. ГъащIэр яунэщIа хуэдэ. Мазэр къысхуахьыпауэ сощIри, сэ щIыбкIэ сикIуэтыжыфынутэкъым. Дыгъэр къателъэщIыхьурэ, хьэдэхэр къигъэбдзэуэжатэми, укIыгъэу сызыхэтар щIы щIагъым щыщIэпхъумэжыфынутэкъым. *(Къэгубжьауэ.)* Логикэр, Калигулэ, быдэу тетын хуейщ логикэм. Гъунапкъэ зимыIэ властькIэ гъунапкъэншэу хуэпэж уи натIэм кърихтам. Хьэуэ. ФIыкъым щIыбкIэ уикIуэтыжыныр. Узытетам утемыкI.

Х е р е е къыщIохьэ.

## ЕХАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Плащыр зыщикъуауэ и щIыбыр шэнтиуэм иригъэкъуауэ щысщ К а л и г у л э. Зэхэук Iауэ фэ тетщ.

Х е р е е. Укъызэджа, Гай.

К а л и г у л э *(макъ ешакIэ)*. Сыноджащ, Херее. Къэрэгъулхэ, факел зыбжанэ къэфхь. *(Щымхэщ.)*

Х е р е е. Зыгуэр къызжепIэну ухуея?

К а л и г у л э. Хьэуэ, Херее.

Щымхэщ.

Х е р е е *(тIэкIу мыарэзыуэ)*. Сэ мыбдеж сыщытын хуейуэ къэплъытэрэ?

К а л и г у л э. Шэч къытесхьэркъым. *(Щысщ, итIанэ зыIэзыбжьэу зыкъызэкъуепхъуэтри.)* Къысхуэгъэгъу, тIэкIу сешащи укъезгъэблэгъэфыркъым. Мыдэ мы шынтиуэм къитIысхьи, ныбжьэгъу хабзэу дызэгъэпсалъэ. ЦIыху губзыгъэ тIэкIу сыдэуэршэращэрэт, — жызоIэ. *(Херее йотIысэх. Пьесэм зэрыщIидзэрэ иджыпсту зэрытлъагъум хуэдэу зыри къыфIэмыIуэхуу фэ тетакъым абы.)* Уэ дауэ уеплъырэ, Херее, пщIэрэ щхьэкIэ зэхуэдэу цIыхуитI я гъащIэм къриубыдэу нэгъуэщI мыхъуми зэ етIысэхыу, я гур зэIухауэ, фэрыщIагъри, пцIыри, мурад щэхухэри ирагъэкIуэтэкIауэ зэ зэпсэлъэфынкIэ хъуну?

Х е р е е. Сэ къызолъытэ а жыхуэпIэр мыгурыIуэгъуэу, Гай. Си гугъэкъым уэ апхуэдэр пхузэфIэкIыну.

К а л и г у л э. Пэжщ жыпIэр. Ди Iуэху еплъыкIэр зэтехуэрэ зэтемыхуэрэ къэсщIэну арат. Апхуэдэу щыхъуакIэ, маскэр зыIутлъхьэнщ. Щхьэж езым и пцIымкIэ зызэщIиузэдэжынщ. Дызэдэуэршэрын папщIэкIэ мэIухухэмрэ латхэмрэ зыкIэрытлъхьэнщ, зауэм зыхуэдгъэхьэзырым хуэдэу. Сыт, Херее, фIыуэ сыкъыщIумылъагъур?

Х е р е е. УщIэслъагъун убгъэдэлъкъыми, Гай. Апхуэдэ зэхущытыкIэхэр унафэкIэ къебгъэзэгъ хъуркъыми, Гай. А псоми къищынэмыщIауэ, уи Iуэху зытетыр фIыуэ къызгуроIуэри, Гай. Уи псэм щыщ Iыхьэу уэ езым зыщыбгъэпщкIужмэ нэхъ къапщтэр фIыуэ пхуэлъагъунукъыми.

К а л и г у л э. Сыт уэ апхуэдизу сыкъэплъагъу щIэмыхъур?

Х е р е е. Мис абыкIи ущоуэ, Гай. Лъагъумыхъуныгъэ сэ уэ пхузиIэкъым. Сэ къызолъытэ уэ уцIыху шынагъуэу, угущIэгъуншэу, уи щхьэ фIыщэу плъагъужрэ нэхъри зыбгъэинмэ уфIэфIу. Арами, сэ схужыIэнукъым лъагъумыхъуныгъэ пхузиIэу, сыту жыпIэмэ, си гугъэкъым уэ уцIыху насыпыфIэу. Укъизмыдзэуи схужыIэнукъым, узэрымышынэкъэрабгъэр сощIэри.

К а л и г у л э. Сыт атIэ сыбукIыну ущIыхуейр?

Х е р е е. БжесIакIэщ: сэ къызолъытэ уэ уцIыху шынагъуэу. СэркIэ лъапIэщ цIыхум я зэIузэпэщыр. ЦIыхуу щыIэм я нэхъыбэри апхуэдэщ.

Ахэр хуэхьэзыркъым щхьэм япэу къищхьэрыуэ щхьэфIэч гупсысэр я гъащIэм хабзэрэ бзыпхъэу къыхыхьэу дунейм тетынхэу, сэр гущхьэм зэрыхыхьэм хуэдэу. Сэри сыхуейкъым апхуэдэр щыхабзэ дуней сыщыпсэуну. Сызытеувэр быдэмэ, нэхъ къызощтэ.

К а л и г у л э. Жыхуэп Iэ зэIузэпэщымрэ логикэмрэ зэзэгъыркъым.

Х е р е е. Содэ. Ауэ зи гугъу сщIар Iуэху еплъыкIэ узыншэщ, логикэр къемэщIэкIми.

К а л и г у л э. Пыщэ.

Х е р е е. Нэгъуэщ I жысIэн сиIэкъым. Сыхуейкъым сэ селIэлIэну уи логикэм. Си къалэнхэр сэ езым къызэрызгурыIуэжыр нэгъуэщIущ. Уи къэралым исым я нэхъыбапIэр апхуэдэу зэрегупсысри сощIэ. Уэ псоми зэран уахуохъу. Апхуэдэу щыщыткIэ, убзэхын хуейуэ аращ.

К а л и г у л э. ИкъукIэ гурыIуэгъуэщ. ЦIыхуу щыIэм я нэхъыбэр аращ. УэркIэ — аракъым. Уэ куэд дыдэ къыбгуроIуэ. КъызэрыбгурыIуэм пщIэшхуэ щIэтын хуейщ, е — къыбгурымыIуэххэныр — нэхъыфIщ. Сэ щIызот. Уэ сыт ущIыхуэмейр е пщIэ щIэптыну, е къыбгурыIуэныр щыбгъэтыну?

Х е р е е. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сэ сыхуейщ сыпсэунуи, насыпыфIэу сыщытынуи. А тIум языхэзри къохъулIэнукъым логикэр и пIэм ипхуу хэбгъэзыхькIэ. Сэ сыщIыху къызэрыгуэкIщ. Сызэрыапхуэдэр язынықъуэхэм деж къыстехьэлъэу хуожьэри, фIыуэ слъагъухэм я лIэныгъэм сыхуейуэ, Iыхьлыгъэрэ ныбжьэгъугъэкIэ къыспыщIа бзылъхугъэхэм нэхъуеиншэу сащIэхъуэпсу мэхъу. Логикэм тепщIыхьмэ, апхуэдэхэм деж сэ сукIыр сукIыу, зесшэр зесшэу щытын хуейщ. Арами сэ къызолъытэ си щхьэм хъарпшэру къищхьэрыуэ гупсысэхэм мыхьэнэ ямыIэу. Апхуэдэхэм гъащIэр тращIыхьу щытамэ, дэ гъащIи насыпи тхуэухуэнутэкъым. Иджыри зэ къытезгъэзэжынщи, сэркIэ нэхъыщхьэр мис аращ.

К а л и г у л э. Апхуэдэу щыжыпIэкIэ, уэ идеал лъагэ гуэрхэри уи фIэщ хъууэ щытын хуейщ.

Х е р е е. Сэ си фIэщ мэхъу зы IуэхущIафэр адрейхэм нэхърэ нэхъыфIу е нэхъыкIэу къызэрекIуэкIыр.

К а л и г у л э. СэркIэ ахэр псори зэуасэщ.

Х е р е е. СощIэ, Гай, аращ сэ уэ жагъуэу ущIэслъагъури. Уэ е зыбохьэри, убзэхын хуейщ.

К а л и г у л э. Ауэ ар къызжепIэу сыт бэлыхь зыщIыхэбдзэжыр?

Х е р е е. НэгъуэщIхэр си пIэ къиувэн щхьэкIэ. ПцIы супсыну зэрысфIэмыфIым къыхэкIыу.

Щымхэщ.

К а л и г у л э. Херее!

Х е р е е. СынодаIуэ, Гай.

К а л и г у л э. Я щхьэм хуащIыж пщIэрэ я акъылкIэ зэхуэдэу цIыхуитI зэбгъэдэтIысхьэу я гъащIэм кърибыдэу ягу зэIухауэ зэпсэлъэфынкIэ хъуну?

Х е р е е. Си гугъэмкIэ, аращ иджыпсту уэрэ сэрэ тщIэр.

К а л и г у л э. Пэжщ, Херее. Уэ къэплъытэрти сэ апхуэдэр схузэфIэмыкIыну.

Х е р е е. Сыщыуэрт, Гай, къызгурыIуэжащи, фIыщIэшхуэ пхузощI. Иджы уи унафэм сыпоплъэ.

К а л и г у л э *(тегупсысыкIа хуэдэу)*. Си унафэми... А-а, уэ жыхуэпIэр... *(И плащ щIагъым табличкэр къыкIэщIехри.)* Мыр зищIысыр пщIэрэ, Херее?

Х е р е е. СщIэрт сэ ар уэ зэрыпIыгъыр.

К а л и г у л э. Пэжщ, пщIэрт, Херее. Уи гур зэIухауэ укъызэпсалъэу къысщыбгъэхъуми, укъысхуэфэрыщIырт. Арти, зэпсэлъэфакъым цIыхуитIыр я гур зэIухауэ. Iуэхукъым ахэр. Иджы жьэнахуэ джэгукIэр къэдгъэнэнщи, япэм дызэрыпсэууэ щытам дытеувэжынщ. Уэ иджыри къыппэщылъщ сэ бжесIэр зыгурыбгъаIуэу птеспIэнур зыхуэбгъэшэчыну. КъэдаIуэ, Херее, мы табличкэм и закъуэщ щыхьэту сиIэр.

Х е р е е. СыщIокIыжыр сэ, Гай. Сужэгъуащ а уи джэгукIэр. Сэ абы фIыуэ сыщыгъуазэщ, афIэкIа сымылъагъуми нэхъ къэсщтэнущ.

К а л и г у л э *(ерыщ екIуэу)*. Зэ умыпIащIэ мыр. Iуэхум щыхьэт техъуэу сиIэр мы зыращ, пэжкъэ?

Х е р е е. ЦIыхум и щхьэр пебгъэлъэну мурад пщIамэ, уэ щыхьэт ухуэныкъуэу сщIэркъым сэ.

К а л и г у л э. Пэжщ, сызэса хабзэм мы зэм сыкъытекIыну си мурадщ. Ар зыми зэран хуэхъунукъым. Гуапэщ зэзэмызэ укъытекIыну узэсам. Апхуэдэм жьыIурыхьэгъуэ къует. Сэ, Херее, псэхугъуэ сыхуэныкъуэщ.

Х е р е е. КъызгурыIуэркъым сэ апхуэдэ къэгъэшыкIэхэр. СфIэкъабылуи схужыIэнукъым.

К а л и г у л э. ДауикI. Уэ уцIыху узыншэщ, Херее. Зыми егъэлеяуэ ухуэтхьэджэркъым. *(Дыхьэшхыу.)* Уэ насыпыфIэу упсэуну ухуейуэ аркъудейщ.

Х е р е е. Абдеж щыдухмэ нэхъ сфIэтэмэмщ.

К а л и г у л э. Хьэуэ. ЗэкIэ. ТIэкIу зыхуэбгъэшэчыж хъуну? Мис, къеплъ, сэ щыхьэттехъуэр сIэщIэлъщ. Сэ къызыщызогъэхъу ар симыIэмэ, фи щхьэр схупымылъэну. Сэ сыхуитщ апхуэдэу сегупсысыну, абы къыдэкIуэуи зызгъэпсэхуну. Иджы къеплъыт щыхьэттехъуэр пащтыхьым и Iэм зэрыIэщIэхъухьым.

Табличкэр факелым бгъэдехьэ. Нэхъ гъунэгъуу Х е р е е бгъэдокIуатэ. Факелыр я зэхуакущ. Табличкэр мэткIу.

Плъэгъуа, щэхурылажьэ. МэткIу мы щыхьэттехъуэр. Ар нэхъ ткIуху, уи нэкIум нэхъ къытридзэу хуожьэ узэрыхейм и пшэплъыр. Гуэныхьи бэлыхьи къищыркъым уи нэгу къабзащэм, Херее. Сыту дахэ цIыху хейр, сыту дахащэ! Уэри гу лъумыта нэпцI зумыщI си лъэщагъым. Езы тхьэхэми хеягъэр тыгъэ къыпхуащIыжыфынукъым, къэблэжьам хуэфащэр

уамыгъэхьу. Уэ гуэныхьыншэ уищIынри шынагъуэр пщхьэщихынри императорым зы мафIэ бзий закъуэкIэ зэфIигъэкIащ. Пыщэ, Херее, и кIэм нэгъэс сызыщIэбгъэдэIуа гупсысэ узыншэхэр. Уи императорыр поплъэ псэхугъуэ щихуэным. Аращ абы и псэукIэр, и насыпыфIэкIэр.

Х е р е е зыри къыгурымыIуауэ К а л и г у л э йоплъ. Зыгуэр жиIэн хуэдэу и жьэр зэтрехри, зыри жимыIэу йокI. Табличкэр мафIэ бзийм щхьэщызыIыгъэ К а л и г у л э къыпыгуфIыкIыу кIэлъоплъ щIэкIыж Х е р е е.

*Iупхъуэ*

## ЕПЛIАНЭ ЕДЗЫГЪУЭ
## ЯПЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Сценэр ныкъуэкIыфIщ. Х е р е е р э С ц и п и о н р э къохьэ. Х е р е е ижьырабгъумкIэ макIуэ, итIанэ сэмэгурабгъумкIэ еунэтIри, С ц и п и о н деж къегъэзэж.

С ц и п и о н *(и нэгур зэхэлъу)*. Сыт спыпхыну узыхуейр?

Х е р е е. Зэман ди мащIэщ. Мурад тщIам быдэу дытетын хуейщ.

С ц и п и о н. Хэт уэ къыбжезыIар сымыбыдэу?

Х е р е е. Уэ унэкIуакъым дыгъуасэрей ди зэIущIэм.

С ц и п и о н *(зригъэзэкIыу)*. Ар пэжщ, Херее.

Х е р е е. Сэ уэ нэхърэ сынэхъыжьщ, дэIэпыкъуныгъэ сыщIэлъэIууи сесакъым. Пэжыр жысIэнщи, уэ сыпхуейщ. Апхуэдэ укIыгъэм папщIэ жэуапыр къызэдащтэн хуейщ цIэрэ щхьэрэ зиIэ зыбжанэм. Хэт ягъэпудащи, къокъуалъэ, хэт шынагъэм зэщIиIыгъэщи, зэщIокIэзызэ. Напэмрэ пэжымрэ щхьэкIэ гузавэу мыбы яхэтыр уэрэ сэрэщ. Сэ сощIэ: уэ утхэкIыжми, зыри пщэжынукъым. Ауэ укъытхэтамэ, нэхъ къэсщтэнут.

С ц и п и о н. КъызгуроIуэ. Тхьэ пхузоIуэ схузэфIэмыкIыну.

Х е р е е. АтIэ арамэ, абы уригъусэу тлъытапхъэ?

С ц и п и о н. Хьэуэ, сригъусэкъым. И бийуи сыкъэувыфынукъым. *(ТIэкIурэ щыма нэужь къытехьэлъэу пещэ.)* Ар сукIыпэми, си гур абы и гъусэу къэнэнут.

Х е р е е. Уи адэр иукIати абы.

С ц и п и о н. Аращ псори къыщежьэри, псори щиухыжри аращ.

Х е р е е. Зыри къридзэркъым абы. Щодыхьэшх уи тхьи уи тхьэпэлъыти.

С ц и п и о н. Ар пэжщ, Херее. Арами, сэри зыгуэр схэлъщ абы ещхьу. Зы мафIэщ дэ тIуми ди псэр зысыр.

Х е р е е. ПIалъэр къосри, медан уохуэ, унафэ пщIыфын, ухэдэфын хуейуэ. А зи гугъу тщIым ещхь хъуфыну сэ схэлъам и жьэр здащ.

С ц и п и о н. Сэ зэпэзгъэщхьэхукIыфыркъым, сыту жыпIэмэ, си гуузлыузым нэмыщIи, абы къеузри зыхызощIэ. Псори къызэрызгурыIуэр аращ сэ си насыпыншагъэр.

Х е р е е. Уэ жыпIэм тепщIыхьмэ, ар захуэу къэлъытэн хуейщ.

С ц и п и о н *(и макъым зригъэхъуэжу)*. Уи фIэщ зэрыхъун, Херее, сэ игъащIэкIэ сыпсэуами, зымикI хейкIэ семыджэну.

Зыр адрейм еплъу щымхэщ.

Х е р е е *(къэгубжьу Сципион бгъэдокIуатэри)*. Сэ ар нэхъри жагъуэу сэзыгъэлъэгъуар уэ къуищIар арауэ къыщIэкIынущ.

С ц и п и о н. Сэ абы сригъэсащ гъунапкъэрэ кIэухрэ зимыIэм сыхущIэкъуу.

Х е р е е. Хьэуэ, Сципион, уэ абы гугъэр птрихауэ аращ. Зи щIалэгъуэм хъуэпсапIэр къытепхыныр нэхъ хьэлъэщ абы иджыри къэс щIэпхъаджагъэу илэжьам нэхърэ. Тхьэ соIуэ, сэ а зыми срикъункIэ, си губжьыр тескъутэу ар сукIынымкIэ. *(ЩIэкIыпIэм хуеунэтI.)*

Г е л и к о н къохьэ.

## ЕТIУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Г е л и к о н. Укъэслъыхъуащ, Херее. Калигулэ и ныбжьэгъухэр тIэкIу зэхегъэс, уэри унрихьэлIэн хуейщ. *(Сципион зыхуегъазэри.)* Уэ къоджакъым, тхьэрыкъуэ цIыкIу, укIуэж хъунущ…

С ц и п и о н *(здыщIэкIыжым Херее зыхуегъазэри.)* Херее.

Х е р е е *(щабэу)*. СынодаIуэ, Сципион.

С ц и п и о н. ЗыгурыгъаIуэ Iэмал иIэмэ.

Х е р е е *(щабэу)*. Хьэуэ, Сципион.

С ц и п и о н р э Г е л и к о н р э йокI.

## ЕЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Iэщэ къэрахьэкIым и макъ къоIу. ХъумакIуитI ижьырабгъумкIэ къохьэ. Абыхэм кърашэ л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м р э я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м р э. ТIури зэрышынар нэрылъагъущ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(и макъым нэхъ къызэрикIынум елIалIэурэ, хъумакIуэм жреIэ)*. Сыт икIэм-икIэжым, зэманри мыпхуэдизу хэкIуэтауэ, дэ тпахыну зыхуейр?

Х ъ у м а к I у э м *(ижьырабгъумкIэ къыщыт шэнтиуэмкIэ и Iэр ешийри)*. ТIыс мыбдеж.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Адрейхэми хуэдэу ди щхьэр палъэну хуейуэ арамэ, мыпхуэдизу зыщIагъэхьэзырын щыIэкъым.

Х ъ у м а к I у э м. ЕтIысэх мыбдеж, шыдыжь.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. ДытIысынщ. Мыбы зыри ищIэркъым. Ар гурыIуэгъуэщ.

Х ъ у м а к I у э м. Пэжщ, си тIасэ, ар гурыIуэгъуэщ.

Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сэ сщIэртэкъэ епIэщIэкIын зэрыхуейр. Иджы дэ бэлыхь Iэджи ттрагъэлъынущ.

## ЕПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Х е р е е *(мамыру шэнтиуэм итIысхьэурэ)*. Сыт мыбдежым къыщекIуэкIыр?

Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м р э  л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м р э *(зыжьэу)*. Заговорыр сэтей къэхъуащ.

Х е р е е. НтIэ, сыт?

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. Бэлыхьыр къыттралъхьэнущ, мис аращ зи сытыр.

Х е р е е *(къыфIэмыIуэхуу)*. Сэ къызэрызгубзыгъыжымкIэ, Калигулэ сестерцие мин ищIрэ зырэ иритауэ щытащ унэIут-дыгъуэрабзу шынагъэрэ залымыгъэкIэ къамыумысыфам.

Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м. Мы дэ дыздынахусари...

Х е р е е. Хьэуэ, хьэуэ. Абы къикIыр лIыгъэм пщIэ зэрыхуищIыр аращ. Фэри абы фегупсысын хуейщ. *(ЛIакъуэлIэш лIыжьым жриIэу.)* КъомыхьэлъэкIмэ, пхузэфIэкIынумэ, уи дзэпкъыр зэтумыгъауэт, сигу техуэркъым а макъыр.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. Ауэ сэ...



Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м. Куэдщ ар... Ди Iуэхур псэзэпылъхьэпIэщ.

Х е р е е. Фэ фщIэрэ Калигулэ и псэлъафэр?

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м *(къыщиудыну хьэзыру)*. СощIэ, сощIэ. Абы лIыукIым мыпхуэдэу жреIэ: «УемыпIэщIэкIыурэ укI, зэрылIэр нэхъ кууэ игъэвын папщIэ».

Х е р е е. Хьэуэ. НэхъыфIыжи иIэщ. Щхьэр зэрыпаупщIым йоплъ, мэхущхьэри ифIэщыпэу жеIэр мыпхуэдэу: «Псом нэхърэ нэхъ сызыгъатхъэр сыт жыпIэмэ, ар — гууз-лыуз зэрызимыIэрщ».

Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м. Зэхэфхрэ?

Iэщэ кърахьэкIым и макъ къоIу.

Х е р е е. А псэлъафэхэм сэтей къащI абы и тIасхъапIэри.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м. ПхузэфIэкIынумэ, кIэ ет мы уи философием. Къыстохьэлъэ сэ ар.

Сценэм и кум унэIутыр къохьэ. Джатэ къихьахэр скамейкэм трелъхьэ.

Х е р е е *(мор имылъагъуу)*. Сыти жыIэ, а цIыхум нэгъуэщIхэр къызэригъэдэIуэфым шэч хэлъкъым. Ухегъэзыхьри уегъэгупсысэ. ИрехулIэри псори егъэгупсысэ абы. Уигурэ уи щхьэрэ щызэтемылъым деж нэхъ уогупсысэ. Аращ апхуэдиз цIыхум ар къалъагъу щIэмыхъури.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м *(кIэзызу)*. Еплъыт.

Х е р е е *(джатэхэм гу лъетэри, и макъым зихъуэжу)*. ЖыпIар пэжу къыщIэкIынщ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. ДепIэщIэкIын хуеящ, кIэлъэф тщIащ.

Х е р е е. Аращ. Мы дерсыр тIэкIу гуващ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Делагъэщ мы къекIуэкIхэр. Сэ сыхуейкъым сылIэну.

Къотэджри щIэпхъуэжыну хуожьэ. ХъумакIуитI къос, зырызэ къыхоуэри, здэщысам ягъэтIысыж. Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м зэрысым зреудыгъуэ. Х е р е е псалъитI-щы жеIэ, зэхыумыхыу. Сценэм адэкIэ мыIупщIу къиIукIыу хуожьэ макъамэ гуэр. Тарелкэхэмрэ дзыргъэ-дзыргъэхэмрэ къызэролъэлъ. ЛIакъуэлIэшхэр зэтобэяуэри сценэм и куупIэмкIэ маплъэ. Iупхъуэм къызэпхощ, ныбжь щагъэджэгу театрхэм зэрыщыхабзэу, К а л и г у л э и сурэт, къэфакIуэхэм зэрахьэм хуэдэ кIэ кIэщI цIыкIу щыгъщ, венок щхьэрыгъщ. Ар мэбзэх, балетым зэрыщащIу, лъэбакъуэ зыбжанэ ечри. Асыхьэту хъумакIуэхэм ящыщ зым макъышхуэкIэ къажреIэ: къэгъэлъэгъуэныр духащ. А зэманым къриубыдэу Ц е з о н и е щабэрыкIуэу къохьэри театреплъхэм я щIыб къыдохьэ. ЕдаIуэхэр къэзыгъаскIэ макъ ткIийкIэ жеIэ.

## ЕТХУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е. Калигулэ сэ къалэн къысщищIащ нывжесIэну: иджыри къэскIэ фэ абы къэрал IуэхукIэ фыкъызэхуишэсу щытамэ, нобэ фыкъыщIригъэблэгъар и гъусэу эстетическэ гурыфIыгъуэм фыхишэну аращ. *(ТIэкIурэ щыма нэужь, пещэ.)* Пэжщ, мыпхуэдэуи къыдыщIигъужащ: ар дэзыгуэшыну хуэмей къыфхэкIым, я щхьэр пригъэупщIынущ. 145

Псори щымщ.

Къысхуэвгъэгъу тIэкIу къытезгъалэмэ. Ауэ сынывэупщIыну сыхуейт: мы иджыпсту фызэплъа къафэр телъыджэ гуэру къыфщыхъуа — хьэмэрэ?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(темыгушхуащэу)*. Къафэ бэлыхьт ар, Цезоние.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(зэпсалъэм фIыщIэ лей хуищIу)*. Ауэ сытми, Цезоние.

Ц е з о н и е. Уэ-щэ, Херее?

Х е р е е *(щIыIэ-щIыIэу)*. ИкъукIэ... хъарзынэт.

Ц е з о н и е. Ар фIы дыдэщ. АтIэ сэ псори Калигулэ жесIэжынщ.

## ЕХАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Г е л и к о н къохьэ.

Г е л и к о н. КъыджеIэт, Херее, а фэдгъэлъэгъуар пэж дыдэу искусствэшхуэт?

Х е р е е. Аращ, зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ.

Г е л и к о н. КъызгуроIуэ. Уэ улъэщщ, Херее. Дэтхэнэ зы цIыху тэмэмми хуэдэу, уфэрыщIщ. Сытми, утIасхъэкъым, гуэныхь сыткIэ сыхуей. Сэращи — апхуэдэу сыбланэкъым. Арами, Калигулэ ауэ IэпэкIэ фылъэзгъэIэсынукъым, езыр абы хуеипэу щытми.

Х е р е е. А жыпIэм сэ къыхэсхыну зыри хэлъкъым. Арами, сыпщытхъупхъэу къызолъытэ апхуэдэу узэрыхуэпэжым щхьэкIэ. ПщIэ яхузощI сэ блыгущIэт пэжхэм.

Г е л и к о н. Сыту Iеищэурэ удэпсэлъейрэ? И-и? Пэжщ, сэ къулыкъу зыхуэсщIэр никъуэделэщ. Уэ хэт зыхуэпщIэр? ФIыра?! Ухуеймэ, къыпхуискIутыни абы теухуауэ си гугъэр. Сэ унэIутым сыхалъхуауэ щытащ. АтIэ арати, цIыху щыпкъэ, уэ а фIыкIэ узэджэ уэрэд цIыкIум сэ куэдрэ чнуткIэ сыкъыдагъэфащ. Гай апхуэдэ уэрэди къызжиIакъым. ПщылIыпIэм сыкъришри и дворецым сыкъишащ. Арати, Iэмал згъуэтащ фIыщIэр къызэбэкI ахъырзэманхэм сыкъыфхэплъэну. Гу лъызмытэуи къэнакъым фи нэкIужьыр зэрыфIеймрэ мэ Iей зэрыфщыумрэ. Бэлыхьымрэ мыгъуагъэмрэ щымыгъуазэ цIыхухэм я фIэIурымэ гуащIэ. Фи щыгъыныр дахэми, фигухэр щIыIэт, фи нэгухэм нэпсеягъэр изт, фи Iэхэр кIэзызырт. Фэратэкъэ хеящIэхэри? Фэ, цIыхугъэм ирисондэджэрхэр, лъагъуныгъэм щIэхъуэпс хъыджэбзыжь цIыкIум хуэдэу зэIузэпэщ гъащIэм фыщIэхъуэпсурэ, фыпсэуху пцIы зэрывупсари къывгурымыIуэжауэ гужьеигъуэм фыхэту фолIэж. АфIэкIа зыкъуэмылъ фэ и ужь фохьэ бэлыхьищэр зи псэм телъу махуэ къэсыхункIэ зи уIэгъэщIэхэмкIэ лъыр зыщIэкI цIыхум суд тефщIыхьыну. Аракъэ? Ауэ япэщIыкIэ сэ фыкъысIууэн хуей хъунущ, мис ар зыщывмыгъэгъупщэ. КъыщIэнакIэ унэIутым, Херее! Ар нэхъ лъагэщ уэ уи уэркъыгъэм нэхърэ, сыту жыпIэмэ, абы иджыкIэ фIыуэ елъагъур и зиусхьэн насыпыншэр, икIи лъэкIыху ар щихъумэнущ фи уэркъ пцIызэIущэмрэ хьэгъэщагъэкIэ гъэнщIа фи псалъэхэмрэ.

Х е р е е. Зи гъащIэр кIыхь хъун Геликон. Уэ псалъэ дахэм зыдебгъэхьэхыIуащ. Уи фIэщ зэрыхъун, зэгуэр Iуэхум нэхъ ещхьу убгъэдыхьэфу щытакIэ.

Г е л и к о н. СыщIегъуэжауэ лъытэ. Мис аращ куэдрэ фэ къыфхэт дэтхэнэ зыми и махуэ хъунур. Жьы зэдэхъуа щхьэгъусэхэм я тхьэкIумэм цыуэ итыр зэпэбжщ, икIэм-икIэжым апхуэдизкIэ зэщхь мэхъури. Арами, сэ сызэрыщыта сыхъужынщ, умыгузавэ. Ауэ мы зыр… Къеплъыт, мы нэкIур плъагъурэ? Плъэгъуащ. Къеплъ иджыри нэхъыфIыIуэу. АтIэ аращ, уизгъэплъащ уи бийм и нэкIум. *(ЙокI.)*

## ЕБЛАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Х е р е е. Иджы епIэщIэкIын хуейщ. ТIури мыбдеж фыкъанэ. Ныщхьэбэ ирихьэлIэу дэ зы щэ дрикъунущ. *(ЙокI.)*

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Фыкъанэ, фыкъанэ... сэ сыщIэкIыжатэмэ, нэхъ къэсщтэнут. *(Жьыр фIыуэ пэкIэ дрешейри.)* Мыбдеж ажалымэ къыщыпщIехьэ.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Е — пцIым и мэ. *(Нэщхъейуэ.)* Сэ жысIащ а къэфэкIэр телъыджэу.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(мобы игу дахэ хуищIу)*. Аращ зэрыщытри, зы лъэныкъуэкIэ укъыщеплъмэ.

ЛIакъуэлIэш зыбжанэрэ шуудзэм и къулыкъущIэ зыбжанэрэ къохьэ.

## ЕЯНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт мыбдежым къыщекIуэкIыр? Фыщыгъуазэ? Императорым къыдигъэджащ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(къыфIэIуэху щымыIэу)*. Джэгум дыкъригъэблэгъауэ ара хъунщ.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт хуэдэ джэгу?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Ардыдэм — эстетическэ гурыфIыгъуэм.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сэ къызжаIащ Калигулэ икъукIэ сымаджэу.

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Аращ зэрыщытри.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыт къыщыщIар? *(ГуфIэгъуэр иIэу.)* Я, дэ ди тхьэ, лIэуэ пIэрэ?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Си гугъэкъым. Абы и узыфэм илIыкIыр нэгъуэщIхэр аращ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Апхуэдэу жыпIэ хъунумэ.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. КъызгурыIуащ жыпIэну узыхуейр. НэгъуэщI зы узыфэ гуэри имыIэу пIэрэ, шынагъуэу пыщIар нэхъ мащIэрэ дэри зыгуэркIэ къытхуэщхьэпэну?

Я п э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Хьэуэ, а и узыфэм дауэгъуи гуэгъуи идэркъым. Хуит сыкъэфщIмэ, Херее сепсэлъэн хуейщ. *(ЙокI.)*

Ц е з о н и е къохьэ. Щымхэщ.

## ЕБГЪУАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е *(къыфIэмыIуэхуу)*. Калигулэ и лъатэр мэуз, лъы къижьащ.

ЛIакъуэлIэшхэр псори абы йожэ.

Е т I у а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. О, ди тхьэу, лъэщхэ! Фыкъы-

зогъэгугъэ, ар хъужмэ, сестерциеу мин щитI казнам хэслъхьэну.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(гуащIэIуэу)*. О, Юпитер, абы и гъащIэм пэкIуэу узот сысейр.

К а л и г у л э къакIэщIодэIухьри щытщ, къызэрыщIыхьэрэ дакъикъэ зы-тIу хъуауэ.

К а л и г у л э *(етIуанэ лIакъуэлIэшым бгъэдохьэри)*. Сэ къыпIызох, Луций, уи тыгъэр, фIыщIэшхуэ пхузощI. Си казначейхэр уи деж нэкIуэнщ пщэдей фIэмыкIыу. *(Ещанэ лIакъуэлIэшым бгъэдохьэри IэплIэ хуещI.)* Апхуэдизк Iэ сыкъызэщIэпIейтеящи, уи фIэщ пхуэщIынкъым. *(ТIэкIурэ мэщым, итIанэ гуапэу.)* АтIэ фIыуэ сыкъэплъагъуу жыбоIэ?

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м *(къэгумэщIауэ)*. Эх, кесарь, сэ уэр щхьэкIэ схуэмытын щыIэ, семыгупсысыххэу.

К а л и г у л э *(IэплIэ хуищIауэ иIыгъщ)*. ТIэкIу ибогъэлеиIуэ, Кассий. *(Кассий мыарэзыуэ и Iэр ещI.)* Хьэуэ, хьэуэ, — бжызоIэр сэ. Ар сэ схуэфащэкъым. *(ХъумакIуитI зыбгъэдешэри.)* ЩIэфш мыр. *(Кассий щабэу жриIэу.)* КIуэ, ныбжьэгъу, икIи зыщумыгъэгъупщэ, Калигулэ и гур уэ пщIыгъущ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Дэнэ сыздашэр сэ мыбыхэм?

К а л и г у л э. Ар сыт дэнэ? УаукIыну. Уэ уи гъащIэр сысейм щIэптащ. Сэри нэхъыфI сыкъэхъужащ. Лъымэ тIэкIу зыщыу дыджагъыу си жьэ кIуэцIым щызыхэсщIэу щытари бзэхыжащ. Сэ уэ сыбгъэхъужащ. Уэ унасыпыфIэщ, Кассий, нэгъуэщIым папщIэ уи гъащIэр зэрыпхуэтамкIэ, щIэптари зэры-КалигулэмкIэ. Аращи, сэ иджы гуфIэгъуэ лIэужьыгъуэ псоми сахэIэбэну схузэфIэкIынущ.

ХъумакIуэхэм е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы р иралъэф, закъыIэщIиудыну екъуурэ.

Е щ а н э л I а к ъ у э л I э ш ы м. Сыхуей мыгъуэкъым. СыгушыIауэ аращ.

К а л и г у л э *(хъуэпсэнэгу къэхъуарэ мобы и кIиинып щызэпигъэукIэ, кIий пычахуэхэм я зэхуаку дигъэувэурэ)*. Мыгувэу хы Iуфэм декIуэкI гъуэгубгъухэр мимозэу къызэщIэгъэгъэнущ. Бзылъхугъэхэм бостей псыпсхэр къыщатIэгъэнущ, мастэнэм къызэрыфIачауэ щIэрыпс уафэр къабзабзэу зэщIэлъэщIауэ, Кассий! Мы гъащIэм и дэрэжэгъуэхэр!

К а с с и й щIэкIыпIэм нэсыпащ, Ц е з о н и е абы хуэмурэ щIэроIэ.

К а л и г у л э *(икъукIэ и фIэщу зыкъригъэзэкIыу)*. ГъащIэр, си ныбжьэгъужь, гъащIэр! Уэ ар фIыуэ плъагъуу щытамэ, апхуэдэурэ бэлэрыгъауэ уриджэгунтэкъым.

К а с с и й щIалъэф.

К а л и г у л э *(стIолым хуеунэтIри)*. ПфIахьэхуар етын хуейщ, Iэмал имыIэу. *(Зы бэуэгъуэ дегъэкIри.)* Мыдэ къакIуэт, Цезоние. *(Адрейхэм захуегъазэри.)* Гупсысэ хъарзынэ си щхьэм къихьащи, абыкIэ сывдэгуэшэну сыхуейщ. Сэ си пащтыхьыгъуэр нобэм къэс тIэкIу насыпыфIэIуэурэ екIуэкIащ. ЦIыху цIыкIур лъэрыщIыкI зыщI емынэ, дин хуэIухуэщIэхэм къарыкI хьэзаб, е, псалъэм папщIэ, къэрал зэхэкъутэ, кIэщIу жыпIэмэ, къэкIуэну щIэблэхэм ягу фыкъыщIэкIыжын зыгуэри щыIакъым. Мис ар — гъащIэр къызэрытщысхьыIуар — зыгуэркIэ згъэзэкIуэжыну аращ зи ужь ситыр. Сэ жысIэну сызыхуейр... СщIэркъым тэмэму сыкъывгурыIуами. *(ЩIэдыхьэшхыкIыу.)* КIэщIу вжесIэнщи, сэ емынэм и пIэ сиувауэ аращ. *(И псэлъэкIэм зрегъэхъуэжри.)* Иджы — щым джэдыкIампIэ! Мис — Херее. Абы и Iуэху уэ зехуэ, Цезоние. *(ЙокI.)*

Х е р е е р э  я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м р э  къохьэ.

## ЕПЩIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е  епIэщIэкIыу Х е р е е  бгъэдохьэ.

Ц е з о н и е. Калигулэ лIащ. *(ЗрегъэзэкI, гъы хуэдэ зещIри, адрейхэм набдзэгубдзаплъэу йоплъ. Ахэр щымщ. Гунэдж лъэпкъ яIэкъым. ЩIамыIэр нэгъуэщI щхьэусыгъуэщ.)*

Я п э  л I а к ъ у э л I э ш ы м. Уэ... Уэ уи фIэщу жыпIэрэ? Апхуэдэ насыпыншагъэ къэхъуа? Пэжкъым. Ар моуэ иджыпсту къэфа къудейщ.

Ц е з о н и е. Ардыдэщ. Къафэр и гум хыхьэри, телIыхьащ. *(Херее епIэщIэкIыу зэхэтхэм псоми гъуэрыгъуэурэ ябгъэдохьэ. Псори щымщ.)*

Ц е з о н и е *(хуэму)*. Уэ зыри жыпIэркъыми, Херее.

Х е р е е *(ещхьыркъабзэу хуэму)*. Ар насыпыншагъэшхуэщ, Цезоние.

К а л и г у л э  зыIэзыбжьэу къыкъуохури Х е р е е  хуеунэтI.

К а л и г у л э. Хъарзынэу уджэгуащ, Херее. *(ЗрегъэзэкI, адрейхэм яхоплъэри гушыIэурэ.)* Сыт тщIэн-тIэ, къикIакъым. *(Цезоние зыхуегъазэри.)* БжесIар зыщумыгъэгъупщэ. *(ЙокI.)*

## ЕПЩЫКIУЗАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Ц е з о н и е  зыри жимыIэу абы кIэлъоплъ.

Л I а к ъ у э л I э ш  л I ы ж ь ы м *(мыужьыхыж гугъэм къару къы-*

*хилъхьауэ)*. Пэж дыдэу, сымаджэ ар, Цезоние?

Ц е з о н и е *(нэ IейкIэ еплъу)*. Хьэуэ, си тIасэ. Уэ псоми ущыгъуазэкъым. Уэ пщIэркъым ар жэщым сыхьэтитI нэхъыбэ зэрымыжейр, къэна зэманым уардэунэм и галереехэр къызэхикIухьу зэрыщIэтым, и гум псэхугъуэ имыгъуэту. Уэ ущыгъуазэкъым жэщыбгымрэ нэхущымрэ я зэхуаку дэлъ сыхьэт гугъухэм ар къыхэзыгъащIэ гупсысэхэм. Ауэ уи пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым ахэр. Сымаджэу ара? Хьэуэ, сымаджэкъым ар. Абы и псэм узу хэлъымрэ абыхэм я хущхъуэгъуэмрэ уэ къэбгъуэтыфынкIи хъунущ.

Х е р е е *(зэхихыр псэкIэ зыхищIа хуэдэу)*. Узахуэщ, Цезоние. Дэ Гай доцIыхур...

Ц е з о н и е *(нэхъ жыджэру)*. Пэжщ, фоцIыхур ар фэ. Псэ зимыIэ дэтхэнэми хуэдэу, фэркIэ шэчыгъуейщ псэ иныIуэ зиIэ цIыхур. ПсэшхуэIуэ! Ар зэран мэхъу, пэжкъэ? Апхуэдэхэм деж абы уз фIащ. Зи псэр дэзыкъей вымпIухэр я напэр къабзэрэ езыхэр зыхуэарэзыжу тетщ мы дунейм. *(И псэлъэкIэр зэрехъуэкIри.)* Уэ зыгуэр фIыуэ плъэгъуагъэххи, Херее?

Х е р е е *(щIэрыщIэу зэрыщыта хъужу)*. Дэ тIорысэIуэ дыхъуащ а жыхуэпIэм дыхуеджэжыну, Цезоние. Апхуэдэ зэмани Калигулэ дригъэхуэжыну къыщIэкIынукъым дэ.

150

Ц е з о н и е *(зызэтриIыгъэу)*. Ар пэжщ. *(ЙотIысэх.)* Сщыгъупщэ пэтащ Калигулэ къалэн къысщищIар. ФщIэуэ пIэрэ фэ нобэрей махуэр искусствэм зэрытеухуар?

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. КалендарымкIи?

Ц е з о н и е. Хьэуэ. КалигулэкIэ. Абы усакIуэ зыбжанэ зэхуишэсащ темэ хьэзыркIэ зэдигъэусэну. Фэри усакIуэ къыфхэтхэщ. Калигулэ хуейщ ахэри зэхьэзэхуэм къыхыхьэну. Абы псом япэу зи цIэ къриIуар Сципион щIалэщIэмрэ Метеллрэщ.

М е т е л л. Арами, дэ дыхуэхьэзыркъым.

Ц е з о н и е *(жаIар зэхимыха хуэдэ макъ зэпIэзэрыткIэ)*. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, тыгъи щыIэнущ, тезыри щыIэнущ. *(Псори къэуIэбжьауэ йокIуэт.)* Дызэдищэхуу вжесIэнщи, тезырыр хьэлъэ Iейкъым.

К а л и г у л э къохьэ, зэикI хуэмыдэжу нэщхъыцэу.

## ЕПЩЫКIУТIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э. Псори хьэзыр?

Ц е з о н и е. Псори. *(ХъумакIуэхэм яжриIэу.)* Къафшэ усакIуэхэр.

УсакIуэу пщыкIутI хуэдиз къохьэ. ТIурытIурэ блокI.

К а л и г у л э. Адрейхэр дэнэ щыIэ?
Ц е з о н и е. Сципионрэ Метеллрэ!

Мы тIури усакIуэхэм яхохьэ. К а л и г у л э, Ц е з о н и е, уэркъхэр сэмэгурабгъумкIэ щотIысэхыр, сценэм и куупIэм. Щымхэщ.

К а л и г у л э. Темэр — лIэныгъэрщ. Зэману — зы дакъикъэ.

УсакIуэхэм епIэщIэкIыу я табличкэхэм тратхэ.

Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. Хэт сымэ жюрим хэсынур?
К а л и г у л э. Сэ. Ар уфIэмащIэ?
Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м. СфIэмащIэкъым. Тэмэм дыдэщ.
Х е р е е. Уэ зэхьэзэхуэм ухэтыну, Гай?
К а л и г у л э. Сэ сыщIыхэтын щыIэкъым. Iэджэ щIащ сэ а темэм теухуауэ лэжьыгъэ зэрыстхрэ.
Л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы м *(зэкIэлъигъэпIащIэу)*. Ар дэнэ къыщыдгъуэт хъуну пIэрэ?
К а л и г у л э. Сэ абы махуэ къэс гъэхуауэ сыкъеджэ пэлъытэщ.

Цезоние къэгузэвауэ абы йоплъ.

К а л и г у л э *(гурыуэу)*. ЛIо, си нэIур уигу ирихьыркъэ?
Ц е з о н и е *(щабэу)*. Къысхуэгъэгъу.
К а л и г у л э. Тхьэм щхьэкIэ зумыухыж, зумыгъэфэрыщI. Армырами, уэ езыр ушэчыгъуафIэ цIыкIукъым.



Цезоние зызэтриIыгъэну хэтщ.

К а л и г у л э *(Херее зыхуигъазэу)*. Аращ, а жыхуэсIам нэмыщIкIэ сэ нэгъуэщI зыри стхакъым. Ауэ ар щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, Римым и тхыдэм художникышхуэу хэтыр сэ зыращ, и гупсысэмрэ и IуэхущIафэмрэ зэтехуэу, Херее.
Х е р е е. Ар зэлъытар властырщ.
К а л и г у л э. Пэжщ, адрейхэр щIэтхэр власть зэрамыIэр аращ. Сэ творчествэ сыщIыхуеин щхьэусыгъуэ щыIэкъым: сэ сопсэу. *(Гурыуэу.)* Сыт? Фыхьэзыр фэ?
М е т е л л. Си гугъэмкIэ, дыхьэзырщ.
П с о м и. Аращ.
К а л и г у л э. Арамэ, мыдэ фыкъэдаIуэ. Фэ зырызурэ япэкIэ фыкъыхэкIуэтынущ чэзукIэрэ. Софийри — зым къеджэн щIедзэ. Аргуэру сыфиймэ — абы щегъэтыжри, къэкIэлъыкIуэм пещэ. Мис апхуэдэурэ. Си фий макъымкIэ зи къеджэныр зэпызымыгъэур аращ, дауикI, текIуэныгъэр зеинур. Зывгъэхьэзыр. *(Херее зыхуегъэщхъри.)* Нэсу убзыхуауэ щытын хуейщ дэтхэнэ зы Iуэхури, искусствэри. *(Фий макъ.)*

Я п э у с а к I у э м. Псы нэпкъ фIыцIэм къебакъуэ ажалым…

Фий макъ. У с а к I у э р сэмэгумкIэ IуокIуэт. Адрейхэми ар къапэщылъщ. Сценэр механическэу егъэкIуэкIын хуейщ.

Е т I у а н э у с а к I у э м. Ажалищ я бгъуэнщIагъым къыщIэплъу… *(Фий макъ.)*

Е щ а н э у с а к I у э м. Сыноджэр сэ лIэныгъэ…

Мыарэзыныгъэм и фий макъ. Е п л I а н э у с а к I у э р утыкум къохьэри, усэ къызэреджэнум хуэщIауэ йоувыкI. Абы зыгуэр жиIэнуи хунэмысу, фий макъыр къоIу.

Е т х у а н э у с а к I у э м. Сысабий цIыкIуу сэ…

К а л и г у л э *(мэкIий)*. Хьэуэ! Хьэуэ! Зы ахьмакъ гуэрым и сабиигъуэмрэ къыхэтлъхьа темэмрэ сыткIэ зэпха? КъызжепIэфыну — сыткIэ?

Е т х у а н э у с а к I у э м. Гай, сэ иджыри сухакъым…

Хьэндрэфий макъ къоIу.

Е х а н э у с а к I у э м *(утыкум къоувэ, зегъэпсчэуIури)*. ИмыIэу щысхьырабгъу мэбакъуэ… *(Фий макъ.)*



Е б л а н э у с а к I у э м *(щэху гуэр иIуатэм хуэдэу)*. МыIупщI икIи зэхэтхъуа тхьэлъэIу…

Хьэндрэфий макъ зэпыууэрэ къоIу.

С ц и п и о н утыку къохьэ, табличкэ имыIыгъыу.

К а л и г у л э. Уи чэзущ, Сципион. Табличкэ пIыгъкъэ?

С ц и п и о н. Сэ абы сыхуэныкъуэкъым.

К а л и г у л э. ИIэт. *(И хьэндрэфийр дзэпкъкIэ икъузу)*.

С ц и п и о н *(Калигулэ гъунэгъуу бгъэдэту, абы емыплърэ езэшаифэу)*.

ЦIыхухэр нэхъ къабзэ зыщI насыпым къыкIэлъыбжыхьу.
Дыгъэм щиIутIыж уафэр…
КъикъуэлъыкI махуэшхуэхэмрэ гугъэр зэмэщIэкI си Iуэщхъухэмрэ!..

К а л и г у л э *(щабэу)*. Куэдщ ар, сынолъэIу… Уэ иджыкIэ ущIалэIуэщ ажалым и дерс пэжхэр зэбгъэщIэну.

С ц и п и о н *(Калигулэ и нэм щIэплъэу)*. Сэ сыщIалэIуэт си адэр сфIэкIуэдыну…

К а л и г у л э *(псынщIэу зрегъэзэкIри)*. Адрейхэр сатыру фыувыжыт… УсакIуэ мыхъумыщIэр шэчыгъуафIэу къызыщыхъухэм сащыщ-

къым сэ. Нобэм къэсыхункIэ сэ фэ фахэслъытэрт си телъхьэхэм, зэзэмызи си нэгу къыщIэзгъэхьэрт, и нэм нэсмэ, къыскъуэувэжынури фэрауэ. Сыщыуэрт. Иджы си бийхэм фахэзбжэн хуей хъунущ. УсакIуэхэр… Iуэхум кIэ иIэу аращ. Фынежьэ. Фэ си пащхьэмкIэ фыщызблэкIынущ, фи цIапIагъэм и лъэужьыр а фIыгъ табличкэхэм къивбзеикIыжурэ. ФыкъэдаIуэ! Фежьэ!

Лъэмакъымрэ хьэндрэфий макъымрэ къызэдоIу. УсакIуэхэм ижьырабгъу икIыпIэмкIэ яунэтI, я табличкэ мыкIуэдыжынхэм ебзеижурэ.

Калигулэ (*щэхубзэу*). Адэ фыкIуэ псори. (*Бжэм деж Херее япэ лIакъуэлIэшым и блыпкъыщхьэм йоIусэри къегъэувыIэ.*)

Херее. Къэсащ пIалъэр. (*Сципион ар зэхех, бжэщхьэIум зыщеIэжьэри, Калигулэ деж къегъэзэж.*)

Калигулэ (*губжьу*). УскIэрыкIмэ, мынэхъыфIу пIэрэт? Уядэми апхуэдабзэу ищIауэ щытащ.

## ЕПЩЫКIУЩАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

Сципион. Хьэуэ, Гай, абы зыкIи ухуейкъым. Сэ къызгурыIуащ уэ зытебухуар.

Калигулэ. СкIэрыкI.

Сципион. Пэж дыдэу сыпкIэрыкIынущ, узэхэсщIыкIыу къысфIощIри. УэркIи, апхуэдизу уэщхь сэркIи нэгъуэщI хэкIыпIэ слъагъуркъым. Сэ жыжьэ сыкIуэн хуей хъунущ а псори къызгурыIуэным папщIэ. (*Зэпегъэури, фIыуэ Калигулэ йоплъ.*) Уузыншэу, Гай. Псори зэфIэкIмэ, зыщумыгъэгъупщэ сэ фIыуэ услъагъуу зэрыщытар. (*ЙокI.*)

Калигулэ абы кIэлъоплъри, кIэлъыIэбэ хуэдэу зещI, и пIейтеягъэр ирекъухри, Цезоние дежкIэ къегъэзэж.

Цезоние. Сыт абы жиIар?

Калигулэ. Ар уэ къыбгурымыIуэн Iуэхущ.

Цезоние. Сыт узэгупсысыр?

Калигулэ. Абы… Уэ… ТIури зыщ ар.

Цезоние. Сыт къэхъуар?

Калигулэ (*абы еплъу*). ЩIэкIыжащ Сципион. КIэ естащ ныбжьэгъугъэм. Уэ, сэ — сызэупщIыжу аращ, уэ иджыри мыбдеж щхьэ ущыт?

Цезоние. Уигу срохьри…

Калигулэ. Хьэуэ. УзукIамэ, къызгурыIуэну къыщIэкIынт ар.

Цезоние. Мурад хьарзынэщ. ГъэзащIэ. НэгъуэщI мыхъуми зы дакъикъэ умыпсэуфыну пIэрэ уэ ущхьэхуитрэ уи гур гъэтIылъауэ?

Калигулэ. Илъэс зыбжанэ щIащи, аращ сэ къалэну сиIэр — сыщ-

хьэхуиту сопсэу.

Ц е з о н и е. НэгъуэщIщ сэ жыхуэсIэр. ЗыгурыгъаIуэ. Ар сытым хуэдэу фIыуэ къыщIэкIыну, уи гъащIэри лъагъуныгъэри псэ къабзагъэкIэ гъэнщIауэ упсэуныр.

К а л и г у л э. Къабзагъэр дэтхэнэ зыми зэрыхузэфIэкIкIэ къыщIеуIукI. Сэ абы сызэрыхуэкIуэр нэхъыщхьэ дыдэр къэслъыхъуэкIэрэщ. Ауэ, дауэрэ мыхъуами, сэ уэ узукIыфынукъым. *(Мэдыхьэшх.)* Апхуэдэр хъуну къыщIэкIынт гуауэу згъэвам яхуэфащэ кIэух.

К а л и г у л э къотэджри гъуджэр зэрегъэдзэкI, блынхэм декIуэкIыурэ зокIуэ, хьэкIэкхъуэкIэм хуэдэу. И IитIри къыдэмыбзрэ жыпIэну къолэлэх.

Сыту гъэщIэгъуэн. Зыгуэр щыIузмыпIэм деж закъуэныгъэр къыстогуплIэ. ЯхузэфIэкIынукъым псэ зыIутхэм дуней псор псэупIэ ящIу зэшыгъуэр зэкIэщIахуну. Фэ псори фыщызигъусэм деж си хъуреягъкIэ щызэпызощэ си нэр къыщхьэрызыпхъуэ гъунапкъэншэ нэщIу иузэщIыкIар. Сэ сызыдэтыншыр дуней пэжым кIуэжахэр аращ. *(И нэкIур театреплъэхэм яхуэгъэзауэ щытщ, и гупэмкIэ мащIэу зигъэщхъыу.)* Ахэращ ипэжыпIэкIэ щыIэр. Ахэр сэ схуэдэщ. Ахэр къыспоплъэ, сагъэпIащIэ. *(И щхьэр егъэсыс.)* Сэ куэдрэ сопсэлъылIэ абыхэм: зэ — зым, зэм — адрейм, гущIэгъу хуэсщIыну къэкIийуэрэ зи бзэгур кърезгъэчам.



Ц е з о н и е. КъакIуэ мыдэ, къызбгъурыгъуалъхьэ, уи щхьэр си лъэгуажьэм къытелъхьэ. *(Калигулэ апхуэдэу ещI.)* Хъарзынэщ. Псори мамырщ.

К а л и г у л э. Псори мамырщ. ЩIыбогъатхъэ. Зэхэпхыркъэ зэрахьэ Iэщэ-фащэм я макъыр. *(Макъхэр къоIу.)* Зэхыумыхыу ара цырхъ мин бжыгъэ, къуэгъэнапIэм къуэсхэу, сэ къысхуэгъэза гужьгъэжьым и хъыбар къэзыхьэсхэр?

Псалъэмакъ мыIупщIу къоIу.

Ц е з о н и е. Зыми хузэфIэмыкIынщ…

К а л и г у л э. Делагъэм нэмыщI…

Ц е з о н и е. Абы иукIыркъым. Абы цIыхухэр нэхъ сакъ ещI.

К а л и г у л э. Абы ажалым и жылэ тресэ, Цезоние. Абы ажалыр егуэш, къагъэпудауэ къыщилъытэхэм деж. Сэ сызыукIынур зи къуэ е зи адэ езгъэукIахэр аракъым. Абыхэм къагурыIуащ. Абыхэм сызэхащIыкI, ауэ адрейхэм, ауан сщIахэмрэ сызыкIуэцIытIыхьахэмрэ я губжьым зэрызыщысхъумэн Iэмал сэ сиIэкъым.

Ц е з о н и е. Дэ ущытхъумэнщ. Дэ иджыри куэд дохъу, уэ фIыуэ укъэзылъагъухэр.

К а л и г у л э. Фэ фынэхъ мащIэщ. Апхуэдэу щытыным щхьэкIэ

щӀэн хуей псори сэ зэфӀэзгъэкӀащ. КъищынэмыщӀауэ, мыри жыдгъэӀэт: делагъэм и закъуэкъым сэ къыспэувыр, насыпыфӀэу псэуну хуейхэм я лӀыгъэри псэжьыгъэри къыспэщӀэтщ.

Ц е з о н и е. Хьэуэ. Абыхэм уахуэукӀынукъым уэ. Уафэм уафэхъуэпскӀыр къеухынщи хисхьэнщ, уэ къыплъэӀэсын и пэкӀэ.

К а л и г у л э. Уафэм. ЖыхуэпӀэ уафэр аращ щымыӀэххэр, тхьэмыщкӀэ. *(КъотӀыс.)* Аркъым, дэнэ къыздикӀар мыпхуэдиз лъагъуныгъэр? Апхуэдэр хэтакъым ди зэгурыӀуэныгъэм.

Ц е з о н и е *(къотэджри къикӀухьу щӀедзэ)*. Адрейхэр зэрыбукӀым сеплъыныр мащӀэӀуэу, уэ узэраукӀынури сщӀэн хуейуэ ара? УткӀийрэ уи нэщхъ зэхэукӀауэ укъысхуэкӀуэу укъыщыздэгъуэлъкӀэ, укӀыгъэм, лъым и мэ къызэрыпкӀэрихри мащӀэ? Махуэ къэскӀэ солъагъу сэ мащӀэ-мащӀэурэ уэ зэрыпхэлӀыкӀыр цӀыхугъэ щӀыжаӀэж псори. *(ЗыхурегъэзэкӀри.)* Сэ сыщӀалэжкъым. Мыгувэу фэншэ сыхъунущ. Ари къызгуроӀуэжыр. Ауэ сэ си псэм зыри нэгъуэщӀ къыхэнэжакъым уэ птеухуа гупсысэм нэмыщӀ. СэркӀэ мыхьэнэшхуэ иӀэжкъым уэ фӀыуэ сыкъэплъагъуми сыкъыумылъагъуми. Сэ зы закъуэщ сызыхуеижыр — ухъужауэ слъагъуныр. Иджыри усабийщ уэ — гъащӀэ псо къыппэщылъщ. Сыт абы нэхъыбэкӀэ уэ узэрызыхуэхъуэпсэжыфынур — гъащӀэ псо нэхърэ?

К а л и г у л э *(къотэджри йоплъ)*. Сыту куэд щӀауэ ущыс мыбдеж.

Ц е з о н и е. ЩӀащ. Сэ сыщӀэпхужынукъым, пэжкъэ?

К а л и г у л э. СщӀэркъым. Ауэ мыбдеж ущӀыщытыр сощӀэ. ГуфӀэгъуэр къызэмэщӀэкӀ Ӏэпкълъэпкъым и гурыфӀыгъуэ гуащӀэ къызэзыта жэщхэр щыӀащи, сэ стеухуауэ куэд къэпщӀащи. *(ӀэплӀэ хуещӀри, и щхьэр ирегъэщӀеикӀ.)* Сэ илъэс тӀощӀрэ бгъурэ сохъу. Куэдкъым. БлэкӀам и щӀэиныр зытехьэлъэ си гъащӀэр кӀыхьу, кӀэухи игъуэтыжауэ къыщысщыхъу мы сыхьэтым и иужьрей щыхьэту укъонэ. ИкӀи уэ, фызыжь сыхъунущ, жызыӀэм, си гум къыщыпхуэуш гумащӀагъэу тӀэкӀу сфӀэемыкӀури згъэпщкӀуфынукъым.

Ц е з о н и е. КъызжеӀэт сыщӀумыхужыну.

К а л и г у л э. СщӀэркъым. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Ӏейр сэ къызэрызгурыӀуэжаращ а къезмыгъэкӀу гумащӀагъэр гурыщӀэ къабзэ закъуэу сэ мы гъащӀэм къыщызитар арауэ зэрыщытыр.

Ц е з о н и е мобы и ӀэплӀэм къокӀыж. К а л и г у л э абы кӀэлъокӀуатэ. ЦӀыхубзым щӀыбагъкӀэ зыкъыкӀэрекъузылӀэ, мыдрейми и ӀитӀыр абы къерешэкӀ.

К а л и г у л э. МынэхъыфӀу пӀэрэ иужьрей дыдэ щыхьэтыр бзэхмэ?

Ц е з о н и е. УзэрегуакӀуэщ. Сэ а жыпӀамкӀи сынасыпыфӀэщ. Ауэ сыт щӀэмыхъунур сэ уэ а насыпымкӀэ сыбдэгуашэ.

К а л и г у л э. Хэт уэ къыбжезыӀар сэ сымынасыпыфӀэу.

Ц е з о н и е. Насыпыр псэ хьэлэлщ. Езыр псэун щхьэкӀэ, адрейхэр зэтриукӀэркъым.

К а л и г у л э. Апхуэдэу щыщыткӀэ — насыпыр лӀэужьыгъуитӀу зэщхьэщедз. Сэ къыхэсха насыпыр ажал зыгуэшыр аращ. ИкӀи сынасыпыфӀэщ. ЩыӀащ зэман, бэлыхьым и гъунапкъэм сынэсыпауэ къыщыслъыта. Сыщыуэу арат. АдэкӀи укӀуэ хъунущ. ГугъапӀэншэмрэ зэшымрэ я гъунапкъэхэм адэкӀэ къыщылъщ насыпым и губгъуэшхуэ, къыщыкӀи къытекӀи щымыӀэу. Сэ къызэплъ. *(Цезоние абы зыкъыхурегъэзэкӀ.)* Рим дэс псоми Друзиллэ и цӀэ къраӀуэну хуэмейхэу илъэс зыбжанэкӀэ зэрекӀуэкӀар сигу къыщызгъэкӀыжкӀэ си дыхьэшхын къокӀуэ. Зы илъэскӀэкъым Рим зэрыщыуар. Сэ лъагъуныгъэ закъуэкӀэ сызэрыримыкъунури къыщызгурыӀуари абы щыгъуэщ. Ноби апхуэдэу согупсыс, уэ сыноплъурэ. Зыгуэр фӀыуэ плъагъуным къикӀыр — жьы узэдэхъунуи узэгурыӀуауэ аращ. Сэ къысхуэгъэкъаруунукъым апхуэдэ лъагъуныгъэр. Жьы хъуа Друзиллэр куэдкӀэ нэхъ Ӏейщ лӀа Друзиллэм нэхърэ. Фэ фи гугъэщ цӀыхум бэлыхь щӀытелъыр фӀыуэ илъагъур зэуэзэпсэу зэрылӀар арауэ. Бэлыхьыр аракъым къызыхэкӀыр. Бэлыхь дыдэр къыщыпхуэкӀуэр — уи гуауэм кӀэ игъуэту гу лъыпта нэужьщ. Мыхьэнэ лъэпкъ иӀэкъым езы нэщхъеягъуэми щыгъуэнми. Мис — къызэплъ. Сэ хей сызэрыпхуэщӀын зыгуэр зыми — лъагъуныгъэм и ныбжьми, зэшым и дыджми — къыхэбгъуэтэфынукъым. Тхьэи сӀуэнкъым, ауэ мы илъэс екӀуэкӀахэм ебгъапщэмэ, сэ нобэ щхьэхуитыныгъэу збгъэдэлъым хуэдиз зэикӀ сиӀакъым. Сэ саӀэщӀэкӀащ гукъэкӀыжхэмрэ нэкъыфӀэщӀхэмрэ. *(Ину мэдыхьэших.)* Сэ сощӀэ псоми кӀэух зэриӀэр. Сыту гупсысэшхуэ! Тхыдэм зытӀущщ дэ тхуэдэу хэтар — апхуэдэ насып делэр игъэунэхуауэ. Цезоние, уэ трагедие гъэщӀэгъуэныр и кӀэ дыдэм нэс плъэгъуащ. И чэзу хъуащ Ӏупхъуэр уи пащхьэм щызэхуэсщӀыжыну.

ЦӀыхубзым и щӀыбагъкӀэ къыдэту, абы и пщэм и ӀитӀыр кърешэкӀ.

Ц е з о н и е *(шынауэ)*. Апхуэдэ хуитыныгъэ шынагъуэр ара уэ насып жыхуэпӀэжыр?

К а л и г у л э *(нэхъри быдэу мобы и пщэр икъузу)*. Аращ, Цезоние. А насыпыр мыхъуамэ — сэ сызыхуэарэзыж ныбэизу арат. Абы и сэбэпкӀэ сэ къызэхэулӀащ тхьэпэлъытэ шу закъуэхэм я тхьэгурымагъуэ къарур, зэфӀэкӀыр.

Нэхъри къызэщӀоплъэ, хуэм-хуэмурэ Ц е з о н и е здитхьэлэм. Ар зихъумэжыну пылъкъым, и ӀитӀыр и гупэмкӀэ иший нэмыщӀ. И тхьэкӀумэм зыхуигъэщхъыу жреӀэ.

Сэ сопсэу зэтезукӀэу, лъапсэрыхыр къахуэзгъакӀуэу. Си лъэщагъым къебгъапщэмэ, зыгуэр зыухуэхэм я лъэщагъыр сытым щыщ. Аращ насыпри, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, щхьэхуитыныгъэ гугъур, уи хъуреягъыр лъыкӀпсыкӀрэ псори ажалу плъагъуу уи щхьэр хэбгъэфӀыкӀыныр, жэуап

зымыхьыну лIыукIым и гуфIэгъуэ мардэншэр уи бгъэм щыз пщIыныр, цIыху гъащIэр, ууейри хэту, Цезоние, зэхэзыхьэжэ логикэ гущIэгъуншэр сэтей къэщIыныр, псэр зыщIэхъуэпс закъуэныгъэ лъагэр игъащIэ псокIэ щыIэну къыптепсыхэным папщIэ!

Ц е з о н и е *(мащIэу къоныкъуэкъу)*. Гай!

К а л и г у л э *(хъийм икIауэ)*. Хьэуэ, Iуэхум гущIэгъу лъэпкъ хэмыту. КIэ етын хуейщ. Зэманыр къыспэплъэркъым. Зэманыр къыспэплъэркъым, си Цезоние лъапIэ.

Ц е з о н и е и къурмакъейр мэхъырхъ. К а л и г у л э ар пIэм иредзэ.

К а л и г у л э *(мобы йоплъ. И нэхэр зожэ. Макъ лъахъшэкIэ)*. Уэри укъуаншэт. АрщхьэкIэ букIкIи зэфIэкIыркъым.

## ЕПЩЫКIУПЛIАНЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭ

К а л и г у л э *(зегъазэри гъуджэм хуокIуэ, Iуэщхъум хэтым ещхьу)*. Калигулэ! Уэри, уэ езыри укъуаншэщ. ТIэкIу нэхъ мащIэу е нэхъыбэу — сыт абы я зэхуакур. Хеи уэчыли здэщымыIэ мы дунейм хэт сэ суд къыстезыщIыхьыфынур? *(И гур фIэкIуэдауэ гъуджэм зыкIэрикъуэзэу.)* Плъагъурэ, Геликон къэкIуакъым. Мазэр къысIэрыхьэнукъым. Сыту гугъу ар — и кIэм унэсын хуей къалэнымрэ уи захуагъэмрэ зэдэпхьыныр. Сыщошынэ сэ кIэухым. Джатэхэр мэзу. Хеягъэм IутIыжым зыхуигъэхьэзыру аращ. Сыт сыщIыщымыIар сэ модрей лъэныкъуэмкIэ? Сошынэ. Сыту цIапIагъэ, хэбутэу щытахэм ядэплъэгъуа къэрабгъагъэм ещхь уэ уи псэм къибгъуэтэжыну. Iуэхукъым ари. Шынагъэми кIэух иIэнщ. ИкIи сэ сыкъыщыхутэнщ зыри здэщымыIэ, нэрымылъагъу куей нэщIу гъунапкъэ зимыIэжым. Си гум абы зыщигъэпсэхужынщ.

Зы лъэбакъуэкIэ къыIуокIуэтри, гъуджэм бгъэдокIуэтэж, тIэкIу нэхъ мамырыжа хуэдэу. Нэхъ хуэму, нэхъ зызэтриIыгъэу псэлъэн щIедзэж.

Псори нэкъыфIэщIщ, къызэрыгуэкI дыдэщ. Мазэр сэ къыслъысатэмэ, лъагъуныгъэ къудейкIэ срикъуу щытатэмэ, псори нэгъуэщIу къекIуэкIынут. Ауэ сыткIэ изгъэкIыну си псыхуэлIэр? Сыт хуэдэгу, сыт хуэдэтхьэ сэ си псыхуэлIэр изыгъэкIыфынур? *(ЛъэгуажьэкIэ йоувэхри магъ.)* Мы дунейми нэгъуэщI щIыпIи щыIэкъым сэ сэщхь гуэр. Сэ сощIэ, уэри уощIэ ар. *(Гъуэгыурэ и Iэр гъуджэм хуеший.)* Сэ сызыхуейр дунейм темытыххэу си Iэр зыхуэкIэщIыр аращ. Ар къыщыслъыхъуащ сэ дунейм и гъунапкъэми си псэм и нэзми. Си Iэр сшийрт. *(МэкIий.)* Си Iэр сошийри уэ сыбжьэхоуэ. Сытым щыгъуи си пащхьэ къитыр уэращ, уэ слъагъу мыхъур. Сэ сызытета гъуэгум зыщIыпIи уишэртэкъым. Си хуитыныгъэр нэпцIщ. Геликон! Геликон! Хьэуэ, мыбдежым зыри щыIэкъым. Сыту хьэлъэ мы жэщыр. Геликон къэкIуэнукъым.

Дэ дыкъэнэнущ игъащIэкIэ дымысэу. Хьэлъэщ мы жэщыр, цIыхупсэм телъ бэлыхьым хуэдэу.

Зыгуэрхэр зоIущащэ, Iэщэ-фащэм игъэIу макъ къоIу.

Г е л и к о н *(сценэм и куупIэмкIэ зыIэзыбжьэу къохьэри)*. Зыхъумэж, Гай! Сакъ!

Нэрымылъагъу Iэ гуэрым Г е л и к о н къамэ къыхеIу.

К а л и г у л э къотэдж, шэнтиуэр къещтэри хьэлъэу бауэу гъуджэм бгъэдохьэ. Зоплъыж, япэкIэ лъэ хуэдэу зещI. Гъуджэм къищ и сурэтми апхуэдэу зыкъыщыхуищIыжкIэ, мэгъуахъуэри шэнт иIыгъыр иреутIыпщ.

К а л и г у л э. Хэбакъуэ тхыдэм, Калигулэ, хэбакъуэ.

Гъуджэр зэрыкъутэу, бжэ псомкIи къыщIольадэ заговорщикхэр, Iэщэ яIэщIэлъу. К а л и г у л э делэ дыхьэшхыкIэ зищIу абыхэм закъыхурегъэзэкI. Абы и щIыбагъымкIэ къоуэ л I а к ъ у э л I э ш л I ы ж ь ы р, и нэкIум — Х е р е е. К а л и г у л э и дыхьэшх макъыр псэхэкI-хьэкIэм хуокIуэ. Иджы удынхэр дэнэ лъэныкъуэкIи къыщрадз. ЩIэдыхьэшхыкI щхьэкIэ, хьэчэхьэпсэ хъуауэ, иужь дыдэу зэ къыхокIиикIыж:

Сэ иджыри сыпсэущ!

*Iупхъуэ*

*ЗэзыдзэкIар*

**БЕЩТОКЪУЭ Хьэбасщ**

*ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэм ирихьэлIэу*

# Зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ…

*Жылагъуэм зыхуей хуэзэу зиужьынтэкъым, цIыхубэм лъагапIэщIэхэр зыIэригъэхьэфынтэкъым, бзылъхугъэм и сэбэпынагъэ дэIэпыкъуэгъурэ хэмытамэ. ЦIыхубзыр анэщ, шыпхъущ, щхьэгъусэщ. Нобэ абы гъащIэм щиубыда увыпIэр къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Ар жыджэру хэтщ жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ, щIэныгъэ-техникэ унэтIыныгъэхэм. КъищынэмыщIауэ, иджырей бзылъхугъэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр къызэрагъэпэщ, псапащIэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI, сэбэпынагъ зыпылъ зэхьэзэхуэхэр, фестивалхэр зэхаублэ.*

*Ди республикэми щымащIэкъым апхуэдэ цIыхубз жыджэрхэр. Абыхэм яхэтщ цIыхум и узыншагъэр зэфIэзыгъэувэж дохутыр Iэзэхэр, щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэзылъхьэ егъэджакIуэ щыпкъэхэр, лъэпкъ хабзэмрэ зэчиймрэ утыку къизыхьэ артист цIэрыIуэхэр, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэIэижь IэщIагъэлI щэджащэхэр. Гъатхэпэм и 8-м ирихьэлIэу я гупсысэхэмкIэ дэ къыддэгуэшащ зи щIэныгъэкIэ, зэфIэкIкIэ, лэжьыгъэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьэ цIыхубз зыбжанэ.*

**Дыджэш Лидие,** *ЦIыхубзхэм я Налшык къалэ советым и гуащэ:*



Бзылъхугъэхэр жыджэру хэтщ республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэхэм. Уеблэмэ, экономикэми, политикэми, нэгъуэщI IэнатIэ куэдми я гуащIэ халъхьэ. АбыкIэ псом япэу щапхъэ мэхъу КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ. А бзылъхугъэр сэ фIыуэ соцIыху, комсомолым дызэдыхэтащи. «Илъэсым и бзылъхугъэ» зэпеуэм Егоровэ Татьянэ «Политикэ-жылагъуэ лэжьакIуэ жыджэр» цIэр къызэрыщыфIащари абы зэфIэкIышхуэ зэриIэм и щыхьэтщ. Ди республикэм апхуэдэу къулыкъу лъагэ щаIыгъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Литовченкэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу, министрхэу Емуз Нинэ, Шэт Ирмэ сымэ.

ЦIыхубзхэм я совету Налшык къалэ щыIэм хэтщ чэнджэщ щхьэпэ сыт щыгъуи зыщыбгъуэт нэхъыжьыфIхэри, Iуэхум щIэщыгъуагъ халъхьэным хуэпабгъэ нэхъыщIэхэри. Ди мурад нэхъыщхьэщ цIыхухэр зэгурыгъэIуэныр, гъунэгъу зэхуэщIыныр,

анэхэм, унагъуэ щхьэхуэхэм, сабийхэм защIэгъэкъуэныр, къащхьэщыжыныр. Ди къалэнхэр дгъэзэщIэнымкIэ сыт щыгъуи сэбэп къытхуохъу Налшык къалэ администрацэр.

Ди Советым Iуэхугъуэ куэд ирегъэкIуэкI. Апхуэдэщ «Илъэсым и бзылъхугъэ», «Унагъуэ зэгурыIуэр – ехъулIэныгъэхэр зиIэрщ» зэпеуэхэр. АбыхэмкIэ ди мурадщ властым, жылагъуэ лэжьакIуэхэм цIыхубзхэм я зэфIэкIым гу лъедгъэтэну. Зэхьэзэхуэм хэтыну зыхуагъэфащэхэр IуэхущIапIэхэм къагъэлъагъуэ. Абыхэм къадэкIуэу, проект щхьэхуэхэри догъэхьэзыр. Псалъэм папщIэ, «Бзылъхугъэ узыншэр - лъэпкъым и узыншагъэм и лъабжьэщ», «Бзылъхугъэр сабиигъуэ насыпыфIэм и къежьапIэщ» жыхуэтIэхэр. Ди Советым къегъэщIылIауэ мэлажьэ «Дэрэжэгъуэ» бзылъхугъэ клубыр. Абыи пшыхь дахэхэр къыщызыдогъэпэщ, республикэм и цIыху цIэрыIуэхэр къыдогъэблагъэ.

ЦIыхубзхэм я советыр сытым дежи цIыху кIуапIэщ. Iуэху зэхуэмыдэхэмкIэ зыкъытхуагъазэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, бын куэд зиIэхэр къокIуэ «Анэм и медаль» саугъэтым щIэупщIэу. Ауэ уунагъуэшхуэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым а тыгъэр къыпхуагъэфэщэныр, атIэ бын гъэсэкIэр, унагъуэм илъ хабзэр, нэгъуэщI лъэныкъуэ куэди къалъытэ. Ди Советым и унафэ зыхэмылъ упщIэхэмкIэ зыкъытхуэзыгъазэхэри жэуапыншэу дутIыпщыжыфыркъым, сэбэп къахуэхъуфыну IуэхущIапIэхэм тхыгъэкIэ захудогъазэ е езыхэр догъакIуэ. Пэжщ, гугъуехь дыщыхуэзи къохъу, псори арэзы зэрытхуэмыщIым къыхэкIыу. Ауэ псалъэ гуапэ къудейм щыгуфIыкIхэри щыIэщ. Ди гур яхузэрызэIутхам я гукъеуэр ящхьэщегъэкI апхуэдэхэм. ИгъащIэм дымыцIыхуами, дэри ахэр ди гум гуапэу къонэ.



Дэтхэнэ бзылъхугъэми и гъащIэм насыпыр щытепщэу, нэпс щIыщIигъэкIын щхьэусыгъуэ имыIэу Тхьэм дызэдигъэпсэу!

**Дзэмыхь Раметэ,** *Дзэлыкъуэ район сымаджэщым ПедиатриемкIэ и къудамэм и унафэщI, дохутыр-педиатр:*



Зэманым хуабжьу псынщIэу зехьуэж. Абы къыкIэрымыхуу и щIэныгъэм хигъахъуэу, и IэщIагъэм зригъэужьу, и лэжьыгъэр къызыхуэтыншэу къезыхьэлIэ бзылъхугъэм гъащIэм увыпIэ ин щеубыд.

Псом нэхъапэу ар зи плъырыр унагъуэращи, и пщэ къыдэхуэр мащIэкъым. Унагъуэм щызэрихьэн хуей хабзэмрэ нэмысымрэ къадэкIуэу, бын зэгъэгъуэты-

ныр, ар гъэшхэныр, хуэпэныр, егъэджэныр абы и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы щыгъуэми езы бзылъхугъэм и теплъэр дахэу, гурыхьу щытыпхъэщ.

ЦIыхубзым куэд дыдэ елъытащ ди къэкIуэнур зей щIэблэр узыншэу, акъылыфIэу, хьэл-щэн дахэ яхэлъу, ар къэралым, цIыхубэм, унагъуэм сэбэп яхуэхъуфын хуэдэу къэгъэтэджынымкIэ.

Сэ а псоми яхуэсщI гулъытэм къыдэкIуэу икIи сыдохутырщ. Ар цIыхугъэшхуэ щыпхэлъын хуей IэщIагъэщ. Узыншагъэр зэфIэгъэувэжыным тележьэныр, IэщIагъэр гурэ псэкIэ зыхэпщIэныр, сымаджэм псэ къабзэрэ бзэ IэфIкIэ убгъэдэтыныр псом япэ изогъэщ сэ. Узым игъэдзыхэ цIыхум щабэу, гущIэгъу пхэлъу убгъэдыхьэн хуейщ. Сымаджэхэм сэбэп зэрахуэхъуфын щIэныгъэрэ Iэзагъэрэ ябгъэдэлъщ, икIи абыхэм яхуэгумащIэщ дэтхэнэ си лэжьэгъури.

Бзылъхугъэм дежкIэ гугъущ дохутыр IэщIагъэр – унагъуэри зыхуей хуэбгъазэу, уи лэжьыгъэри тэмэму къепхьэлIэу. Уеблэмэ, цIыхухъу къару зытекIуадэ Iуэхугъуэ хэлъщ медицинэм. Ауэ бзылъхугъэм и гу щабагъри къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ а къарум.

Республикэм ис цIыхубзхэм сехъуэхъуну сыхуейщ я насыпыр я унагъуэм щыбагъуэрэ дахагъэр къадэщIэращIэу илъэс бжыгъэ куэдкIэ псэуну!



**Ефэнды Ритэ,** *«Урысейм и бзылъхугъэ-хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI:*



Ди зэгухьэныгъэм и къалэн нэхъыщхьэр Iуэху зезыхьэ, хьэрычэтыщIэ цIыхубзхэм защIэгъэкъуэнырщ, гъащIэм жыджэру хэту ахэр егъэсэнырщ, я Iуэхур ягъэкIуэтэн папщIэ зэхалъхьэ проектхэм гъуэгу ягъуэтынымкIэ ядэIэпыкъунырщ.

Ди лэжьыгъэр нэхъыщхьэу зыхуэунэтIар хьэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIумрэ инымрэ зегъэубгъунырщ, псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпса Iуэхугъуэхэр зэфIэхынырщ, бзылъхугъэ хьэрычэтыщIэу нэгъуэщI щIыналъэхэм, къэралхэм щыIэхэм запыщIэнырщ, ядэлэжьэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ куэд къыдэхъулIауэ жыпIэ хъунущ. Дэ сыт щыгъуи дадолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ къулыкъущIапIэхэм, щIыпIэ самоуправленэхэмрэ жылагъуэ зэ-

гухьэныгъэхэмрэ. ИкIи республикэм къыщрахьэжьэ сыт хуэдэ Iуэху щхьэпэми ди гуащIэ, зэфIэкI зэрыхэтлъхьэным иужь дитщ. Абыхэм папщIэ ди цIэри фIыкIэ къраIуэу, щIыхь тхылъхэр къытхуагъэфащэу апхуэдэщ.

Нобэ бзылъхугъэм гъащIэм щиубыд увыпIэр и IуэхущIафэхэм къагъэлъагъуэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, ди зэгухьэныгъэм хэтщ зэтриубла Iуэхум ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрызыгъэхьа, республикэм и зыужьыныгъэм псэ хьэлэлкIэ хуэлажьэ, къыхиха Iуэхум хуэпэж цIыхубз гуащIафIэхэр.

Къыхэгъэщыпхъэщ абыхэм ящыщ дэтхэнэри цIыхухъухэм къапимыкIуэту хьэрычэтыщIэ Iуэху мытыншым зэрыпэрытыр. Къапщтэмэ, хьэрычэт Iуэхур зэи тыншу щытакъым, ауэ бзылъхугъэм бгъэдэлъщ абы хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIыфын акъыл жан, гупсысэ куу, еплъыкIэ пыухыкIа. УзыгъэгуфIэщ иджырей цIыхубзым унагъуэри лэжьыгъэри зэрызэдихьыфыр. А тIум япэ игъэщыпхъэр дэтхэнэм дежкIи зэщхькъым, ауэ унэгуащэ къалэным къыдэхуэ цIыхубзыр унэм щIэсыфкъым IэнатIэ гуэр пэрымыту. Мыбдежым нэхъыщхьэр, сэ сызэреплъымкIэ, уи лэжьыгъэм зэман куэд тебгъэкIуадэу, сабийр гъэсэным утемыплъэкъукIынырщ. Мис ар зыхузэфIэкI куэд диIэщи, абы гур хегъахъуэ.



«Урысейм и бзылъхугъэ-хьэрычэтыщIэхэм я ассоциацэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэр дызыхущIэкъур зыщ: къытщIэхъуэ щIэблэм я къэкIуэнур дахэ, фIы хъун щхьэкIэ, республикэм и щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, абы и зыужьыныгъэм дэри хэлъхьэныгъэ гуэр хуэтщIынырщ.

**Бекъан Масирэт,** *Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ:*



Адыгэ бзылъхугъэ… Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуащ адыгэ бзылъхугъэр и дахагъкIэ, и акъылкIэ, и IэдэбагъкIэ, хэлъ хабзэ дахэмкIэ. Куэд тетхыхьащ абы, нобэ тхыдэм къыхэщыж узэрыгушхуэ хъун псалъэхэр хужаIащ. ЦIыхубзыр, сыт хуэдэ зэманми, пхъущ, шыпхъущ, щхьэгъусэщ, анэщ, гуащэщ, анэшхуэщ. А псалъэхэм ящыщ дэтхэнэми къалэн зырызыххэ епхауэ и пщэ дэлъщ бзылъхугъэм. Лэжьэныр, унагъуэр пIыныр (абы фIэкIа лажьэ унагъуэм имысу!) – къалэнышхуэ дыдэу къапэщытщ нобэрей гъащIэм хэпсэукI языныкъуэ цIыхубзхэм. Пасэм апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къыжьэхэуэу

щытакъым адыгэ бзылъхугъэм.

Сыт фIыуэ хэлъыр зэманым зэрызихъуэжам? Куэд дыдэ. ГъащIэм зимыхъуэжауэ щытамэ, нобэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ цIыхубз гуащIафIэхэр диIэнутэкъым. Дэтхэнэ IэнатIэми пщIэрэ щIыхьрэ яIэу щолажьэ ахэр. ЕгъэджакIуэ къудейр урикъуни! Гъэсэныгъэ дахэ, щIэныгъэ куу нобэрей ди щIэблэм зэрыхалъхьэным я гъащIэр трагъэкIуадэ абыхэм. Ди пщащэ цIыкIухэу институт зэхуэмыдэхэм, газетхэм, банкхэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэм щылажьэхэр-щэ? Дапщэщ апхуэдэхэр щыдиIар? Ахэри зи фIыщIэр гъащIэм къихьа зэхъуэкIыныгъэхэрщ.

Пэжщ, нэхъапэми адыгэхэм узыфэ куэд яцIыхуу, абыхэм еIэзэфу щытащ. XVIII лIэщIыгъуэм и пэхэм француз зекIуэлI, дипломат Абри де ла Мотрэ и нэкIэ зригъэлъэгъуауэ щытащ адыгэхэм фэрэкI зэрыхалъхьэ щIыкIэр. Илъэс 85-рэ дэкIыжауэщ фэрэкIыр халъхьэу щыщIадзар! ИгъащIэм зыщIыпIи щемыджа адыгэ цIыхубзым и акъыл жанагъыр, бгъэдэлъа Iэзагъыр хэIущIыIу хъуауэ щытащ, француз уэркъым итхыжам ипкъ иткIэ. Иджы а цIыхубзым – дунейм щыяпэу фэрэкI хэлъхьэныр къэзыгупсысам, къэзыгъэсэбэпам – фэеплъ сын щыхуагъэуващ Къэрэшей-Шэрджэсым.

Сыт хуэдэ IэнатIэ Iумытми, сыт хуэдиз щIэныгъэ имыIэми, адыгэ цIыхубзыр къызэтенэн хуейщ адыгагъэрэ хабзэрэ зыхэлъ бзылъхугъэ щыпкъэу, сыт хуэдэ къалэнри хабзэм къызэригъэувым, нобэрей зэманым къызэрезэгъым хуэдэу игъэзащIэу. Пхъумэфын хуейщ уи хабзэ дахэу дуней псом щагъэщIагъуэр, уи нэмысыр, уи унагъуэр.

Унагъуэр хабзэ, нэмыс, адыгагъэ, цIыхугъэ илъу унэгуащэм къызэригъэпэщыфмэ, ахэр и быным яхилъхьэфмэ, угугъэ хъунущ ди хабзэ дахэр, ди адыгэбзэр мыкIуэдыжыну, адыгэпсэ яIуту къэхъу щIэблэм адэкIэ лъэпкъым и щIыхьыр ягъэбэгъуэну.



**Бэрэгъун Марианнэ,** *КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ:*

Щэнхабзэ лъагэм и дунейр зыгъэщIэращIэхэм яцыщщ бзылъхугъэр. Макъамэ дахэр, уэрэд гурыхьыр утыку къизыхьэхэм яхэлъын хуейщ цIыхугъэм и купщIэри, цIыхубзым и Iэдэбагъри. Си щхьэкIэ, зыми хуэмыдэжу, сценэм дахэу къихьэн хуейуэ къызолъытэ адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэр е артисткэр. Сэ нэхъыбэу сыцылажьэр Москващ. Шэч

хэмылъу, абы утыку къыщихьэм игъэлъагъуэр макъ дахэ зэриIэм, уэрэд екIуу зэрыжиIэфым и закъуэкъым, атIэ зы лъэпкъ и лIыкIуэ мэхъури, абы и дуней тетыкIэр, и щыIэкIэ-псэукIэр нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIахэм ярегъэлъагъу. АбыкIэ сэбэпышхуэщ адыгэ фащэр. Адыгэ бзылъхугъэ фащэр сщыгъыу утыку сыкъыщихьэкIэ, къызэплъхэм я нэм щIэлъ хъуаскIэм зехъуэж. Абы цIыхубзыр нэхъри егъэлъагэ, зыхуэбгъадэ хъун зэрыщымыIэр нэрылъагъу ещI.

Уэрэд жыIэн зэрыщIэздзэрэ согупсыс лъэпкъым ипхъуу узэрыщытыр зыщыбгъэгъупщэ зэрымыхъунум. Адыгэ макъамэм щIэдэIу, адыгэ фащэ зыщыгъ хъыджэбзыр зылъагъу нэгъуэщI цIыхухэр Iэмал имыIэу щIоупщIэ ар къызыхэкIам, абы и тхыдэр, щэнхабзэр, хабзэр, шхыныгъуэхэр зыхуэдэм. НэгъуэщIу жыпIэмэ, дэ, уэрэджыIакIуэхэм, цIыхубэм, къэралым я пащхьэ къитхьэр ди зэфIэкIым и закъуэкъым, атIэ ди лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэр догъэлъагъуэ, абы и псэукIэмкIэ адрейхэм дадогуашэ.

Нобэ бзылъхугъэм и зэфIэкIхэр жыжьэ нэсащ. Ар цIыхухъухэм ябгъурыту пэрытыфщ сыт хуэдэ IэнатIэми. Ауэ псом хуэмыдэу игъэнэхъыщхьапхъэу къэслъытэр анэ хъун зэрыхуейрщ. Аращ цIыхубзым и насыпыр зыхэлъыр.



Ди республикэм ис цIыхубз псоми я насыпыр багъуэу, гукъеуэ ямыIэу, я махуэр гурыфIыгъуэхэмкIэ гъэнщIауэ я гъащIэр яхьыну Тхьэм жиIэ!

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ**

*Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлIэу*

# Анэдэлъхубзэр хъумэнырщ ди къалэн нэхъыщхьэр

*Уадыгэныр мыгурыфI-гурей,*
*Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ – улъэпкъыпсэу,*
*Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр,*
*IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр.*
*ПIурылъу зы бзэ, узэдису зыщI,*
*Хьэлэлу къыщыптепсэкIэ зы дыгъэ,*
*Адыгэу упсэуным къикIыр зыщ –*
*Уадыгэну къыпкъуэкIынырщ лIыгъэ.*

**Бемырзэ Мухьэдин**



*ЛъапIэныгъэ псоми ефIэкIыу лъэпкъым иIэ хъугъуэфIыгъуэр и бзэращ. 2003 гъэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, гъатхэпэм и 14-м Адыгэ тхыбзэм и махуэр догъэлъапIэ. А махуэр хэгъэнэхукIыным лъабжьэ хуэхъуащ Бырсей Умар и Iэдакъэ къыщIэкIа, адыгэбзэкIэ тхауэ 1853 гъэм гъатхэпэм и 14-м дунейм къытехьа япэ тхылъыр – «Адыгэбзэм и алыфбейр». Псом япэ а махуэшхуэр 2000 гъэм къыщащтащ Адыгэ Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым-Хасэм, апхуэдэ къэрал мыхьэнэ а махуэшхуэм 2005 гъэм щратащ Къэрэшей-Шэрджэсым и ЦIыхубэ Зэхуэсми (Парламентми). Бзэр хъума, егъэфIэкIуа зэрыхъуным егъэпIейтей дэтхэнэ хэкупсэри. Бзэр щыIэщ, мэлажьэ, ар зей лъэпкъым и цIыхухэм яIурылъмэ, я унагъуэхэм щрипсалъэмэ, я сабийхэм ирагъащIэмэ, Iуэху иризэфIахыу къэрал IуэхущIапIэхэм къыщагъэсэбэпмэ.*

*Анэдэлъхубзэр ди зэманым зэрыт щытыкIэм, абы и къэкIуэнум тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, ЩIДАА-м и вице-президент ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.*

**– Мухьэмэд, ди псалъэмакъым и пэщIэдзэу лъэпкъым дежкIэ бзэм иIэ мыхьэнэм утхутепсэлъыхьамэ арат.**

– Лъэпкъыр псом япэ зэкъуэзыгъэувэфынур и анэдэлъхубзэмрэ и хабзэмрэщ. Ар адрей лъэпкъхэм къащхьэщызыгъэкIыр, и щыIэкIэпсэукIэр къэзыгъэщIэр, зэрихьэ хабзэхэмрэ и дуней тетыкIэмрэ къыбжезыIэр, шэч хэмылъу, и бзэращ. ЛIэщIыгъуэ блэкIам и кIэухым ЩIы хъурейм бзэуэ тету къабжа мини 6-м щыщу и ныкъуэр кIуэдыжынкIэ шынагъуэ зэрыщыIэр къахутащ щIэныгъэлIхэм. Сыт а шынагъуэр къызыхэкIыр? Псалъэм папщIэ, щIым тет ухуэныгъэхэри

щыпсэухэри тезылъэсыкӀ къэхъукъащӀэхэр, узыфэ зэрыцӀалэхэр, зауэ гуащӀэхэр? Къищынэмыщӏауэ, зэрахьэ политикэм ипкъ иткӀэ, къэралым щызекӀуэ бзэ нэхъ лъэщым лъэпкъ цӀыкӀум ейр щыхэшыпсыхь щыӀэщ, апхуэдэуи иджыпсту дызыхуэкӀуа «интернет дунейм» и зэрани екӀынущ а «хъым» щыземыкӀуэ бзэм.

Бзэм ирипсалъэ цӀыхухэм я бжыгъэм хэщӀурэ кӀуэмэ, ар зыщӀэжхэми зыхэпсэукӀ дунейм къащыхуэмыгъэсэбэпмэ, абы къыпэплъэр кӀуэдыжынращ. Языныкъуэ щӀэныгъэлӀхэм къалъытэ дэхуэха бзэм зыкъыпхуемыгъэужьыжыну, ауэ щыӀэщ ар къэгъэщӀэрэщӀэжыныр цӀыхум и къару къихьыну къэзыбжхэри.

Адыгэбзэр къапщтэмэ, нобэ ар зэрыт щытыкӀэр къэзышар лъэпкъым и нэхъыбэр зэрагъэкӀуэдарщ, адэжь щӀыналъэм зэрырахуарщ. Ди бзэм и гуащӀэм кӀэригъэхуащ илъэси 101-кӀэ екӀуэкӀа зауэм, убыхыбзэр зытекӀуэдари аращ. Ауэ нобэ, тхьэм и шыкуркӀэ, щӀалэгъуалэ гуп къэунэхуащ анэдэлъхубзэр зэфӀагъэувэжыну я гуращэу. Ар пхузэфӀэкӀыныр тыншкъым. Пэжщ, щыӀэщ апхуэдэу къыдахыжа бзэи. Псалъэм къыдэкӀуэу жыпӀэмэ, корниш бзэр инджылызыбзэм дикъузэ хъури, 1777 гъэм кӀуэдауэ щытащ, абы ирипсалъэу иужьрейуэ къэнэжа Пентрит Долли дунейм ехыжа нэужь. Ауэ щӀэныгъэлӀхэмрэ жэрдэмщӀакӀуэхэмрэ зэхыхьэри «къагъэпсэужащ» а бзэр. Апхуэдэу щапхъэу къэпхь хъуну къыщӀэкӀынщ 1904 гъэм щӀэрыщӀэу дунейм къытехьэжа ивритыр. Диныр зэрызэрахьэ бзэуэ, журтхэр Торэм иреджэу, ауэ къагурымыӀуэу щытар 1948 гъэ лъандэрэ Израилым и къэралыбзэщ.



Дэ ди Ӏуэхур къапщтэмэ, журтыбзэм хуэдэу адыгэбзэр къэдгъэпсэужыфыну дыщымыгугъмэ нэхъыфӀщ. Лъэпкъым и къалэн нэхъыщхьэр ар хъумэнырщ, зегъэужьынырщ.

Кавказ зауэм дуней псом трипхъа адыгэхэм я бзэр илъэси 150-м къыпхахауэ, махэ хъуами, нобэр къыздэсым мыӀейуэ иропсалъэ. Хэхэсхэм ар фӀыуэ ящӀэу щытамэ, шэрджэсу дунейм тетыр зэпызыщӀэ лъэмыж быдэ, лъэпкъ Ӏуэхухэр зэрызэдэтщӀэ Ӏэмал гъуэзэджэ хъунут.

Адыгейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэри анэдэлъхубзэр хъумэным гугъу дохь, ар къэралыбзэу республикищым щыщытми.

**– Ди хэкужь дисыжу ди бзэр хъумэным гугъуехь щыпылъкӀэ, хамэ щӀыналъэ уисү, уи лъэпкъым гулъытэ хэха къыхуамыщӀу уи бзэр пӀурылъын жыхуэпӀэр лӀыхъужьыгъэу плъытэ хъуну къыщӀэкӀынщ. Хэти хуэмыдэжу уэ фӀыуэ ущыгъуазэщ къэрал зэмылӀэужьыгъуэхэм щыпсэу адыгэхэм я бзэр зэрыт щытыкӀэм…**

– Ди жагъуэ зэрыхъущи, бзэр ящӀэжу хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэм махуэ къэс хощӀ.

Къэтщтэнщ Иорданиер. Мы къэралым адыгэ мини 100-м нэблагъэ щопсэу. 1970 гъэхэм анэдэлъхубзэмкӀэ псалъэрт абыхэм я нэхъыбэр. Нобэ адыгэбзэ зыӀурылъыр мащӀэ дыдэщ – проценти 10 – 15 хуэдизщ. Илъэс 40 хъуауэ Амман дэтщ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цӀэр зезыхьэ адыгэ курыт еджапӀэ. ХьэщӀэ къахуеблагъэмэ, сабийхэм адыгэ уэрэд, усэ, псынщӀэрыпсалъэ, къебжэкӀ хуэдэхэр жраӀэфынущ, ауэ зыгуэркӀэ уеупщӀмэ, адыгэбзэкӀэ жэуап къыуатыжыфынукъым. АбыкӀэ къуаншагъэр егъэджакӀуэхэм я закъуэ яб-

гъэдэлъу пхужыIэнукъым. Бзэр унагъуэм щыземыкIуэмэ, школым щыбгъэтIылъ лъабжьэр махэ мэхъу, зэман докIри, зэтощэщэж. Ауэ, сыт щхьэусыгъуэ хуэхъуми, иджырей щIэблэр анэдэлъхубзэр ящIэу къэтэджыркъым.

Iуэхур щынэхъ щIагъуэкъым илъэси 100-кIэ шэрджэсхэр щыдакъуза Тырку Республикэми. Абы адыгэ мелуани 7-м щIигъу щопсэу. Ауэ я анэдэлъхубзэр зыщIэу яхэтыр мащIэщ – мелуан ныкъуэ хъун-мыхъунщ. Иужьрей зэманым къэралым и унафэщIхэм къалъытащ лъэпкъ цIыкIухэри Тыркум зэрисыр икIи школ зыбжанэм адыгэбзэ щадж, телевиденэми сыхьэтитI махуэ къэс къыщрат.

Анэдэлъхубзэм и Iуэхур щынэхъыфIт Сирием. Адыгэхэр зэуIуу щыпсэурт КъунейтIрэ къалэмрэ Джолан лъагапIэхэмрэ, лъэпкъ Iуэхуи зэрахуэрт. 1967 гъэм – махуих зауэм и зэманым – ахэр а щIыпIэм кърахуащ икIи къэрал зыбжанэм щыхэгуэша хъуащ. Нобэ СХьР-м граждан зауэ щокIуэкI. Абы и зэранкIэ адыгэхэр зэхэзехуэн ящIащ. Езыхэри адэжь щIыналъэмкIэ нэхъ къаплъэ хъуащ. ЩытыкIэр щыщIагъуэкъым Европэмрэ Америкэмрэ. Анэдэлъхубзэр зрагъэщIэн-зрамыгъэщIэныр мыбыхэми унагъуэ Iуэхуу, щхьэж зэрыхуейуэ щыщыту аращ, армыхъумэ къэралыр зыкIи хэIэбэркъым.

Тхыдэм къызэригъэлъэгъуэжымкIэ, шэрджэс мамлюкхэм илъэси 135-кIэ тепщэныгъэр щаIыгъащ Мысырми, Сириеми, Ливиеми. Къаруушхуэрэ мылъкуфIрэ зыбгъэдэлъа адыгэхэм анэдэлъхубзэр яхъумэфакъым, сыту жыпIэмэ хамэщIым хэхэсым щыхузэфIэкIыр мащIэщ. Бзэр щыпхъумэфынур, абы зыщебгъэузэщIыфынур Хэкум и закъуэщ.

**– Иорданием 2009 гъэм щекIуэкIауэ щыта адыгэ зэхуэсышхуэм нэхъыбэу зи гугъу щащIар иджыпсту дызытепсэлъыхь Iуэхурщ – бзэр хамэщIым хъума зэрыщыхъунырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ зэхуэсым къыщыхалъхьахэр, зэфIэгъэкIа хъуахэр дигу къэбгъэкIыжамэ, ди гуапэт.**

– ЗэIущIэм щагъэув къалэныр зыт: «Адыгэбзэмрэ щэнхабзэмрэ я центр Амман щыдухуэнущи, абы и проектым феплъ, щызэфIэтхыну ди гугъэм щыгъуазэ зыфщI». Ар Iуэху тэмэму дэ къэтлъытэркъым, сыту жыпIэмэ бзэр щадж, лъэпкъ щэнхабзэр щIэблэм щыбгъэдалъхьэ IуэхущIапIэ зыбжанэ Амман щыIэщ. Апхуэдэщ пащтыхь Хъусейн бен-ТIалал яхуригъэщIа Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и унэр. Абы къэфапIи, зыгъэпсэхупIи, джэгупIи, лъэпкъ библиотеки, музеи, компьютер пэши хэтщ. Абдежым щызэбгъащIэ хъунукъэ уи анэдэлъхубзэр, школым щыбджыну ухуэмеймэ?

Зи гугъу тщIы центрым хуэдэ здэщыIэн хуейр адэжь щIыналъэращ. ЗэIущIэм дэ щыжытIащ ди Iуэху еплъыкIэр. «Мыбы текIуэдэну сом мелуан бжыгъэр хамэщIым щыхэвмылъхьэу, Налшык е Мейкъуапэ реабилитацэ, реадаптацэ центр къыщызэIутх хъунущ Хэкужьым къэзыгъэзэжхэм папщIэ. Абы псори хрырет: адыгэбзэр, урысыбзэр щрагъэдж школи, лъэпкъ къафэхэм щыхуагъасэ, адыгэ хабзэм, щэнхабзэм гъунэгъу ухуэзыщI IэнатIэхэри. Апхуэдэу тщIымэ, Кавказым къэкIуэжхэр нэхъ тыншу лъэпкъым хэзэгъэжынт. Ар ффIэмытэмэмрэ – дэфщIыхь шэрджэс центр Израилым щыIэ адыгэ къуажитIым языхэзым – Кфар-Камэ е Рихьэние. Мы жылэхэм дэс псори анэдэлъхубзэм иропсалъэ».

Амман дэ къыщыхэтлъхьащ Адыгэбзэм и дунейпсо фонд къы-

зэгъэпэщын хуейуэ. Ар къэбгъэсэбэп хъунущ лъэпкъ Iуэху зэпхуэу мылъкум укъыщилъахъэм деж. Адыгэхэм я хабзэр, я лIыгъэр, я тхыдэр къызыхэщ фильмхэр тредгъэхынтэкъэ а мылъкумкIэ, тхылъ щхьэхуэхэр, щIэнгъуазэхэр къыдэдгъэкIынтэкъэ? ЕдгъэфIэкIуэнт анэдэлъхубзэмкIэ программэхэмрэ зэреджэ тхылъхэмрэ. А псом я фIыгъэкIэ щIэблэр лъэпкъ щэнхабзэм, тхыдэм щыгъуазэ хъунт, бзэм и IэфIагъыр псэкIэ зыхащIэнт.

Зи гугъу тщIы конференцым къыщащтащ зытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа унафэ, бзэр хъума хъун папщIэ апхуэдэ зэхуэсхэр иджыри егъэкIуэкIын хуейуэ къалъытащ. Ауэ, иджыри къыхыдогъэщри, бзэр хъума щыхъунури щебгъэфIэкIуэфынури Хэкуращ. Ари а Iуэхушхуэм хуэфащэ гулъытэ хуэпщIрэ гугъу зыдебгъэхьмэщ. Анэдэлъхубзэр тIурылъынырщ, ар тхъумэнырщ адыгэ псоми ди къалэн нэхъыщхьэр.

**– «Адыгэбзэм сыткIэ дыхуей? Абы щIакхъуэ Iыхьэ кърiблэжьыфынукъым», – жызыIэхэри къытхэтщ дэ…**

– Апхуэдэу жызыIэфхэм акъылышхуэ ябгъэдэмылъу, лъыкIэ ди лъэпкъэгъуми, псэкIэ мыадыгэу къызолъытэ сэ. Абыхэм къагурыIуэркъым лъэпкъыр зыхъумэр бзэрауэ зэрыщытыр. Ухуеймэ, инженеру лажьэ, ухуеймэ, дохутыр IэщIагъэр къыхэх, нэхъыщхьэр гукIэ адыгэу ущытынырщ.

Адыгэхэр тхыдэшхуэ зиIэ лъэпкъщ, армыхъумэ зы хъугъуэфIыгъуэ гуэр ещакIуэу, я щхьэ зэрагъэфIын зэрахуэу зы щIыпIэм щызэхуэжэсахэм ящыщкъым. Кавказым лъэпкъ куэд щызэблэкIащ. Абыхэм я цIэр тхыдэм къыхэна къудейуэ аращ, сыту жыпIэмэ я бзэр ягъэкIуэдати. Хэкужьым исхэми хэхэсхэми анэдэлъхубзэр хъумэнымкIэ щапхъэ къытрахыпхъэщ хамэ къэрал щыпсэу ермэлыхэмрэ шэшэнхэмрэ. Ар абыхэм я унагъуэхэм щызекIуэ хабзэщ, зэрызахъумэж губзыгъагъэщ.

Дяпэ итахэм тхуахъума бзэр дэ Iумпэм тщIымэ, лъэпкъкIуэдыр къытхуэкIуауэ аращи, апхуэдэ къэмыхъуным дэтхэнэ зыри дыхуэлэжьэн хуейщ. Псом хуэмыдэу абыкIэ къалэнышхуэ я пщэ къыдохуэ анэдэлъхубзэ езыгъэджхэм. И сабиигъуэм цIыхум зригъэщIар зэи IэщIэхужынукъым. ЩIэблэм адыгэбзэр фIыуэ иригъэлъагъумэ, абы пыIуимыгъэщту дригъэхьэхмэ, егъэджакIуэм лъэпкъым къалэнышхуэ хуигъэзащIэу къэлъытапхъэщ.

Адыгэу хэкум исыр мин 800 хуэдиз дохъу. Бзэр мыкIуэдын щхьэкIэ, ар гъэлэжьэн, иIэ къалэнхэм къахэгъэхъуэн, пэж дыдэу къэралыбзэу щытын, унагъуэм илъын хуейщ. ТхакIуэ цIэрыIуэхэу ЩоджэнцIыкIу Алий, КIэрашэ Тембот, Уэхъутэ Абдулыхь, КIыщокъуэ Алим, МэшбащIэ Исхьэкъ, Тхьэгъэзит Зубер, IутIыж Борис, Бещтокъуэ Хьэбас, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Дыгъужь Къурмэн, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ адыгэбзэр шэрыуэу къыщIагъэсэбэпыфар, ар абыхэм я адэшхуэ-анэшхуэхэм, нэгъуэщI нэхъыжьыфIхэм екIуу, нэгъэсауэ яIурылъти аращ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, я бзэ «къигъэхъуапIэр» куут. Ди жагъуэ зэрыхъущи, нобэ къытщIэхъуэ щIэблэм я бзэр никъуэщ. Ар зилажьэри дэращ – нэхъыжьхэрщ. АдыгэбзэкIэ къыдэкI газетхэм, журналхэм еджэр мащIэщ. Радиомрэ телевиденэмрэ а Iуэхум халъхьэфынухэр нэсу къагъэсэбэпыну Iэмал яIэкъым. А псори зэран мэхъу адыгэбзэр цIыхубэм кууэ къащтэнымкIэ.

**– Сыт хуэдэ хэкIыпIэ щыIэу плъагъурэ бзэм зэманым**

**зыдиужьыжыным, къытщIэхъуэ щIэблэм яIурылъхьэным ехьэлIауэ?**

– Иджыпсту нэхъыщхьэр дунейм адыгэу тетыр щызэрылъагъу, я Iуэху щызэрыщIэ телевиденэ Налшык е Мейкъуапэ къыщызэгъэпэщынырщ. А каналыр зэрылэжьэн хуей щIыкIэм и щапхъэ гъунэжу щыIэщ. Пщэдджыжьым лъэпкъ уэрэдхэр, къафэхэр, псысэхэр, театрым игъэзащIэхэр сабийхэм ябогъэлъагъу. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми ныбжьыщIэхэр дихьэхынущ, бзэр фIыуэ иригъэлъагъунущ. Нэтынхэр къыхэщыпыкIауэ, къытрамыгъэзэжу щытыпхъэщ. Хабзэр, бзыпхъэр щIэблэм езыгъащIэ тхылъхэми дыхуейщ. ИнтернетымкIэ, телевизорымкIэ анэдэлъхубзэ дерсхэр егъэкIуэкIын хуейщ, дэнэкIэ щыIэ адыгэми бзэр иджыфын, зригъэщIэфын папщIэ. А Iуэхухэр зэфIэзыхыфын IэщIагъэлIхэри ди мащIэкъым.

Нобэ адыгэбзэкIэ псалъэу КъБР-м, Адыгейм, КъШР-м щыIэ телеканалхэр куэдым ялъагъуркъым. Республикэхэм я къалэ, къуажэ псоми ахэр нэсын папщIэ, дэ диIэн хуейщ бжыгъэ телевиденэ лъэщ, сыхьэт 24-кIэ лажьэу. Къызэгъэпэщыжын хуейщ лъэпкъыбзэхэмкIэ екIуэкIыу щыта жылагъуэ-политикэ, литературэ, драмэ, щIалэгъуалэ, сабий, макъамэ нэтын купщIафIэхэр. Бзэм и дахагъымрэ и IэфIагъымрэ зыхозыгъащIэ Iэмэпсымэ лъэщу диIа телевиденэр тэмэму лъэпкъым хуэгъэлэжьэн хуейщ, Шэшэным, Тэтэрстаным, Ингушым, КъШР-м, Башкирием зэрыщылажьэм хуэдэу. Бзэм и IэфIагъым пэувыфын гурыщIэ щыIэкъым. Ар зэ зыхэпщIамэ, сыт щыгъуи уи Iум, уи гум илъу упсэунущ.

Бзэр гъэкъэбзэным икIэщIыпIэкIэ яужь ихьапхъэщ. Сыт хуэдиз хамэ псалъэ къэдгъэсэбэпрэ, ди бзэмкIэ абыхэм я мыхьэнэхэр къызэрыбгъэлъэгъуэн диIэу? Девгъэплъыт: бжыгъэхэр, махуэцIэхэр, мазэцIэхэр адыгэбзэкIэ жытIэу пIэрэ? ЖытIэркъым. АтIэми, «Адыгэ псалъэ» газетым бзэм хигъэхьэжащ псалъэ 300-м щIигъу, языныкъуэ щIэныгъэлIхэм ар къытхуамыдэми. Уи щхьэм пщIэ хуумыщIыжмэ, хэт къыпхуэзыщIынур? Уи бзэмкIэ къыпхуэIуэтэну гупсысэр хамэбзэкIэ щхьэ жыпIэн хуей?

**– Илъэс куэд щIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо фестиваль-зэпеуэр дызытепсэлъыхь Iуэхум сэбэпышхуэ зэрыхуэхъум, абы нобэ игъуэта щытыкIэм щхьэхуэу укъытеувыIэну дыхуейт.**

– КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ зэгъусэу къыхалъхьауэ щыта мы зэпеуэр 1999 гъэм япэу екIуэкIащ. Адыгэбзэр хъумэным, ар щIэблэм яIурылъу къэгъэтэджыным, курыт еджапIэхэм гулъытэ нэхъыбэ щигъуэтыным теухуауэ къетхьэжьа Iуэхум илъэс къэс республикэм зыщиубгъурт. Зы гъэ еджэгъуэм кърииубыдэу еджакIуэ 1500–2000-м нэблагъэ, школ 20-м щIигъу щыхэт щыIэу екIуэкIащ мыр, уеблэмэ, къызэрыгуэкI зэпеуэ жыпхъэм икIри, къуажэпсо, щIыналъэ зэхыхьэм хуэкIуащ. Апхуэдэу IуэхуфIыр къыддащтащ Адыгэ Республикэми, Къэрэшей-Шэрджэсми, Шапсыгъми.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм газетри, Хасэри лъэныкъуэ дригъэзри, Iуэхур езым и пщэ дилъхьэжащ. Иджы зэпеуэм школу къызэщIиубыдар куэдкIэ нэхъ мащIэщ. ЕтIуанэрауэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ, зэхьэзэхуэр бзищымкIи

(адыгэбзэ, балъкъэрыбзэ, урысыбзэ) егъэкIуэкIыныр зи пщэ дэлъыр балъкъэр бзылъхугъэу зэрыщытыр. Бзэр къызыгурымыIуэр дерсым щыжаIэхэр хузэрадзэкIыу щIэскIэ мыхьэнэ иIэкъым. Адыгэ школхэм щекIуэкI Iуэхур къэзыпщытэн хуейр ди бзэ зыщIэ IэщIагъэлIщ. Абы и лъэныкъуэкIэ жыджэру къытхэту, министерствэм и пщэ къыдэхуэ къалэнхэр къызыхуэтыншэу зэфIигъэкIыу дэ къыддэлэжьащ методист цIэрыIуэ Балэ Людмилэ. Иджыри апхуэдэу зэтеублэжыным дыхущIэкъунущ.

Сэ жысIэркъым «Си бзэ – си псэ, си дуней» республикэпсо зэпеуэм бзэр напIэзыпIэм къиIэтыжыну, зригъэужьыну. Ауэ сабийхэр анэдэлъхубзэм хуэгъэушынымкIэ, лъэпкъ къафэм, уэрэдым, макъамэм щIэпIыкIынымкIэ, хабзэр, IуэрыIуатэр, тхыдэр егъэщIэнымкIэ, адыгэхэм зэрахьэу щыта Iэщэ-фащэхэр, хьэпшыпхэр, Iэмэпсымэхэр егъэцIыхунымкIэ зэхьэзэхуэм иIэ мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизщ.

Къищынэмыщlауэ, адыгэбзэр курыт школхэм зэрыщрагъэдж щIыкIэр егъэфIэкIуэныр, егъэджакIуэфIхэм я лэжьыгъэр гъэлъэпIэныр, ди бзэм и пщIэр къэIэтыжыныр нобэ къэс ди мурад нэхъыщхьэти, хъарзынэу къыдэхъулIэрт.

**– Бзэм и къэкIуэнум и гугъу щытщIакIэ, мыпхуэдэ зы упщIи уэттынут. Дунейпсо Адыгэ Хасэм илъэс зыбжанэ хъуауэ щытопсэлъыхь зыуэ щыт адыгэ литературэбзэ зэхэлъхьэным и Iуэхум. Уэ дауэ уеплъырэ абы?**

– Зыуэ щыт адыгэ литературэбзэ къэгъэщIыныр, Iэлыфбеищlэ зэхэлъхьэныр, зы бзэм техьэныр хуабжьу гугъу хъунущ. Сэ сызэреплъымкIэ, мы Iуэхум тепсэлъыхьын хуейри, иужь итыпхъэри бзэщIэныгъэлIхэрщ. Тхыбзэр зэщхь тщIын папщIэ алыфбейм и закъуэкъым зэдгъэзэхуэн хуейр, атIэ пэжырытхэми елэжьыпхъэщ. А псори зэтхъуэкIмэ, нобэ бзэр зыщIэ, абы иритхэ, иреджэ, ирилажьэ мащIэри дгъэщтэнурэ емыджэж хъунущ.

Мыр щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм мыхъуну къалъытэ. Абы нэхъ тегушхуэр а Iуэхум нэхъ хэзымыщIыкI, бзэм иримылажьэхэрщ. Ахэр мыхэкупсэу жысIэркъым, ауэ бзэм ухэлэжьыхьын папщIэ, абы и зэхэлъыкIэм кууэ хэпщIыкIын хуейщ.

1963 гъэ лъандэрэ къокIуэкI мы псалъэмакъыр. Иджыри къыздэсым Iуэхур и пIэ щIимыкIар мыхъумыщIэу къыпэкIуэнур зэрынэхъыбэр арагъэнщ. Зы тхыбзэ уиIэн папщIэ, зы щIыналъэ узэдису щытыпхъэщ. Дэ ди республикэхэр зэпэщхьэхуэу мэпсэу.

Ди псэлъэкIэр зы диалектым хуэгъэкIуэн хуеймэ, ар нэхъ тынш хъуну къыщIэкIынщ. Диалект зыбжанэ зиIэ лъэпкъыр зым щыхуэкIуэкIэ IуэхугъуитIкIэ яубзыху: япэ ирагъэщыр нэхъыбэр зэрыпсалъэ бзэращ, етIуанэу зэплъыр нэхъ тыншырщ. Абы тепщIыхьмэ, дэ дызыхуэкIуэн хуейр мелуан ныкъуэр зэрыпсалъэ къэбэрдеибзэращ, армыхъумэ мин 40–м яIурылъ бжьэдыгъубзэракъым. КIахэм я псэлъэкIэмрэ дэрэ нэхъ дызэрызэтемыхуэр макъхэращ, дэ димыIэу макъ зыбжанэ хэтщ абыхэм я бзэм, кIахэм ямыIэу дэ диIэр хьэрфищ къудейщ. Къищынэмыщlауэ, Къэбэрдейм нэхъ зыщиужьащ адыгэбзэм, абыхэм нэгъуэщIыбзэхэм ящыщу къагъэсэбэп псалъэ куэд дэ ди анэдэлъхубзэм къидгъэтIэсащ, тхэкIэри жыпхъэ гъэпсам тетщ.

*Епсэлъар* **ШЫПШ Даянэщ**

# ГЪАЩІЭМ ЩЫНЭХЪ ЛЪАПІЭР ЛЪАГЪУНЫГЪЭРЩ!



*Актрисэ, сценарист, усакІуэ, уэрэджыІакІуэ, уэрэдус Жэман Аминэ ныбжькІэ щІалэ дыдэми, и цІэр жыжьэ зыгъэІуа лэжьыгъэ куэд зэфІихыну хунэсащ. Абы и Іэдакъэ къыщІэкІащ «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым и сценариймрэ абы щІэт макъамэмрэ, къищынэмыщІауи «Пщэдджыжьышхэм ипэкІэ» фильмыр игъэуващ, а тІуми роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщІащ. 2013 гъэм «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым Армением и къалащхьэ Ереван щекІуэкІа «Дыщэ хуэрэджей» 10-нэ Дунейпсо фестивалым и саугъэтыр «Япэ гъэлъэгъуэныгъэ нэхъыфІ» номинацэмкІэ къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэуи, Аминэ итхащ уэрэд куэдым я псалъэхэмрэ макъамэхэмрэ, ахэр езым игъэзащІэу дунейпсо утыку ирихьащ.*

*Жэман Аминэ Ахьмэд и пхъур 1986 гъэм Налшык къыщалъхуащ. 1997 гъэм и унагъуэм и гъусэу Мэзкуу Іэпхъуащ, 2007 гъэм ГИТИС-р «Театрымрэ киномрэ я актрисэ» ІэщІагъэмкІэ къиухащ, абы иужькІэ аспирантурэм щІэтІысхьэри хамэ лъэпкъ театрхэм я тхыдэм щыхуеджащ. 2010 гъэ лъандэрэ Нью-Йорк щопсэу. А гъэ дыдэм Ванкувер щхьэзакъуэ концерт щитащ.*

*И гъащІэм, и лэжьыгъэхэм, и мурадхэм тедгъэпсэлъыхьыну Аминэ упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащ:*

**– Аминэ, нобэ узытет гъуэгуанэр сыт хуэдэ ныбжьым уиту къыхэпха? ГъащІэм хуиІэ творческэ еплъыкІэр зэфІэувэнымкІэ хэт сэбэп къыпхуэхъуар?**

– ИлъэсиплІым ситу къыщІэздзауэ жыпІэ хъунущ. Сабий садым сыщыкІуэм, концерт цІыкІухэр ттыми теплъэгъуэ гуэрхэр дгъэлъагъуэми, абыхэм сфІэфІу сыхэту щытащ. Бажэу сызэрыджэгуамрэ илъэсих ныбжьым ситу индие къафэ сыкъызэрыфамрэ сигу нэхъ къинэжащ. Къапщтэмэ, сэ езыр гъащІэм еплъыкІэ гъэщІэгъуэн хузиІэу дунейм сыкъытехьауэ къысщохъу. СызэрыцІыкІу дыдэрэ дахагъэм, пэжыгъэм, захуагъэм пщІэ хуэсщІу сыкъэгъуэгурыкІуащ. Ахэр зыхэзгъуэтари гъуазджэращ, щэнхабзэращ. Сэ сытри гуащІэу зыхызощІэ, цІыхухэм я гукъеуэм сыхуэгущІыІэу сыблэкІыфыркъым. Абы къыхэкІкІэ гъащІэм, мамырыгъэм, къэкІуэну дахэм, гуапагъэм, лъагъуныгъэм сыхуэусэ хабзэщ, сыусахэри, сэ згъэзащІэу, уэрэду дунейм къытызогъэхьэж. КІэщІу жыпІэмэ, си творчествэмкІэ си дуней

еплъыкIэр, иджырей зэманымрэ абы щызекIуэ хабзэхэмрэ сазэрыхущытыр къызогъэлъагъуэ.

**– Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмыр тепхыну дауэ уигу къэкIат? Хэт е сыт абы ухуэзышар?**

– Сэ зы тхыгъэ гуэр, сценарий хуэдэу, стхауэ щытащ, «Мыарэзыныгъэр зэпыту укIуэ» жиIэу фIэсщри. Абы къыщызгъэлъэгъуащ динкIэ, лъэпкъкIэ, мылъкукIэ цIыхухэр зэхэгъэщхьэхукIыным хузиIэ лъагъумыхъуныгъэр. Сэ къэзгъэлъэгъуэну сызыхэтар лъагъуныгъэм я нэхъ гуащIэри ар зяку дэлъ цIыхуитIыр къэзыухъуреихьхэм я псалъэмакъ мыщхьэпэхэм зэригъэужьыхыфырщ. Апхуэдэм и щапхъэу фильмым къыщокIуэ Тони и образыр. ПIалъэ дэкIри, тхыгъэм и фIэщыгъэр, нэхъ екIуу, хэIэтыкIауэ Iун сфIэщIу, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» жыхуиIэмкIэ («Право любить») зэсхъуэкIыжащ, ауэ «мыарэзыныгъэр зэпыту укIуэ» жыIэгъуэр фильмым и персонаж нэхъыщхьэхэм языхэзым – Аминэ – фIыуэ илъэгъуа щIалэм пыкIыжа нэужь жиIэ монологым къыхэзнащ. Зи гугъу сщIы тхыгъэр Канадэм щыщ режиссер щIалэ Пол Курти ИнтернеткIэ хуезгъэхьри игу ирихьащ, ар и лъабжьэу фильм тетхынуи занщIэу иужь дихьащ.

**– Фильмыр тезыхынухэр, абы хэтыну актерхэр дауэ къэвгъуэта, хэт ахэр къыхэзыхар?**

– Мазэ зыбжанэкIэ зыдгъэхьэзыра нэужь, фильмым текIуэдэну мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуэну цIыхухэр къэзыгъуэта, продюсер Бэлэтокъуэ Маринэрэ сэрэ режиссер Пол Курти Нью-Йорк дыщыхуэзащ. Фильмым хэтыну актерхэр дызэгъусэу къэдгъуэтащ, абы роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIэну Шпэнд Дзани дызэчэнджэщурэ къыхэтхащ, адрей актерхэр сэ къызэщIэзгъэуIуащ. СъемкэхэрщекIуэкIыну щIыпIэхэр къыхэсха, ахэр зейхэм сагурыIуа нэужь, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмыр техын щIэддзащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ мылъкукIэ зыкъытщIэзыгъэкъуахэу Ажахъуэ Къанщобийрэ Доев Сергейрэ.

**– «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым япэу ущыджэгуауэ ара, хьэмэрэ абы ипэкIэ актрисэ IэщIагъэм урилэжьат?**

– Хьэуэ, а IэщIагъэм япэу си зэфIэкI сыщеплъыжауэ аращ, а фильмыр си япэ лъэбакъуэщ.

**– Аминэ, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым адыгэм и дунейр дауэ къыщыгъэлъэгъуа, нэм къыIуидзэ хьэпшыпхэм (ныпым, гуащэхэм) нэмыщIкIэ лъэпкъым и щыIэкIэ-псэукIэр сыткIэ гъэнэхуа?**

– Псалъэм папщIэ, фильмым и лIыхъужь нэхъыщхьэ Аминэ и адэ-анэм скайпымкIэ щепсалъэкIэ абдежым къеуэу щызэхэпх «Псыежэх Лезгинкэ» макъамэмкIэ (зытхар сэращ); Аминэ щыгъ фащэмкIэ; 1913 гъэм япэ дыдэу США-м Iэпхъуа адыгэхэу Чэгъэдухэ ТIалибрэ Батырбэчрэ я сурэтыр тету Эллис Айленд и блыным кIэрылъ тхылъымпIэ кIапэмкIэ – абы тетхэр зэрыадыгэр мы фильмым япэ дыдэ къыщыдгъэнэхуауэ аращ. А псом къыдэкIуэуи, хьэжрэтхэм

я музейм щІэту фильмым и лІыхъужь нэхъыщхьэ Аминэ албан литературэм и классик Джьердж Фиштэ и «Горная лютня» поэмэм щыщ пычыгъуэ къоджэ: «Ухыгъэм адыгэхэм (шэрджэсхэм) папщІэ щхьэхуитыныгъэр къигъэщІащ», – щыжеІэ абы. Мы фильмымкІэ адыгэм и цІэр жыжьэ щызгъэІуну, и хабзэхэр, щыІэкІэ-псэукІэр язгъэцІыхуну, апхуэдэ лъэпкъ уардэ зэрыщыІэр дуней псом язгъэщІэну сыхэтащ. КъызэхъулІарэ къызэмыхъулІарэ ущІэупщІэмэ, хамэ къэралхэм щыпсэу цІыху мелуаних фильмым и фІыгъэкІэ щыгъуазэ хъуащ адыгэкІэ (шэрджэскІэ) еджэу лъэпкъ зэрыщыІэм. НэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ убгъэдыхьэмэ, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым щызыхуэзгъэувыжа къалэнхэр куэдкІэ нэхъыбэщ икІи нэхъ инщ – абы и лъабжьэр гъащІэр философие гупсысэ куукІэ зыхэщІэнырщ. Си фильмым адыгэм и тхыдэм теухуауэ куэд хыболъагъуэ, Кавказ зауэм и лъэужьхэри Іуэхугъуэ гуэрхэмкІэ къэгъэлъэгъуа щохъу. Абы и лъэныкъуэкІэ, адыгэ пщащэ Аминэрэ урыс пщащэ Ксениерэ я зэныбжьэгъугъэр лъэпкъитІми къэралми я къэкІуэну дахэм и нэщэнэу фильмым къыхощ.

**– ИщхьэкІэ зи гугъу пщІа Джьердж Фиштэ и тхыгъэхэм ипэкІэ ущыгъуазэу щыта, хьэмэрэ фильмым укъызыщеджа поэмэ Іыхьэр а сценэм хуэкІуэн гуэр къэплъыхъуэурэ къэбгъуэтауэ ара?**

– ИпэкІи седжэу щытащ Джьердж Фиштэ и ІэдакъэщІэкІхэм. А поэмэм адыгэхэр (шэрджэсхэр) къызэрыхэщыр си лъэпкъэгъухэм щажесІэкІэ куэду я гуапэ хъурт, ягъэщІагъуэрт, зыми ящІэртэкъым апхуэдэ тхыгъэ зэрыщыІэр. Ар дуней псом щызэлъащІысыну, псоми захезгъэхыну сыхуейти, арауэ къыщІэкІынщ ар фильмым щызгъэІуну гукъэкІ сэзыгъэщІар.

**– Аминэ, уэ узэреплъымкІэ, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмым адыгэ бзылъхугъэм и образ нэс къэгъэлъэгъуа щыхъурэ – и хьэл-щэнкІэ, зыхуэпэкІэкІэ, псэлъэкІэкІэ, зыІыгъыкІэкІэ? Фильмым и лІыхъужь нэхъыщхьэ Аминэ и адыгагъэр сыткІэ къэгъэлъэгъуа хъурэ?**

– Аминэ и адыгагъэр япэ дыдэу зыхэлъэгъуапхъэр жыру псыхьа хьэл-щэн зэтеубыда зэриІэрщ. СызэреплъымкІэ, Аминэ и хьэлщэнкІэ нарт Сосрыкъуэ нэхъ ещхьщ, адыгэ пщащэм, нарт гуащэм нэхърэ. Ар зыхэпсэукІ XXI лІэщІыгъуэм пщащэр Іэщабэ-Іущабэу, мыпсэлъэрейуэ, жыІэщІэу щытыну Іэмал къритыркъым. Адыгагъэм щыщу абы и хьэлым хэплъагъуэр пэжыгъэращ. Ар и лъэпкъым, диным, фІыуэ илъэгъуа цІыхум хуэпэжщ. Ар и хъуэпсапІэхэм епцІыжыркъым, абыхэм щІобэн. Фильмым и языныкъуэ сценэхэм деж Аминэ лІыІуэлІыфэу, бзаджэу къэзылъытаи щыІэщ, ауэ абдежхэращ ар и лъэпкъым и къыщыжакІуэу къыщыувыр. Мыбдежым упщІэ къоув: уи лъэпкъ щІыхьыр щыхаутэкІэ зыпшыІэн хуей? Уи напэ сэмэгур япэщІэбгъэувэн хуей ижьымкІэ къеуэнуи хуитыныгъэ зимыІэхэм? Сэ си жэуапыр: «Хьэуэ!» Щыгъыным теухуауэ жыпІэмэ, режиссерым куэдрэ къыщызжиІа къэхъуащ: «Пщэдей гъэщІэрэщІауэ

укъэмыкIуэ, щыгъын къызэрыгуэкI къыздэщтэ», – жиIэурэ. Сэ абы гурызгъэIуэн хуей хъуащ адыгэхэм я зыхуэпэкIэм мыхьэнэ ин дыдэ зэриIэр, адыгэ бзылъхугъэр сыт щыгъуи дахэу, гуакIуэу щытын зэрыхуейр. Ауэ Аминэ и бостейхэр иджырей адыгэ пщащэхэм ящыгъхэм къащхьэщокI, нэхъ къызэрыгуэкIщ. А псор щыжесIэм, режиссерыр аргуэру къызэупщIащ: «АтIэ адыгэ бзылъхугъэхэм махуэ къэс зывгъэщIэращIэу ара? Унэр щызэщIэфкъуэкIэ сыт щыфтIагъэр?» – «ЗыдогъэщIэращIэ, унэр къэдабэ бостей тщыгърэ лъэдакъэ лъагэ дытету зэщIыдокъуэ», – жесIа нэужьщ Пол Курти дарий бостейрэ лъэгу лъагэ зыщIэт вакъэрэ щыстIэгъэну хуит сыщищIар.





**– Адыгэхэм ятеухуауэ абыхэм я адэжь хэкум – Кавказым – фильм щытепхыну ухуейтэкъэ, абы и фIыгъэкIэ адыгэм и хьэлщэным нэмыщI, зыщыпсэу жэнэт лъахэри дуней псом егбгъэцIыхун мурадкIэ? Хэт ищIэрэ, фильмыр адыгэбзэкIи тепхынкIэ хъунт…**

– Сыхуейт! Абыхэми согупсыс!

**– СызэрыщыгъуазэмкIэ, «Пщэдджыжьышхэм ипэкIэ» фильмым япэ дыдэ режиссеру уи зэфIэкI ущеплъыжащ. Ар дауэ гукъэкI пщIа? Фильмыр дауэ тефха хъуа?**

– ГИТИС-м и аспирантурэм сыщыщIэсым, Америкэм щыщ драматург Юджин О'Нил и творчествэм теухуауэ, нэхъ пэжу жыпIэмэ и драматургием – пасэу итха пьесэхэм – нэхъ тегъэщIауэ диссертацэ лэжьыгъэ стхауэ щытащ. Абы и тхыгъэу сызэджахэм яхэтт 1916 гъэм итхауэ зы акт хъу «Пщэдджыжьышхэм ипэкIэ» монодрамэр. А пьесэм сызэреджэу, миссис Роуленд и ролым сыджэгуну

гукъыдэж сиІэ хъуащ. Ар хьэл-щэн лъэщ зиІэ, цІыхубз щхьэ закъуэ гущІэгъуншэщ. Продюсер Бэлэтокъуэ Маринэ дызыхуеину мылъкур къигъуэта, «Лъагъуныгъэ щхьэхуит» фильмыр тезыха оператор Гунтар Росс пьесэм къеджа нэужь, мазитІкІэ зыдгъэхьэзырри «Пщэдджыжьышхэм ипэкІэ» фильмыр тетхыным иужь дихьащ, тетха нэужьи Нью-Йорк щыдгъэлъэгъуащ. КъызэрыщІэкІамкІэ, Америкэм фильм щытепхыныр куэдкІэ нэхъ тыншт, ГИТИС-м и еджапІэ театрым студент спектакль щыбгъэувыным нэхърэ. Иджы, куэд дыдэ мыщІауэ, мы гъэм и щІышылэм «Пщэдджыжьышхэм ипэкІэ» фильмыр Америкэм и eoneill.TV каналымкІэ къагъэлъэгъуащ. АбыкІэ ягъэлъагъуэ хабзэр Юджин О'Нил и цІэкІэ щыІэ фондым и къызэгъэпэщакІуэхэм я унафэкІэ къащта, Америкэм щыщ а драматург цІэрыІуэм и пьесэхэм къытращІыкІа театр гъэлъэгъуэныгъэхэмрэ ахэр и лъабжьэу траха фильм нэхъыфІхэмрэщ.

**– Уэ узэреплъымкІэ, фильмым къыхэщ унагъуэм и насыпыншагъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сыт? Я сабийр дунейм зэрехыжыр ара? ЦІыхухъур и щхьэгъусэм зэрепцІыжыр ара? ЦІыхухъум зэрызиукІыжыр ара? Е а псори къызыпкърыкІыжар цІыхубзым и щыуагъэ е и къуаншагъэ гуэр? Сюжетым хэлъ гуауэм, гузэвэгъуэм и къежьапІэр сыт?**

– Зэщхьэгъусэхэм зыр зым зэрызэхимыхырщ, зэрызэгурымыІуэрщ. А тІум зэпэщхьэхуэу щхьэж и гукъеуэ яІэжщ, мыбдежми абыхэм я монологхэм къалэнышхуэ щагъэзащІэ. Зэщхьэгъусэхэр зыкІи зэщхькъым: миссис Роуленд сыт щыгъуи мэпсалъэ, Альфред сытым дежи щымщ. ЦІыхухъур и щытыкІэмкІэ цІыхубзым игу йоуэ, цІыхубзми псалъэкІэ щхьэгъусэр егъэпуд. А тІур зэдэнасыпыфІэкъым, ауэ зэпыкІыу щхьэж и насып къилъыхъуэну тІуми лІыгъэ яхурикъуркъым. Альфредрэ миссис Роулендрэ зэщІыгъуу зыгъэпсэур тІури зэмыбэкъуэф пагагъэрщ. Аращ абыхэм я насыпым гулъэф хуэхъури.

**– НобэкІэ уи нэгу щІэкІ псэукІэмрэ жылагъуэ зэхэтыкІэмрэ дауэ ухущыт? Сыт абы фІагъыу е мыхъумыщІагъэу хэплъагъуэр? Уи фильмхэмрэ уи уэрэдхэмрэ дяпэкІэ сыт хуэдэ Іуэхугъуэхэм нэхъ тегъэщІауэ щытыну?**

– ЦІыхухэм я нэхъыбэр Ухыгъэм щышынэркъым, фІэлІыкІыркъым. Ар насыпыншагъэу щыІэм я нэхъ инщ. Абы къыпкърокІ гъащІэм узыщрихьэлІэ мыхъумыщІагъэ, гузэвэгъуэ псори. ЩІэпхъаджагъэ зылэжь цІыхур сыт хуэдэ тезырми къигъэувыІэркъым. Мылъкур зи нэрыгъхэм цІыхугъэри, напэри, гущІэгъури яфІокІуэд. Фыгъуэным цІыхум и псэр зэрегъэкІуэкІ, еуфІей, гу щІыІэ ещІ – нэгъуэщІым щхьэкІэ гуфІэныр щыгъэтауэ, езым и гъащІэми щымыгуфІыкІыжу къегъанэ. КъыкІэлъыкІуэ си фильмым къыщызгъэлъэгъуэну сыхуейщ фІыр ем зэрытекІуэр, Ухыгъэм щымышынэхэр, Іей зылэжьхэр я хьэкъ зэрыІущІэжыр.

175

**– Аминэ, уэ сценаристу, актрисэу, уэрэдусу, уэрэджыIакIуэу, режиссеру куэдым укъацIыхуащ. А IэщIагъэхэм ящыщу дэтхэнэра нэхъ ппэгъунэгъур?**

– Сэ усэ сотх, уэрэди сотх икIи жызоIэ. Уэрэдымрэ макъамэмрэ зыхэслъхьэ щыIэкъым, ахэр сыт щыгъуи япэ изгъэщынущ. Ауэ мыдрейхэри IэщIыб сщIынукъым.

**– Актрисэ IэщIагъэм нэхъыбэу дэнэ ущрилэжьэнт – театрыра хьэмэрэ кинора ущыджэгуну нэхъ къапщтэр?**

– Театрыр къыхызох. Театрым, езы гъащIэми хуэдэу, етIуанэ дубль щыIэкъым, зыри зэпхъуэкIыжыфынукъым – уи ролыр занщIэу хъун хуейуэ къегъэув. Абы къыхэкIкIэ, театрым къару тIуащIэ ибохьэлIэ, арауэ къыщIэкIынщ сэркIэ щIэнэхъ лъапIэри, театрым щыджэгу актерхэр кином хэтхэм нэхърэ зыщхьэкIэ нэхъ лъагэу къысщызыгъэхъури.

**– Сыт уи дежкIэ гъащIэмрэ цIыхум и хьэл-щэнымрэ нэхъ лъапIэ дыдэу хэлъыр?**

– ЦIыхум нэхъ лъапIэу хэлъыфынур – гущIэгъу, пэжыгъэ, гуапагъэ, хьэлэлыгъэ. ГъащIэм щынэхъ лъапIэр лъагъуныгъэрщ.

**– АдэкIэ сыт хуэдэ мурадхэр уиIэ?**

– Мейкъуапэ адыгеибзэкIэ спектакль щызгъэувыну, Лас-Вегас инджылызыбзэкIэ фильм щытесхыну.

**– Тхьэм къуигъэхъулIэ! Псэлъэмакъ гъэщIэгъуэн къызэрыддебгъэкIуэкIам папщIэ фIыщIэ пхузощI!**

*Епсэлъар*
**ТЕМБОТ Санитэщ**

# ГЪУНЭ ИТЛЪЭ КЪУДЕЙЩ



Ди лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд къыдогъуэгурыкІуэ. Абыхэм яхэтщ хущхъуэ къызыхаххэри, шхыным халъхьэхэри, мэкъумылэу къагъэсэбэпхэри, псэуалъэ къызыхащІыкІхэри. Адыгэ художественнэ тхыгъэхэм, псалъэжьхэм, уэрэдыжьхэм къыхэщыж къэкІыгъэцІэхэр джыным икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэпкъ гупсысэкІэр, дуней еплъыкІэр зэфІэгъэувэжынымкІэ, нобэ цІыхухэм яІэщІэхужа къэкІыгъэцІэхэр къэхутэжынымкІэ. Псалъэм папщІэ, иджырей адыгэбзэм къыщагъэсэбэпыжыркъым *къэрдэщ, андыз* удзыцІэхэр. Ауэ ди бзэм апхуэдэхэр нэхъапэм зэрыхэтам щыхьэт тохъуэ тхакІуэ Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым хэт мы псалъэжьхэр: *«Къэрдэщыщхьэ мэщхьэлъэри щхьэж и гуэн йоуэж; Андызыр къетІри шыгъу кІанэ ирегъэтІысхьэж.* Мыбдежым щыжыІэпхъэщ мы романым къыхэщ удзыцІэхэр, жыгыцІэхэр, хадэхэкІхэмрэ хьэцэпэцэхэмрэ я цІэхэр зэхуэхьэсыжынымкІэ мы тхыгъэр япэ лэжьыгъэу зэрыщытыр.

Нало Ахьмэдхъан и роман купщІафІэр къэкІыгъэцІэхэмкІэ къулейщ. Абыхэм я фІыщІэкІэ къэпхутэжыфынущ лъэпкъым и ботаникэ, мэкъумэш культурэр нэхъапэхэм зыхуэдэу, здынэсу щытар. Псалъэм папщІэ, ноби зэхыдох: «Удзыпэ къэс зы уз и хущхъуэгъуэ пылъщ; Зы узыфэ и хущхъуэгъуэ удз зыдэмыт къуалэ щыІэкъым». Мыбыхэм къыбжаІэ адыгэхэм удзхэр куэд щІауэ яцІыхуу, хущхъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр къыхахыу зэрыщытар.

ЩІэныгъэлІхэм къызэрабжымкІэ, Кавказым къэкІыгъэ лІэужьыгъуэу минихым нэблагъэ ущрохьэлІэ. Лъэпкъыр илъэс мин куэд хъуауэ апхуэдиз къэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэм щыхэткІэ, дауи, ахэр къигъэсэбэпурэ къокІуэкІ – удзхэр мэкъуу паупщІырт, хущхъуэу, шхынхэлъхьэу зэрахьэрт, пхъэщхьэмыщхьэр яшхырт, ягъэгъурт, ягъавэрт, мэрзей ящІырт. Дунейм и хъугъуэфІыгъуэ бейр мис апхуэдэу нэгъэсауэ къыщагъэсэбэпкІэ, абыхэм цІэ фІамыщынкІэ Іэмал иІэтэкъым. Аращ ди бзэр къэкІыгъэцІэхэмкІэ щІэбейр, адыгэ псалъэжьхэм, нарт хъыбархэм, ІуэрыІуатэм, уэрэдыжьхэм ахэр мымащІэу щІыхэтыр.

Язынықъуэ тхыдэтххэм жаІэ адыгэхэм я деж хадэхэкІым гулъытэ щимыгъуэтауэ. Псалъэм папщІэ, профессор Къумыкъу Тыгъуэн мыпхуэдэу етх: *«Садоводство и огородничество были развиты в Кабарде и Балкарии очень слабо и служили небольшим подспорьем в жизни. Из огородных культур развили только лук, редьку и тыкву».* Пэжщ, гъавэхэкІхэм хуэдэу, адыгэхэм я деж хадэхэкІым зыщиубгъуатэкъым, ауэ жыпІэ хъунукъым



12 Заказ №39

ахэр яцIыхуу, ящIэу, яшхыу щымытауэ. Адыгэ унагъуэхэм я хадэхэм куэд щIауэ къыщагъэкI пхъыр, къэбыр, шыбжийр, бжьыныхур, бжьыныр, джэдгыныр, къуэнтхъурейр, нэгъуэщIхэри. Абы щыхьэт тохъуэ зи гугъу тщIы тхыгъэм къыхэщыж хадэхэкI лIэужьыгъуэхэр.

«Нэхущ шу» романым хэт къэкIыгъэцIэхэр зыхуэдэр щыдгъэбелджылым, дэ тегъэщIапIэ тщIащ Хьэкъун Барэсбий и «Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр» тхылъыр.

*ЦIыхум шыгъуэгу хадэхэр ягъэкъабзэ, пщIащэ, ежьужьхэр ягъэс, хьэсэхэр къатI, нащэ, балыджэ халъхьэ.*

**Нащэ** – *огурец посевной*

Зы гъэкIэ къэкI хадэхэкI къэкIыгъэщ. И пкъыр щIым щылъщ, ауэ зызыкIэрищIэн игъуэтмэ, дэжеинущ. И гъэгъахэр гъуэжьщ, дахэщ, июным къыпедзэ. И тхьэмпэхэр хуэхъурей щIыкIэщ, кIы кIыхьхэр ку гъуанэхэу япытщ. КъэкIыгъэм ипкъми и тхьэмпэхэми цы пхъашэ ятетщ.

**Балыджэ** – *редиска, редис*

Куэд щIауэ къагъэкI хадэхэкIщ, и тхьэмпэхэм цы теткъым, хуэкIыхь щIыкIэщ, лэдэх мащIэ иIэщ. Балыджащхьэр хъуа нэужь, пкъыхэр къыдедз, я щхьэкIэм гъэгъа хужьхэр къыпедзэ. И жылэхэр гъэмахуэкIэм ирихьэлIэу мэхъу.



*Щамуд гъуэмылэр къытрилъхьащ: мэжаджэ, кхъуей, лы гъэгъуа, бжьын, бжьыныху, шху кхъуэщын...*

**Бжьын** – *лук репчатый*

ХадэхэкI къэкIыгъэщ, и тхьэмпэхэр хъурейщ, кIыхьщ, ку нэщIщ. Гъэмахуэм кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, жылэхэр бжьыхьэкIэм ирихьэлIэу мэхъу. Ди щIыпIэхэм ар хуабжьу щобагъуэ, витамин куэду хэлъщ.

**Бжьыныху** – *чеснок обыкновенный*

ХадэхэкIщ, гъэмахуэм ирихьэлIэу кIыгу къыпедзэ, абы зызэкIуэцIехри мэгъагъэ, жылэхэр сентябрым ипэхэм ирихьэлIэу мэхъу. Бжьыныху лIэужьыгъуэхэр адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ унагъуэ хадэхэм къыщагъэкI, шхыныгъуэ зэхуэмыдэ куэдым халъхьэ.

*Хъарбыз, джэш, къэб я куэдыкIейуэ апхуэдэщ, ауэ адрей хадэхэкIхэр нэхъ мащIэщ.*

**Хъарбыз** – *арбуз обыкновенный*

ЩIыпIэ хуабэхэм куэд щIауэ къыщагъэкI хадэхэкI лIэужьыгъуэщ. Гъэгъа гъуэжьыфэхэр майм, июным къыпедзэ.

Хъарбызыр июлым, августым мэхъу. Адыгэхэм япэм хъарбыз лIэужьыгъуэ куэд къагъэкIыу щытащ.

**Джэш** – *фасоль обыкновенная*

Сэбэпышхуэ хъу хадэхэкI къэкIыгъэщ. И пкъым зызыкIэрищIэн игъуэтмэ, зришэкIыурэ дожей, и закъуэмэ, захуэу докIей. Тхьэмпэхэр бгъуэ кIыхьщ, гъэгъа къыпидзэр хужьыфэщ е пшэплъыфэщ. Джэшым щIыр егъэпшэр, абы и мызакъуэу, и жылэм къэуат куэд хэлъщ. Джэшым шхыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыхащIыкI.

**Къэб** – *тыква*

Ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхур зэлэжь къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ. ЦIыхум къагъэкI къэбым и къуэпсым метрипщI и кIыхьагъщ. Я тхьэмпэхэр хъуреишхуэщ, кIы кIыхь, и кур нэщIу япытщ. Къэб къыщIэкIэхэр бжьыхьэм мэхъу. КъэкIыгъэм цы пхъашэ куэду тетщ. Къэб гъэвар е гъэжьар шхыныгъуэ хьэлэмэтщ, витамин куэд хэлъщ.

*Гуфэм хуэфIу хъарбызрэ фонащэрэ илъу зы шыгу Къубатий шытх лъапэ къыщыхъеяуэ къохыж.*

**Фонащэ** – *дыня посевная*



Зы гъэкIэ фIэкIа къэмыкI хадэхэкIщ, и тхьэмпэхэр хъурей щIыкIэщ. Гъэгъа гъуэжьхэр майм щегъэжьауэ сентябрыр къихьэху къыпедзэ. Фонащэ хъуам IэфI куэд хэлъщ. ЩIыпIэ нэхъ хуабэхэм куэду къыщагъэкI.

*Унэ гупэм нартыху бла, шыбжий фIэлъщ, бэкхъыщхьэм къэбышхуэхэр, танэ хуэдэ, телъщ.*

**Шыбжий** – *перец однолетний*

ЦIыхум куэд щIауэ къагъэкI хадэхэкI лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр хуэкIыхь щIыкIэщ, папцIэщ, кIы кIыхь япытщ. Гъатхэм деж гъэгъа хужьхэр къыпедзэ. Шыбжийр сыр хъуа нэужь плъыжь дахэщ.

Мы тхыгъэ кIэщIымкIэ ди лэжьыгъэм гъунэ итлъэу аращ. АдэкIи ди мурадщ Нало Ахьмэдхъан и «Нэхущ шу» романым адыгэ къэкIыгъэцIэхэр къызэрыхэщымрэ абыхэм тхыгъэм щаIэ мыхьэнэмрэ нэхъ зыубгъуауэ дытепсэлъыхьыну.

**ХЬЭПЭХЪУ Асият,**
*КъБКъУ-м и магистратурэм щеджэ*

ШЭРХЪЫМ

Гум щІэт шэрхъым зегъэщІагъуэ:
«Дунейр сэщхьу мэкІэрахъуэ».

ЗЫІУРАМЫЛЪХЬЭЖ

Къратыну щытми данэ,
Щысщ инауэ ар лъэданэ.

КЪУЛЫКЪУЩІЭ ДЭФЫЩІЕЙ

Сытесамэ къулыкъущІэ шэнт,
Си хьэр псафэ псоми езгъэшэнт.

НЭФІ-НЕЙ

Къdisplayрамыдзэ Іэпхъуамбэшхуэр, Іуэху ищІакІэ –
Къыдоуейр ищІар Іэпхъуамбэжьакlэм.

ЗИ ЩІЫХУЭ ПТЕЛЪЫМ

Иутэу щытми хэпса мэшыр,
Зыгуэр жепІэну уи дзэр мэшыр.

АРГЪУЕЙМ

«ПщІэншэ уадэр Іэтыгъуейщ», –
ЖеІэр уадэм тес аргъуейм.

КХЪУЭ ШЫР

Кхъуэ шырым кхъуэшхуэ къищІыкІащ,
Куэд дыди дэмыкІыщэу:
Іэпыдзлъэпыдзу ар щІэташ
Кхъуэшхуэжь щигъахъэ кІыщым.

ХЬЭЧИМ-ЭКСПЕРТ

Хуегъэув
И уасэр чийм
Чий игъащІэм
Зымыхуа Хьэчим.

## УДИТI

Къещыжащи
УдкIэ удым удыр,
Удым щхьэкIэ
Удыр зэгуоудыр.

## МЭЛЫХЪУЭЖЬЫМ И ПЭЖ

ЗэрыпщIыжын щымыIэ хъупыр,
Лэпсыншэ хъуамэ уи лэгъупыр.

## ХЬЭМТЕТЫГЪУЭ

Хьэ Iэбжьыби телъыжакъым хьэмым,
Хьэмтетыгъуэр щратым Бырхьэмым.

## СОМЫМ И ГЪУМЭТIЫМЭ

«Улъэщ-улъэщ?» – упщIэр
Къызет куэдрэ Лацэ...
Сэ сылъэщтэм, апхуэдизрэ
Симыхьынт инфлъацэм.

## КЪЭЗЭР

Уасэр лъагэу дрехуейри,
Тетщ бэзэрым Дыджэр:
Джэдым нэхърэ нэхъ лъапIэжу
Ещэр и джэдыкIэр.

## ТIУРЭ И ПЭЖ

«Къулыкъушхуэ къызатынут
Сэри, – жеIэр ТIурэ, –
Сыхэтау щытамэ япэм
Партноменклатурэм».

## ЗЕРЭ И ГУКЪЫДЭЖ

«А фор сэри
Зесхьэнт», – жеIэ Зерэ,
Фо зезыхьэхэм
Я Iэпэм зэребзейрэ.

## ЗЭГЪУНЭГЪУХЭМ Я ЗЭПЕУЭ

Къатищу еIэтыж
И унэр ХьэзрэIил:
Зы къаткIэ хъуат нэхъ лъагэ
И унэр Исмэхьил.

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкIуэкIыу:* **6.** Адыгэ усакIуэ. **7.** Ахъшэ. **9.** А унэцIэр зэрахьэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмтеатрым и джэгуакIуэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артистым; «Шагъдий» уэрэд

цIэрыIуэм и псалъэхэр зытха усакIуэм. **10.** Пкъо, щIэгъэкъуэн. **11.** Хьэкъущыкъу. **12.** «... лъапсэ» — Журт Биберд и повесть. **13.** «... махуэшхуэ» — ЩоджэнцIыкIу Алий и усэ. **15.** Гур щIэгузавэ, гуныкъуэгъуэ. **16.** «Хьэ лъакъуэрэ ... лъакъуэрэ зыубыда щыIэкъым» *(псалъэжь)*. **17.** ... игъэша нэхъей, щIалэм зигъэщIагъуэрт. **18.** УнафэщI, Iэтащхьэ. **20.** «... чэщанэ» — Мэзыхьэ Борис и повесть. **21.** Адыгэ усакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат. **26.** Шэ е псы къэкъуалъэм къащI бырыб. **27.** Адыгэ лъэпкъ. **28.** «Гъыбзэ ...» — МафIэдз Сэрэбий и роман. **30.** Шым, Iэщым я фэ изых бадзэжь. **31.** ЛIы дэкIуа цIыхубзыр къыздраша унагъуэ, лъэпкъ. **32.** Пасэрей адыгэхэм Iэщхэм я тхьэу къалъытэу щыта. **34.** Шым и лъэгум щIаукIэ гъущI. **35.** Пэрыт, адрейхэм я дежкIэ щапхъэ. **39.** ФащIэхэм, шырыкъущIэхэм къагъэсэбэп Iэмэпсымэ. **40.** ЩэныфIэ, зэпIэзэрыт. **41.** Вакъэ лъапщэр зэрапхэ фэдэн псыгъуэ цIыкIу. **43.** Ватикан къэрал цIыкIур зыхиубыдэ къалэ. **45.** Егъэлеяуэ ерыщ. **46.** Адыгэ усакIуэ. **47.** «Мэл зыхэвэ нэхърэ ... зыхэпкIэ» *(псалъэжь)*.

*Къехыу:* **1.** «... иджыри мэкI» — Къэрмокъуэ Мухьэмэд и повесть цIэрыIуэ. **2.** Адыгэ тхакIуэ. **3.** Купсэ кIыхь кунэщI зиIэ удз лъэпкъ, яшх. **4.** Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIыналъэхэм щежэх псы. **5.** Ихъумэну, хуэсакъыну зыгуэрым пIальэкIэ къыхуагъанэм щхьэкIэ жаIэ. **7.** ... Iэстофрилэхь! **8.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **14.** «Тэмэм» псалъэм и синоним. **19.** Ди щIыналъэм, псом хуэмыдэу Налшык къалэм и уэрамхэм щыкуэд къуалэбзу. **20.** УрысыбзэкIэ тхэ адыгэ тхакIуэ Мэржэхъу ... . **22.** Къуажэм щыщ Iыхьэ. **23.** Къуацэ-чыцэ Iув. **24.** Унагъуэ хьэпшып. **25.** Металл псынщIэ, и теплъэкIэ дыжьыныфэу. **29.** Кавказым щыпсэу, къуэш пэлъытэу адыгэм ибж лъэпкъ. **33.** «Уи цIэр ... хьэмэ Маринэ?» — Къардэн Хьэсэнрэ Гъубжокъуэ Лиуанрэ зэдатха уэрэд цIэрыIуэ. **36.** Адыгэ тхакIуэ, драматург цIэрыIуэ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и уэрамхэм ящыщ зым. **37.** «... и IэфIыр къуатмэ» — Теунэ Хьэчим и роман. **38.** Машинэ зэжьэхэуэм щIалэм ... хихащ. **40.** Лъагэу зэтралъхьа мэкъу. **42.** ГъущI хьэку цIыкIу. **44.** КъуршымкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**

---

**Япэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкIуэкIыу:* **2.** Шыд. **3.** Чэзущ. **5.** Афэ. **6.** Хъущт. **8.** Гуэгуш. **10.** Джатэ. **12.** Думэн. **14.** ХьэIупэ. **16.** Адыгей. **18.** «Динамо». **20.** Ауз. **22.** Алъп. **23.** Дау. **24.** Ибэ. **28.** Яшэмрэ. **29.** Пшэрыхь. **33.** КIэщт. **34.** Хуарэ. **35.** Бжэм. **36.** Нысэ. **39.** Тхьэгъэзит. **41.** Абэ. **43.** Псыгуэнсу. **45.** Блэ.

*Къехыу:* **1.** Гъыбзэ. **3.** Чэф. **4.** Щыщ. **5.** «Адэ». **7.** Тут. **9.** Гущэ. **11.** Ажэ. **13.** Убых. **15.** Пщае. **17.** Еплъи. **19.** Инал. **21.** УнэIут. **25.** Борэн. **26.** Урыху. **27.** Пшэм. **29.** ЯтIэкъуэ. **30.** Хьэсэн. **31.** Къурш. **32.** Бжы. **37.** Бзу. **38.** Къып. **40.** Хьэ. **42.** Балэ. **44.** Сэ.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Государственный комитет Кабардино-Балкарской Республики по печати и массовым коммуникациям (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 06.04.15. Формат 70х108 $^{1}/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 16,1.
Уч-изд. л. 12,6. Тираж 3300 экз. Заказ №39
Цена свободная.

Адрес редакции, издателя: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

Отпечатано ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов